1
ІУАЩХЬЭМАХУЭ
2022

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

ЯНВАРЬ • 2022 • ФЕВРАЛЬ

1



# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

## ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ


1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

январь **1** февраль

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI



РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Къэрмокъуэ Хьэмид, Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ



НАЛШЫК
2022

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ


*ТхакIуэ Лохвицкий Михаил къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Псэм и джэ макъ.......... 3
**Лохвицкий Михаил.** Уафэгъуагъуэ макъ. *Повесть*.......... 10

*ТхакIуэ, критик Къэрмокъуэ Хьэмид илъэс 85-рэ ирокъу*

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** ЛIэщIыгъуэхэм я гъуазэ.......... 44

*УсакIуэ Сонэ Абдулчэрим къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** «Сэ зы лIы ныбжькIэ сыбейщ...».......... 79
Сонэ Абдулчэрим хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр.......... 85
**Сонэ Абдулчэрим.** *Усэхэр*.......... 87

*ЩIэныгъэлI БищIо Борис илъэс 70 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Бзэр щыIэхущ лъэпкъри зэрыпсэунур. *Интервью*.......... 95
**БакIуу Хъанджэрий.** Анэдэлъхубзэр зи дуней.......... 113
**Гъут Iэдэм.** АдыгэлIым и щапхъэ.......... 115
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Еджагъэшхуэ.......... 116
**Тэтрокъуэ Астемыр.** ЦIыху щыпкъэ.......... 119
**Мыкъуэжь Анатолэ.** УэркIэ догушхуэ.......... 120


## Прозэ


**КIэбышэ Лилэ.** *Рассказхэр*.......... 122
**Дэбагъуэ Хьэтызэ.** Тхьэхэм я санэхуафэм. *Рассказ*.......... 145


## Усыгъэ


**МахуэлI Нарзан.** *Усэхэр*.......... 157


## Публицистикэ


**НэщIэпыджэ Замирэ.** Пщы Марыхъу теухуа адыгэ фильм.......... 171

Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз.......... 174

*ТхакIуэ Лохвицкий Михаил къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*





# ПСЭМ И ДЖЭ МАКЪ

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа, илъэс 32-рэ ипэкIэ дунейм ехыжа Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) Куржым и ТхакIуэхэм я союзым и урыс къудамэм и унафэщIт. Абы и къалэмыр хуэлажьэрт зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэм я гъащIэр, я дуней еплъыкIэр къэгъэлъэгъуэным. Аджыкъур тетхыхьащ адыги, куржыи, урыси, румыни, мэжэри...

Аджыкъум и тхылъхэу ди дежи нэгъуэщI къэралхэми дунейм къыщытехьахэм цIыхухэр дахьэхыу йоджэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Польшэмрэ Венгриемрэ къыщыдэкIащ абы и роман «ЯмыцIыху» жыхуиIэр, Хэку зауэшхуэм теухуар. Полякхэм, инджылызхэм, испанхэм, чеххэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ тхакIуэм и рассказ нэхъыфIхэр.

Революционер цIэрыIуэ Кецховели Ладо и гъащIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ теухуащ Лохвицкэм и «Метехи фоч щыуащ» романыр (1973). ЦIыхухэр куэду къызэрыщIэупщIэм къыхэкIыу зыбжанэрэ къыдагъэкIащ адыгэ тхыдэм теухуауэ Аджыкъум итха повестыр – «Уафэгъуагъуэ макъыр». Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и университету Лумумбэ Патрис и цIэр зезыхьэр къэзыуха, Сирием щыщ адыгэ бзылъхугъэ Дэбжэн Динэ ар хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIри, Дамаск къыщыдигъэкIащ. «Аль-Баас» газетым абы теухуа тхыгъэхэр тIэуней тридзащ. ТхакIуэ цIэрыIуэ икIи критик аль-Мысри Маруан итхырт:

«Адыгэ тхыдэм тепсэлъыхь тхыгъэ хьэрыпыбзэкIэ къызэрыдэкIар IуэхугъуэфIу зэрыщытыр къэзгъэлъагъуэкIэрэ, сэ жысIэну сыхуейщ ар псэм лъэIэсу, пэжыгъэшхуэ хэлъу, Iэзэу тха зэрыхъуар».

Иджы дыкъытеувыIэнщ Аджыкъу Джэрий и повестыр зытеухуам, абы и мыхьэнэм. ТхакIуэм и макъ егъэIу лIэщIыгъуэ блэкIам къэхъуа гуауэм – Урыс-Кавказ зауэм, истамбылакIуэм – я джэрпэджэжу, абы дерс къыхэхын зэрыхуейр къыдиIуэтылIэу. Лъэпкъым и блэкIам ухуэдэгуу икIи ухуэнэфу ущыт зэрымыхъунур къыдгурегъаIуэ. Абы щыгъуэми егъэлъапIэ цIыхугъэ нэсыр, сыт хуэдэ лъэхъэнэми лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэр зэпэгъунэгъу зыщI акъыл нэхур, захуагъэм и телъхьэ хъуну псэр къэзыгъэушыр.



**ТхакIуэ цIэрыIуэхэу Симонов Константинрэ Лохвицкий Михаилрэ.** *1969*

«Псэр щэи, напэ къэщэху» жыхуиIэ псалъэжьыр повестым псалъащхьэ хуэпщI хъунущ, сыту жыпIэмэ, аращ тхылъри зытеухуэжар: лъэпкъ псом зигъэкIуэдащ и напэр имыщэн, бийм лъэгущIэтын зримыгъэщIын папщIэ; цIыху минхэм загъэлIащ, я адэжь лъахэр ямыбгынэн, зыщалъхуа щIыналъэм емыпцIыжын щхьэкIэ...

Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм апхуэдэу щIышхуэ яIыгътэкъым, яхуземыхьэжын хуэдэу. Ар къыдогъанэри, ерагъкIэ ярикъуу арат псэемыблэжу телэжьыхьурэ абы ирипсэун папщIэ. ИкIи телэжьыхьхэрт я гуащIи, я пщIэнтIэпси емыблэжу. Я щIыналъэри къэщIэрэщIащ, берычэтыр и тыгъэу, хъугъуэфIыгъуэр и бащэу. Абы къигъэнэпсеяуэ арат урыс пащтыхьыр. Ар, дауи, щыгъуазэтэкъым бгылъэ щIыпIэхэр «дуней жэнэт» пщIыныр къызэрыгуэкI Iуэхуу зэрыщымытым. Абы занщIэу гу лъитащ пащтыхьыжьым зэуэну Кавказым къигъэкIуа къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ Кожевниковым. Абы адыгэхэр зыхуэдэр къызэрыгурыIуэр офицер Кайсаров Яков мыпхуэдэу иреIуэтылIэ: «Зи щхьэр лажьэ лъэпкъщ. Джабэ нэкIухэр, псым имылъэсын хуэдэу, къат-къатурэ къызэрагъэбатэр уэзгъэлъэгъуащэрэт. Мывэшхуэхэр зэхуахьэс, ищIагъымкIэ кърахьэхыурэ, зэтралъхьэ, псыIущIэ ящI, итIанэ псыежэхым щыщ къаутIыпщри – пшахъуэ, мывэкIэщхъ сыт жыпIэми, хуэегъэзыхыгъуэ щыхъухэм щызэтралъхьэ. ЩIыпIэр зэтес мэхъуж. ИужькIэ тафэм щIыгулъ фIыцIэ кърашри абы тракIутэж, сэнми щIадзэ».

А щIыкIэм тету щIыр къэзыгъэбатэ адыгэ мэкъумэшыщIэмрэ адыгэхэм ягухьа урыс офицер Кайсаровымрэ «Уафэгъуагъуэ макъым» мыпхуэдэу щызопсалъэ. Кайсаровым къеIуатэ Бытырбыху

къатищу зэтет унэхэр зэрыщыIэр. Абы и щхьэусыгъуэр щIыр къазэремэщIэкIырауэ къызыщыхъуа адыгэм къызэрыгуэкIыу жеIэ: «НтIэ, щIыр уи мащIэмэ, нэгъуэщI Iэмали къыпхуэгупсысынукъым».

Мэкъумэшыщ Iэм дэнэ щищIэнт апхуэдэу зыжриIэм губгъуэ хуитышхуэхэр зи бащэ Урысей уэхыр и лъахэу. Ар зэрегупсысымкIэ, пащтыхьыр, щIы и куэду щытамэ, адыгэхэм яйм еIусэнутэкъым...

ХьэкIэкхъуэкIагъэщ зы щIы кIапэ щхьэкIэ лъэпкъ гуэрым илъ бгъэжэныр. Пащтыхьыдзэм лей зэрызэрихьэр, гущIэгъу зэримыIэр хьэкъыу зи фIэщ хъуа офицерыр – ар и псэм хутемыгъахуэу – адыгэхэм ягуохьэ.

И лъэпкъми, и къэралми, и динми епцIыжыныр сыт къызыхэкIар? Хеймрэ мысэмрэ зэхигъэкIыфу зэрыщытырщ. Пэжщ, а псори занщIэу абы и акъыл нэсакъым, езыми хеилъкIэ зиуцIэпIыжа нэужьщ къыщыгурыIуар. Кайсаровым и напэм къыхуегъэзэгъыркъым дяпэкIи апхуэдэу псэуну – щхьэщIэгупсыс, хъыжьпIыжь мэхъу. Ар егъэгулэз, и псэр хьэзаб хигъэтщ напэм емызэгъ илэжьыну ехулIа зэрыхъум. Елъагъу, егъэунэху къызыхэкIа лъэпкъым икIагъэ зэрищIэр, езыри абы и джатэзехьэу щыщыткIэ, цIыхугъэншагъэ хэмылъу зауэм зэрыхэмытыфынур. Ар къыщыгурыIуэкIэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ имыгъуэту, зиукIыжыну хуожьэ, а игу ирилъхьари ищIэну къыщIэкIынт, ауэ адыгэхэм я лъэныкъуэ мэхъури, и мурадыр зэрехъуэкIыж.

Повестыр нэхъыбэу зытеухуар Кайсаровым и щхьэм кърикIуа насыпыншагъэрщ. Ауэ абы и закъуэкъым а зауэ гущIэгъуншэм насыпыншэ ищIар. Лейзехьэхэм гущыкI яхуищIри, и щхьэр здихьын имыщIэу къыщынэм, Iуэху мыщхьэмыпэ илэжьащ офицер Попов-Азотовым.

Къэзыухъуреихь дунейр зэрызэIыхьар, ар цIапIагъэ зэфэзэщу зэрызэхэлъыр зэрыхуэмышэчамкIэ нэрылъагъу мэхъу ар зи цIыху лIэужьыгъуэу щытар. Попов-Азотовым гъащIэр Iумпэм ищIащ, зытет дунейм зэрыхуэмыарэзыр абыкIэ къигъэлъагъуэу. ЩылIэм щыгъуи мыращ къыжьэдэкIа псалъэхэр: «ЦIапIагъэщ... Псори цIапIагъэщ».

Кайсаровым а псори нэхъ иужьыIуэкIэщ къыщыгурыIуэжар, езыри лей зезыхьэхэм зэращыщыр, зауэ емынэм зэриIэщэзехьэр къыщищIэжар.

Ар и зэхэщIыкIым нэзыгъэса Iуэхугъуэт Попов-Азотовым и кIуэдыкIари, лажьэ зимыIэ адыгэхэр зэрызэтраукIэри. Зэгуэрым дунейр зыфIэIэфIу щыта адыгэ лъэпкъым, бгы зытеуа цIыхуу, и псэр хэкIырт, ар дунейм текIуэдыкIыжырт. ИкIи ар зи Iэужь залымхэм адыгэр зэрыкIуэдыжыр бэрэбэнауэ макъырэ гуфIэгъуэ маршкIэ ягъэлъапIэрт.

Кайсаровым зэрыжиIэжымкIэ, адыгэлъыр щысхьыншэу зыгъэжа пащтыхь къуэшым зауэр зэриухам и щIыхькIэ къызэIуихат хасэшхуэ. «Зэ еплъыгъуэкIэ, псори бэлыхьу къызэрагъэпэщауэ гуфIэгъуэт, уеплъыжыпамэ – ар зауэр зэриухам темыухуауэ, шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ зэрыкIуэдыжым и хьэдагъэт».

«Уафэгъуагъуэ макъым» къыщыгъэлъэгъуащ цIыху куэд ажалым зэрызэщIикъуэр. Ауэ гур зыгъэузыр, цIыху щхьэхуэ мыхъуу, лъэпкъ псом и кIуэдыжыкIар ди нэгу къызэрыщIигъэхьэрщ.

... Адыгэхэр я хэкум ираху. Ижь-ижьыж лъандэрэ Кавказым щыпсэуа лъэпкъым хуагъэуващ Тыркум Iэпхъуэну, е хухаха щIыпIэхэм гуп цIыкIуурэ зэкIэщIэкIауэ хэщIапIэ щащIыну. Абы къикIырат: лъэпкъыр мэкIуэд, ауэ языныкъуэ адыгэхэр яхъумэнущ зыкIи зыхуэмеиж, зыми имыщIысыж хьэпшып гуэру, музейхэм щагъэлъагъуэм хуэдэу.

Адыгэхэм арат я натIэ хъунур, къагъэжыIэщIамэ. Аращ ахэр щIемыдэIуар «Фагъэлъагъу щIыпIэхэм фыIэпхъуэ, ар фымыдэрэ, Тыркум фикIыж», – жиIэу урыс пащтыхьым ищIа унафэм. Тыркум икIыжкIи я сэбэп хэлътэкъым, абы щыгъуэт лъапси лъахи ямыIэжу псори щафIэкIуэдыр. Ар адыгэхэм фIы дыдэу къагурыIуэрт, ар къыгурыIуэрт «урыс пащтыхь пэтIинэми».

Гъэр ящIа аслъэн шырым хуэдэу хъарым зраубыдэж е Тыркум Iэпхъуэу щэлъахъэкIэ залъэхъэж нэхърэ фIыуэ ялъагъу я лъахэм зыщагъэлIэжыныр шапсыгъхэм нэхъ къащтащ. АдэкIи адыгэхэм я къекIуэкIыкIам къегъэлъагъуэ ахэр зищIысу щытар, лIыгъэшхуэ зэрахэлъар. «ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ» щIыжаIэжар езыхэрами ярейуэ, я псэр щатми, мыкIуэдыжын щIыхькIэ я пщIэр яIэтыфащ. Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэм и нурыр къащхьэщытащ. Мырат абы теухуауэ а зэманым Маркс Карл итхар: «Адыгэхэм аргуэру урысыдзэр хагъэщIащ... Дунейм тет лъэпкъхэ! Абыхэм щапхъэ ятефх, мис апхуэдиз хузэфIокI щхьэхуитыныгъэм нэсу щIэбэн лъэпкъым!»

Хэкум и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжу, лIыгъэ хэлъу зи псэр зыта цIыхум и пщIэр инщ. Мыбдежым зы лIыхъужькъым хахуэу къыщIэкIар – лъэпкъ псом и псэр итащ, зэи зыми и щхьэр зэрыхуимыгъэщхъынур игъэнаIуэу, зыщалъхуа щIыналъэр нэгъуэщIкIэ зэримыхъуэжынур игъэлъагъуэу. Ар, зэрыхъуа щIыкIэр тхылъым мыпхуэдэу ди нэгу щIегъэкI: «Мэз лъапэр яуфэбгъуауэ хьэдэ гурышэу зэхэлът адыгэ фащэ зыщыгъ цIыхухъухэр, цIыхубзхэр. Ахэр щылът зырызу, тIурытIу, нэхъ зэпэгъунэгъуи зэпэIэщIи яхэту, хэт гууэщIу, хэт хьэмбыIуу, хэти джабэм телъу. Хэти и Iэ-и лъэр зэкIэщIэдзауэ, хэти зызэфIигъэщхъауэ... Апхуэдиз хьэдэ сэ си гъащIэм слъэгъуатэкъым». Дыгъэм я гупэр хуэгъэзауэ, къэмыхашэу, уардэу дунейм йохыж адыгэхэр. А теплъэгъуэм уегъэмэхъашэ икIи апхуэдэ гушхуэныгъэ зыхэлъа лъэпкъ щхьэхуитым и щхьэм кърикIуар гущIыхьэ къыпщохъу.

Лохвицкэм ди нэгу щIегъэкI пщылIыпIэм нэхърэ ажалыр нэхъ къэзыщтахэм я гъащIэр зэрат щIыкIэр: абыхэм кIий-гуо, гъы-бжэ къахэкIакъым – къыхэщтыкI яхэмыту, зэрахьащ я лIыхъужьыгъэр. Зэман бзаджэм и нэлатым къыхуэмыгъэша лъэпкъым гъащIэшхуэ, гъащIэ насыпыфIэ хуэфащэт.

Адыгэхэм я гуауэри, я гуапэри уэрэдкIэ яIуатэу щытащ. Я уэрэдхэр гухэхъуэт, пшыналъэхэр удэзыхьэхт. Адыгэ хабзэм и гугъу пщIымэ – захуагъэм и пэ иригъэщ щыIакъым. Зауэм щыIуткIи, бгырысхэм, а хабзэр зыщагъэгъупщэу, напэм емызэгъ ящIэртэкъым.

Тхылъым зы щапхъэ къехь. Гарнизон Iэтащхьэ Присыпкиным и фызыр, фочышэхэр къызэрелъэлъэхым хуэдэу, быдапIэм дэкIат зэгуэрым. Ар къызэралъагъуу, щIыпIэр къэзыухъуреихьа адыгэхэр, заIэтри, ежьэжащ. Гарнизоным и Iэтащхьэми хъыбар кърагъэщIащ: «Дэ фызхэм дезауэркъым», – жаIэри.

Бгырыс куэди, пащтыхьыдзэм щыщу куэди зыхьа Урыс-Кавказ зауэр и кIэм нэблагъэрт. Урысхэр здынэмысауэ зы къуажэ закъуэт къэнэжар. Абы ахэр пэлъэщыртэкъым къуршхэм къызэрахъумэм къыхэкIыу, ауэ ари яубыдыным къэнэжа щыIэтэкъым – къызэраувыхьрэ мазэ бжыгъэ хъуат. Адыгэхэм хасэ зэхуашэсри, абы унафэ къыщащтэ, я псэр пытыху я лъахэр яхъумэжыну. Хасэм хэтахэр зэбгрыкIыжырт, къуажэ Iэтащхьэм зы мэкъумэшыщIэ къыбгъэдыхьэу къыщыжриIам: «Псори тэмэм хъужмэ, сэ сыщIэлъэIунущ псей мэзым адэIуэкIэ къыщылъ сэнтхыр звэну икIи згъэпшэрыну – абдежым мыIэрысей щыхэссэнущ.

Сэ хамэ щIыпIэ щагъэкI мыIэрысэ лIэужьыгъуэ гуэр къэзгъуэтащи, щхьэ хуэдизу инщ, фоумэ дахи къыкIэрех, ауэ икIи щабэщ, цIыхубзым хуэдэу. Сэ а хэхэсыр ди мыIэрысейм дэзгъэкIэнщи, цIыхухъум ещхьу Iэбыдэ-лъэбыдэу, щIыIэми хуэмыгъэгузавэу зыкъиужьынщ».

Абы жиIам къыхощадыгэ мэкъумэшыщIэр фIым зэрыщIэхъуэпсыр, мамыр гъащIэр зэригъэлъапIэр, нэмысымрэ хабзэмрэ Iыгъыным пщIэшхуэ зэрыхуищIыр. «ХабзэмыщIэ емыкIухьщ», – жеIэ абы. МэкъумэшыщIэм хьэкъыу и фIэщ мэхъу дэтхэнэ лъэпкъри лъэпкъ зыщIыр, ар зыгъэIумахуэр хабзэрауэ. И Iуэху еплъыкIэри пэжщ: зи хабзэр зымыIыгъыж лъэпкъыр хэкIуэдэжу хуожьэ. Аращ дэтхэнэ бийри лъэпкъ хабзэхэр гъэкIуэдыжыным щIыхуэерыщыр. «Уафэгъуагъуэ макъым» хэлъщ а гупсысэр.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ (щысхэр):* **Къэжэр Пётр, Лохвицкий Михаил, Къэрмокъуэ Хьэмид;** *(щытхэр):* **Пщыгъуэтыж Алий, КхъуэIуфэ Хьэчим, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Бицу Анатолэ, Пащты Герман сымэ.** *1987*



А Iуэхур къызэрыгуэкI Iуэхуу зэрыщымытыр повестым щыубзыхуащ. Шапсыгъхэм псори зэхуагъадэрт. Зы цIыхум адрейм захиIэтыкIыу е зы гуп гуэр бжьыпэр иубыдрэ унафэщI хъууэ ядэнутэкъым. Кайсаровыр абы щытепсэлъыхькIэ жеIэ: «Ди пащтыхьыгъуэм лъэкI къигъэнакъым шапсыгъхэр игъэкIуэдын папщIэ. Апхуэдизу ерыщу а Iуэхум иужь щIитым щхьэусыгъуэ Iэджэ иIэнкIэ мэхъу. Ауэ, псом ящхьэу, пащтыхьыгъуэм хуэшэчакъым ахэр щхьэхуиту зэрыпсэур. Сыту жыпIэмэ, хьэзаб хэмыкIыу псэу урыс мыжьыкъри абыхэм ядэплъеину хуежьэнут. Зэрынэрылъагъуэщи, апхуэдэ щапхъэр пащтыхь къэралыгъуэм шэуэ къытехуэнкIэ шынагъуэт».

А псалъэхэм нэрылъагъу ящI пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкIа зауэр езы урыс лъэпкъми и бийуэ зэрыщытар.

«Хэт сымэ абы теунэхъуахэр?» – жыпIэмэ, абы теунэхъуащ фадэ фIэкIа къафIэмыIуэхужу зэIыхьа офицерхэр, я унагъуэхэм япэIэщIэу илъэс тIощIрэ тхукIэ къулыкъу зрагъащIэу щыта урыс сэлэтхэр. Я Iыхьлыхэм зэрыщIэгупсысым щхьэлажьэ ищIа урыс сэлэтхэм я дунейр мыгъуэу яхьырт. Я бампIэр нэхъ куу ищIырт щIэзауэри щIэдауэри къагурымыIуэу лъы зэрагъажэм, ящыщ куэдым я хьэдэ къупщхьэхэр хамэ щIыпIэм къызэринэм. ЗэштегъэупIэу яIэр шагъырти, я гуауэр абыкIэ ягъэундэращхъуэрт.

Кайсаровыр ныбжьэгъу хуохъу офицер хъыжьэ Закурдаевым. Япэ зэманым Яков къыгурыIуакъым а капитаным езыр зэрыщымыту зыщIищIыр, цIыху нэжэгужэу фэ щIызытригъауэр. Абы теухуауэ Яков мыращ къиIуэтэжыр: «Чэф игъуэтамэ, Закурдаевыр гуитIщхьитI хъурт, зыгуэрым иригузавэу, зыгуэрым иринэщхъейуэ. АдэкIэ сыт хуэдиз иримыфми, нэхъ къэжанауэ гу лъыптэнутэкъым. Ауэ ину дыхьэшхыу, псалъэу иригъажьэрт, дэ тIум хуэдэу гъащIэм игъэуна щымыIэми ярейуэ, езыми сэри ар ди фIэщ ищIын мурадыр иIэу».

Зэгуэрым фадэр фIыуэ къызыпкърыхьа Закурдаевыр Александр ЕтIуанэм и сурэтым и пащхьэм иувэри кIиящ: «Зи щIыхьыр лъагэ пащтыхьышхуэ, уэ дзыхь къысхуэпщIа кхъэр къызыхуэтыншэщ – мыбы щIалъхьэр нэхъыбэ мыхъуамэ, нэхъ мащIэ хъуакъым».

Абы и ужькIэ, и нэхэр зэблэплъу, ар къызэплъэкIащ, ещIэкъуауэу Iэнэм бгъэдыхьэри шэнтым тетIысхьащ, и щхьэр шынакъым тригъащIэри къэгъащ.

Кайсаровым, адрей офицерхэм хуэдэу, шагъыр ефэныр нэрыгъ ищIыркъым. Ар ящыщтэкъым «тIум щыгъуэми зы ажалщ сщIэлъри, си ажалыр къэсыху зэрыхъуу гъащIэр схьынщ» жызыIэхэм. Яков фIыуэ щыгъуазэт зауэр зыхуэдэми, хуитыныгъэр зищIысми. Аращ мыпхуэдэу щIыжиIэри: «Сэ сщIэркъым ди гумрэ ди псэмрэ дэ дыхуитыж, а хуитыныгъэр зиIэми демыфыгъуэж дыщыхъунур дапщэщми, апщIондэху сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэ къэхъунуми...».


**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и гъусэу.** *1981*

«Дэ щэнхабзэрэ щIэныгъэкIэ абыхэм детэнущ», – жыпIэурэ лъэпкъ цIыкIухэм я лъапсэр бгъэгъуным нэхъ напэншагъи сыт щыIэ! Арат пащтыхьми абы и блыгущIэтхэми дунейм щагъэхъыбарыр, адыгэ хэкур щагъэскIэ, шапсыгъхэр, убыххэр, бжьэдыгъухэр, абэзэхэхэр, кIэмыргуейхэр щызэтраукIэкIэ. Зи лъэпкъыр а зэман бзаджэм кIы-

фIыгъэм, щIэныгъэншагъэм къыхэзымыгъэкIхэр нэгъуэщI лъэпкъхэм сытыт зэретэфынур?

Абыхэм хуэдэу цIыхугъэр зыгъэпудын, ар хэутэн зыщIын къэгъуэтыгъуейт. «Залымхэр, лIыукIхэр дяпэкIи дунейм къытремыхъуэ, адыгэхэм я нэгу щIэкIар нэгъуэщIхэм я нэгу щIремыкIыжкIэ», – жиIэу гупсысэ нэху хэлъщ зи гугъу тщIы тхыгъэм.

ЖыпIэ хъунущ «Уафэгъуагъуэ макъыр» урысыбзэкIэ ятхауэ щыIэ, тхыдэр къэзыIуэтэж нэхъ тхыгъэфIхэм ящыщ зыуэ.

... Михаил Юрьевич си адэм нэхърэ зы илъэскIэ нэхъыжьт. Ауэ, ныбжьми емылъытауэ, сэ абы сриныбжьэгъуфIт. Мазэм зэтIэу дызэхуэтхэрт, ди гуфIэгъуэ, гукъеуэ зэхуэтIуатэрт. Зы илъэси дэкIыртэкъым дызэхуэмызэу – е Налшык, е Тбилиси, е Москва. Мис абы щыгъуэ адыгэ лъэпкъым и дыгъуасэми, и нобэми, и къэкIуэнуми и гугъу дымыщIу къанэртэкъым.

Утетыжкъым нобэ щIылъэм, ди къуэш щэджащэ, удиIэжкъым, Михаил лъапIэ. Ауэ зы адыгэ псэууэ дунейм тетыху уэ игу уихункъым!

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*
*Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм*
*щIыхь зиIэ я журналист*

## ЛОХВИЦКИЙ Михаил

# УАФЭГЪУАГЪУЭ МАКЪ

***Си адэшхуэ Лохвицкий (Аджыкъу-Джэрий) З. П. и фэеплъу***

*«ЦIыху псори зы лъэпкъыу щытащ,*
*иджы зэбгрыкIащ армыхъу...»*

Къэралым и ней зыщыхуа сэ, Кайсаров Яков, щIыпIэ пхыдзам, Тунгуз псыщхьэ е, тунгузхэр зэреджэмкIэ, Ангара, сыкъыщIыщыхутами къалэмыр къыщIэсщтами щхьэусыгъуэ зыбжанэ яIэщ. Сэ сагъэкъуэншащ дзэм сепцIыжауэ, пащтыхь унагъуэм хуэмыфащэ еспэсауэ. Пэжыр жысIэмэ, щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зыт, ар лъабжьэ хуэхъуащ абы къитэджыкIа псоми.

Сэ сытхакIуэкъым, письмо фIэкIа нэгъуэщI гуэри стхакъым иджыри къэс, абы хуэшэрыуэ сыхъуауэ къалъытэми. Дауэ зэриублэр тхакIуэм и романыр е и повестыр, е гукъэкIыжхэр итхыжын мурад зыщIым дэнэ деж къыщыщIидзэр?

ГукъэкIыжхэр зытхыж куэд исщ нобэ Урысейм. Абыхэм зэраублэр мыращ: «Сэ мыпхуэдэ щIыпIэм сыкъыщалъхуащ...» Е: «Си адэшхуэр мыращ-моращ...». АбыкIэ къыщIэбдзэмэ, ущIихьэнурэ кIэи пэи иIэнукъым. Гу зэрылъыстамкIэ, апхуэдэ тхыгъэхэм нэхъ дихьэх хабзэр цIыху щхьэщытхъухэрщ: абыхэм къазэрыщыхъумкIэ, я гъащIэри я дуней тетыкIэри щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ, гъуазэщ. Апхуэдэ гукъэкIыжхэр зэбгъэщхь хъунур Калугэ щыщ сатуущIэ, сыщымыуэмэ, Опришкин зи унэцIэм зыхуигъэувыжа фэеплъырщ. Абы скъарым къыхэщIыкIа мывэ упсам жор трищIыхьри, и гупэм дыщэпскIэ тритхэжат: «Фыкъызэплъ, Тхьэм и нэфI зыщыхуэнхэ, мыр зи фэеплъыр сэращ – Хэкум хуэлэжьэным зи гъащIэ псор щхьэузыхь хуэзыщI цIыхухэм пщIэшхуэ зыхуащIу псэуарщ». Дауи, сэ абы щапхъэ гуэри тесхыну сыхэткъым, си щхьэр згъэфIын щхьэкIэкъым къалэм къэсщтауэ щхьэгъубжэм сыщIыбгъэдэсыр. Абы сыдэплъмэ, си нэм къыIуидзэр утхъуауэ ежэх Ангара псышхуэрщ, сызэбгъэщхь хъунури гъуни нэзи зимыIэ губгъуэ нэщIым игъуэщыхьа цIыхурщ. Ауэ, тхыбзэм сыхуэмышэрыуэми, къалэмыр къыщысщтакIэ, сыщIегъуэжынкъым, си нэгу щIэкIамрэ си гум къинамрэ стхыжынщ, кIыхьи зезгъэщIынкъым, стхар зэзгъэзэхуэжу, къистхыкIыжуи зезгъэлIэлIэнкъым – зэрыхъуIамэ хъунщ. Езгъэлеяуэ е сщыгъупщаIауэ къызыфIэщIыни къыкъуэкIынщ – псори арэзы пхуэщIынукъым. Губгъэн къысхуэзыщIын къыфхэкIмэ, сызэрывэлъэIунур зыщ: мы гукъэкIыжхэр фи пащхьэ изылъхьэр къалэмыр зыгъэшэрыуэф тхакIуэкъым – къуэды зытралъхьа, дзэ къулыкъур зрагъэбгына поручик щIалэщ. Псом ящхьэращи, пэжым фыщымыщтэ закъуэ – иредыдж е иреIэфI.

ЩIэх сытегушхуакъым сэ мы тхыгъэм, Iэджэ зэпэслъытащ абы и ужь сихьэн ипэ. Ангара псыхъуэр хэщIапIэ схуэхъуа нэужь, тхылъ куэд зэхуэсхьэсауэ щытащ, абыхэм щыщ гуэрхэм щыгъуазэ сащIащ бгырыс лъэпкъхэм, псом хуэмыдэу шэрджэсхэм, кIэлъызэрахьэ леймрэ залымыгъэмрэ. Зэгуэрым ныскIэлъыкIуэгъащ зи нэIэм сыщIэтын хуей

хьэтхауэ[1] нэплъыснэIусыр. НыщIыскIэлъыкIуар игу сыкъэкIауэ аратэкъым, стемыплъэкъукIын хуейуэ и пщэ дэлъти аращ. Щежьэжым, зы тхылъ къыщыгъупщащ хьэтхауэм. Фадеев зи унэцIэ гуэрым иуцIырхъа тхылът ар. А «тхакIуэм» и хъыбар зэхэсхат сэ, уеблэмэ, слъэгъуауи щытат, Кавказым и дзэпщ Барятинскэм деж сыщрихьэлIэри. Славян лъэпкъхэр псори Урысейм еувэлIэн хуейуэ къилъытэрт абы. Кавказым щызетхьэ лIыгъэм тетхыхьын щIичэртэкъым. Щыслъэгъуам щыгъуэ гу зэрылъыстати, цIыху гурымыкъ гуэрт ар, и щхьэм илъ щIагъуэ щымыIэми, и жьэр увыIэртэкъым, кIэщIу жысIэмэ, щхьэгъавэ гуэрт. Хьэтхауэм къыщыгъупща тхылъыр къысхуахьащ – сэр фIэкIа абы къеджэфын истэкъым а куейм, адрейхэр щIэныгъэншэ защIэт. Тхылъым седжэн щIэздзащ, хьэлэмэт гуэр си гугъэри. Си нэгу щIэкIагъэххэт абы сызыщрихьэлIэ псори. СыкъыщыуIэбжьар мы псалъэхэм сынэса нэужьщ: «Дунейм текIуэдыкIыж лъэпкъым и иужьрей хьэдагъэт ар... Хы Iуфэр нэщI зэрыхъуар уигу къыщIеуэн щыIэкъым, аращ абыхэм яхуэфащэр». А псалъэхэр сигу техуакъым: тхылъыр хыфIэсхуэри, Ангара и Iуфэм сыIухьащ. СыбэмпIати, псы Iуфэм сыIузэгъакъым. Iэпхлъэпх зысщIыжауэ щхьэ сис мы щIыпIэ пхыдзам?

СыкIуэсэн мурад щысщIар абы щыгъуэщ. СыкIуэсэн щхьэкIэ, гугъу сехьынутэкъым. ЩакIуэ сежьэурэ, мэзым мазэм щIигъукIэ сыщыщIэт къэхъурт, итIани, зыми сыкъилъыхъуэртэкъым, си лъэужьыр зыми нихуртэкъым. Нобэ сыкIуэсами, си ужь щIэх нихьэнуIатэкъым – абы шэч къытесхьэртэкъым. Си анэ тхьэмыщкIэм къыщIэнауэ ахъшэ гуэри сиIэт – гъуэгу тхылъ зэзгъэпэщыным гугъу сыдехьынутэкъым...



Пхъэр ныскIэлъежьэрэ саубыдмэ, кIэ згъуэтауэ арат, гущIэгъу къыпхуащIынкIэ ущIэгугъэн щыIэтэкъым. Арат сызытегузэвыхьыр. Си нэгу щIэкIаи сызыщыгъуази IэщIыб хъунут итIанэ. Сэ сщIэ псор хьэдрыхэ здэсхьауэ аратэкъэ абы щыгъуэ. Сыхуит сэ абы? Хьэуэ, сыхуиткъым: сщIэмрэ си нэгу щIэкIамрэ стхыжынщ япэщIыкIэ – бэлэрыгъыпIэ зизгъахуэ хъунукъым апщIондэху...

* * *

Си ныбжьым ит цIыху гу пцIанэхэм сахуэдэт сэри, политикэм сыпэIэщIэт, хэсщIыкIи щыIэтэкъым, унафэ къытхуэзыщIхэм, дипломатием хьэжьпэжь хэхъухьахэм зэрахьэ хьэгъэщагъэхэр схузэхэхуртэкъым, газетхэм ятх псори си фIэщ хъурт, си нэр щIалагъэм къыщипхъуэрти. Дэ дызыщIапIыкIар дызрагъэдаIуэ псор ди гум идубыдэн зэрыхуейрт, ди щхьэр нэгъуэщI гупсысэхэм теткъутэ зэрымыхъунурат. Декабристхэм я щапхъэм пэIэщIэ дыхуащI зэпытт дэ, кадет щIалэхэр. 1825 гъэм и декабрь мазэм къэхъуауэ щытам и хъыбар традзэну хуиттэкъым газетхэр. Зи щхьэ палъахэм я цIэ-унэцIэ сщIэ фIэкIа, нэгъуэщIкIэ сащыгъуазэтэкъым. Марлинский Александр и тхыгъэхэм седжауэ сыщыгъуазэт абы и унэцIэ дыдэм – Бестужев, зэхэсхат Кавказым къагъэкIуа нэужь, ар Ардылар деж щамыукIауэ,

---

[1] Хьэтхауэ – 1917 гъэм ипэкIэ къуажэ IуэхущIапIэхэм Iуту щыта IуэхутхьэбзащIэ. /Посыльный, курьер.

атIэ бгырысхэм яхыхьауэ. Апхуэдэ хъыбар щIэIуар абы и хьэдэр зэрамыгъуэтыжарагъэнт. Пащтыхьым IэщэкIэ пэува декабристым апхуэдэ хъыбар теIукIыныр зыхуэIуа щыIэтэкъым. Дэ, щIалэгъуалэм, ар нэхъ ди фIэщ хъурт, абы шэч къытетхьэ нэхърэ. Нэмыцэхэр зи нэ-зи псэ чиновникхэм шэрджэс Ардыларыр Адлеру зэрахъуэкIащ, апхуэдэцIэ зезыхьэ псы Эльбэ къызэрыхэхуэм щхьэкIэ е, хэт ищIэрэ, императорым и чэнджэщэгъу граф Адлерберг и гуапэ ящIыну хэта.

А псор сигу къыщIэзгъэкIыжыр зи ужь сихьэну Iуэхум щIэдзапIэ хуэхъункIэ согугъэри арщ. Зи ужь сихьэнур тегушхуэгъуафIэтэкъым а зэманым. СыщыщIалэм сытыт сэ Кавказым сызэрыщыгъуазэр? КIэщIу жысIэмэ, сызэрыщыгъуазэшхуэ щыIэтэкъым: абы щопсэу лъэпкъ Iэл IэубыдыпIэншэхэр, гъунэгъухэр зыхъунщIэ абрэдж щхьэмыгъазэхэр, басурманкIэ зэджэ муслъымэн аслъыхэр – абыхэм кIэ иратыху, дэ, чыристэнхэм, псэхупIэ къыдатынукъым. Аращ дэ дыкъызыщIагъэтэджар. Сэ уэркъ унагъуэ сыкъихъуат, бгырыс Iэлхэм ялъ згъэжэн хуейуэ си пщэ къыдэхуэрт – арат абы щыгъуэ къызэрысщыхъур. КъинэмыщIауэ, шэрджэсхэр щхьэхынэ защIэт, акъыли гупсыси ядэплъагъуртэкъым. Марлинскэм жиIэр нэгъуэщIт: шэрджэсхэр цIыху щэныфIэщ, екIущ, губзыгъэхэщ, я щхьэ темылъ тралъхьэркъым, лэжьакIуэшхуэхэщ. Къэзакъ жылагъуэхэр зэрахъунщIэри, дилъ зэрагъажэри, псэхугъуэ къызэрыдамытри яхуэтшэчын хуейуэ къыттехуэрэ дэ, чыристэнхэм? ДыщычыристэнкIэ апхуэдэ гущIэгъу тхэлъын хуейщ дэ...

Кавказым сыкIуэн ипэ, си анэр слъагъун хуейти, Калугэ губернэм зыщысIэжьащ. Си анэм къызэрызжиIамкIэ, Калугэ дэс Щамил и цIэкIэ губернаторым Iэнэ къищтащ, езы Щамил къеблэгъэн идакъым, и гъусэхэр къигъэкIуащ. Ди анэм хуэIуэтэщIтэкъым бгырысхэм ядилъэгъуа хабзэмрэ цIыхугъэмрэ. Сигу къокIыж и нэIуасэ гуэрым къысхуиIуэтэжа хъыбарри. 1861 гъэм сентябрым МамрыкъуэкIей къэкIуат пащтыхь дотэр – Александр ЕтIуанэр. Абы хуэзащ шэрджэс лIыкIуэхэр, елъэIуащ шэрджэсхэр я хэкум ирамыхун, зауэр ягъэувыIэн щхьэкIэ. ЛIыкIуэхэм къащIэгубжьащ пащтыхьыр: «Фхухэтха щIыпIэм фыIэпхъуэнщ е, хэкум фикIынщи, Тыркур егъэзыпIэ фщIынщ!» Ар жиIэщ, и щIыбыр шэрджэс лIыкIуэхэм къахуигъазэри, пащтыхьыр IукIуэтащ. И гъусэхэм яжриIащ, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ: «Си гъын къагъэкIуащ тхьэмыщкIэхэм». Офицерхэр итхьэкъуащ пащтыхьым хэлъ гущIэгъум, щIэх ягу ихуакъым абы далъэгъуа гумащIагъэр...

Троицкэ жылагъуэр Протвэ псым и Iуфэм Iусащ, ди адэм абы IэнатIэ щиIащ. Сэ сыщIалэ цIыкIут – илъэсибгъу сыхъуауэ арат – ди адэр дунейм щехыжам щыгъуэ. Воронцовэ-Дашковэ гуащэм, ЩIэныгъэмрэ гъуазджэмкIэ Урысей академием и япэ президенту щытам, и сэрей дэтащ ди жылэм, ар зезыхьэр ди адэрат. ЛIыжьхэм къызэраIуэтэжымкIэ, Воронцовэ-Дашковэрэ адмирал Нельсон хьэщыкъ зыхуэхъуауэ щыта Гамильтон Эммэрэ Италием щызэрыцIыхуауэ зэныбжьэгъут. Гамильтон гуащэр Троицкэм хьэщIапIэ къэкIуэгъауэ жаIэ. ЗэхалъхьагъэнкIи хъунщ а хъыбарыр, ауэ сэ сызыщыгъуазэраши, Троицкэм и гъунэгъуу ноби ущрохьэлIэ Гамильтон зи цIэ жылэ, ар Дашковэм игъэтIысауэ жаIэ. Гуащэм и сэрейм дыпэжыжьэтэкъым дэ. Сэрейр жыг хадэшхуэм хэтт, Екатеринэ ЕтIуанэм и цIэр зытратха мывэ

пхъэбгъуи ущрихьэлIэрт хадэм, псы Iуфэм Iутт тхылъымпIэ щащI фабрикэ, абы пэмыжыжьэ члисэм щIэлът Дашковэм и хьэдэр. Жыг хадэр пабжьэ хъужакIэт, арат ар щIалэ цIыкIухэм кIуапIэ щIэтщIар. Пшапэр зэхэуамэ, мафIэхь хьэпIацIэ цIыкIухэр къыхэлыдыкIырт къуацэ-чыцэм. Псыр интэкъым, ауэ къиуамэ, ухуэбэлэрыгъ хъунутэкъым. Кадет еджапIэм сыщIэтIысхьэн ипэ псым сыкIуэрейуэ щытащ, абы аштрамкIэ зэджэ псыдэр къыщытщыпырт. Цыжьбанэм хуэдэщ аштрамыр, ухуэмысакъмэ, укъиуIагъэххэщ. Псым зыщыдгъэпскIынкIэ дрикъуа нэужь, пхъэ сэшхуэрэ пхъэ фочкIэ дызэзауэрт. Сэшхуэри фочри тхуэзыщIыр зи ныбжь хэкIуэта унтер-офицер Кузьмин Тимофейт. Илъэс тIощIрэ тхукIэ къулыкъу щищIат абы Кавказым. Бгырысхэм я хъыбар сригъэдэIуауэ сщIэжыркъым сыщыцIыкIуам. СыкъыдэкIуэтея нэужь, кадет еджапIэм сыщIэтIысхьауэ, гъэмахуэм сыкъыщыкIуэжкIэ, Тимофей псэлъэгъу зэрысщIыным сыпылът. ЕджапIэр къэзухмэ, си лъэр Кавказым зэрынэсхусыным сыхуэпабгъэрт. Кавказым къулыкъукIэ сыщыдэкIуеину къысщыхъурт: сыщIалэмэ, офицер сыхъуамэ, сытыт ар щIысхуэмыфащэр! Зауэ гуащIэ щокIуэкI Кавказым, Iэщэ пхуэгъабзэ закъуэмэ, уи цIэр щIэх дыдэ Iунущ. Ар щыжесIэкIэ, Тимофей пыдыхьэшхыкI фIэкIа, къыспидзыж щIагъуэ щыIэтэкъым.

Кавказ зауэр къызыхэкIамрэ ар зэрекIуэкIымкIэ сеупщI зэпытти, Тимофей зэгуэрым къызэрыкIащ:

– Жыжьэ къыщыщIэздзэмэ, мыращ, – жиIащ Тимофей. – Шэрджэсхэм я щхьэхуитыныгъэм пащI щыIакъым зэи, я хэкур зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэурэ къэгъуэгурыкIуащ игъащIэм. Запорож къэзакъхэми щхьэхуэ зыщащIым, ар игу техуакъым пащтыхь гуащэ Екатеринэ, яхуэгубжьащ, яхэзэухьри, Кавказым игъэIэпхъуащ, шэрджэсхэм гъунэгъу яхуищIмэ, абыхэмрэ къэзакъхэмрэ зэпэувынщи, зэрышхыжынщ, жери. Пащтыхь гуащэр зэрыгугъауэ къыщIэкIакъым: къэзакъхэр шэрджэсхэм хэгъэрей яхуэхъуащ, я фащэмкIэ захуэпащ, я хабзэхэри зыхалъхьащ. Абы игъэпIейтеящ пащтыхь гуащэр. Сенатым унафэ ищIащ итIанэ: я джабэр щIэвуд шэрджэсхэм, ди пащтыхь гуащэм фемыпцIыж.

Къэзакъхэр шэрджэсхэм ираушт хъуащ.

Шэрджэсхэм щхьэкIэ сеупщIмэ, Тимофей къызжиIэшхуэ щыIэтэкъым.

– Лъэпкъ хъыжьэщ, я щхьэм удрагъэкIуеинукъым.

Абы къыфIигъэкIыртэкъым. Сэ нэхъ сызыхуейм схутешэртэкъым – зауэ иращIылIэн хуей щIэхъуам. Тимофей зэрыжиIэмкIэ, зи ужь итар мэзыр, жыг хадэхэр иупщIыкIын, гъуэгу щIын, гъавэ хьэсэхэмрэ псэуалъэхэмрэ мафIэ едзын – нэгъуэщI Iуэху зэрихуатэкъым. Жыг хадэхэр щIраупщIыкIми, псэуалъэхэм мафIэ щIрадзми щымыгъуазэмэ, Тимофей илъэс тIощIрэ тхукIэ къуэгъэнапIэм къуэсауэ къыщIокI – шэч къытесхьащ абы и псалъэхэм. Гынымэ къыщIимыхьауэ жиIэрт илъэс тIощIрэ тхум и кIуэцIкIэ. Зэгуэрым, чэф къэхъури, сэлэт уэрэдыжь гуэр сригъэдэIуэгъащ Тимофей:

*Ей, шэрджэсхэ, зывмыхъунщIэ,*
*Фи афэ джанэм дыхуэгъэзащ,*
*Бгыщхьэм фиси, ар нэхъыфIщ,*

*Ди мыжурэм фыфIэтIу нэхърэ!*
*Александр щхьэщэ хуэфщI,*
*Игу къыфщIэгъумэ, фи насыпщ,*
*Ди пащтыхьым зыхуэвгъэщхъ –*
*Абы зыри пэмылъэщ!..*

Сэлэт уэрэдыжьыр сщыгъупщэжыркъым абы лъандэрэ – Тимофей лъыгъажэ зауэм хэтауэ къыщIокI! Ди анэм деж езгъэблэгъащ Тимофей. Ди анэм цырибон къригъэфащ. Цырибоныр игъэщIейри, ди анэм фIыщIэ къыхуищIащ:

– Фи фадэр убагъуэ!

Уафэр гъуэгъуауэ къысщыхъуащ, Тимофей и макъыхъур си тхьэкIумэм къыщиIуэм.

Кадет еджапIэр къэзуха нэужь, правительствэм и политикэм нэхъ хэсщIыкI сыхъуащ. Дэ, офицер щIалэхэм, щIэныгъэншэхэм къагурыдгъэIуэфырт Инджылызыр Кавказым Iэджэ щIауэ къызэрыхуэпабгъэри къыщIыхуэпабгъэри: ар Азэжьейри, Персиери, Афганистанри, адэкIэ Индиери зыIэщIэбубыдэн папщIэ, лъэмыж пэлъытэт, я лъэр Кавказым щыфIагъанэмэ е бгырысхэр гъусэ къащIыфмэ, урыс къэралыр тегушхуэгъуафIэ ящIыфынут инджылызхэмрэ адрей ди жагъуэгъухэмрэ. Ди къэралыр абыхэм я IэмыщIэ идмыгъахуэмэ, ди бийхэр я гъуэм идукIыхьыжыфын къытщыхъурт. КъаплъэнэфжыхуаIэм сыхуэдэтэкъэ сэ абы щыгъуэ – ар ноби согъэщIагъуэ. Афганистанри, Персиери, Истамбыли, Индиери дэ ди пщIыхьэпIэми зэрыхэмыкIыр къыщызгурымыIуэкIэ, аратэкъэ къаплъэнэфкIэ укъызэджэ щIэхъунур! Лорд Пальмерстон зыщIэгъэстакIуэмрэ инджылыз пащтыхь гуащэ Викториерэ зыкIи къащхьэщыкIыртэкъым ди канцлер Нессельродерэ пащтыхь Николай Езанэмрэ – псори зыр зым къыпачауэ зэщхьыркъабзэт... 

* * *

Тхьэнапэр къищтэри, ди анэм гъуэгу сытригъэуващ. Кавказырщ здэзунэтIар, сигу къокIыж Пушкиным и усэ сатырхэр: «Зыкъэт, Кавказ, Ермоловыр нокIуэ!» Урысейм папщIэ лIыгъэ зэрызесхьэным хуэхьэзыр сыхъуауэ къысщыхъурти, фIыщIэмрэ щытхъумрэ сыхуэпабгъэрт сэ.

Гъуэгури къуршхэри япэ щыслъэгъуа сыхьэтыр сигу ихужыркъым – дыгъуасэ хуэдэщ.

Шыгум дызэридзэурэ, бгы лъапэм дынэсащ, абдеж дыкъыщыувыIэн хуей хъуащ, шыхэр зэтхъуэкIынути, ауэ зэкIэ шы ямыIэу къыщIэкIащ. Си кIэн къикIри, фельдъегер плIабгъуэ срихьэлIащ дыкъэувыIа къудейуэ. Абы и нэфI къысщыхуащ – и шыгум сригъэтIысхьэри сришэжьащ, уздэкIуэм нэс уздэсшэнщ, жери. Бгыхэм соплъри защызгъэнщIыркъым. Фельдъегерым соупщI Кавказым щыхъыбархэмкIэ, ауэ ар щымщ, псалъэ къыпидзыжыркъым, и щхьэр щIэгуауэ бгъэдэсщ шыгухум. Сэри щым сыхъуащ, сыумэзэхауэ сисщ шыгум. Гъуэгуейщ, шыгум дызэредзэ, зым жиIэр адрейм зэрызэхих щыIэкъым. Си фащэ щIэрыпсыр сабэ защIэ зэрыхъуами гу лъыс-

тэжыркъым, си гуи къеуэркъым, си нэр зытенар дызыблэж жыгей, бжей абрагъуэхэмрэ си щыпэлъагъу хъуэш[1] жыг баринэхэмрэщ.

Мывалъэ гъуэгур бгы зэхуакухэм докI, къуэ кIуэцIыр къызэзэвэкI къысщохъу. ДыкIуатэурэ, дыгъэм пэлыд къурш хужьыпсым сыIуплъащ. Псыхъуэ зэвым дыдыхьащ. Шыгухум шыр къыжьэдикъуащ, гум елъэри, шы сокум уэзджынэ хищIащ. Дежьэжа нэужь, фельдъегерым сеупщIащ: «Шэрджэсхэм дапэщIэхуэнкIэ шынагъуэ?» – жысIэри. Ар зэрыщымт, жэуап къызитакъым. Зыгуэр къысщебзыщI, дауи, ара хъунт си упщIэхэм жэуап къыщIримытыр.

Сэ сыкъэгузэващ, сэшхуэ Iэпщэр скъузащ. Си кIэрахъуэр пхъуантэм дэлът. Куэд щIатэкъым ар къызэрызатрэ, ших ихуэрт. КIэрахъуэр пхъуантэм къызэрыдэзнам сыхущIегъуэжащ, ар си мыIэгъуэджэмэ, дауи, къысщхьэпэжынут – узрихьэлIэнур дэнэ щыпщIэн? Мэз Iувым сыздыхэплъэм, сигу къэкIыжырт Амалат-бэч, Измаил-бей. Мэзым фоч уэ макъ къыхэIукIын къысфIэщIырт, шэрджэсхэр къыттеуэ хъужыкъуэмэ, сахуэгъэзат, сапэувынти, хьэлэч зэтесщIэнт. Шынэнти, кIэбгъу защIыжынт шэрджэсхэм – къызакунтэкъым. Шыгум сыкъелъэрэ сакIэлъыуэмэ, мэзым хэлъэдэжынтэкъэ! Шэрджэсхэр щIэзгъэIэрэ къэзгъэзэжмэ, – шыгухури фельдъегерри пабжьэм къыхэплъырт, я фэр пыкIауэ. «ГущIэгъу къытхуэщI, зиусхьэн, ди псэр ди лъэдакъэпэм нэсыжат, аращ пабжьэм зыщIыхэддзар. Уэ лIыгъэшхуэ пхэлъу укъыщIэкIащ...»



Шыгум сызэредзэри, си щхьэр си жагъуэщ, мэзми сыхэплъэжыфыркъым. Iэуэлъауэ макъ къэIуащ асыхьэтым – зыгуэрым кIакхъу щIича къысфIэщIащ. Зэрыхъуари сщIэркъым: шыгум сыкъелъэри пабжьэм сыхэлъэдащ, сыздэжэм сэшхуэр къэзгъэIэгъуэурэ.

– Дэнэ ужэрэ, зиусхьэн? – къыскIэлъыджащ шыгухур.

СыкъызэплъэкIри, шыгум и гуплIэ шэрхъыр зэрыщIэжам гу лъыстащ.

– Си ныбэр къыхэлъэдащ, – жысIащ сэ, сыкъэувыIэри. – Иджыпсту...

Жыг къуагъым сыкъуэувэри джэ макъ къэIуху сыкъыкъуэкIакъым.

Фельдъегерымрэ шыгухумрэ саIуплъэжыфыркъым, соукIытэри: къэрабгъафэ къызаплъащ, дауи. Абы шэч къытесхьэркъым: ауан сыкъащIа нэхърэ нэхъ къэсщтэнт, къыскIэлъыуэрэ зэшэзэпIэ сащIатэмэ.

Дыздежьам дынэса нэужь, зэхэсхащ бгы щхьэдэхыпIэм абрэдж гуп зэрыщызеуэр. Шыгухум шы сокум уэзджынэ щIыхищIар къызгурыIуащ итIанэ: сэ сигъэшынэн щхьэкIэтэкъым.

Дынэсри, зы ротэ си IэмыщIэ къралъхьащ, абы срипагэт сэ: схуэмыфащэтэмэ, ротэ псо си IэмыщIэ къралъхьэнтэкъым. Сытри сфIэгъэщIэгъуэнт, зыщIезгъэх си хабзэтэкъым, си къару илъыгъуэт, дэни сынэсырт. Сызыхэхуари дзыхь зыхуэпщI хъун защIэт. ЗыщызгъэнщIыртэкъым батальоным и унафэщI майор Офрейн и бгъэм къыхэлыдыкI Георгий орденым – лIышхуэм екIупст ар. ЗэрылIышхуэм нэмыщI, жьэхъу гуэрт майорыр, и пащхьэ уихьэн ушынэрт. Апхуэдэ зы орден щхьэкIэ си Iэр е си лъакъуэр хэслъхьэн тIэу сеплъынутэкъым, апхуэдизкIэ сехъуапсэрти. Бгым дыкъыщыщхьэдэхым щыгъуэ Iэнкун сыкъызэрыхъуар шыгухум е фельдъегерым

[1] Хъуэш жыг – каштановое дерево.

яIуэтэжмэ, си напэр текIынути, арат сызытегузэвыхьыр. АфIэкIа къыздалъагъужынкъым къэрабгъагъэ, ар я фIэщ сщIын щхьэкIэ, зэзмыкун щыIэтэкъым, япэ зыкъизгъэщырти, я нэхъ Iуэху шынагъуэми сыхыхьэрт, сэлэтхэм сакъыхэкIыртэкъым, срагъусэ зэпытт. Сыкъытричырт: дапщэщ абрэджхэр къыщыттеуэнур – япэ сызрихьэлIэм и щхьэр пызгъэлъэтынут, лIыгъэ зэрысхэлъыр наIуэ ящысщIын папщIэ.

Си нэ къыхуикIми, лIыгъэ щызесхьэн Iуэху сызэрыхэмыхуэрт сигу къеуэр. Сызыхэтым сакъыхэжаныкIыртэкъым – ар уфIэмащIэт!

Си чэзури къэсащ, сыпэплъэурэ. УдзыпцIэм хэлъ хьэдэм сыIууащ зэгуэр. Хьэдэр щыслъагъум, си гур къекIуащ. Сэра зыукIар хьэмэ нэгъуэщI – ар къысхуэщIакъым. Хьэдэм сыщыщтэри, сыкъыбгъэдэкIыжауэ, унтерым сыкъилъэгъуащ:

– Хэбгъэбэгащ, зиусхьэн! Хуэфащэр епщIащ!

Си гур къызэрекIуам щхьэкIэ гузэвакъым унтерыр:

– Ягъэ кIынукъым, аращ япэщIыкIэ зэрыхъур. Уесэжынущ.

ЛIыгъэ зэрызесхьам и щIыхькIэ къысщытхъуурэ, фадэр иракIыхащ офицерхэм пщыхьэщхьэм. Сэри чэф сыкъэхъуащ, сыдыхьэшх фIэкIа, псалъэ схужыIэжыркъым, псоми IэплIэ, ба яхузощI. Куэзыр дыджэгуащ итIанэ, тумэнитху сфIахьэхуащ, щIыхуэ къасщтэри, тумэниблрэ сомитхурэ езгъэхьэхуащ аргуэру. Пщыхьэщхьэм къэзакъ станицэм дыкIуащ, абы дыщыхьэщIащ...

Къулыкъур изохьэкI. Зы бгырыс зэрызукIам и гугъу сщIащ, а зыращ зауэм сыхэтыху сукIар – сримыхьэлIауэ аракъым, абы и щхьэусыгъуэми фыщызгъэгъуэзэнщ нэхъ иужькIэ...

Щамил зыкъита нэужь, КъуэкIыпIэ Кавказым зауэр щыувыIащ.

1861 гъэ пщIондэ зэхэуэ гуэрхэр къыщыхъуащ Дагъыстанми Шэшэнми. Ди дзэпщхэм Псыжь адрыщIымкIэ зэрыщебгъэрыкIуэным зыхуагъэхьэзырырт. Псыжь адрыщI ис шэрджэсхэр ягъэбэяуамэ, ахэр Кавказым къыщхьэдэпхух хъунут, тафэм тебгъэтIысхьэн щхьэкIэ. Щымыгъуазэхэм ягу къэзгъэкIыжынщи, шэрджэсхэр лъэпкъ зыбжанэ хъурт: шапсыгъхэр, жанейхэр, бжьэдыгъухэр, натхъуэджхэр, къэбэрдейхэр, кIэмыргуейхэр, абазэхэхэр, убыххэр, нэгъуэщI лъэпкъ цIыкIухэри. Нэхъ лъэпкъышхуэ дыдэр шапсыгъхэрати, абыхэм къахэнэжа щыIэкъым иджы, убыххэм къащыщIар нэхъ Iеижщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, бгырысхэм иращIылIа лъыгъажэ зауэр зыублар Ермоловыращ, иужькIэ абы пищащ Барятинскэм – аращ зауэм и кIэм иплъар. 1864 гъэм накъыгъэ мазэм и 21-м пщышхуэр, пащтыхьым и къуэшыр, Барятинскэм къехъуэхъуауэ щытащ бгырысхэм кIэ зэраритам щхьэкIэ. УIэгъэ сыхъуауэ си щхьэр си жагъуэт сэ а махуэм, уеблэмэ сыубжьытхэн схузэфIэкIыртэкъым. Шэтырым щызэхэтIысхьауэ, дзэпщхэр зыр зым ехъуэхъурт.

Ермоловым къызэрыщIидзари Барятинскэм зэриухари псоми дощIэ: мэзыр идупщIыкIыурэ, жылэхэм мафIэ еддзурэ, хадэхэр, псэуалъэхэр зэтедупщIатэурэ, кIэ еттыху, шэрджэсхэм я ужь дыкъикIакъым. Я лъапсэр нэщI тщIыри, шэрджэсхэм едубыдылIащ Псыжь губгъуэ Iэпхъуэн хуейуэ, ар ямыдэмэ, я щхьэ зэрыхьщ, хэкур ирабгыни, Тыркум ireIэпхъуэ. Къэзакъхэр ирагуэшащ шэрджэсхэр къызрахуа щIыналъэм. Псыжь губгъуэм имызагъэхэр кIуэсэжурэ хы Iуфэм зэрыхьыжырт е бгым итIысхьэжырт. Я щхьэр

езыхьэжьэжхэм якIэлъыпхъэрурэ кърагъэгъазэрти, Псыжь губгъуэ ирагъэтIысхьэжырт...

Сэ фхуэсIуатэм фызыщымыгъуазэ хэлъкъым, аращ кIыхь зыщIезмыгъэщIыр. ТхакIуэ гуэрым, сыщымыуэмэ, Толстой си гугъэжщ, мэзыр ираупщIыкIыурэ бгырысхэм я гущIыIум дзэр зэрихьар итхыжащ...

Барятинскэм деж дгъэзэжынщи, ар Макиавелли къыпачауэ зэрещхьыркъабзэр зыщыдгъэгъупщэнкъым: абы къызэрилъытэмкIэ, политикэ IуэхукIэ зи сэбэп къокIынкIэ хъуну псори щхьэпэщ. Барятинскэращ бгырыс лIакъуэлIэшхэр IупэфIэгъу къэщIын зэрыхуейр япэ зигу къэкIар – дыщэкIэ, ахъшэкIэ къыдэпхьэхыфынущ ахэр, къулыкъуи епт хъунущ, щIыкIи мылъкукIи къэгъэгугъэ, зыми ущымысхь, къыдэпшэхыф закъуэмэ. Ди полкым хэтащ я лъэпкъэгъухэм езэуэж шэрджэсхэри – поручик Къырымджэрийр, прапорщик Батийр. Кавказым щызауэ дзэм къулыкъу щащIащ полковник Званбае, пщы Цициановым, Бебутовым, штаб-офицер Араблинский Мустэфа. Ди пащтыхьым къыдэщIащ нэгъуэщIхэри.

Лабэ псыхъуэрэ Щхьэгуащэрэ деж дыщызауэу, – абы щыгъуэ подпоручик сыхъуакIэт – зы къуажэ дыдыхьащ. Сэлэтхэм унафэ яхуэтщIащ я джыдэхэр къагъэIэгъуэн хуейуэ. Сэ сызыхэт ротэм бгы джабэм кIэрыт жыг хадэр къриупщIыкIын хуейуэ къылъысащ. Абы ипэкIэ зэи слъэгъуатэкъым апхуэдэ хадэ телъыджэ: жызумейри, кхъужьейри, мыIэрысейри, къыпцIейри, балиейри, тут мэракIуейри, пхъэгулъейри, зэрыджейри, къущхьэмышхейри кIэрызт джабэм. Хадэм псы кърашэлIауэ щIагъэлъадэрт. ПсыIэрышэм сыбгъурытурэ сежьащ. Адрей джабэм и нэкIум сыкIэрыхьащ, ар хьэпцIий щагъэкI хьэсэт. Фельдфебель Кожевниковыр си ужь ниувати, ныслъэщIыхьащ.

– Сыт си ужьыр къыщIэпхур? – сеупщIащ абы.

– Ушынэркъэ уи закъуэ? – жиIащ абы. – Абрэджхэм уаIууэмэ, мэзым ущIахьэнщ.

Кожевниковым илъэс тIощIрэ тIурэ хъуауэ къулыкъу щищIэрт Кавказым, сэлэтхэм зэрахуэупсэ Георгийм хуэдэ кърататт, дагъуэ къыхуащIыртэкъым. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщыхъуати, вэнкIи сэнкIи къикIуэтынутэкъым – апхуэдэ IэнатIэт щыщIалэм щыгъуэ зыбгъэдэтар.

И нэр щIиукъуэнцIауэ къызбгъурытт Кожевниковыр, сызыхилъхьэ щыIэтэкъым, пщIэ лей къызэрысхуищIым гу лъыстакIэт – срикъуэ фIэкIа пщIэнутэкъым. Дзэ къулыкъум куэдрэ хэтахэм, гу зэралъыстати, офицер щIалэхэм пщIэ лей къытхуащIырт, дыкъахъумэрт, чэнджэщ дыщагъащIэртэкъым, щыуагъэ гуэр тIэщIэщIами, бзэгу къыткIэлъызэрахьэртэкъым.

– ЩIыпIэ дахэщ, – жиIащ Кожевниковым, зиплъыхьурэ. – Уетхьэкъу.

– Солъагъу, – жысIащ сэ. – Мор сыт хьэсэ?

– ХьэпцIий хьэсэщ. ПсэукIэ ящIэ, щхьэ яфIэтщ. Мывэ тыкъырхэр хамыгъэкъэбзыкIауэ, жылэ ясэнукъым. ЩIыр ягъэщабэ, ягъэпшэр, щIыгулъ фIыцIэ къахьри вагъэм тракъуэхь, итIанэщ жылэ щасэр.

НэгъуэщI гуэрхэми сригъэдэIуэн зэригуапэм гу лъыстащ Кожевниковым сыхуеплъэкIри – щIыщIегъуэжаращ къызгурымыIуар: чысэ кърихри, тутын ишыхьащ...



2 Заказ №289

Бгым дыкъехыжа нэужь, сэлэт гуп дарихьэлIащ, ахэр щхьэщытт удзыпцIэм хэлъ лIым. И фэкIэ шапсыгът ар. УIэгъэ хъуауэ къыщIэкIынут.

– Зыкъэптамэ, зэфIэкIат. Узыхэтар сыт? ХэкIуэдар уфIэмащIэ? – жиIащ сэлэтхэм ящыщ зым.

– Сыт иджы абы къыпыпхыжыну узыхуейр?

– ЛъапцIэщ абы нэхъеи, – жиIащ нэгъуэщI зыми.

– Си шырыкъур хуэхъумэ, естынщ. Арыншэми сэ схуэзэвщ. Сыти жыIэ, цIыхущ. ФфIэгуэныхь хъуркъэ?..

– Си кIагуэри изот. Цей тIорыси сиIэщ...

Зэхэуэ нэужьым хьэлэл хъурт сэлэтхэр – ар я хабзэт.

Зэгуэрым ди полкыр къуажэ гуэрым екIуэлIащ. Къуажэр шапсыгъхэм ябгынакIэт. Пшапэр зэхэуа нэужь, сэлэтхэм мафIэ ящIри, пщэфIэн щIадзащ. Кожевниковым фо хьэкIуэ къысIэщIилъхьащ, бжьэ матэ ирихьэлIати. МафIэ ящIауэ лы ягъажьэ сэлэтхэм, кхъуэщэр зрагъэтIылъэкIауэ.

Макъ гуэр къиIукIащ бгыщхьэмкIэ. Макъыр зэ къоIу, зэ зэпоуж. КIыфIым дыхэувауэ, дызэпходэIукI – зыхуэтхьынур тщIэркъым. КъызэрыщIэкIамкIэ, шапсыгъхэм ябгына къуажэм азэн джэ макъ къыдэIукIырт – муIэзиныр къыдэнат къуажэм. Е къащыгъупща, е езым къуажэр ибгынэн имыдарэ – жасы хъуати, азэн джэгъуэт. МуIэзинхэм я нэхъыбэр нэфщ е набгъэщ. Мыри арат. Тэрмэшыр едгъэпсэлъащ лIыжьым, хуит тщIынути, езым идакъым – азэн джапIэм аргуэру дэпщеижри, азэн джэуэ щIидзэжащ. Тэрмэшым къыдгуригъэIуащ муIэзиным и псалъэр:



– Алыхьыр закъуэщ, Мухьэмэд бегъымбарыр абы и лIыкIуэщ.

Сигу щIэгъуащ лIыжь набгъэм, абы и азэн джэ макъыр си тхьэкIумэм итщ ноби...

Дыщышхэми си нэгум щIэкIыртэкъым нобэ идупщIыкIа жыг хадэр. Ар сигу къызэреуэр яжесIащ си гъусэхэм. Ахэр фадэм къигъэжанакIэт.

– Хадэр идупщIыкIащ, унэхэм мафIэ щIэддзащ. Дызезыхуар сыт: псори къэзакъхэм къахуэдгъэнамэ нэхъыфIтэкъэ?

Ди командирым, Офрейн, и нэр къыстриубыдэри къызжьэхэплъащ:

– КъыбгурыIуэ щIагъуэ щыIэкъым уэ, подпоручик. Унафэ къытхуащIащи, догъэзащIэ. Дэр нэхърэ нэхъ делэ уи гугъэ унафэ къытхуэзыщIар? Я жыгхэри къахуэдгъэнатэмэ, я лъапсэми псы идмыгъэжыхьыжатэмэ, къагъэзэжынутэкъэ абыхэм – ар щхьэ къыбгурымыIуэрэ? КъыщIызэплъэкIыжын къахуэдгъэнакъым, аращ я щхьэр щIрахьэжьар – къытрагъэзэнукъым.

– Щхьэжьыфl фIэтщ, жыпIэркъэ ар къэзыгупсысам! – жиIащ поручик Попов-Азотовым. – Шэч къытесхьэркъым: Ермоловымрэ Барятинскэмрэ мо бгыщхьэхэм ящыщ зым фэеплъ хутрагъэувэнщи, тратхэнщ: «ЖыгпыупщI щэджащэхэр».

Къабыл сщIыщакъым поручикым и псалъэр, сыкъигъэуIэбжьащ. Офрейн щIагъыбзэр къыгурыIуакъым, дауи. Фадэбжьэр игъэщIейри, поручикым щытхъуащ:

– Упсэу, поручик! Си гум укъишхыдыкIащ.

Попов-Азотовымрэ поручик Гайворонскэмрэ нэхъ фэзгъэцIыхунщ, си хъыбарым пысщэн ипэ.

ЦIыху нэщхъыдзэт Попов-Азотовыр, псэлъэгъуейт, и нэ нащхъуитIыр къыптриубыдэ фIэкIа, къолIэлIэщэнутэкъым. И бгъэм Георгий орденрэ медалрэ хэлът. Сэ щыгъуазэ сыхъуакIэт абы офицерыцIэр трахыжауэ зэрыщытам. Иужьым къыфIащыжащ, Ведено деж лIыгъэ щызэрихьати. ЩIытрахыжар, къызэрызжаIамкIэ, щIакIуэ кIапэ зэрытеуварат. Ныбжьэгъу иIэтэкъым, езыри ягъэныбжьэгъуртэкъым. И бзэр дыджт, итIани, сэлэтхэм пщIэ къыхуащIырт.

Поручик Гайворонскэр цIыху къамылыфэт, нэ фIыцIэт, зэIэщIэлът. Хьэрэмыгъэ игу къэкIыфэ теттэкъым. УнагъуэкIэ къызыхэкIар щIибзыщIырат къызгурымыIуэр: зэм уэркът, зэм унэIут унагъуэ къыщыхъуауэ жиIэрт, зэми запорож къэзакъхэм я щылъху хъужырт. Сэлэтхэм ящысхьыртэкъым, иубэрэжьын тIэу еплъынутэкъым. Адрей офицерхэм я гугъу фхуэзмыщIкIэ ягъэ кIын си гугъэкъым – зэщхьыркъабзэщ псори...

Си хъыбарым тезгъэзэжынщ.

Фадэм дыщысхьакъым а пщыхьэщхьэм. Попов-Азотовым иригъэлеиIуати, чэф къэхъуащ. Чэф хъумэ, и жьэр увыIэртэкъым абы, щIичэртэкъым. Зыри пэплъагъэнукъым Попов-Азотовым къыхиIуам:

– Гарибальди пщIэ лей худощI, хуэфащэ ар абы?

– Зи гугъу пщIыр сцIыхуркъым, – жиIащ Офрейн.

– Генуе щыщ хыдзэлIщ, республикэм щIэбэг гуэрщ, Мадзини пэувахэм яхэтщ, – къыдгуригъэIуащ Попов-Азотовым. – Австрхэм щезауэм лIыгъэ зэрихьащ, и лъэр Америкэм нихусащ, Рио-Грандерэ Монтевидеорэ щызэуащ, республикэм щIэнэцIхэм яхыхьэри. Европэм къигъэзэжа нэужь, неаполитан генерал Ланди и дзэр зэхикъутащ – куэд щIакъым абы лъандэрэ.

– КъызгурыIуэркъым: республикэм щIэзэум и хъыбар дыщIебгъэдаIуэр сыт? – щIэупщIащ Офрейн.

– Ди правительствэр Гарибальди щIыдэщIыр согъэщIагъуэ. Ар мыбы къыщыхутатэмэ, бгырысхэм яхыхьэнти ядэзэуэнт.

Апхуэдизым зэрыщыгъуазэр згъэщIагъуэри, Попов-Азотовым жесIащ:

– Гарибальди дигу щIрихьыр ар австрхэм зэрезауэращ.

– Узахуэщ. Щхьэпылъэ тщIынт, Кавказым къэкIуауэ къытIэрыхьатэмэ.

Попов-Азотовыр пыдыхьэшхыкIащ.

– Илъэсит1-щы нэхъыбэ ихьыжынукъым зауэм, – жиIащ Офрейн.

– Аракъэ сигу темыхуэр, – къытхидзащ Гайворонскэм. – Дэ, офицерхэр, сыт дызэрыпсэунур итIанэ?

Попов-Азотовым фалъэр игъэщIейри, и Iупэр илъэщIыжащ.

– Уэ сыпхуэдатэмэ, Америкэм сыкIуэнт: зауэм укъыхэжаныкIащ уэ, Линкольн пэувахэм яхуэмыгъуэтыр уэ пхуэдэ лIыхъужьщ.

Абы къикIыр къагурыIуакъым офицерхэм. Сэ газетрэ журналрэ зыщызгъащIэртэкъым, полк псом сэ зыра хъунт абыхэм еджэр, сызыщыгъуазэIамэ, ахэрат зи сэбэп къызэкIыр. Абы щхьэкIэ ауан сыкъащIырт офицерхэм – еджэн зэрысфIэфIыр ящызбзыщIын хуей хъуащ.

– Уэ, зиусхьэн поручик, мыбыи щыбгъуэтынущ гъуэгу. Абы ущӀэхъуэпсмэ, уи унэцӀэм «гай» псалъэр пыуд: Малороссием и мэ щоу абы, – чэнджэщ иритащ Попов-Азотовым поручик Гайворонскэм.

– Зиусхьэн! – Гайворонскэм и фэр зэкӀуэкӀащ. – Сэ си лъэпкъыр...

Попов-Азотовыр пэрыуащ абы, и псалъэр нригъэгъэсакъым, Офрейн зыхуригъэзэкӀащ:

– Уэ куэдым ущыгъуазэщ. КъызжеӀэт: Польшэм е Малороссием щыщ офицер дапщэ пцӀыхурэ гъуэгу ягъуэтауэ?

– ЗакъуэтӀакъуэщ, – жиӀащ Офрейн. – Фэри зэрыфщӀэщи, ди пащтыхьыр...

– Зэхэпха? – зыхуригъэзэкӀащ Попов-Азотовым Гайворонскэм. – Ди унэцӀэхэм куэд елъытащ. Сызахуэкъэ? – хуеплъэкӀащ ар майорым. – Уи унэцӀэр къащтэт! Офрейн! Сыт абы хэтлъагъуэр? ТэмакъкӀыхьыгъэ, ерыщыгъэ, набдзэгубдзаплъагъэ – генерал ухъунумэ, аращ узыхуэныкъуэр.

Майорым и нэр къилыдыкӀащ.

– Афэрым! Нобэ сигу фрохь псори!

Попов-Азотовым зыкъысхуригъэзэкӀащ:

– Кай-са-ров! Тэтэр хъанхэм я щылъхум хуэфащэ унэцӀэщ ар. Щхьэмыгъазэм и унэцӀэщ. Пащтыхьымрэ къэралымрэ папщӀэ лъы зыгъэжэфынум хуэфащэ унэцӀэщ.

Псалъэ гуэри пэздзыжыфакъым Попов-Азотовым. Ауан сыкъызэрищӀымрэ къызэрысщӀэнакӀэмрэ си гум ешыкъылӀащ. Офицерхэр щым хъуащ. ДызэфӀэнэжынкӀэ шынагъуэ хъуат.

– Уэ-щэ? Уи унэцӀэр-щэ? – афӀэкӀа схузэпыщэжакъым.

– Поповхэрэ Ивановхэрэщ Урысейр зэтезыӀыгъэр! – къыжьэдэхуащ абы, аргуэруи пыдыхьэшхыкӀащ. – Ди пащтыхъ дотэр гъащӀэ кӀыхь ухъу, Тхьэм куэдрэ тхуигъэпсэу. Абы и цӀэкӀэ дефэнщ мы бжьэм.

Псори къызэфӀэуващ.

Сэ зысӀэжьащ. Схуэмыфащэ къызапэсауэ къысщыхъури, сыкъыщичыным сынэсащ. Попов-Азотовым и псалъэ гуэрхэри къабыл сщӀынут сэ. Си гум темыхуэнур абы и иужьрей псалъэрт. ЩӀагъыбзэу къысщыхъуащ ар. Сыкъытричырт, сызэгуэпати. Апхуэдэу ди пащтыхьыр бгъэпуд хъунт! Поручикым зрадзын хьэзырт офицерхэм я нэхъыбэр. Ауэ сэ псом япэ сищащ. Попов-Азотовыр къызэӀэдэкъэауэри сыкъыхыфӀихуащ.

– ЩӀакӀуэ кӀапэ!

– Ӏэмал имыӀэу! – щӀакӀуэ кӀапэ! – си нэр къыщипхъуауэ сыкӀиящ сэ.

Офрейн къытщӀэгубжьащ, дызэбгрихуащ, пщэдджыжь езым деж дыкӀуэн хуейуэ унафэ къытхуищӀащ. Гайворонскэр ныздэкӀуэтащ.

– Псори уэращ дызителъхьэр, – жиӀащ абы си Ӏэр къыщиубыдыжым. – УекӀужыну яужь уихьэн си гугъэкъым.

– СекӀужынукъым, абы щремыгугъ! – жысӀащ сэ.

– Сэшхуэм ухуэӀэрыхуэ? КӀэрахъуэкӀэ упэмыув, поручикыр шэрыуэщ, пцӀащхъуэр къреудых.

Пщэдджыжьым сыкъыщыушам япэ сызыӀуплъар Попов-Азотовырщ. Ар шэнт щхьэгуэм тест, игу къысщӀэгъуфэ зытригъэуауэ.

– Уи пщэдджыжь фӀыуэ, Кайсаров. БжесӀэнум къедаӀуэ, укъэмытэмакъкӀэщӀ. Чэфыр птеужагъэнщ, дауи.

Си щхьэр сщIащ – «стеужащ» жыхуэсIэт. Дыгъуасэ жиIар ищIэжу пIэрэ езым?

– Офрейн ущIегъуэжауэ жепIэмэ, щIакIуэ кIапэ дытеувэнкъым. УзукIыным сыщIэхъуэпсыркъым. Уи анэм зы къуэ си гугъэщ иIэр...

Поручикыр къыпхуэцIыхужынтэкъым. Ихъу-илъут зэрысцIыхур, иджы и цыр уауэ си пащхьэ ист. СыщIегъуэжауэ жесIэмэ, къэрабгъафэ къызиплъынути, Iэнкун сыкъэхъуащ, сыкъэшынауэ къызэрыщыхъунур сщIэрти, заулкIэ зислъэфыхьащ. Офицерхэм фэ къызаплъыжынтэкъым, япэ сищрэ секIужамэ.

– Зи псалъэм хущIегъуэжын хуейр уэращ, зиусхьэн поручик. Уэращ пащтыхьым хуэмыфащэ езыпэсар.

Поручикыр пыдыхьэшхыкIащ.

– ЖысIам сыхущIегъуэжын нет сиIэкъым, – жиIащ абы. – Мыхъун лъэпкъ къызжьэдэкIауэ сщIэжыркъым, пащтыхьым и цIэкIэ сыхъуэхъуауэ аращ. ЖысIам сыхущIегъуэжмэ... КъыбгурыIуэрэ? Офицерхэм фэ къызаплъыжынукъым, бзэгу яхьынщи, дзэм сыхрагъэхунщ. Абы си нэ къыхуикIыркъым иджыпсту. Щхьэусыгъуэ сиIэщ.

– Сэ си щхьэкIэ сыкъэбгъэпудащ. Аращ Офрейн жесIэнур.

Поручикыр зэхэуащ, нэщхъей къызэрыхъуами гу лъыстащ.

– Сыт сщIэн-тIэ, ирехъу апхуэдэу. ЩIакIуэ кIапэ жыпIэмэ, сыхьэзырщ, – жиIащ поручикым.

Гайворонскэм и псалъэр сигу къэкIыжащ: сэшхуэкIэ дызэзауэмэ, нэхъ фIэзахуэт абы. ТIум дязыр дунейм ехыжынут дызэпэувмэ – абы шэч къытесхьэртэкъым.

– ЩIакIуэ кIапэ дытеувэнущ! Аращ сызытемыкIынур! – жысIащ сэ.

– Уэращ абы хуитыр. Мы зымкIэ дызэгурыгъаIуэ: Офрейн жетIэнщ дызэкIужауэ. Кавказым щыхабзэ щIакIуэ кIапэщ къыхэтхынур. Ар дауэ къыпщыхъурэ?

Кавказым щызауэ офицерхэм я хабзэм сыщыгъуазэт сэ. ЩIакIуэ кIапэ теувэн хъумэ, бгырысхэр къащебгъэрыкIуэкIэ, офицер зэщыхьахэр зэбгъурыувэрти, бийм пежьэрт – зи ажал къэсам шэр къытехуэнут.

– Сыарэзыщ! КъызжеIэт, зиусхьэн поручик, ухущIегъуэжакъэ дыгъуэпшыхь къыдупэса псалъэм?..

Си псалъэр нызигъэгъэсакъым поручикым, абы псори къыгурыIуат, си псалъэр и кIэм нэзмыгъэсами. Поручикым и фэр къиихьэжащ, и дзэлыфэр итIащ.

– Уэ сыт хуиIуэху абы?

– Тхуэмыфащэ къыджепIащ дыгъуэпшыхь. Уэр дыдэми уи щхьэм хуэфащэкъым апхуэдэ псалъэ.

И нэр къыстриубыдэри къызэплъащ ар.

– Ди командирым деж сыщыппэплъэнущ.

Поручикымрэ сэрэ дызэкIужауэ жетIащ Офрейн. Ауэ офицерхэм я пащхьэ дыщрашэм щIакIуэ кIапэмкIэ дызэрызэгурыIуар ящыдбзыщIакъым.

ТхьэмахуитI хуэдэ дэкIауэ, бгырысхэр къыдэбгъэрыкIуащ. Сэ занщIэу къэслъыхъуэу щIэздзащ Попов-Азотовыр. Езыми сыкъилъыхъуэу къыщIэкIри, сыкъыщилъагъум, къызбгъэдыхьащ.

– Сыплъэфыжыфын? – къызэупщIащ поручикыр. Ар гушыIэртэкъым, и фIэщт. Сигу щIэгъуащ поручикым, къызэрызэлъэIуами сыщыгуфIыкIащ.

– Сэ сыплъэфыжын хуеймэ-щэ?

Сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэкIатэкъым ар къыщыслъэфыжам. Бгырысхэм поручикым и бгъэм къыхэлыдыкI жорым къытрагъэпсагъэнт. Шэр поручикым и бгъэгум къихуэри, и блэгъукIэмкIэ пхылъэтыжащ. И псэм щеджэм ар зэрыхъуэнар зэхэсхащ.

Пщыхьэщхьэм офицерхэр къызэхъуэхъуащ, дунейм ехыжам и цIэкIэ зы фадэбжьэ яIэтащ.

– ЦIыху хахуэт, сыт хужытIэми. АбыкIэ зыдумысыжын хуейщ, – жиIащ Гайворонскэм. – Уэр щхьэкIэ жысIэнуращ, подпоручик, гъуэгуанэ хъуэпсэгъуэ къыпщIэлъщ.

Си гур зэгъэжатэкъым, си гъын къакIуэрт. Сигу щIэгъуэрт Попов-Азотовым, псоми ефIэкIыу щытауэ къысщыхъуэрт ар иджы. НэхъапэIуэкIэ дызэрыцIыхуатэмэ, ныбжьэгъу дызэхуэхъунри хэлът.

Дунейм ехыжам щхьэкIэ зыгуэрхэр къыщIигъужащ Гайворонскэм, къызэрыкIри. Си гущIэр кърисыкI къысфIэщIащ асыхьэтым.

– Поручикым щытхъу хубогъэш иджы, – жысIащ сэ, сыкъэтэмакъкIэщIакъым, зызэтесIыгъащ. – Уэ абы и пIэ уитатэмэ-щэ? Пхуэмыфащэ уэспэсмэ, уигу тебгъэхуэн? Ар схузэфIэкIынущ сэ...

Гайворонскэм и нэкIу хъурейр зэхэуащ, къыщытэджым шэнтыр щхьэпридзащ, жьэхэуэри.

– Апхуэдэ гушыIэ къыщезэгъыркъым мыбдеж. Фигу къызэвмыгъабгъэ, зиусхьэнхэ, си плъырыгъуэр къэсащ.

Ар щIэкIащ, щIэжауи жыпIэ хъунущ.

Офицерхэм сахэплъащ: хэт сыщыхьэн иджыри? Абыхэм зрагъэзэкIащ е я щхьэр щIагуащ.

Псынэм щхьэщыт мыIэрысей закъуэм и лъабжьэм щыщIэтлъхьащ Попов-Азотовым и хьэдэр. СщIэркъым къызыхэкIар: асыхьэтым сызэгупсысыр аратэкъым, си шэр зытехуа бгырыс щIалэщIэрт. И пщIантIэм дэзукIыхьат ар – арат ар сигу нэхъри къыщIеуэр. И унэ исыжащ ар, и унагъуэм яхэсыжащ – и анэм, и адэм, и къуэшхэм, и шыпхъухэм. Сэ жыжьэ сыкъикIри, и пщIантIэм дэзукIыхьащ лажьэ зимыIэ щIалэр... Попов-Азотоври си нэгум щIэкIыркъым: и псэр щыхэкIым сэращ Iуплъэжар, дунейм зэрехыжри къемыхьэлъэкIауэ къысщыхъуащ...

* * *

Абы лъандэрэ нэгъуэщI гуэр сыхъуауэ, нэрымылъагъу бжэщхьэIум себэкъуа хуэдэт, ар си блэкIамрэ си нобэмрэ я куутIым езгъэщхьащ. Гупсысэ мыфэмыц гуэрхэр си щхьэм къихьэурэ сызэгуагъэпырт. Протвэ псы хуэмри си нэгу къыщIыхьэрти, сигу къэкIыжырт аштрамлъыхъуэ дежьэурэ къыщыткIухьа махуэхэр. Си нэгу щIэмыкIыххэр Попов-Азотовырт: сэри сыкъуаншэт ар шэм зэрихьамкIэ? Сэри сихьат кIуэдыпIэ – шэм хэплъыхь ищIыркъым, ар сэри къыстехуэнкIэ хъуну щытакъэ? ЩIакIуэ кIапэм сэ сыхущIегъуэжатэмэ, езыри щIегъуэжынкIэ хъунутэкъэ? ТIури зы IэнатIэщ дызыIутар, ди акъыли зэтехуэ къысфIэщIырти, си гур

згъэфIырт абыкIэ: Попов-Азотовыр сяпэ итащ, сэ къуаншагъэ зыдэслъагъужыртэкъым. Си щхьэр згъэфIми, си гур загъэртэкъым, си псэр пыIэртэкъым. Дзэ къулыкъури сфIэIэфIыжтэкъым сэ, гуитIщхьитI сыхуэхъуат абы, къысхуэупсэн хуэдэу ягъэIуами, си нэ къыхуикIыжыртэкъым Георгий и жорми. Апхуэдэ орденитI иIащ Попов-Азотовым, къыщхьэпакъым армыхъумэ.

Дзэм афIэкIа садемыжьэжын мурад сщIыри, Офрейн сечэнджэщащ, штабым сыщIэсмэ нэхъ къызэрысщтэр жесIащ.

– Делагъэщ ар! – гъуматIымащ Офрейн, си мурадыр къысхуигъэдэхакъым.

Си пIэ сыкъинэжащ.

Попов-Азотовыр си нэгу щIэт зэпытт, си щхьэм икIыртэкъым. Зауэр хэкIыртэкъым абы и пщIыхьэпIэм – жэщи махуи. Арат къызгурымыIуэр – сыт и щхьэусыгъуэр? Попов-Азотовым Iыхьлыи благъи иIэтэкъыми, абы къыщIэна тхылъхэр, Офрейн хуит зыкъезгъэщIри, сэ къэсщтащ. Тхылъ тIощIырыпщI хуэдиз хъурт, журнал гуэрхэри газет тIорысэ зыбжани хэлът Попов-Азотовым и библиотекэм. ТритхаIамэ, жысIэри зэIыспщIыкIащ ахэр – тритхаIауэ срихьэлIакъым.

Дзэ къулыкъум сыщыхыхьагъащIэм сыдэзыхьэхыу щытахэр сфIэмыIэфIыж хъуащ хуэм-хуэмурэ. Гу лъыстащ Офрейн Iэбэлъэбэн зэримыжагъуэм – ахъшащхьэм хэдыгъухь зэпытт, и нэр джылтэкъым абы щхьэкIэ. Офрейн къыкIэрыхуртэкъым поручик Масловри, подпоручик Гнедовскэри, штабс-капитан Мордюковри – кIэзонэ ахъшэм хуэлъэт ахэр, мыхьэмыш яIэтэкъым. Абы къыщынэртэкъым подпоручикыр – полковникым и фызым хухэтт. Абыхэм хуэдэ сызэрымыхъуам сыщогуфIыкIыж иджы – ар зи фIыгъэр е Тхьэращ, е тхылъхэращ. Си щхьэм хуэсхьыркъым...

ЩIакIуэр субгъурти, мафIэм сетIысылIэрт е, сышэсырти, шууэ сежьэрт. Си щхьэм къыщихьи щыIэт: зызукIыжмэ, сыт ягъэ кIын? Абы и щхьэусыгъуэр сэр дыдэми къызгурыIуэжыртэкъым – апхуэдэ гупсысэр си щхьэм къыщIикIэрахъуэр. А гъэхэм сахуоплъэкIыжри, къызощIэж: зызыукIыжыр мащIэтэкъым а зэманым. Сытыт къызыхэкIыр: ахъшэ куэд ирагъэхьэхуамэ, лей къатехьауэ къалъытамэ, фадэм итхьэкъуамэ – арат нэхъыбэм я щхьэусыгъуэр. И пэжыпIэр, и щхьэусыгъуэ дыдэр нэгъуэщIу къыщIэкIынт...

Шуэ сежьэурэ къэскIухьыныр хабзэ схуэхъуащ. Шым пащI псэущхьэ къигъэщIакъым.

Шыгушт япэ къыспэщIэхуар, уанэштэкъым. Шыгушым си нэ къыхуикIыщэртэкъым сэ. Адрей офицерхэми хуэдэу, шыфI уасэ зэзгъэпэщын щIэздзащ. ШыфI зиIэм йохъуапсэ псори. Къызэрыхэпхынурщ ямыщIэр. Полкым сыхэсыхьа нэужь, шым щыгъуазэхэм сечэнджэщащ, фельдфебель Кожевниковым деж сыкIуащ – шы лъэпкъыфIхэм щыгъуазэт ар. «Адыгэшым пэхъун щыIэкъым», – къызжиIащ абы. Шы дэгъуэ къыспэщIэхуамэ, аращ зи фIыщIэр. Си шыр щалъагъум, псоми я жьэр Iурыхуащ – апхуэдэш я щыпэлъагъут. Шыр къызэзыщар шэрджэс лIыжьт. Кожевниковым IэпэтэрмэшкIэ къыгуригъэIуащ абы: сэ сопIащIэ, шыр щIакъуэ хъуащ, сыздежьам сихьынукъым, жиIащ, и Iэр дыгъэ къухьэпIэмкIэ ишийри. Сэ къызгурыIуащ: хы Iуфэращ здэпIащIэр: Ейск е Анапэ. КхъуафэкIэ

Тыркум кIуэн мурад ищIащ, дауи. ЛIыжьым и жьакIэр зэщIэтхъуат, и нитIыр жант. Хэт мы лIыжьыр зэзгъэщхьыр – си нэIуасэ гуэр срихьэлIэжауэ къысщыхъуащ, абы сыщыIуплъэм.

Усабийуэ плъэгъуар пщыгъупщэркъым, игъащIэкIэ къонэ уигу. Илъэсищ е илъэситху ныбжьым ситт абы щыгъуэ. Зэгуэрым, гъатхэу, жыг хадэм сыкъикIыжри гъавэщIапIэмкIэ сунэтIащ. ВакIуэлIхэр ешати, зэхэтIысхьэжауэ зэхэст. Абыхэм ящыщ зы лIыжь жьакIэху къэтэджри къызбгъэдыхьащ, сыкъищтэри сиIэтащ. ПщIэнтIэпсымэр къыкIэрицэцыкIырт лIыжьым, и жьакIэм нэмыщI, и бгъэгуцри хужьыбзэт, и дзитI къэтт. И IэплIэм срикъузащ лIыжьым, сыкъиIэтри. Сыкъэшынэри, сыкIиящ. СыщыкIийм, сригъэувэхыжащ. ЖэрыгъэкIэ сыщIэпхъуащ. СыкъызэплъэкIащ: къыскIэлъыжэрэ лIыжьыр. Ар и пIэм къикIакъым, къыскIэлъыплъа фIэкIа. И жагъуэ сщIауэ фэ тетт... Жэщым сепщIыхьащ лIыжьым, сыкъащтэри сыкIиящ, ар си нэгу къыщыщIыхьэжым. И жагъуэ зэрысщIар сигу къеуэжащ, сыукIытэжауэ, пIэкум сыкъитIысхьащ. А жэщым и ужькIи зыбжанэрэ сепщIыхьащ лIыжьым, сепщIыхьыху къэси сигу хэщIырт, сфIэгуэныхь хъуурэ. Сымаджэ сыхъуауэ къыщыхъуащ ди анэм. Псы хущхъуэ къыстраутхащ, дохутыр къызагъэплъащ. Шэрджэс лIыжьыр абы ещхьыркъабзэт. Сеплъыфакъым шэрджэс лIыжьым, шыр къызэрызмыщэхунур жесIэри къыIузгъэзыкIыжащ.

Кожевниковыр скIэрыкIакъым, сыкъытригъэхьэху. Тхьэ щиIуэрт: шым уасэ иIэкъым, къыумыщэхумэ, ухущIегъуэжынщ, махуитI нэхъыбэ сыхуейкъым, шыр пхуэзгъэхъужынщ.

Иужьым къызэрыщIэкIамкIэ, шым сом щитI нэхъ мащIэ и уасэтэкъым. Сэ щIэстар сомитхущ. Шы щIакъуэм еплъурэ, лIыжьым зыгуэрхэр къыжриIэрт Кожевниковым. Ар пыгуфIыкIырт, и щхьэр ищIырт, лIыжьым хуеплъыхыурэ. ЛIыжьыр ежьэжащ. Шым зытIэщIиудырт, щыщырт. Ерагъмыгъуейуэщ зэрызэтетIыгъар, ихъуилъырти. Къызэдзакъи пэтащ. ЛIыжьым и ужь соплъэри соукIытэ, себзэджэкIауэ къысщохъу, итIани, си щхьэр согъэфI: сэрмырамэ, нэгъуэщI гуэрым ирищэнут шыр...

СщIэн согъуэт иджы. Кожевниковыр шым йоIэзэ, и лъакъуэм зыгуэрхэр щехуэ, псы хуабэкIэ толъэщIыхь, сэ шыр зызогъасэ, фошыгъу изот, сопсалъэ, содэхащIэ, и пщэм Iэ дэслъэурэ. И лъакъуэр хъужа нэужь, шыр псы хуабэкIэ згъэпскIын щIэздзащ, псы щIыIэкIи сытолъэщIыхь, и фэр нэхъ щIэх къихьэжын си гугъэщи. Шым Жьыбгъэт зэреджэр. МафIэм хуэдэт Жьыбгъэ, шы лъэпкъыфI къызэрыхэкIар фэуэ тетт.

Шым зыгуэр хэсщIыкI хъуа нэужь, сэ къэсщIащ Жьыбгъэ зэрыкъэбэрдеишыр – шагъдийуэ къыщIэкIащ: шагъдийм пащI щыIэкъым къэбэрдейхэм. Лъагэ дыдэтэкъым – жэращтым[1] нэхърэ нэхъ лъахъшэт, ауэ бэшэчт, укъигъэщIэхъунутэкъым, махуипщIкIэ Iус иумытми, зыхищIэнутэкъым.

Псыбафэтэкъым Жьыбгъэ – абы сигъэгузэващ: нэхъапэIуэкIэ сиIа шыбзым пэгунитIкIэ зигъэнщIынутэкъым. Адыгэш лъэпкъым псы куэд зэрырамытыр иужькIэщ къыщысщIар.

Къулыкъум сыкъыщыдэхуэм деж шэщым сыкIуэрт. Сынэмыс щIыкIэ сыкъищIэрти, шыр щыщырт, щIыр фIалъэкIэ кърииудырт, и

[1] Жэращты – адыгэш лъэпкъ. /Жарашти.

нитIыр лыдырт, мафIэр къыIурихырт. Фошыгъу кIанэр хуэсшиякъэ – къыздэджэгун щIидзэрт, къызэдзакъэ хуэдэуи зищIырт. Шым и гур хэзгъэхъуэн щхьэкIэ, хуэзмыщIэн щыIэтэкъым, сытелъэщIыхьырти, адыгэ уанэр теслъхьэрт, сытетIысхьэрти, быдапIэм сыдэшэсыкIырт. Шэщым щIэзэшыхьа шагъдийр зэрыджэгур щалъагъукIэ къызэфыгъуэр мащIэтэкъым. ШыгъэцIыви щIопщи хуэныкъуэтэкъым Жьыбгъэ – аращ адыгэшым и хьэлыр.

Шым и жьэр хуит сщIыртэкъым сыхьэт никъуэ хуэдэкIэ, итIанэ сутIыпщырти, губгъуэм дилъадэрт. Жьыбгъэ зэ ущырт, зэми кIуэрт, иужькIэт зыщричыр. Дыщыгъуащи къэхъурт. Дыгъуэщауэ къысфIэщIмэ, шхуэмылакIэр шыпщэм дэздзэрти, езым сыкъихыжырт. Дыкъызэрыгувам щхьэкIэ къыщыдэшхыди щыIэт Кожевниковыр, хъущIэрт, ауэ ар си тхьэкIумэм изгъэхьэртэкъым. Шэрджэсхэм зэзэмызэщ шым фоч щрагъапщэр. Сэ сышынэртэкъым: къысщыщIынIауэ си фIэщ хъуртэкъым, губгъуэм дитми, мэзым дыщIэтми. «Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, – си гур згъэфIырт сэ, – Жьыбгъэ укIыпIэ сыкъринэнукъым, сыкъихьыжынущ, сыуIэгъэми, шэ къыстехуэрэ си хьэдэр ихуами».

Ди полкым зэгуэр къэкIуащ дзэпщышхуэ Барятинскэмрэ генерал Евдокимовымрэ. Барятинскэм и пIэ ирагъэуват Кавказым и тет пщышхуэ Михаил Николаевич. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэт: Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъати, – бгырысхэм ятекIуар пащтыхьым и къуэшыр арауэ ягъэIун хуейтэкъэ!



Полкыр зэрызохьэ, хэт мэпщафIэ, хэти шыхэм уанэ трелъхьэ – хьэщIэ лъапIэр къегъэблэгъэн хуейщ, зэрыхуэфащэкIэ.

СыхьэтитI хуэдэ дэкIри, гъуэгум тета плъырхэр къэсыжащ. ХьэщIэхэр къэблэгъащ!

Шыхэр я пIэ изэгъэжыркъым, дамэтелъхэр, орденхэр дыгъэм полыд. Евдокимовым и макъ къэIуащ:

– Си щхьэ тхъуар фхузогъэщхъ, лIыгъэ зефхьащ, дызэрыфщыгугъауэ фыкъыщIэкIащ!

«Ура!» – зэрогъэкIий псори. А псалъэр тэтэрыбзэм къыхэкIащ, сэ къызэрызжаIамкIэ. «Еуэ!» – аращ абы тэтэрыбзэкIэ къикIыр.

Дарго, Гергебиль деж, Польшэм лIыгъэ щызезыхьа Барятинскэм и Iупэр зэтехьэжыркъым, ди полкыр зауэм къызэрыхэжаныкIам щыгуфIыкIащ ар, пащтыхьым хъыбар зэрыригъэщIэнур къыджиIащ. Аргуэрыжьщи – «Ура!» Куэдым я нэпсым къызэпижыхьащ.

Щэтопхэр мэпIэнкI[1]. Ди лIыгъэм дропагэ псори. Сэлэтхэм япэ ситщ сэ, Жьыбгъэ сышэсауэ. Шыр щIоджэгукI, дунейр тIэу пкIэгъуэ хурикъунукъым. Си щхьэр исауэ сыздэкIуэжым, сеплъэкIри гу лъыстащ Евдокимовым Барятинскэм зыгуэр зэрыжриIэр. Си шыра хъунт зи гугъу ищIыр. НэгъуэщIхэми гу лъатащ абы. Дауэдапщэр зэфIэкIа нэужь, Гайворонскэм къыскIэщIидзащ:

– Уи кIэн къикIащ, Кайсаров, езы генерал-фельдмаршалым гу къыплъитащ.

Сэ сынэжэгужэщ. Гу къыплъатэныр пщIэшхуэкъэ! Жьыбгъэ шэщым сошэжри, фошыгъу кIанэ изот.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, щIакIуэм зытезгъэукIуриярауэ сыздэщылъым, Офрейн бауэбапщэу къыщIолъадэ, къыщIолъадэри, зыс-

[1] Щэтопхэр мэпIэнкI – бьют барабаны.

хуэпэн хуейуэ къызжеIэ: езы дзэпщышхуэм среджэ! Сыкъыщолъэт, сыкъэщтауэ.

– СыкъыумыгъэщIэхъу закъуэ, си псэм хуэдэ, – жеIэ Офрейн. – Нэмыс зыхэгъэлъ, лей лъэпкъи къыхыумыIу, ди напэр тепхынщи, дыбгъэунэхъуащ.

ПщыIэм сыщIохьэ, Офрейни къысфIэIуэхужккъым. Iэнэр къаузэдакIэщ. ЖьантIэм дэсщ Барятинскэмрэ Евдокимовымрэ. Офицерхэр къысщогуфIыкI, я ныбжьэгъужь гуэр къахыхьэжа хуэдэ. Сэ сыIэнкунщ, си лъэр щIощIэ, сыкъыпыгуфIыкI пэтми. Захузогъэщхъ, си тэмакъыр щиубыдыкIауэ. Зыгуэрым и пащхьэ зыщызгъэщхъын си жагъуэт сэ.

– КъыдбгъэдэкIуатэ, поручик, – жери, генерал-фельдмаршалым Iэ къысхуещI.

Поручик? Ар щыуащ. Зэрыщыуар жесIэ хъуну? ЛIыщхьэхэм я нэм щIэпIу хъунукъым я щыуагъэр. Сызэрыщымщ, сабгъэдокIуатэ. Барятинскэми Евдокимовми зыкърагъэзэкI. Евдокимовым зыгуэр жеIэ. Барятинскэм и бгъэм хэлъ орденым хуэдэ си щыпэлъагъущи, си нэр къысхутечыркъым. И нэкIум сиплъэмэ, щIалафэ тетщ дзэпщым. ЗэрылIыгуащIэри, унафэ щIыным зэресари нэрылъагъущ. Евдокимовым и псалъэ зэхызох: полкым и командирыр къыпщытхъуащ, къыпхуэарэзыщ, къулыкъукIэ удригъэкIуэтеин мурад иIэщ дзэпщым.

Подпоручик цIэр къызэрысфIащрэ куэд щIакъым. Поручик цIэр къэзлэжьа сэ?..

– Поручик, – зэхызох дзэпщым и псалъэр, – хэгъэрей дызэхуэхъумэ, уи жагъуэ? ШыкIэ дызэгъэхъуажэ.

Офицерхэр щым хъуащ. Къызэфыгъуи къызэижи яхэтщ абыхэм – я нэр къыстраубыдауэ къызоплъ. Апхуэдэурэщ къулыкъукIэ зэрыдрагъэкIуэтейр. ПщIэнтIэпс къызэкIуащ, си пIэм сижыхьауэ сыщытщ. Зыри пэздзыжыркъым, сыщымщ, дзэпщым и бгъэм къыхэлыдыкI орденым сеплъ зэпытщ. Евдокимовыр мыхъуатэмэ, сытыт сщIэнур? Дыхьэшхри, къыхиIуащ:

– Уи бзэр иубыдынкIи мэхъу, апхуэдиз щытхъу къыпхужаIэмэ. Сэри сыпщотхъу. Зауэм хыхьэмэ, бгъащхъуэщ, унэм исмэ, хъыджэбз укIытэхщ. Уи цIэкIэ, поручик!

Бжьэ къысIэщIагъэувэ, зыгуэрхэр жысIэнущи, псалъэхэр схузэпыщэркъым, сакъыхэкIыжын зэрыхуейри сщыгъупщащ. Си Iэблэм зыгуэр къыщекъум, зыкъэсщIэжащ, щIыбкIэ сыкъикIуэтурэ сыкъыщIэкIыжащ.

Офрейн и IэплIэм срекъузэ, сызэщIиубыдауэ...

* * *

Жьыбгъэ сызэрыпыкIам и гугъу фхуэзмыщIкIэ ягъэ кIынкъым, ар схуэхъумакъым сэ. Барятинскэм къысхуигъэна шым сеплъыну си нэ къыхуикIыртэкъым. Мазэ нэхъ дэзгъэкIакъым: штабым щIэс офицерхэм ящыщ зым пудыбзэу есщэжащ ар. Шыр зэрысщэжар къысхуагъэдэхакъым къулыкъу зыдэсщIэхэм, уеблэмэ къызэгиящ. Сымаджэ нэпцI зысщIри, зызгъэпсэхун си мурадати, полкым и командирым сиутIыпщакъым, Офрейн бзэгу ихьри.

Iуэху къыслъыкъуэкIри, штабым сыкIуэн хуей хъуащ. ИужькIи сыкIуащ: полкым сыхэмытмэ, жьы къабзэкIэ сыбауэмэ, си жагъуэтэкъым. Я нэм сыкъыфIэмынэми, я жагъуэ хъунтэкъым къулыкъу зыдэсщIэ офицерхэм. Си пщэ къыдалъхьэIаурэ щIэх-щIэхыурэ сежьэмэ, нэхъ къащтэ хъунт абыхэм. Гъуэгу сыщытехьэкIэ зыщIызгъуIатэкъым, бгырысхэм гу къыслъатэмэ, фочыр къыщызагъапщэ щыIэт, уIэгъэ сыщыхъуаи къыхэкIащ.

Полковник Гейман и штабым, – куэд мыщIэу ар генерал хъуащ, – капитан Закурдаевым нэIуасэ сыщыхуэхъуащ. ЦIыху хьэрэмыгъэншэ гуэрт ар, хы Iуфэм къулыкъу щищIэрт. Хы Iуфэм щежьэурэ, шэрджэсхэр Тыркум Iэпхъуэрт. Езэш хъунти, Закурдаевым сригъэблэгъащ, хьэщIэ усщIмэ си гуапэщ, жери. Хэт игу къэкIынт а дакъикъэм щыщIэдзауэ си гъащIэм зиублэрэкIынкIэ хъуну...

Дыгъэм ижьауэ, лIыжь къамылыфэт Закурдаевыр. Езыр зэщIэтхъуами, и набдзэр фIыцIабзэт. Зыгуэрым езгъэщхьырт ар, зэзгъэщхьыр къысхуэщIэжыртэкъым армыхъумэ. Полкым къэзгъэзэжыным сыхуэпIащIэртэкъым, шызакъуэгум сызэридзэу, хы Iуфэм къыщызджэдыхьынми си нэ къыхуикIыртэкъым.

– Унысхуеблэгъэн уи мурадкъым уэ сэ слъагъум, – къызэплъащ Закурдаевыр.

– Фадэ уиIэ, махъсымэ нэмыщI? Сынеблэгъэнщ, – арэзы сыхъуащ сэ.

Закурдаевыр нэщхъыфIэ къэхъужащ, къыщылъэтри си Iэр къиубыдащ:

– Ром нэгъунэ сиIэщ. Мадерэ жыпIэмэ, ари сиIэщ, тыркухэм я деж къыщысхъуэжауэ. Кахетием кърахауэ сани къыпхуэзгъуэтынщ, зиусхьэн. Дежьэрэ-тIэ?

Гъуэгур быркъуэшыркъуэтэкъыми, гугъу дехьакъым, шызакъуэгуми дызэридзэртэкъым. Дыпсалъэурэ гъуэгур хыдогъэщI. Си цIэм къыщIэупщIати, жесIащ. Яковым есакъым, Яшэт нэхъыбэм къызэрызэджэр. «Афанасий – аращ укъызэрызэджэнур», – жиIащ езым. Куэд зылъэгъуа цIыхут Закурдаевыр, и гум илъыр къыпщибзыщIынутэкъым – дзыхь къызигъэзащ щIэх дыдэ. Зэзгъэщхьар сигу къэкIыжащ.

– Максим Максимыч урещхьыркъабзэщ.

– Хэт жыпIа? – игъэщIэгъуащ Закурдаевым.

– Лермонтовым и романым уеджа – «Ди зэманым и лIыхъужьым»?

– Сыхунэсакъым. Хэт ар езыр – Максим Максимычыр?

– Уэ уэщхь гуэрщ, дзэм куэдрэ хэтауэ. ЦIыху хьэлэлт, хьэрэмыгъэншэт – аращ щIозгъэщхьар...

– Дзэм куэдрэ хэта псори зэщхьщ, – жиIащ Закурдаевым.

Сэ сыщIэупщIащ, Бестужев-Марлинскэм уримыхьэлIауэ пIэрэ, жысIэри.

– Хьэуэ, срихьэлIакъым. НэгъуэщI декабрист гуэрхэм сарихьэлIэгъащ, Марлинскэм сыхуэзакъым.

– Бгырысхэм яхыхьэжауэ яхэтущ зэрагъэхъыбарыр, зыкъыдигъащIэркъым армыхъумэ. ЗэхэпхагъэнкIэ хъуну?

– Iэджэ ягъэхъыбар, апхуэдэ гуэри зэхэсхащ. Марлинскэри адрей декабристхэри хэкум епцIыжынутэкъым. Зауэм сащрихьэлIащ абыхэм ящыщ гуэрхэм – цIыху хахуэхэт, щхьэмыгъазэхэт. Уэркъым

къыхэкIащ ахэр, я хэкум пащI щыIакъым. ИрагъэкIуэтэхыжри, сэлэтым нахусыжауэ щытащ. Зауэм къыхэжаныкIын хуей щIэхъуари аращ – офицерыцIэ зыфIрагъэщыжын щхьэкIэ. Мыхъуми, унтер. Псори зэщхь уи гугъэ? Щхьэхуещи яхэтащ, бзэгузехьи. Сэлэтхэр нэгъуэщIщ: бгырысхэм я дежкIэ зрырагъэхьэкIын тIэу еплъынукъым. Щамил гухьар мащIэ, топ яхуэзыщIар абы деж кIуэса сэлэтхэращ. Топи топыши. Я жылэхэм къыдэнауэ, иджыри щопсэу... Уешакъэ?

Сызэрыщхьэукъуэм гу лъитащ Закурдаевым.

– Бгырыс хэгъэрей сиIэщ сэ, – и псалъэм пищащ Закурдаевым. – ДифIхэм ящыщкъым. ХьэщIапIэ къысхуокIуэ, тыгъэ гуэрхэри къыздехь. Махъсымэ е, сэ сщIэрэ, фадэ гуащIэ гуэр хутезгъэувэмэ, къызоупщI: «Нобэ уи къан гъэшхэгъуэ?» – жери. «НтIэ» жысIэмэ, зы бжьэ ирифынущ, абы фIигъэкIынукъым, хэбгъэзыхьми. Фадэбжьэ ираф щхьэкIэ, бгырысхэр чэф хъуркъым. «Буза» псалъэр, шэрджэсхэм я бузар е, езыхэм зэрыжаIэщи, махъсымэр, къытхэзыхьар сэлэтхэращ: ефэ пэтми, загъэнщIыркъым...

– Ди мыфIхэм ящыщмэ, дауэ къыпкIэлъыкIуэрэ а уи хэгъэрейр? – сыщIэупщIащ сэ.

– Дэнэ щыпщIэн? Хэгъэрей схуэхъуащи, къыскIэлъокIуэ. Уэзырмэсщ и цIэр. И адэри сцIыхуу щытащ – ар Тыркум Iэпхъуащ. Уэрэд яус тIуми. ДжэгуакIуэкIэ йоджэ. Iэщэ зэрахьэркъым джэгуакIуэхэм, зауэм хыхьэми, Iэщэ здащтэркъым. Дзэм и пащхьэ йоувэри, зауэлIхэр ягъэгушхуэ, уэрэд жаIэурэ. Уэ укъызэупщIащ: «Дэ ди мыфIыр дауэ къызэрыпкIэлъыкIуэр?» Ар уэрэ сэрэ къыдгурыIуэнукъым. Езыхэри къыдгурыIуэнукъым...

Гъуэгу дытетыху, шэрджэсхэм я хъыбар куэд сригъэдэIуащ Закурдаевым – езым и нэгу щIэкIаи, IуэрыIуэтэжу зэхихаи къигъэнакъым. Уи фIэщ пщIы хъуни мыхъуни хэслъэгъуащ абы и хъыбархэм. Сэ щыгъуазэ сыхъуакIэт шэрджэсхэм я псэукIэмрэ я хабзэхэмрэ – абыхэм ятеухуа тхылъ мащIэ седжакъым сэ. Шапсыгъхэм щытепсэлъыхькIэ, Люлье Леонтий етх абыхэм лIакъуэлIэшрэ тепщэрэ ямыIауэ. Унафэр зыIэщIэлъыр тхьэмадэхэрат, ахэр жылэм хахырт, зэдэарэзыуэ. Шапсыгъхэм лъэхъуэщи хьэпси яIакъым – сэри щыхьэт сытехъуэфынущ абы. Я щхьэ хуитт, зым и IэмыщIи зралъхьэнутэкъым...

ЕпщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм уэркъ унагъуэхэм, – ЩэрэлIокъуэхи яхэтащ абыхэм, – щIы нэхъыбэ зыIэщIаубыдэн мурад ящIауэ щытащ, лIыщIэ къащтэуи щIадзат. Ар ядакъым шапсыгъхэм – ЩэрэлIокъуэхэ зыхахуащ. ЩэрэлIокъуэхэ бжьэдыгъухэм яхыхьэжащ – абыхэм пщы, лIакъуэлIэш яIэт. Бжьэдыгъупщ Бат-Джэрии ЩэрэлIокъуэхи къагурыIуащ шапсыгъ лъхукъуэлIхэм езауэкIэ зэрапэмылъэщынур. Ар къащыгурыIуэм, Бытырбыху пащтыхь гуащэ Екатеринэ деж кIуащ. Пащтыхь гуащэм унафэ ищIри, Бат-Джэрий къэзакъ ротищрэ топрэ къратащ. Шапсыгъхэм загъэхьэзыращ, зызэщIаузэдащ. Зэпэуври, лъыгъажэ зауэ зэращIылIащ. А зауэм и хъыбар куэд зэхэсхащ сэ. ЗэуапIэм къыщикIыжым щыгъуэ шапсыгъ шухэм зы бзылъхугъэ япежьащ. И къуэмрэ и щхьэгъусэмрэ щIэупщIащ бзылъхугъэр. «Дэ Бат-Джэрий дукIащ», – иратащ жэуап. «Шапсыгъ фызхэм зэ лъхуэгъуэм къыфщIэдгъэхъуэжыфынущ зауэм хэкIуэдам хуэдиз, бжьэдыгъухэм Бат-Джэрий хуэдэ игъащIэкIэ ягъуэтыжынукъым», – жаIащ шапсыгъ фызхэм. Зэман дэкIри, шапсыгъ уэркъхэм пщIэ лъэпкъ ямыIэж

хъуащ, нэхъ иужькIэ абазэхэхэми уэркъхэр лъэныкъуэ ирагъэзри, я унафэр я IэмыщIэ ираубыдэжащ.

Си нэгу щIэкIамрэ сызыхэхута Iуэхухэмрэ сащегупсыскIэ, си щхьэм соупщIыж: ди империем шапсыгъхэм я лъапсэм псы иригъэжыхьыжын мурад ищIауэ щIыщытам и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ щымытауэ пIэрэ ар? Шапсыгъхэр лъэпкъ щхьэхуит хъуакIэт, я унафэр я IэмыщIэ ираубыдэжа нэужь. Бжьым щIэт урыс мыжьыкъым абыхэм щапхъэ трахмэ-щэ? Монголхэми, Македонием я дзэпщ Александри, кърым хъанми Iэрыубыд яхуэщIакъым шапсыгъхэр, игъащIэ лъандэрэ лъэпкъ щхьэхуитущ къызэрыгъуэгурыкIуар. Ди тхыдэтх къаплъэнэфхэм къызэралъытэмкIэ, лъэпкъитI зэзауэмэ, хагуэр зызымыузэщIарщ, нэхъ къыкIэрыхуарщ... Дэ дыщIытекIуар ди пащтыхьым и сэлэтхэр нэхъыбэти аращ. КуэдкIэ, куэдыкIейкIэ нэхъыбэт!

Закурдаевым сеупщIащ:

– ШэрджэсыбзэкIэ упсалъэрэ, Афанасий Игнатьевич?

– ТIэкIу къызгуроIуэ, срипсэлъэфыркъым. Абыхэм я бзэр зэбгъэщIэн щхьэкIэ... Ар схузэфIэкIакъым. Шапсыгъ хьэщIэ къысхуэкIуэмэ, фIэхъус апщий, къеблагъэ зэрыжесIэнур сощIэ. НэгъуэщI псалъэ зыбгъупщIи сщIэ хъунщ. Сыхуэныкъуащэ хъуркъым: езы Уэзырмэс урысыбзэкIэ уэрсэрщ...

Уэзырмэс и цIэр си нэIуасэ къысщыхъуащ, жейм сыхилъафэ пэтрэ къэсщIэжащ ар пасэрей дзэпщ Рамзес и цIэм зэрещхьыр.

Шыхэр щызэтеувыIэм сыкъызэщыужащ.

– Дэндей? – зэхэсхащ Закурдаевыр зэрыупщIар.

– Плъэт, мес мобдежщ, чыцэм къыхонэIукI, – жиIащ сэлэт шыгухум, и чнутIыр ишийри.

– Сыт къэхъуар? – сыкъэщтащ сэ.

Закурдаевыр шыгум икIащ, сэри и ужь сиуващ. Си лъакъуэр ундэрэбжьати, сещIащ, шыгум сыкъыщикIым. МэракIуапцIэ пабжьэм щыхуэдунэтIым, щхьэпридзауэ пабжьэм хэлъ тарантасым дрихьэлIащ. Шы тлъэгъуакъым, и гущIыIу дэгъэзеяуэ зы хьэдэ удзым хэлът. Пощт сумки бгъэдэлът абы. Закурдаевым хьэдэм зыхуригъэзыхащ.

– Шэр и щхьэм къытехуащ. Щтауч фочщ къызэреуар.

Хьэдэм сыбгъэдэкIуэтащ. Си нэIуасэ къысщыхъуащ. Зэпэсплъыхьри, къэсцIыхужащ: гъусэ сызыхуэхъуауэ щыта фельдъегерырат къаукIар. Си нэгу къыщIыхьэжащ псэлъэгъуейр, сыткIэ сеупщIми, жэуап къызитын зыфIэмыфIар. Ар нэгъуэщIым хэзгъэгъуэщэнутэкъым. И гущIыIу дэгъэзеяуэ удзым хэлъщ иджы, и нэр щIилъэфэжащ, и дзэ гъуэжьхэр къыIуоплъ. КъысщыдыхьэшхкъысфIэщIащ, сыщеплъыпэм. Сэ зезгъэзэкIащ.

– Шыгухур яубыдагъэнущ, – жиIащ Закурдаевым. – Дауэ ухъут? Хьэдэр мыбдей къыщыбнэ хъунукъым, тшэжынщ.

Сэлэтыр къыдбгъэдыхьащ. Капитаным жиIар зэхихати, ар гъумэтIымащ:

– ТшэжкIэ къэхъужынукъым. Шыр игъэщтэн фIэкIа. Мыбдеж щыщIэдвгъалъхьэ, зиусхьэн.

– Чыристэнщ. Дунейм ехыжам кIэлъызэрахьэ хабзэм тетущ щIэлъхьэн зэрыхуейр, – идакъым Закурдаевым. – Сумкэр шыгум илъхьэ. Шыхэр убыд.

Фельдъегерым и хьэдэр зэпэдубыдри шыгум итлъхьащ. Шыхэр ихъу-илът, фIалъэ лъакъуэкIэ щIыр къраудырт. Хьэдэм мэкъу Iэгу трипIэри, Закурдаевым жиIащ:

– Хьэдэ си щыпэлъагъукъым сэ. Уэ ущымэхъашэмэ, сэлэтым бгъурытIысхьэ.

– Сыщымэхъашэкъым. Дэри аращ къытщIэлъыр.

– Щыгъэт, – къысхуидакъым Закурдаевым. – Мыбы сыкъыщацIыху сэ, си гугъу къащIынукъым, нэгъуэщI щIыпIэ къимыкIIамэ. ЗэрыхъуIамэ, хъунщ.

Закурдаевыр шыгум итIысхьэжри, дежьэжащ. Хьэдэр шыгум зэредзэ, си лъакъуэм къыщыжьэхэуи къохъу. Iэджэм сегупсысащ, гъуэгум дытетыху: зы шэщ, зы шэ закъуэщ узыхуейр цIыхум и псэр хэбудыным. Хьэуэ, си нэ къыхуикIыртэкъым ажалым, пэIэщIэ срырехъу...

Пшапэр зэхэуауэ дынэсащ плъырыпIэм. Хьэдэр сэлэтхэм шыгум ирахащ.

Хыуалъэр[1] Iуфэм къожалIэ, мэIэуэлъауэ. Хы Iуфэм кхъуафэхэр щызэхэтщи, си нэр къысхутечыркъым: сыкъокIукI-сынокIукI. Закурдаевыр къызэгуоуащ: хы уи щыпэлъагъу! Мэ гурымыхь гуэр къысщIихьауэ къысщыхъуащ – бгыщхьэмкIэ къикIырт мэр: куэншыб идзыпIэ тпэгъунэгъу хъунт.

Сыхьэт ныкъуэ хуэдиз нэхъ дэкIатэкъым Iэнэ лъахъшэм дыщетIысылIам. Iэнэм кхъуей, танэл, бдзэжьей, нэгъуэщI гуэрхэри телът. МафIэм пэрыт шыуаным лымэ гуакIуэ кърех. Шагъыр зэрыт кхъуэщын къытрагъэуващ Iэнэм. Ром зэрыт бащырыбэр Iуихащ Закурдаевым.

– Фельдъегерыр си дежт къыздэкIуэр, пакет къысхуихьырт, – жиIащ абы. – Генерал Евдокимовыр ди Iуэху зытетым къыщIоупщIэ... КъытщымыщIIауэ дыкъэсащи, абы щхьэкIэ дефэнщ мы бжьэм.

Зы бжьэм нэгъуэщIи кIэлъытIэтащ. ЛIыжьым и гушыIэр зэпычыркъым. Си гур нэхъ кIэрыпщIэ хъуащ абы – къызыхэкIари сщIэркъым. И бзэрагъэнт – щIичэркъым, и жьафэр къехыркъым, зы гушыIэм етIуанэр къыкIэлъедз.

– ТхъапIэ фисщ, Афанасий Игнатьевич. Фи щхьэ закъуэ-фи лъакъуитIщ, хытIыгум фытесми ярейщ. ФыщIэгузэвэн флъагъуркъым, фотынш, – жысIащ сэ, фадэм сыкъигъэжанауэ.

– Фадэр уигу ирихьамэ, нэгъуэщI сыхуейкъым, Яшэ. Уи хьэлэлщ.

Закурдаевым и пщампIэр итIэтащ, кхъуэщыныр къищтэри шагъыр иригъэхъуащ.

Сигу ирихьати, зыри щызбзыщIакъым Закурдаевым, сызыхэтауэ хъуам щыгъуазэ сщIащ. Попов-Азотовымрэ сэрэ ди щIакIуэ кIапэм и гугъу хуэсщIати, къысхуигъэщIэгъуакъым, Iэджи къохъу, жери. Жьыбгъэ и хъыбарым шэч къытрихьащ, дзэпщыр уи шым къыхуэнат, жиIащ. Хъыбар здыхуэсIуатэм гу лъыстащ Закурдаевым жысIэр и фIэщ хъууэ зэрыщIидзам – игу къысщIэгъуауэ арагъэнт. Шагъырым хэдгъэщIыху, Закурдаевыр кIуэ пэтми нэхъ зэрызэхэуэми зыгуэрым тегузэвыхь зэрыхъуами гу лъыстащ. КIуэ пэтми нэхъ къызэрыкIырт ар, фадэкIэ зимыгъэнщIми ярейт, кIий-гуоуэ щIидзэрт, тIури мы гъащIэмкIэ дыарэзыуэ тхьэ щиIуэжырт.

[1] Хыуалъэ – толъкъун. /Волна.

ЛIыщIэр дызыхуэныкъуэIамэ щIэупщIащ. Закурдаевым зы ром Iэгубжьэ хуригъэхъуащ абы:

– ХьэщIэм ехъуэхъуи, ефэ, Иван. Сыт хъыбар?

– Хьэдэр ягъэхьэзыр, – жиIащ лIыщIэм. – Шэху уэздыгъэ пагъэнащ, зыщ ягъуэтар.

Ар щIэкIыжа нэужь, сэлэтхэм я капитаным пщIэ къызэрыхуащIыр жысIащ.

– Дызэнэзэпсэщ, ди жагъуэ зэрыщIыркъым. Ныбжь яIэщ нэхъыбэм, зыр узыншэмэ, зыр ныкъуэдыкъуэщ. Я адэм сыпалъыт, – жери пыдыхьэшхыкIащ Закурдаевыр. – Сэ сызэрещIэкъуауэм гу лъыптащ уэ: си лъэдакъэм шэ къытехуащ. ЩIакъуэ сызэрыхъу лъандэрэ, зызумысыжынщи, щIакъуэ псоми сигу ящIогъу. Зи лъакъуэм шэ къытехуам нэ лейкIэ сoплъ, къызэкъуэншэкIми, сахуэгубжьыркъым. Ар зэрымызахуагъэр къызгуроIуэ, итIани, нэгъуэщIу схузэфIэкIыркъым.

– Сэри щхьэ къысщIэгъурэ уигу? Шэр си блэгъукIэм къецырхъа къудейщ, – жысIащ.

– Сигу щIыпщIэгъури? – хэгупсысыхьащ Закурдаевыр, сыдэгушыIэн мурад фIэкIа симыIарэ пэт. – Сыноплъри, уэри усфIэщIакъуэщ, Яшэ, щIагъыбзэкIэ бжесIэмэ. Уигу къызумыгъабгъэ си жьэм сызэрыхуимытым щхьэкIэ. Сигу илъыр схуэбзыщIынукъым...

Сабий гъы макъ жыжьэу къыщыIуащ. ЩIэх дыдэуи зэпыужащ гъы макъыр. Шэч къытесхьэркъым: Закурдаевми зэхихащ гъы макъыр, ауэ зэхимыхыфэ зытригъауэри, хъыбар къыхидзащ:

– Урыс сэлэтым пэпщI хъун щыIэкъым! Зы хъыбар уезгъэдэIуэнщ, ауэ жыжьэ къыщыщIэздзэн хуейщ. – Лулэр илъэщIри, тутын ирикIутащ аргуэру. – Хы Iуфэм быдапIэхэр IутщIыхьащ абы щыгъуэ – щэщI гъэхэм я кIэм, плIыщI гъэхэм я пэщIэдзэм: Ардылар деж – Святой Дух, ТIуапсэ псыхъуэ – Вельяминовскэ, Сашэ псыхъуэ дэтщIыхьащ Головин, Лазарев, Александровскэ – тыркухэм я лъэр дубыдын щхьэкIэ. Бгырысхэри Iэпхлъэпх щIын хуейт, гъавэ, Iэщэ къаIэрыдгъэхьэнутэкъым, сату едгъэщIынутэкъым, я Iэщыр хы Iуфэм къедгъэхунутэкъыми. БыдапIэхэм удэзэшыхьырт, техьэгъуэм лъэрыщIыкI дызэтрищIэрт. Ардылар быдапIэм сэлэт мин дэсати, зыри къелакъым техьэгъуэм. ЩIымахуэм уэс куу къесати, шэрджэсхэм гъаблэр къакIэщIэзэрыхьащ. Тэрмэш къытхуагъэкIуащ бгырысхэм: сабийхэмрэ бзылъхугъэхэмрэ зэтолIэ, шхын къыдэфт е фэкIэ, фокIэ, IэщкIэ къыдэфхъуэж. Тэрмэшхэр етхужьэжащ. Шэрджэсхэр къыттеуэ хъуащ итIанэ. Лазарев быдапIэм дэсауэ хъуар зэтраукIащ, ерыскъыуэ ягъуэтыр зэщIакъуащ. Вельяминовскэ быдапIэр яхъунщIащ абы иужькIэ. Гъатхэм Михайловскэ быдапIэм чэзур къылъысащ. Абы дэс гарнизоным и Iэтащхьэр штабс-капитан Ликот. Офицер хахуэт, ткIийт Лико. Къыттеуэным зы махуэ нэхъ къэмынэжауэ, шапсыгъхэм тэрмэш къытхуагъэкIуащ. «Ерыскъы дыхуейщ, филъ дгъэжэным ди нэ къыхуикIыркъым, зыкъэфти, нэхъыфIщ, зыкъэвмытмэ, пщэдей дыфтеуэнущ», – жиIащ тэрмэшым. Лико къэгубжьащ: «Урысхэм затыркъым, фукI ар!» Тэрмэшыр и пIэ кърагъэкIакъым – яукIащ. Француз щылъхут Лико, и псэкIэ урыст. БыдапIэм сэлэт щитIрэ щэ ныкъуэрэ хуэдиз дэст, шапсыгъхэм япэувыфыну. Адрейхэр лъэрымыхьт – хэт сымаджэт, хэт уIэгъэт. Гыныр зыщIэлъ щIыунэр къагъэуэн хуейуэ унафэ ищIащ Лико, шапсыгъхэр блыным къыщхьэдэхмэ. Зы сэ-

лэт къэуващ, Осипов Архип: «Си хэкум щхьэузыхь зыхуэсщIынущ, сэ къэзгъэуэнщ щIыунэр, сызыщывмыгъэгъупщэ». Ром бжьитI-щы ирагъэфащ ар, жор тращIащ. ЕтIуанэ махуэм шэрджэсхэр быдапIэм къыдэзэрыгуащи, щIыунэбжэр якъутэ, ерыскъыр зыщIэлъыр ара я гугъауэ. ЗэрыжиIати, Осиповым гыныр зыщIэлъ щIыунэр къигъэуащ, езыри хэкIуэдащ, тхьэмыщкIэр. Абы и ужькIэ, пащтыхьым унафэ ищIати, сэлэтхэр щрагъэувыкIкIэ, Осипов Архип и цIэри къраIуэ хъуащ. И цIэ къыщраIуэкIэ жаIэ: «Урысейм щхьэузыхь зыхуищIащ». Уи щхьэфэцым зресэ, ар щызэхэпхкIэ. Осиповым и цIэкIэ дефэнщ мы бжьэм, Яшэ!

Закурдаевым фалъэр игъэщIейри, и пащIэр илъэщIыжащ...

Сабий гъы макъ къэIуащ аргуэру. Закурдаевым сыхуеплъэкIащ – абы зыуи къридзакъым гъы макъыр, лулэм йокъури щысщ.

– Дыдейхэри хэкIуэда? – сыщIэупщIащ сэ.

– Сэлэт пщIей хуэдиз къелащ, Лико уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. Шэрджэсхэм яукIакъым ахэр, яубыдри я жылэхэм яхуащ, итIанэ я цIыхухэмкIэ къыдахъуэжащ.

– Уэри уахэта абыхэм, Афанасий Игнатьевич?

– Хьэуэ. Тхьэм и нэфI къысщыхуа хъунт. Тхьэгъэпс Паисийщ хъыбарыр къысхуэзыIуэтэжар.

Ди псалъэмакъыр зэпыуащ.

Плъырхэр зэрогъэкIий, дзапэ уэрэд къыхадзащ.

Закурдаевыр къэскIащ.

– Хъыбар хьэлэмэт уезгъэдэIуэнщ иджы. Шапсыгъхэмрэ абазэхэхэмрэ быдапIэм къебгъэрыкIуащ. БыдапIэм и Iэтащхьэ Присыпкиным и щхьэгъусэр – цIыхубз хахуэт – щIытIым теуващ, шэр къызэрытелъалъэми еплъакъым: жьауэр иIэтауэ тетщ щIытIым. Ар щалъагъум, шэрджэсхэр икIуэтыжащ, сыхьэт ныкъуэ хуэдэ дэкIа нэужь, Присыпкиным хъыбар кърагъэщIащ: дэ цIыхубзхэм дезауэркъым. Генерал Раевскэр гушыIэрт: сэлэтхэм я пIэкIэ офицер щхьэгъусэхэр едутIыпщын хуеящ шэрджэсхэм – икIуэтыжынурэ, ди ужь икIынут...

Полкми щызэхэсхат а хъыбарыр, сигу ихужыртэкъым, сыщепщIыхьи къэхъурт, си напIэр зэтеслъхьамэ.

– Фи нэгу Iэджэ щIэкIащ фэ, дэри мащIэ тлъэгъуакъым.

– ФлъэгъуаIакъым фэ иджыри! – жиIащ Закурдаевым. Къэтэджри дзапэ уэрэд къыхидзащ. Уэрэдыр и кIэм нимыгъэс щIыкIэ зэпигъэури, блыным фIэлъ сурэтым бгъэдэкIуэтащ. Пащтыхьыр тхьэкIумэшхуэщ, и щхьэцыр сэмэгу лъэныкъуэкIэ телъэщIащ, и пащIэр попIиикI.

– ЖьакIэ игъэкIын мурад ищIауэ зэхэсхащ мыбы, – жиIащ Закурдаевым, пащтыхьыр ауан ищIын зэримыжагъуэр зыхэпщIэу.

– Ди пащтыхьыр ауан пщIы си гугъэщ, – жысIащ сэ, Лермонтовым и Максим Максимыч зэрезгъэщхьари сигу къэкIыжащ: пащтыхьым хуэдзэлэшхэнтэкъым ар.

ЩIэх жэуап къыситакъым Закурдаевым.

– Хъыбар езгъэщIэнумэ, и чэзу хъуакъэ? – жери сурэтым бгъэдэуващ Закурдаевыр. – Зи пащтыхьыгъуэр кIыхь хъун дотэ. Си IэмыщIэ илъ кхъэм и Iуэхур щIагъуэ дыдэщ: дунейм ехыжар мащIэкъым, нэхъыбэжри я псэм йоджэ!

Фадэм пэлъэщагъэнукъым лIыжьыр, итIани сеупщIащ:

– Уи жьэм хуэсакъ, узэхэзыхIамэ, сыт пщIэжынур?

Закурдаевыр къызэплъэкIащ, ещIэкъуауэу Iэнэм бгъэдыхьэжащ, шэнт щхьэгуэм шэсыжащ. И щхьэр къыфIэхури, къэгъащ.

– Щыгъэт, нэпсым зыри къыпхуищIэнукъым. Сыт уи лажьэр?

И нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ, «скIэрыкI» жиIащ. ТIэхъуфэхъу щхьэ сыкъэпщIа, жыхуиIэт.

– Тахътэм итIысхьи, жей.

ЗыстIэщIакъым, сызэрыхуэпауэ ситIысхьащ тахътэм, щIэх дыди сыIурихащ. Си нэгу щIокI: къуэ зэвым сыкъыдэнащи, сыщIипIытIэным сынэсащ, зыгуэр къызэджэ хуэдэуи къысщыхъуащ. Попов-Азотовым и макъым езгъэщхьащ: «Къуэ зэвым удэсшыжынщ. НакIуэ...»

Сыкъызэщыуащ.

Пэшыр нэхут, дыгъэр къыдэкIуэтеяти.

СыкъыщызэфIэувам Закурдаевыр Iэнэм зэрыбгъэдэсыр слъэгъуащ, и бгъэр тIэтарэ и нэр плъыжь хъуауэ. Сэ къыспэплъэ хъунт. Iэнэм зы бащырыбэ тетт, и щхьэр Iумыхауэ.

СыщIэкIри зыстхьэщIащ. Дыгъэм сигъаплъэркъым, абы пэлыд хыми сеплъыфыркъым. Си щIыбагъкIэ бгы лъагэм зыщеIэт. Бгы лъапэр мэз Iувщ. Тутынымэр зыщIэз пэшым згъэзэжащ. Закурдаевым шагъыр фалъэ къысхуишиящ, Iэнэм телъ нащэ фIэIури сигъэлъэгъуащ. Седзакъэри, нэхъ жан сыкъэхъужащ. Закурдаевым сеупщIащ:

– Афанасий Игнатьевич, сабий гъы макъ зэхэсхар пэж, хьэмэрэ къысфIэщIауэ ара? ЦIыхубз щыIэ мыбы?



Закурдаевым и щхьэр ищIащ:

– ЩыIэщ.

Нобэ псэлъэгъуей хъуат ар. ИтIани, сеупщIащ:

– Фельдъегерыр дапщэщ щыщIэфлъхьэнур?

– ЩIэтлъхьакIэщ.

– Нышэдиби? – згъэщIэгъуащ сэ.

Закурдаевым фIэфI хъуакъым зэрызгъэщIэгъуар.

– Кхъэмащэр къэтIтIауэ ди хьэзырщ дапщэщи... Ром уефэнкъэ, Яшэ?

Здакъым сефэн. И нэщхъыр зэхилъхьэри, ромыр иригъэхъуащ, ефэри къыщIигъужащ:

– Псори зы мащэм иралъхьэн хуейуэ унафэ сщIащ. Хьэдрыхэ щызэхагъэкIынщ чыристэныр дэтхэнэрами.

– Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

– Псори зэшщ, Тхьэращ псори къэзыгъэщIар.

Закурдаевыр къызэфIэуващ, къызэплъри жиIащ:

– НакIуэ, уэзгъэлъагъунщ.

Куэбжэм дыдэкIри, хы Iуфэм дыIухьащ. Кхъуафэхэр щызэхэтщ хы Iуфэм, хъурзэр ирадзыхауэ.

Фельдфебелыр ди ужь къиуващ. Щхьэпэлъагэт ар, гъурыбзэт, пщэ кIыхьт, и щхьэ гъумыр фIэсысыхьырт. Дунейр хуабэми, фельдфебелым цей Iув кIэщI щыгът. И бгырыпхым хъумпIырэр къыкIэрылэлырт.

– Фащэ щхьэ пщымыгърэ? – сеупщIащ абы.

И нэр игъэупIэрапIэри, макъ псыгъуабзэкIэ жэуап къызитыжащ:

– Зиусхьэным хуит зыкъезгъэщIащ. Техьэгъуэ уз къызофыкI.

«Узыншэ яхэткъым, ныкъуэдыкъуэщ псори, – жысIащ сигукIэ, фельдфебелым сыкъыхуеплъэкIри. – Сэлэтхэр дауэ зригъэдэIуэфрэ афIэкIа фэ зытемытым?»

3 Заказ №289

Кхъуафэхэм си нэр ятенати, фельдфебелым къызгуригъэIуащ ахэр мыбдеж щыщIызэхэувар:

– Тырку кхъуафэщ ахэр, шэрджэс сабий щхьэкIэщ къыщIэкIуар.

– Шэрджэс ефщэрэ абыхэм? – згъэщIэгъуащ сэ.

– Аращ къызыкIэлъыкIуар, – фельдфебелым фIэфIыщэ хъуакъым абыкIэ сызэреупщIар.

Закурдаевыр къызэплъэкIакъым. Абы мэзымкIэ иунэтIащ, псынэм елъэри, нэхъ хуэм зищIащ, дэ къыдэжьэу. Псынэм адэкIэ къуацэ защIэт. СылъэщIыхьэжа нэужь, Закурдаевым зыгуэркIэ сеупщIын си гугъащ, ауэ и Iэр и жьэм IуипIэри сигъэпсэлъакъым. Мэзым къыхэщ гъэхъунэмкIэ[1] Iэ ищIащ. БыдапIэ щащIым ираупщIыкIагъэнт мэзыр. Гъэхъунэм хьэдэр изт.

– Псори зы жылэм дэсащ, – жиIащ Закурдаевым.

Фельдфебелыр къытлъэщIыхьэжри къыдбгъурыуващ. И кIартIузыр щхьэрихри, Iэпэжор ищIащ.

Зэрыхуэпам тепщIыхьмэ, гъэхъунэм илъхэр шэрджэст – цIыхухъуи цIыхубзи.

Хьэдэ къуаншэ хъуауэ, гъэхъунэм щызэхэлът ахэр, хэт бгъукIэ, хэт гууэщIу, хэти ныбэгукIэ. Апхуэдиз хьэдэ зэтрихьауэ слъэгъуатэкъым зэи. Сыт зэрылIыкIар? ЩIыунэм къыщыуа гыным ихьамэ, я IэпкълъэпкъымкIэ нэрылъагъу хъунут. Фочышэми ихьакъым. Сыт узыфэ-тIэ ахэр зэрылIыкIар, – емынэ уз, тало? Дыгъуасэ хы Iуфэм къыщысщIихьа фырымэр къыздикIар къызгурыIуащ. Закурдаевым нэкIэ сеупщIащ. Гъэхъунэм щхьэпрыплъурэ жыжьэ плъэрт ар. ЗыкъригъэзэкIри, щэху дыдэу, мыбдей щызэхэлъ хьэдэхэм зэхахынкIэ шынэ хуэдэ, жиIащ:

– Псоми жэнэтыр къапоплъэ...

Даущыншэщ. Хыр мэпапщэ, зэхэпх къудейуэ. Гъэхъунэм бжьэмрэ бадзэмрэ изщ.

Уз зэрыцIалэ къэхъеинкIэ шынэрти, бгырысхэм я хьэдэр мащэшхуэ гуэрым иралъхьэрт. Закурдаевым и унафэти, бгырыс хьэдэхэм халъхьащ фельдъегерри. Сэ къызгурыIуакъым Закурдаевым апхуэдэу щIищIар. Фельдъегерым и щIэлъхьэкIэ хъуар унафэщIхэм я деж нэсмэ, Закурдаевым и щхьэфэм Iэ къыдалъэнутэкъым. Езыми ищIэ хъунт ар къызэремызэгъыр.

Фельдфебелым сеупщIащ:

– Чыристэнри муслъымэн хьэдэри зы мащэм иребгъэлъхьащ. Ар къеззэгърэ?

– Унафэщ, – абы къыфIигъэкIакъым фельдфебелым.

– Афанасий Игнатьевич, – сыбгъэдэкIуэтащ капитаным. – Къеззэгъ си гугъэкъым. Фельдъегерыращ зи гугъу сщIыр.

Си псалъэр къыгурымыIуауэ фэ есплъащ капитаным. Къызэплъри, къыпыдыхьэшхыкIащ.

– Хьэдрыхэ щызэзэуэнукъым ахэр. Сэри сахэфлъхьэ, сыкъаукIмэ... Мащэм драхьэха нэужьщ псори дыщызэгурыIуэнур.

Си дамэр дэсшея фIэкIа, зыри пэздзыжакъым. Мыбы Закурдаевым сыкъыщIишар къысхуэщIакъым. Сыкъежьэжын ипэ гу лъыстащ: бгырысхэм псоми я нэкIур дыгъэ къыщIэкIыпIэмкIэ гъэзат: узым ихьакъым ахэр – псэу щIыкIэ зэбгъурыгъуэлъхьащ.

[1] Гъэхъунэ – мэзыкум жыг зэрымыту иIэ щIы нэщI. /Поляна.

Закурдаевыр гъэхъунэм ихьащ, хьэдэхэм ебакъуэурэ. Iэ къысхуищIащ. СфIэмыфIыщэми, абы и ужь сиувэн хуей хъуащ. Хьэдэ себакъуэкъым сэ. КъапэскIухьащ. Фельдфебелыр ныскIэлъежьащ, бауэбапщэу.

Хьэдэхэм ящыщ зым шы пцIэгъуэплъ бгъэдэтт, и щхьэр иригъэзыхарэ и фIалъэ лъакъуитIыр щIигъэувыкIауэ. Фэ тетыжтэкъым шым. Уэдыбзэт, и дзажэналъэхэр къыхэщырт. Шым и фIалъэ лъакъуэр щIимыгъэувыкIамэ, джэлэну хъунт. И псэр хэтыху зейм щхьэщытын щхьэкIэт шыр щIиувыкIар. Хьэдэм къыпэскIухьри, шым сыбгъэдыхьащ, сытелъэщIыхьащ. Шым и нэпсым къызэпижыхьащ – абы гу лъыстащ сэ, нэпс ткIуэпситI-щы къыIэпыхури, удзым хэлъ хьэдэм и пыIэкум ихуащ.

АфIэкIа зысхуэIэжьэжакъым: хьэдэмрэ шымрэ сакъыбгъэдэкIыжри, Закурдаевым и ужь сиувэжащ.

– Афанасий Игнатьевич, – сеупщIын си гугъащ абы, арщхьэкIэ и Iэр и жьэм Iуилъхьэри, сигъэпсэлъакъым, еплъыха фIэкIа. ХьэдиплI дрихьэлIащ дэ: лIыжь жьакIэху, и пыIэ къуацэр щхьэрыкъуауэ, зы фызыжь – абы и нэкIум цыхъар ипхъуат, и щхьэц тхъуар къыщIэщырт; щIалэ цIыкIу, хьэдэ къуаншэ хъуауэ. И бгъэр тIэтауэ зы цIыхубз, къыпыгуфIыкI къыпфIэщIынут ар, и хьэдэр мыдиижатэмэ. Сабий джанэ IэщIэлът цIыхубзым и зы Iэм, адрей Iэр щIэдзат… Сабийм нэкIэ сылъыхъуащ, ауэ ар къысхуэлъэгъуакъым. Армырауэ пIэрэ жэщым гъар.



– Псори жэнэтым кIуэнущ, – жиIащ фельдфебелым.

ЩIалэ цIыкIур щылъщ. И щIыбыр сэ къысхуэгъэзауэ. ЛIыжьым сыщеплъым, сыкъэскIащ: ар Жьыбгъэ зея лIыжьым ещхьыркъабзэт. Троицкэм нэIуасэ къыщысхуэхъуа лIыжьми езгъэщхьащ.

ЦIыхубзыр дахэкIейт! И хьэдащхьэр апхуэдизкIэ щыдахэкIэ, тхьэIухуду щытагъэнщ, щыпсэуам…

– Афанасий Игнатьевич! – аргуэру седжащ.

Абы зыкъригъэзэкIащ. Фызыжьым и хьэдэри хъеяуэ къысфIэщIащ. Сэ сыкъэщтащ. Сыкъащтэри, си лъэр зэщIэнащи, сыкъикIуэтыжыни схузэфIэкIыркъым. Фызыжьым Iэлъэщыр зытригъэкIуэтащ. Къыдэплъейри, зыгуэр жиIащ.

– Хуиту дывгъалIэ, фытщхьэщыкIи, – хуэм дыдэу жиIащ Закурдаевым, сэ къызгурыIуащ абы фызыжьым и псалъэр урысыбзэкIэ зэрызэридзэкIар.

Фызыжьым и нитIыр сэ къыстриубыдауэ къысщыхъури, зезгъэзэкIащ. Адрейхэри къызэплъ къысфIэщIащ. Сызэрыхъуар сщIэжыркъым: фызыжьыр IэплIэкIэ къэсщтауэ къысщохъуж: фэмрэ къупщхьэмрэ хуэкIуат, псынщIабзэт, си нэгу къызэрыщIыхьэжымкIэ, гъэхъунэм къисхын си мурадагъэнщ. ЦIыхубз дахэкIейри къисхынут я псэм щеджэ гъэхъунэм – ноби къысхуэгубзыгъыжыркъым адэкIэ зэрыхъуар…

Хы Iуфэращ зыкъыщысщIэжар, быдапIэм пэмыжыжьэу. Закурдаевым си щхьэр къыщIиIыгъэт, фельдфебелым псы къыстрикIэрт.

– ЗытхьэщIыжи, къэтIыс, – къызжиIащ Закурдаевым, зыкъызэрысщIэжар щилъагъум.

Си щхьэм итыж щыIэтэкъым, сызэхэукIат, сешати, жыгым зезгъэщIащ. Закурдаевыр къызбгъэдэтIысхьащ, и ромыр къысхуишиящ:

– ЕIуб, нэхъыфI уищIынщ.

Ромым сыхэфащ.

Фельдфебелыр IукIыжащ, зэ къызэплъэкIыжри. Закурдаевым фалъэр игъэщIеящ. СемыупщIкIэ ягъэ кIынутэкъым – псори къызгурыIуащ.

– Гъэхъунэм илъахэм Тыркум кIуэн мурад ящIауэ арат. Я жылэ тхьэмадэрат зыукъуэдияр. ЩIэх зригъэдэIуэфакъым. Иужьым къытригъэхьащ – кIуапIи-жапIи яIэжтэкъым, хэплъэгъуэ хъуат я Iуэхур. Гъуэмылэ къыздрахьэжьэри, бгым къикIащ. Тыркум зыри къащыпэплъэртэкъым абыхэм – иужькIэщ къыщащIар: я лъэпкъэгъу гуэрым къигъэзэжати, абы къажриIащ жэнэт къазэрыпэмыплъэр. Тыркум нэсар, аскэрхэм къаувыхьауэ, шхын щхьэкIэ зэтолIэ. Дауэт узэрыкIуэнур, ар зэхэпхауэ?.. Зэхэгъуэлъхьэжауэ, я псэм йоджэ – нэгъуэщI къахуэнэжакъым. Я тхьэмадэм кIэбгъу зищIыжащ: и закъуэ Iэпхъуа Тыркум, хьэмэрэ Псыжь зыщигъэпщкIуа? И къуэр ди деж къигъэкIуащ, дзэм хыхьауэ къулыкъу щещIэ, срихьэлIауэ щытащ, соцIыху. Ахъмэтыкъуэщ и унэцIэр, прапорщик хъуащ. Шууейщ, щхьэмыгъазэщ. Плъагъурэ зэрыхъур, Яшэ?

– ГъущIэгъу щхьэ къыхуамыщIрэ тыркухэм – зэрызэтелIэр ялъагъуркъэ? – сеупщIащ Закурдаевым.

– КуэдыIуэ зэрыгъэхъуащ... Дзэм хагъэхьэн щхьэкIэ, минищэ хуэдизт зыхуейри, ярикъуащ. Нэхъыбэ яхуэгъэшхэнукъым. ИтIани, зэрохь шэрджэсхэр. Тыркухэм я щхьэр щIрагъэхьащ: шэрджэс я лажьэкъым абыхэм. Я щIыб къыхуагъэзэжащ бгырысхэм... Сэ нэгъуэщI Iуэхущ сызыхэтыр. ЛIыукIыр...

– Хэт? – сеупщIащ Закурдаевым.

– Зи хэтыр пщIэркъэ: генерал Евдокимовырщ жыхуэсIэр. И жьэр ткIэригъэкIыркъым: фыхуэмыхущ, унафэр вгъэзащIэркъым. Унафэр гурыIуэгъуэщ: бгырысхэр игъэIэпхъукIын хуейщ Кавказым, я щхьэр щIегъэхьауэ. Бгырыс дапщэ лIар, Тыркум Iэпхъуар дапщэ – ари дыбжын хуейуэ ди пщэ къыдилъхьащ генералым. Собжри, хъыбар Iэрызогъэхьэ. ИтIани, къытхуэарэзыкъым Евдокимовыр: бгырысхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуным иужь фит, феужьэрэкI, фащымысхь. ЦIыхуищэ лIамэ е Тыркум Iэпхъуамэ, щитI ятх – офицерхэм фIыщIэ къахь абы щхьэкIэ.

Закурдаевым нэгъуэщIкIи сеупщIыну си мурадащ, сыщIегъуэжащ армыхъумэ: арыншами нэрылъагъущ псори, си нэкIэ сигъэлъэгъуащ, арагъэнущ гъэхъунэм сыщIишар.

– Тыркухэм ящыщ гуэрым ищIар бжесIэнщ. ПщIэ еттурэ, шэрджэсхэр хым зэпришырт. Къигупсысам еплъ: хым трешэри, кхъуафэр щIрегъэлъафэ. Ар нэхъ фейдэщ, хым зэпрыпш нэхърэ.

Сызэрысабий лъандэрэ сощIэ: и ныбжь носри, малIэ цIыхур, узым, фочышэм, къамэм, щхъухьым ехь, мафIэсым хокIуадэ е псым етхьэлэ. Си нэгу щIэкIыр нэгъуэщIщ иджы: хэкIыпIэншэщи, я гъащIэм покI; зыкъым, тIукъым, зэрыунагъуэу зэтолIэ...

– Афанасий Игнатьевич, – сыщIэупщIащ сэ, – сабийр дауэ хъуа? Шэрджэс цIыхубзым бгъурылъаращ жыхуэсIэр, пщIэжыркъэ? И анэм япэ ища ар?

– Сабийр анэм япэ ищыркъым. Анэм и псэр хэкIами, абы и бгъафэм щIэлъщ сабийр, быдзышэ хуэныкъуэщи. Тыркухэм къащтагъэнщ, жызоIэ.

– Сабий быдзафэ сыт зэращIынур тыркухэм?

– Бын зимыIэхэм иращэнущ.

Си гъын къэкIуащ, си нэпсым къызэпижыхьащ, ар щызэхэсхым...

Хъуэш жыгым и жьауэм сыздыхэсым, шэрджэс зыщыплI хы Iуфэм къыIухьащ. Зым шы иIыгът шхуэмылакIэкIэ. Бгырысхэм сэлэтхэр къабгъэдыхьащ, абыхэм еплъри, IуагъэзыкIыжащ. Кхъуафэм зы кхъуафэжьей къыбгъэдэкIащ.

– Хым зэпрокI, – жиIащ Закурдаевым. – НакIуэ, дабгъэдыхьэнщ.

– Уи закъуэ кIуэ, сэ гъусэ сыпхуэхъунукъым, – жысIащ сэ.

Закурдаевыр къызэфIэуващ, шэрджэсхэм ябгъэдыхьэри, зыгуэркIэ еупщIащ. Кхъуафэжьейм зы тырку быртIым къикIащ, шэрджэсхэм гъунэгъу захуищIауэ, шыр зыIыгъ бгырысым йопсэлъылIэ ар – шыр ищэхун мурад ищIагъэнщ. Бгырысым и щхьэр егъэкIэрахъуэ, уасэмкIэ арэзы хъуагъэнтэкъыми. Закурдаеври епсэлъащ шэрджэсым. Шыр иутIыпщащ  шэрджэсым. Жьыбгъэ езгъэщхьащ абы и шыр – къэбэрдей шы лъэпкъ хъунт. А зыращ хы Iуфэм къыIунар, адрейхэр кхъуафэм итIысхьащ. И бгырыпхыр зыщIихащ шэрджэсым, фочыр игъауэри, псым хидзащ. Къамэри кIэлъыхидзащ хым, езыри хэпкIащ. Шыр абы и ужь иуващ. Шым и сокур иубыдауэ йос шэрджэсыр, толъкъунри къыфIэIуэхукъым.

Шэрджэсыр тырку кхъуафэм есылIэн си гугъащ. ЕсылIакъым: абы блэсыкIащ, шым и сокур зэриIыгъыу. Толъкъуным щIигъэнэху сакIэлъыплъащ шэрджэсымрэ шымрэ, си нэр къасхутечакъым, тIури хым щIилъэфэху...

Закурдаевым къигъэзэжащ, заулкIэ щымри, къызэджащ:

– Шэджагъуашхэр хьэзырщ, зиусхьэн поручик. НакIуэ...

Бгырыс щIалэ пкъыфIэкъыдбгъэдыхьащ, къыздикIари сщIэркъым. Закурдаевымрэ абырэ зыбжанэрэ зэдэуэршэращ. УрысыбзэкIэ. Гъэхъунэми и гугъу ящIащ.

– Си хэгъэрейрщ, – жиIащ капитаным. – Пщыгъупщэжа? И гугъу пхуэсщIати. ДжэгуакIуэращ, Уэзырмэсщ и цIэр. Зи псэм еджэхэм я деж къэкIуащ.

Си щхьэр си жагъуэти, Закурдаевым пэздзыжаIакъым.

Iуэху иIэти, капитаныр щIэкIащ. Дапхъэм телъ тхылъхэм ящыщ зы къэсщтащ – си нэр япэ зыхуэзар. Тхылъ тIорысэ гуэрт, зэхэфыщIауэ...

Шэрджэсхэм я псэлъафэщ: гур зэрыгъум дыгъур ирожэ. Тхылъыр ди пащтыхь Шынагъуэм теухуат. Блэнейрэ къэзыша Иван ЕплIанэрщ ар зи цIэ лейр. И япэ фызыр лIа нэужь, абы къэбэрдей гуащэр къыхущIахащ – Гуащэнэ. Мариеущ ар нэхъ зэрацIыхур. Лъагъуныгъэ къудей хъунтэкъым ар ди пащтыхьым игу щIрихьар. Адыгэпщхэм я лIыкIуэхэми я гуапэ ищIын мурад иIагъэнщ абы къэбэрдей гуащэр къыщыхихым – ахэр лъаIуэрт: тыркухэмрэ кърым хъанхэмрэ дащыхъумэ. Дзэ пакIитI кърым хъаным ириутIыпща нэужь, Иван ЕплIанэм къэбэрдей щIыналъэм, шэрджэсыпщхэм, бгырысыпщхэм я Iэтащхьэ

цӀэри теӀукӀащ, абыхэм я лӀыкӀуэхэм пащтыхьыр уанэш минкӀэ къагъэгугъащ – илъэс къэс апхуэдиз къратыну. Шу мин тӀощӀкӀи къагъэгугъащ, зауэ къылъыкъуэкӀмэ, дэӀэпыкъуну... Аращ зи гугъу сщӀы тхылъ тӀорысэм къиздджыкӀар – къыздэсщта дапхъэм теслъхьэжащ тхылъыр, афӀэкӀа седжакъым. А зы тхылъырагъэнт Закурдаевым и унэм щӀэлъыр. Тхыдэр хэт къитӀэщӀыфын, хэт лъэкӀын абы и лъащӀэм нэсын? Павел Езанэми елъэӀуауэ щытащ адыгэпщхэр – уи къэралым дыхэгъэхьэ! Ди пащтыхьым идакъым: Тыркум фӀэлӀыкӀащ.

Абы щыгъуэ сэ сыщыгъуазэтэкъым тыркухэмрэ урысхэмрэ яку дэлъ псом. Мазэ зыбжанэ дэкӀри, щыгъуазэ сыхъуащ шапсыгъхэм я нэхъыбапӀэм тыркухэм дзыхь зэрыхуамыщӀыр. Абыхэм ящӀэрт тыркухэр зэщэр – я хэкур зэрызыӀэщӀаубыдэнырт...

Дыгъэ къуухьэгъуэт. Гупсысэм сыхэхуауэ сыздэщысым, фадэкӀэ зытезгъэун мурад сщӀащ.

Жэщым сезэгъакъым. Сызэремыжьэжам сыхущӀегъуэжащ. ЩӀакӀуэр иубгъуауэ унэ лъэгум илъ Закурдаевыр пырхъти, пэшым сыщӀэкӀащ. Плъырым куэбжэр схузэӀуихащ.

– Жыжьэ уӀумыкӀ, зиусхьэн, къэхъуну псор хэт ищӀэрэ? – жиӀащ абы.

КъэхъунӀакӀэ сышынэжыртэкъым сэ.

– Ӏэуэлъауэ зэхэсхыркъым, дунейр мамырщ, – жысӀащ сэ. – Жэнэтым хуэдэщ мы фызэрысыр.

Мазэр изт. Хыуалъэхэр нэпкъым къожалӀэ, мывэкӀэщхъыр зэрагъажэ. Кхъуафэхэм ящыщ зыр ӀусыкӀыжащ, адрейхэр хы Ӏуфэм Ӏутщ. Бгырыс щӀалэмрэ шымрэ си нэгу щӀэкӀыркъым, хым сыхоплъэ: хэт япэ щӀилъэфар? Мазэ нэхум къыхэщ лъагъуэм срикӀуэурэ, бжьэпэмкӀэ сунэтӀащ. ЛӀыукӀым щӀэпхъаджагъэ щилэжьа щӀыпӀэм, зыӀэпишэжу, зеригъэзэжым ещхьу, гъэхъунэм си нэ къыхуикӀыу аратэкъым, атӀэ, дэнэми зыщӀыпӀэ сымыкӀуэу хъунутэкъыми, згъэзауэ арат нэӀуасэ сызыхуэхъуа лъагъуэмкӀэ. Чыцэ къэслъэгъуащ, абы уэрэд макъ къыхэӀукӀырт. АдэӀуэкӀэ сыплъэри къэслъэгъуащ зы бгырыс. Езыми гу къыслъитащ. Къэзгъэзэжын мурад сщӀыри, чыцэм къыщыпэскӀухьым, абы хэлъ цӀыхум сыӀууащ, сыбгъэдэкӀуатэри сеӀусащ – псэ хэтыжтэкъым. МылӀэ щӀыкӀэ гъэхъунэм къипщыжагъэнт ар. Сэлэтхэм гу лъатакъым абы – чыцэм хьэдэ къыщалъыхъуэнт? Зызгъэщхъри, хьэдэр къытесӀэтыкӀащ – псынщӀабзэт ар. Гъэхъунэм исхьэжри, адрей бгырысхэм ябгъурыслъхьэжащ. Си гур къекӀуащ абыхэм сащыхэплъэм, къэзгъэкӀэрэхъуэжащ. Макъ гуэр зэхэсхащ. Бгырыс щхьэпэлъагэ къысӀэщӀэлъэгъуащ – иувыкӀауэ, езыри къызэплъырт. Закурдаевым и гъусэу нобэ слъэгъуауэ къысфӀэщӀащ ар.

– Уэзырмэс?

Ар къызбгъэдэкӀуэтащ. ПщӀыхьэпӀэ си нэгу щӀэкӀ хуэдэщ: мазэгъуэ жэщщ, гъэхъунэм цӀыхухэр щызэхэлъщ, ахэр нэхъ мащӀэ хъуауэ къысщыхъуащ сащыхэплъэм. КъыщызбгъэдэкӀуатэм, шэрджэсым ӀэщӀэлъ шыкӀэпшынэм гу лъыстащ. ДжэгуакӀуэрат сызрихьэлӀар. Урысыбзэ зэрищӀэр сигу къэкӀыжри, Закурдаевыр сызэрихэгъэрейр жесӀащ джэгуакӀуэм. СеупщӀащ: «Уи уэрэд макъкъэ зэхэсхар?» Урысыбзэ къабзэкӀэ жэуап къызитащ Уэзырмэс: езыращ уэрэд жызыӀар. «Гъэхъунэм сыщӀихьар абыхэм селъэӀун щхьэкӀэт: фытэджи, зауэ

здэщымыӀэм дывгъакӀуэ яжесӀащ, я фӀэщ сыхъуакъым, дэ гъащӀэ диӀэжкъым къызжаӀащ, ди гъащӀэр зауэм зыӀэщӀилъхьащ... ИтӀанэщ уэрэд щыжысӀар».

Жэуапыр зэхэсхри, щым сыхъуащ заулкӀэ, итӀанэ нэгъуэщӀ гуэрхэми сыщӀэупщӀащ. «Сыт хуэдэ уэрэд жыпӀар?» – сеупщӀащ Уэзырмэс. «Анэм и къуэр зэрыригъажьэ уэрэдщ. И къуэр мэпӀащӀэ, анэр мэгузавэ – аращ уэрэдым хэлъыр».

– Дэнэ здэпӀащӀэр – зауэ здэщымыӀэ лъахэ здэпӀащӀэр? – сеупщӀащ джэгуакӀуэм.

Уэзырмэс и щхьэр ищӀащ.

– Дэнэ зауэ здэщымыӀэр?

– МобыкӀэ. – И Ӏэр къаблэмкӀэ ишиящ Уэзырмэс.

– Я фӀэщ щхьэ умыхъуарэ?

– Зыри я фӀэщ хъужкъым абыхэм, – жиӀащ джэгуакӀуэм, заулрэ зиӀэжьащ, итӀанэ къыщӀигъужащ. – Ахэр бэуэжыркъым, жьы яшэжыркъым.

Уэзырмэс и жэуапым сыкъигъэуӀэбжьащ сэ.

– ЗыгуэркӀэ сыноупщӀынут, – жиӀащ джэгуакӀуэм. – Хьэдэр абыхэм щӀахэпхьар сыт? Щхьэи угъа? Ар пцӀыхурэт уэ?

ЗэрызмыцӀыхур жесӀащ. Дауэ къызэрыгурызгъэӀуэнур – ар сщӀэртэкъым.

– Уигу къеуэрэ?

– СфӀэгуэныхь мэхъу гъэхъунэм щызэхэлъхэр.

– КъызгуроӀуэ, – жиӀащ абы. – Ди бийр щыдгъей къохъу дэ, хахуагъэ ядэтлъэгъуамэ.

Си жэуапыр къыгурыӀуагъэнукъым джэгуакӀуэм.

– Хьэуэ, – жысӀащ. – Аракъым къызыхэсхар. Жьыр сэри схурикъужыркъым...

Си псалъэм егупсысри, Уэзырмэс къызэупщӀащ:

– Уи псэм уеджэрэ уэри? ГъащӀэр пфӀэӀэфӀыжкъэ?

– КъысӀэщӀэужэгъуащ...

Си жэуапыр игъэщӀэгъуащ Уэзырмэс, и нэр къыстриубыдащ. Сэ абы щыгъуэ сщӀэртэкъым бгырысхэм заукӀыж зэрамыхабзэр. ЗызыукӀыжым нэлат ирах шэрджэсхэм. ЗыбукӀыжыным нэхъ гуэныхь щыӀэкъым – апхуэдэущ бгырысхэм къызэралъытэр. Уи натӀэм кърихтхам уфӀэкӀынукъым, ажалым ухуэмыпӀащӀэ, езым укъигъуэтынущ.

– Сэ урыс ныбжьэгъу сиӀэщ, – жиӀащ Уэзырмэс. – Алиящ и цӀэр, фэ зэрыжыфӀэмкӀэ, Илья. Дэ къыдэзэуэн идакъым абы, шапсыгъ жылэ дэсщ иджы. Уздэсшэнщи, уэзгъэцӀыхунщ, ухуеймэ.

Си щхьэм лъы дэуеяуэ къысщыхъуащ асыхьэтым, иужькӀэ зэи сыхущӀегъуэжакъым Уэзырмэс сызэредэӀуам.

– Хъунщ, Уэзырмэс, сынэкӀуэнщ.

– Уэ хы Ӏуфэм Ӏулъ мывэжьым деж къыщыспэплъэ, сэ гъэхъунэм зэ сихьэжынщи, къэзгъэзэжынщ, – жери ӀукӀащ Уэзырмэс.

Сэ хы ӀуфэмкӀэ сунэтӀащ, жыглыц къызэлэлэх нэпкъым сыбгъэдыхьащ.

Хыр мэзым, мазэр псым къыхоплъ. СыкъэпӀыщӀащ. Сыт сыщӀыхэплъэр, сызэгупсысри схузэхэхуркъым. КӀэ зимыӀэ щыӀэкъым. Уи чэзур къэсамэ, фӀэкӀыпӀи щхьэдэхыпӀи иӀэжкъым...

Закурдаевыр сигу къэкIыжащ хы Iуфэм сыздыIутым – пщэдджыжь хьэргъэшыргъэ къиIэтынщ лIыжьым. Тхыгъэ гуэри къыхуэзгъэнакъым: зыми иремыщIэ си щхьэм кърикIуар. Си анэми имыщIэмэ нэхъыфIщ: игу хэзгъэщIынкъым, ар нэхъ сфIэтэмэмащ, дунейм сехыжауэ хъыбар Iэрыхьэ нэхърэ.

Уэзырмэс и лъэ макъ зэхэсхакъым сэ – уафэм къехуэха хуэдэ, къызбгъэдыхьэжащ. Щыслъагъум, сыпежьащ. Зы лъэбакъуэ нэхъыбэ сча хъунтэкъым, си пыIэр щысщхьэрылъэтам. Фоч уэ макъ гъунэгъу дыдэу къыщыIуащ. Уэзырмэс къызэIунщIри, мывэдум[1] сыкъуидзащ, шапсыгъыбзэкIэ зэрыкIияри зэхэсхащ. Жэуап къратакъым. БыдапIэм дэс плъырхэр зэрыгъэкIиящ. Фоч уэ макъ къэIуащ аргуэру – быдапIэм адэIуэкIэ. Си пыIэр къищтэжри къысхуишиижащ Уэзырмэс.

– Мазэ нэхум ухэтащ, аращ укъыщIалъэгъуар, – къызгуригъэIуащ джэгуакIуэм.

– Хэт сэ къызэуар?

– Абрэдж гуэрщ. Абы и адэ къуэши илъщ гъэхъунэм. СыноупщIын зэрыхуейр сщыгъупщэ пэтащ: шы ухуейкъэ, Закурдай и Iэр бубыдыжынукъэ?

– Хьэуэ.

– Дожьэ-тIэ.

Хы Iуфэм дыIутурэ бжьэпэм дыфIэкIащ, итIанэ джабэм дыкIэрыхьэри, дэдгъэзеящи, псы уэр цIыкIухэм дызэпрокI, къуэхэр зэпыдоупщI. Хыр ди ижьырабгъумкIэ щыдолъагъу, мазэр кIуэ пэтми нэхъ лъахъшэ мэхъу, хуэм-хуэмурэ хым хэкIуэдэжащ ар. Ди лъэ къызэрихькIэ докIуэ, кIыфIми, гъуэгум хыдогъэщI.

Гъуэгум дыздытетым, Iэджэм я гугъу тщIагъэнщ, дызытепсэлъыхьа псор къысхуэгубзыгъыжынкъым. Гъэхъунэр къызэрыдбгынэрэ сыхьэтитI хуэдэ дэкIауэ, зыкъызэщIипхъуэтри, Уэзырмэс къызэупщIащ:

– Узэпэщ?

– Тхьэразэ къыпхухъу, лажьэ сиIэкъым, – жысIащ сэ. – Си анэрщ сигу имыхур: сыт и псэукIэ, сыт хуэныкъуэ, сыт и гукъеуэ?

– Тхьэм и нэфI къыщыхуэ. Тхьэм пхуигъэпсэу. Уи цIэр къызжепIэркъэ.

Си цIэр жесIащ. ЗаулкIэ хэгупсысыхьри, Уэзырмэс къызэупщIащ:

– ХьэщIапIэ унытхуэкIуэрэ, хьэмэрэ, жылэр псэупIэ пщIын уи мурад, Екъуб? – арат дяпэкIэ къызэрызэджэнур.

Бгырысхэм сахэтIысхьэн мурад сиIакъым алъандэм, ар си гум къэкIыртэкъым. Закурдаевым и псалъэр сигу къэкIыжащ: тхыдэм щыгъупщэнукъым декабристхэр, шэрджэсхэм я деж кIуэсакъым ахэр. Уэзырмэс гъусэ зыхуэсщIауэ, шапсыгъхэм я деж сыщыкIуэм сиIакъым апхуэдэ мурад, сигу ислъхьар нэгъуэщIт: пэIэщIэ зысщIынщ мы гъащIэ гъуамэм. Уэзырмэс и упщIэм гува-щIэхами жэуап естын хуейуэ къысщIэлъ хъунти, сэ жысIащ:

– Сывдэпсэунущ.

– Афэрым! – гуфIащ Уэзырмэс, и макъым зригъэIэт и мыхабзэми.

– Жэщ кIыфIым щхьэ дытехьа гъуэгу, дэнэ уздэпIащIэр? – сыщIэупщIащ сэ.

– Сымаджэ хьэлъэ къыспоплъэ: и псэм йоджэри телъщ.

[1] Мывэду – мывэ блын лъагэу щыт бгы. /Скала.

Си тхыгъэм еджэр щIэупщIэнкIэ мэхъу: емыпIэщIэкIауэ пIэрэ Уэзырмэс, и дзыхь хамэм щригъэзым? Шэрджэсхэр гумащIэщ: я дзыхь щIэх къыуагъэз. Сызахуэу къыщIэмыкIынкIи мэхъу: сэ сызэреплъымкIэ, шэчымрэ гурыщхъуэмрэ къытхуэзыхьар щIэныгъэращ. НэгъуэщI щхьэусыгъуэми къыхэкIагъэнкIэ мэхъу. Вологдэ щIыналъэм, псалъэм папщIэ, унэхэм бжэIулъи IункIыбзи щратыркъым. Ди анэм жиIэрейуэ щытащ: жэщыр хэкIуэтами, гъуэгурыкIуэр дэнэ уни щIыхьэнущ, щIыхьэмэ, бысымым Iэнэ къыхуиштэнущ. Ангара псыхъуэ нэгъуэщIт: я бжэ-щхьэгъубжэр жэщым къегъэбыдэкIащ, я унэр быдапIэ пэлъытэщ. Жэщ хъуамэ, хамэм бжэр хуIуахынукъым, дэнэ щащIэрэ: лIыукI ар, хьэмэрэ лъэхъуэщым къикIуэсыкIыжа гуэр?

Тхьэр къысхуэупсат, Уэзырмэс сыщрихьэлIам. Шэрджэсхэм я деж сыкIуэсэн мурад сэр-сэру сигу къихьатэмэ, бгырыс абрэджым и шэр къыщыстехуэнкIэ хъунтэкъэ гъуэгум е тырку сатуущIэм и кхъуафэм сихуэнкIи зыхуэIуа щыIэт?..

Нэхущ хъуати, гу лъыстащ Уэзырмэс зэрынащхъуэм. СеупщIащ: и адэр Тыркум Iэпхъуащ, абы щхьэ демыжьарэ езыр? Ар хэгупсысыхьащ.

– Си адэм къызжиIащ: цIыхум и гъащIэр дыгъэм хуэдэщ, дыгъэм лъэщIыхьэн гугъэ ящIри, шапсыгъ куэд ежэжьащ. Сэ си гъащIэм и къухьэгъуэщ, щIалэр зыщIыбгъурэ гъуэгу тепшэмэ, дыгъэм упэуваүэ аращ... Ди адэм мыри жиIащ: сэ куэд къэзгъэщIащ, си нэгу Iэджэ щIэкIащ, дэнэ сыкъыщыщIидзми, си хэкур сщыгъупщэнукъым, си гум илъ зэпытынущ, уэ уи къуэпсхэм кууүэ задзакъым иджыри, уи щхьэр епхьэжьэрэ хэкур убгынэмэ, ар уи гум щIэх ихунущ. Мыри къыщIигъужащ ди адэм: тIуми хэкур дыбгынэмэ, ди тхыдэр щIэблэм яхуэзыхъумэнур хэт? Псалъэ гъущэкIэкъым ди адэм сызэригъэIущар, абы сыщIыгъуащ сызэрысабий лъандэрэ. IэплIэ къыщысхуищIыжым, си щхьэфэм Iэ къыдилъэри къызжиIащ: «Тхьэр макъкIэ къыпхуэупсащ, ауэ бзур бзэрабзэми, ар щыхьым е шым нэхърэ зыкIи нэхъ лейкъым. ДжэгуакIуэр адрейхэм епэгэкI хъунукъым. ЦIыхум я гукъеуэр зыхищIэн хуейщ абы – я гъури, я цIыни. Я гур уэрэдкIэ хигъэхъуэн хуейуэ къылъос. Уи нэгу щIэмыкIам ухуэмыусэ. Зи нэмрэ зи гумрэ жан джэгуакIуэм уэрэдыр и бащэщ. ХьэIуцыдзым ещхь ухъуну ухуэмеймэ, лъыщIэжым, лIыукIым, щхьэхуещэм ухуэмыусэ...»

* * *

Си тхыгъэр зэпызгъэун хуей хъуащ.

Енисейск сыкIуащ, си цIыхугъэ гуэрым Iуэхутхьэбзэ къезгъэщIэн щхьэкIэ. Абы сыщыгугъырт гъуэгу тхылъхэмкIэ къыздэIэпыкъункIэ. Дзыхь хуэпщI хъунут, сызэрыщыгъуазэмкIэ. СыкъигъэщIэхъуакъым. ТхылъкIи къысхуэупсащ. Достоевскэм и иужьрей романри къызитынути, къеIысхакъым – абы и романхэм си псэр къызэфIагъэзэрыхь. «Хьэдрыхэ къикI тхыгъэхэр» романым шэрджэсхэми я гугъу щещI абы – тхьэразэ къыхухъу. Сешыху сыдэтащ Енисейск и уэрамхэм – мафIэсым и ужькIэ къэщIэрэщIэжат къалэр. Уэрамым сыдэзэшыхьа нэужь, си хэгъэрей гуэрым деж себлэгъащ, жэщыр абы щисхын мурад сщIыри. Енисейск фIыуэ слъагъуркъым, сатуущIэхэмрэ сондэджэр-

хэмрэщ абы щытепщэр – узэрагъакIуэркъым, лъэувыпIэ къыуатыркъым, ара хъунщ си гур щIыдэмыхьэр.

Си хэгъэрейр къысщыгуфIыкIауэ къысщыхъуащ, зэхэзежащ, и щIасэ цIыхубзым еджэри, шей тхуигъэвэну жриIащ. Шейр вэху, хъыбар сригъэдэIуащ «ди зэхуэдэ щэхуу!»: Бытырбыху зэрызохьэ, лъэхъуэщым цIыху миным щIигъу щIадзащ, псалъэмакъ мыфэмыц зэрагъэIум щхьэкIэ – апхуэдэ хъыбар къытIэрыхьащ нобэ. Мыри къыщIигъужащ си хэгъэрейм, зыгуэрым дызэхихынкIэ шынэ хуэдэ, щэху дыдэу:

– Теуэн я гугъащ аргуэру. Уэ дауэ къыпщыхъурэ ар?

Зыри пэздзыжакъым, гупсысэм сыхэхуэри. Каракозовыр сигу къэкIыжащ. Лей зезыхьам Тхьэм къыхуигъэгъунукъым – абы шэч къытесхьэртэкъым сэ. Жэуап ихьын хуейкъэ зыгуэрым – лей зезыхьам щхьэ къыщIэкIуэрэ? Щхьэ темыхуарэ абы Каракозовым и шэр – арат сэ схузэмыгъэзахуэр. Сыт ар къэзыхъумар? Е арат зэриухар? Жэуап схуетыртэкъым а упщIэхэм, нэхъри сыхэзэрыхь фIэкIа. «Уэ щIэпчыфынт кIакхъу?» – си щхьэм сеупщIыжащ сэ...

– Дауэ къыпщыхъурэ? – и упщIэм къытригъэзэжащ си хэгъэрейм.

Иужьрей илъэсхэм згъэунэхуам сыкъыхэпсэлъыкIри, жэуап естащ:

– НэгъуэщIыр букIкIэ, уи щхьэм хуэпщIэфын щыIэкъым.

Шей къытригъэуващ си хэгъэрейм и щIасэ цIыхубзым. Щым дыхъуащ. Шейр Iэнэм къытригъэувэри, щIэкIыжащ цIыхубзыр.

– Уигу къызумыгъабгъэ. ГъащIэр кIэщIщ.

– Нобгъэркъым, – жысIащ сэ.

Унэм къэзгъэзэжри, си тхыгъэм седжэжащ. Гу лъыстэжащ: «шэрджэс» псалъэр къызыхэкIам и гугъу щысщIыркъым си тхыгъэм, ар фIэкIыпIэ зимыIэми. Сэ сщIэращи, язынькъуэхэм тхьэ щаIуэж шэрджэс лъэпкъхэр зэшитIым – Шэррэ Джэсрэ – къатепщIыкIауэ. Ар Шэрэдж псым и цIэм епхауэ жызыIи щыIэщ – Шэрэдж псыхъуэ адыгэхэм щызэхакъутауэ щытащ тэтэр зэрыпхъуакIуэхэр; щхьэфIэч псалъэм къытехъукIауэ къэзылъытэри мащIэкъым. Куржыхэр адыгэхэм къызэреджэр шэрджэсщ, а псалъэр «керкет» псалъэм къыщежьауэ жаIэ. И пэжыпIэр сщIэркъым...

... Си тхыгъэр кIыхьыIуэ сфIэхъуауэ къысфIощI, мыбы еджэр темызашэмэ, нэгъуэщI сыхуейкъым. Журналхэм сызэрыхэмызэгъэнум шэч къытесхьэркъым, си тхыгъэр тезыдзэн згъуэтынми сыщыгугъкъым. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: пащтыхьхэми сахуохъущIэ сэ, пщышхуэ Михаили, дзэпщ Барятинскэми ятестхъуэр мащIэкъым. ЗэрысхузэфIэкIкIэ, я тIасхъапIэмрэ я бзаджэнаджагъэмрэ къыщIэзгъэщащ – ар къысхуагъэгъунукъым. Си нэгу щIэкIауэ хъуар стхыжын мурад сщIатэмэ, ар илъэс зыбжанэкIи схузэфIэкIынтэкъым. СызэрыкIуэсэфын гъуэгу тхылъыр зы мазэ хуэдэкIэ хьэзыр хъунущ, абы сыхуопIащIэри, си гукъэкIыжхэм я нэхъыбэр зэзгъэтIылъэкIын хуей мэхъу – ар си гум къызэрыщIитхъыр сэ зым фIэкIа зыми ищIэркъым...

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

*ТхакIуэ, критик Къэрмокъуэ Хьэмид илъэс 85-рэ ирокъу*





*Къэрмокъуэ Хьэмид Гъузер и къуэр Бахъсэн районым щыщ Зеикъуэ къуажэм 1937 гъэм мартым и 14-м къыщалъхуащ. 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, иужькIэ абы и аспирантурэр къиухащ. Зеикъуэ къуажэ школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. ИлъэситI хуэдизкIэ «Ленин гъуэгу» газетым щылэжьащ, 1967 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм кIуащ, япэщIыкIэ отделым и унафэщIу, 1972-м щыщIэдзауэ журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. 1977 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и директору ягъэув, а IэнатIэм пэрытащ и пенсэ кIуэгъуэ къэсыху, абы иужькIи илъэс зыбжанэкIэ щыIэжащ тхылъ тедзапIэм, редактор къалэн игъэзащIэу. Редактор лэжьыгъэм щыпищащ «Адыгэ псалъэ» газетым.*

*Къэрмокъуэ Хьэмид и тхылъхэу жанр зэмылIэужьыгъуэкIэ тхахэр, Iуэху зэмыщхьэм теухуахэр пасэу дунейм къытехьэу щIадзащ. Абыхэм яхэтщ сабийхэм папщIэ итхыжа таурыхъхэр, адыгэ хъыбарыжьхэм къытещIыкIа художественнэ тхыгъэхэр, литературэдж лэжьыгъэхэр, литературэ-критикэ статьяхэр щызэхуэхьэсахэр, школхэм зэрыщеджэну тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. ЩIыхухэм фIыуэ ялъэгъуащ, щIэупщIэ ин ягъуэтащ Хьэмид и тхылъхэу «Бажэ пшынэ» (1966), «Жыр пыIэ» (1970), «Дэрэжэгъуэ» (1972), «ТхакIуэмрэ зэманымрэ» (1976) «Адыгэ*

*хъыбарыжьхэр» (1989), «Нартхэр» (1996), «Тхыгъэхэр» (1997), «Адыгэ IуэрыIуатэ» (1994), «Тхыгъэ щхьэхуэхэр» (2014), нэгъуэщI-хэми.*

*ТхакIуэр зыхуэIэижь дыдэхэм ящыщщ зэдзэкIын Iуэхур. Къэрмокъуэм хузэфIокI мыпхуэдэм деж нэхъыщхьэ дыдэр – зэрадзэкI тхыгъэр ар зралъхьэ бзэм и стилым, и хабзэ псоми игъэзэгъэныр. Къапщтэмэ, Чехов А. П. и рассказ «Шы унэцIэр» Хьэмид зэридзэкIащ ар адыгэбзэкIэ ятха фIэкIа умыщIэну. Къэрмокъуэм адыгэбзэм Iэзэу къригъэтIэса тхыгъэхэр куэд дыдэ мэхъу. Абыхэм яхэтщ Толстой, Тургенев, Шолохов, Горький, Короленкэ, адыгэ тхакIуэхэу XIX лIэщIыгъуэм псэуахэм, абы нэмыщI КIэрашэ Тембот, Шинкубэ Бэгърат, Лохвицкий Михаил, Къандур Мухьэдин, адыгэ хэхэсхэм къахэкIа тхакIуэхэм, нэгъуэщI куэдми я IэдакъэщIэкIхэр.*

# ЛIЭЩIЫГЪУЭХЭМ Я ГЪУАЗЭ

Нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ лIэщIыгъуэ Iэджэм къыпхахащ адыгэхэм. Абыхэм ятелъщ дэтхэнэ лIэщIыгъуэми и нэпкъыжьэрэ и лъэужьрэ. А лъэужьхэм уригъуазэмэ, нэрылъагъу мэхъу пасэрей адыгэхэм культурэ телъыджэ зэрабгъэдэлъар, а культурэм и купщIэр пасэрей дунейм зэрыщызэфIэувар, зиужьырэ гъуэгуанэшхуи къызэрызэпичар. А гъуэгуанэ кIыхьым абы, дауи, хъугъуэфIыгъуэ Iэджэ щыкIэрыхуагъэнщ, ауэ шэч хэлъкъым пасэрей адыгэ культурэм и фIыпIэр ди деж къызэрысам. Ар псом япэрауэ зи фIыгъэр IуэрыIуатэрщ, нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, нарт эпосырщ. Ар ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ культурэ хьэлэмэтым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, набдзэгубдзаплъэу уриплъэжмэ, къыбжиIэнури мащIэкъым.

* * *

Нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ нэхъыбэрэ къыхэхуэ псыцIэхэм ящыщщ Псыжь и цIэр (кIахэ адыгэхэм зэрыжаIэмкIэ – Пшызэ). Тхыдэр щыхьэт тохъуэ Псыжьрэ абы хэлъадэ псыхэмрэ (Лабэ, Щхьэгуащэ, Инжыдж, Адэгум, Уарп, нэгъуэщIхэми) я Iуфэр лъапсэ яхуэхъуауэ, адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрыгъуэгурыкIуам – ар Кавказ къуршым и дыгъэмыхъуэмкIэ. Кавказ къуршым и дыгъафIэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, хы Iуфэм щыпсэуа адыгэхэм я щIыналъэм щежэх псыхэми я цIэ куэд ущрохьэлIэ нарт эпосым. Гу лъытапхъэщ а псыхэм я цIэхэм илъэс мин бжыгъэ зэраныбжьым – ар щыхьэт тохъуэ абыхэм цIэ яфIэзыща лъэпкъыр тхыдэм къызэригубзыгъыж лъандэрэ я пIэ изэгъауэ, зи цIэ къитIуа псыхэм я Iуфэхэм зэрыщыпсэум. Пасэрей алыджхэм (грекхэм) къызэранэкIа тхыгъэхэм («Тхыдэм и тхьэмадэкIэ» зэджэ Геродот деж къыщыщIэдзауэ) яхъумащ хы Iуфэмрэ Кавказ къуршым и бгъуитIымрэ щыпсэуа адыгэ лъэпкъхэм я цIи, я хъыбари. Тхыдэм зи цIэ нэхъыбэрэ къыхэхуэ пасэрей адыгэ лъэпкъхэм ящыщщ синдхэр, мэуэтхэр, керкетхэр, псесхэр, зиххэр, нэгъуэщIхэри. Ауэ а псом я цIэ IуэрыIуатэм, псом хуэмыдэу нарт эпосым къыщызэтенакъым, къыщызэтенэнкIи Iэмал иIакъым – аращ

«щIылъэр щызэпцIагъащIэ» лъандэрэ цIыхум къадэгъуэгурыкIуэ IуэрыIуатэм щыхабзэр. Нарт эпосри апхуэдэ IуэрыIуатэщ: ар зи IэдакъэщIэкI пасэрей лъэпкъхэм я зы цIэщ абы ихъумар – нартхэр. Нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, а цIэр ятеIукIащ тхыдэм зи хъыбаррэ зи лъэужьрэ ихъума пасэрей адыгэ лъэпкъхэм (ищхьэкIэ зи цIэ къитIуахэм). Эпосым игъэбелджылыркъым нартхэм я ныбжьыр, ауэ щIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, нарт эпосым и купщIэм илъэс минищ нэхърэ нэхъ мащIэ ныбжь иIэкъым. Апхуэдэ ныбжь яIэщ, псалъэм папщIэ, Сосрыкъуэ и хъыбархэм.

Сосрыкъуэ быдзышэ щефар Псыжь Iуфэщ – хъыбар куэдым къыхощ ар. Балигъ хъуа нэужь, зекIуэ ежьамэ, Сосрыкъуэ щыболъагъу Тэн (Дон) Iуфи. Тэн е Тэн губгъуэ ущрохьэлIэ адрей нартхэми – Бэдынокъуи, Ашэмэзи, Батэрэзи, Къанж и къуэ Щэуеи. Абыи къыщызэтеувыIэркъым: Индыл (Волгэ) зэпрокIри шыбэр къызэпраху («Индылыжьым и нэр къыщопкI» – апхуэдэ псалъэ халъхьащ адыгэ уэрэдыжьхэм ящыщ зым). Дауи, нарт хъыбархэм Тэни Индыли я цIэ къыхэхуэнтэкъым, пасэрей адыгэхэм ар зекIуапIэ яхуэхъуауэ щымытатэмэ. ЗекIуапIэ яхуэхъуам и закъуэкъым: тхыдэр щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэхэм я щIыналъэм и гъунапкъэм Тэн нэс зидзауэ зэрыщытам.

Псыжь (Кубань) пасэрей алыджхэр ГипанискIэ еджэу щытащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Шыпс. ЗэралъытэмкIэ, алыджхэм абы апхуэдэцIэ фIащын хуей щIэхъуар и Iуфэр шыбз гуартэ бжыгъэншэхэм яуфэбгъуауэ зэрыщытарщ. А зэманхэм щегъэжьауэ адыгэхэм шы зэрахуэ (илъэс минитI ипэкIэ щIалъхьауэ щыта синд дзэпщ гуэрым и кхъащхьэм тращIыхьыгъа Iуащхьэм археологхэм къыщIахащ шы щиплIым я къупщхьэ; дауи, пасэрей адыгэхэм шы куэдыкIейуэ зэрамыхуатэмэ, я дзэпщым апхуэдизыш дыщIалъхьэнтэкъым).



* * *

Нартхэм унафэ щащIыр хасэрщ. Нарт пшыналъэхэмрэ хъыбархэмрэ я нэхъыбапIэм къызэрыхэщымкIэ, нарт хасэр щызэхыхьэр Алыджхэ я унэрщ. Алыджхэ я унэр нартхэм я кIуапIэщ, санэхуафэ щащI, лIыгъэкIэ цIэрыIуэ хъуа нартым лIыхъужьыбжьэ щрат, жьы хъуар зрашэри Алыджхэ я унэрщ. Гу лъытэн хуейщ адыгэхэр пасэрей грекхэм алыджкIэ еджэу зэрыщытам. Адыгэ щIыналъэм, псалъэм папщIэ, хы Iуфэм, пасэрей грекхэм къалэ зыбжанэ къращIыхьауэ щытащ, а къалэхэм я къутахуэр нобэ къэсащ. Нэгумэ Шорэ итхыжащ: «Ди лъахэм члисэжь куэд къинащ, ахэр алыджхэм зэраIэужьым шэч хэлъкъым. Апхуэдэ члиситI ущрохьэлIэ Псыжьыщхьэ. Псыжьрэ Тебэрдырэ чырбыш унитI дэтщ; зым шонэкIэ йоджэ, адрейм – хасэ мывэкIэ. «Шонэр» къызытекIар «шу унэ» псалъэхэрщ – «шухэм я унэ» жыхуиIэщ. Абдеж ноби ущрохьэлIэ мывэ шхалъэрэ шы фIэдзапIэрэ. Хасэ мывэм шы лъакъуапIэрэ хьэ лъакъуапIэрэ телъщ. ЗэрыжаIэмкIэ, хасэ мывэр гъуанэщ; къуаншэмрэ захуэмрэ зэхагъэкIын щхьэкIэ, а мывэ гъуанэм ирагъэпщ: къуаншэр, псыгъуэ дыдэми, мывэ гъуанэм ипщыфынукъым; захуэр, гугъу дехьми, мывэ гъуанэм йокI». Нэгумэ Шорэ гу зэрылъитащи, Алыджхэ я унэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, члисэм (тхьэм и унэм) па-

сэрей адыгэхэм я деж пщIэ лей зэрыщиIар нэрылъагъущ: къуаншэмрэ захуэмрэ абы щызэхагъэкIыу – тхьэм и пащхьэ зыщаумысыжу щытащ.

Нарт хасэм ущрохьэлIэ нарт цIэрыIуэхэм: Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз, Батэрэз, Лъэпщ, Тхьэгъэлэдж, нэгъуэщIхэми; хасэм я тхьэмадэр Нэсрэн ЖьакIэщ. Хасэм унафэ щащI къудейкъым нартхэм: хасэр щызэхыхьэ махуэм нарт щауэхэр шурылъэс мэджэгу, лIыгъэшыгъэкIэ зэпоуэ.

«Унэм зыщыгъаси, хасэм кIуэ» – апхуэдэ псалъэжь къызэранэкIащ дяпэ итахэм: хасэм емыкIу къыщыпхь хъунутэкъым, цIыхум узэригъэсар, хабзэрэ нэмысрэ зэрыпхэлъыр къыбдалъагъун хуейт, жылэм я пащхьэ уихьамэ.

* * *

Нарт е пасэрей лIыхъужь тIощIрэ зым я цIэ къыщреIуэ Нэгумэ Шорэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм». Сосрыкъуэ и гугъу щищIкIэ, Шорэ етх: «Зэм жаIэ ар мывэм къыкIуэцIахауэ, лъхугъэм илIыкIа и анэм и ныбэм кърахауи щыжаIэ щыIэщ».

Нэгумэм гу лъитащ Цезаррэ Сосрыкъуэрэ я цIэхэри я хъыбархэри зэрызэхэзэрыхьам. «Юлий Цезарь и хъыбар къэсагъэнщ ди деж, – дыкъыщоджэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм». – Ар иужьым Сосрыкъуэ и хъыбархэм хэзэрыхьыжащ».

Юлий Цезарь и хъыбархэм я закъуэкъым пасэрей адыгэхэм я деж къэсар: тхыдэр щыхьэт тохъуэ Рим къикIа дзэшхуэ Кавказ Ищхъэрэм къихьауэ зэрыщытам. Пасэрей адыгэхэм къызэранэкIа псалъэжьри щыхьэт тохъуэ абы: «Адыгэм Созар ягъэшщ». Апхуэдэу мы псалъэжьым къыбжеIэ Созар (рим дзэпщым) зэрыпэувын къару пасэрей адыгэхэм зэрабгъэдэлъар.



* * *

Нэгумэ Шорэ зэритхымкIэ, санэхуафэ щащI махуэм нартхэр е пасэрей лIыхъужьхэр я тхьэмадэм деж щызэхуэсырт, вы джэмыдэ яукIырт («вы ехъуар ди нышщ» – дыщрохьэлIэ нарт хъыбархэм), тхьэмадэм и унэм шэху уэздыгъых щыпагъанэрти, тхьэ елъэIурт: «Нобэ нартхэ ди санэхуафэщ»,– жаIэурэ. Нартхэм санэхуафэ щащIыр Нартсанэ дежт (аращ «нарзан» псалъэр къызытехъукIыжар – «нарт санэ»). КIахэ адыгэхэм я бзэм «санэ» псалъэм «жызум» мыхьэнэ щиIэщ, жызумым къыщIаху фадэ пIащIэми санэкIэ йоджэ («санэху», «санэплъ»). Пасэрейхэм санэр тхьэхэм я фадэу къалъытэу щытащ, тхьэ щелъэIукIэ санэбжьэ яIэтурэ хъуахъуэ хабзэт. Нартхэм я лъэхъэнэ лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуащ а хабзэр – санэхуафэр. Пасэрей алыджхэми яхэлъащ апхуэдэ хабзэ: тхьэ щелъэIу махуэм пасэрей алыджхэм, Олимп Iуащхьэм деж щызэхуэсурэ, санэхуафэ ящIу щытащ, санэм (фадэм) и тхьэм хъуэхъубжьэ хуаIэту.

Нэгумэ Шорэ и зэманым адыгэхэм санэхуафэ щащIу щыта нарт псынащхьэм – санэ лъахэм (иджы КисловодсккIэ зэджэм) и хъыбар япэ дыдэ зыгъэIуар Псыхуабэ и Iэхэлъахэм щыса адыгэ къуажэм япщ ХьэтIохъущыкъуэ Исмелщ: нарт псынащхьэм (псы хущхъуэм) и хъыбар абы 1810 гъэм хуиIуэтэгъащ нэмыцэ щIэныгъэлI доктор Гааз, абы

лъандэрэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ нартхэ я псы хущхъуэр – иджы нарзанкIэ зэджэр.

* * *

Анапэ и Iэхэлъахэм пасэрей къалэжь ущрохьэлIэ, къызэрищэхэжрэ Iэджэ щIауэ. Зэшиблым я къалэжькIэ йоджэ абы нобэ, къызэрахутамкIэ, ар зи IэдакъэщIэкIыр синдхэрщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, пасэрей адыгэхэрщ. Къалэр мывэ блын лъагэкIэ къэхухьауэ щытащ, блыным метритIрэ ныкъуэрэ и Iувагъащ, и лъагагъыр метрихым нэблагъэрт. Зэшиблым я къалэжькIэ нобэ зэджэ быдапIэр (и цIэ дыдэр тхыдэм къыхэнакъым) зыщIар илъэс минитIрэ щихрэ ипэкIэ къэрал зыухуауэ щыта синдхэрщ. Синдикэ пасэрей адыгэ къэралыгъуэм илъэс щищым щIигъу къигъэщIауэ, хыхьэжыгъащ Боспор къэралыгъуэм (Боспорым Кърым хытIыгу ныкъуэмрэ абы къедза щIыналъэмрэ IэщIэлъащ).

Синдикэм и лъэужь куэд ихъумащ тхыдэм. Ахэр щыхьэт тохъуэ абы зыужьыныгъэшхуэ игъуэтауэ, къаруушхуэ бгъэдэлъу зэрыщытам. Синдикэм и щIыналъэм (Тамань, нобэрей Анапэм и Iэхэлъахэм) къалэ, быдапIэ зыбжанэ итащ, абыхэм ящыщщ Гермонассэ, Фанагорие, Корокондамэ, нэгъуэщIхэри; я къалащхьэм ГоргиппиекIэ еджэрт, ар иджырей Анапэ деж щысащ. Синдхэм гъавэ ящIэрт, Iэщ зэрахуэрт, я къалэхэм цIыху IэпщIэлъапщIэ куэд дэст – абы щыхьэт тохъуэ синдхэм къащIэна кхъэлэгъунэхэм, Iуащхьэхэм къыщIэкIыж хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, абыхэм куэдрэ къыхохуэ дыщэм, дыжьыным къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр, Iэмэпсымэхэр, къинэмыщIхэр. Синдхэм сату дащIу щытащ пасэрей алыдж къэралхэм, езыхэм я ахъши яIэжт – ар къэралым зыужьыныгъэ ин зэриIам и нэщэнэщ.

Синдхэм къызэранэкIа мывэ сын куэд къыщагъуэтыжащ Тамань, ахэр щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэхэм цIыху IэпщIэлъапщIэ куэд зэрахэтам, синд скульптурэхэр дуней псом щыцIэрыIуэ пасэрей алыдж (грек) скульптурэхэм ехьэехуэ хъуауэ зэрыщытам. Синдхэм мывэ сын гъэщIэрэщIахэр хухасэрт зауэлI, дзэпщ хахуэхэм, ар нэрылъагъу ящI сынхэм я щIыфэм хэщIыхьа шабзэ, джатэ, мывопцIэ сурэтхэм; сынхэм ящыщ зыбжанэм тыболъагъуэ афэ джани. Нэхъ гъэщIэгъуэныжыращи, синд мывэ сынхэм тетщ ахэр зыхухаса дзэпщхэм я цIи – ар синдхэм тхыбзэ зэраIам, щIэныгъэшхуэ зэрабгъэдэлъам и щыхьэтщ.

Пасэрей адыгэ къэралыр – Синдикэр – илъэс минитIрэ щищрэ ипэкIэ хыхьэжыгъащ Боспор къэралыгъуэм. ЩIэныгъэм зэригъэбелджыламкIэ, Боспор къэралым и пащтыхьхэр синд лъэпкъым къыхэкIауэ щытащ, я дзэм и нэхъыбэри синдрэ мэуэтрэт, аращ абы Боспор-синд-мэуэт къэралкIэ щIеджэр.

* * *

Адыгэ тхыдэм и къуэпсыр жыжьэ дыдэ къызэрыщежьэм щыхьэт техъуэхэм ящыщщ нарт эпосми нэгъуэщI IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэхэми куэдрэ узыщрихьэлIэ «уащхъуэ» псалъэр. Тхьэ яIуэн (псалъэ быдэ ятын) хъумэ, адыгэхэм нобэр къыздэсым я псэлъафэщ ар – «Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ!» «Мыващхъуэ кIанэр» гурыIуэгъуэщ, хэт

(сыт) хъуну «уащхъуэр», сыт абы и цIэкIэ тхьэ щIаIуэр – псалъэ быдэ щIатыр?

ЩIэныгъэм къызэрихутамкIэ, «уащхъуэ» псалъэм хьэткIэ зэджэ пасэрей лъэпкъыжьым и тхыдэм унешэс. Илъэс миниплI ипэкIэ къыщIедзэ хьэтхэм я тхыдэм – апхуэдиз я ныбжьщ Хьэт къэралыгъуэми хьэт культурэми. Куэд щIакъым хьэт тхыдэр джын зэрыщIадзэрэ – лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуа къудейщ. Хьэт тхыдэр зыдж щIэныгъэлIхэм иджы шэч къытрахьэжыркъым хьэтхэмрэ адыгэхэмрэ я быдзышэ зэрызэIулъым. Тхыдэм къелакъым хьэтхэм я бзэмрэ я культурэмрэ я лъэужь куэд, къела мащIэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, хьэтхэм я бзэмрэ адыгэбзэмрэ я лъапсэр зыщ; хьэтыбзэм къытепщIыкIыжащ адыгэбзэри, абхъазыбзэри, убыхыбзэри. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, абы и щыхьэтщ адыгэбзэм къыщызэтена «уащхъуэ» псалъэр: хьэтхэр УащхъуэкIэ еджэу щытащ уафэм и тхьэм – я тхьэшхуэм.

Хьэтхэм я къэралыгъуэм и гъунапкъэм жыжьэ зиукъуэдияуэ щытащ – нобэрей Тыркум и къуэкIыпIэм къыщыщIэдзауэ ТэманыкIэ нэс хы Iуфэр къызэщIиубыдэу. Хьэт къэралыгъуэр лъэлъэжа нэужь, хы Iуфэм къыIунащ иужькIэ абхъаз, убых, адыгэ хъуа пасэрей лъэпкъхэр. Хьэтхэм я къэралыгъуэм и лъэхъэнэм адыгэхэм зэрахьа лъэпкъыцIэм – кашкэм – и къуэпсыр къэсащ ди деж: гъунэгъу лъэпкъ зыбжанэр, псалъэм папщIэ, осетинхэмрэ сонэхэмрэ адыгэхэм ноби къызэреджэр а псалъэрщ. «Кашкэм» къытекIыжащ курыт лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм зэрахьа «касог» цIэри – а цIэр адыгэ лъэпкъхэм зэрахьащ «шэрджэс» псалъэр къэунэхуху; языныкъуэ щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, «Кавказ» псалъэми лъабжьэ хуэхъуар пасэрей адыгэхэм я лъэпкъыцIэрщ – «кашкэрщ».



* * *

Сосрыкъуэ куэдрэ хохьэ шурылъэсым: ар лIыгъэр зэрагъэунэху джэгукIэу яIэщ нартхэм. «Нартхэ къыдагъаджэри, шурылъэс фыджэгу щыжаIэм, нартыжьхэр бжьыхьэкIапэм щIэзгуашэщ» – хуеIуэтэж Сосрыкъуэ и анэм.

Нартхэр шурылъэс щыджэгур Хьэрэмэ Iуащхьэ дежщ: ар нартхэм я Олимп пэлъытэщ (пасэрей грекхэм Олимп джэгухэр щаублар Олимп Iуащхьэ дежщ). Хьэрэмэ Iуащхьэ екIуалIэурэ, нартхэр лIыгъэшыгъэкIэ зэпоуэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, шурылъэс щоджэгу. Нартхэ я шурылъэсым джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ къызэщIеубыдэ: шы къызэдагъажэ, шабзэ, бжы зэдадз, нэщанэ (псагъэ) зэдоуэ, шыбгъэрыуэ ящI, хэтIэхэсэ зэдоджэгу, зобэн, и ныкъуэр лъэсу, и ныкъуэр шууэ зобгъэрыкIуэ. Шурылъэсым щытекIуэм нарт хасэм и цIэкIэ тыгъэ ират. Тыгъэу ятынкIэ мэхъу шы, джатэ, шабзэ, фащэ, афэ джанэ, къинэмыщIхэри.

Шурылъэс джэгукIэр куэдрэ къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм – ди лIэщIыгъуэм къэсащ абы и лъэужь; апхуэдэ джэгукIэ щызэхаублэрт хьэгъуэлIыгъуэм, нысашэм, гъэрэ щIырэ щызэхэкIкIэ, вакIуэ щыдэкIкIэ, вакIуэ къыщихьэжкIэ, къаныр щрашэжкIэ. Дауи, нартхэм я шурылъэс джэгукIэ псори зэщIэкъуауэ къэсакъым ди лъэхъэнэм,

къэсар абы и пкъыгъуэ гуэрхэрщ, ахэри иужьым хуэм-хуэмурэ ужьыхыжащ.

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэхэр грекхэм я Олимп джэгухэми ирихьэлIэу зэрыщытам: пасэрей грекхэм я Олимпиадэм щытекIуэгъа синд щIалэм и хъыбар ихъумащ тхыдэм.

* * *

Адыгэ пщIантIэхэм иджыри къэс ущрохьэлIэ къудамэ цIыкIу куэд зытет пхъэ джафэхэм. ПхъэлъантхъуэкIэ йоджэ абыхэм. Лы, унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшып, Iэмэпсымэ фIадзэу щытащ пхъэлъантхъуэхэм. Нэхъ узэIэбэкIыжмэ, пхъэлъантхъуэм тхыдэ хьэлэмэт иIауэ къыщIокI...

Адыгэхэм иджыри къэс ягъэлъапIэ гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэр, ар илъэсыщхьэу къалъытэ.

Хъан-Джэрий зэритхыжамкIэ, унагъуэ къэс пхъэлъантхъуэ зыryз зэрахьэрт. Созрэщ и пхъэлъантхъуэкIэ еджэрт абыхэм. Созрэщ и пхъэлъантхъуэр хьэмкIутIейм е кхъужьейм къыхащIыкIырт, илъэс хъурейм гуэщым щахъумэрт, гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм и пщыхьэщхьэм ар гуэщым къыщIахырт. Созрэщ и пхъэлъантхъуэр гуэщым къыщыщIахкIэ я пашэр нысащIэт. Гуэщыбжэм бгъэдыхьэрти, нысащIэм жиIэрт: «Созрэщ, бжэр Iухи, дынышIэгъэхьэ!» Бжэр «къызэIукIырти», нысащIэм пхъэлъантхъуэр къиштэрт, пхъэлъантхъуэм и къудамиблым тегъэпщIа шэху уэздыгъэхэр пагъанэрти, унэм щIахьэрт, жыхафэгум трагъэувэрти, езыхэр къетIысэкIыжырт, пхъэлъантхъуэм зыхуагъазэурэ тхьэ елъэIурт: «Я дэ ди тхьэу тхьэшхуэ, гъэфI къыдэт, ди гъавэр гъэбагъуэ, мафIэм дыщыхъумэ...» А пщыхьэщхьэм Созрэщ къигъэзэжауэ къалъытэрт, илъэс хъурейм хым тетауэ; Созрэщ къыщигъэзэжа махуэм гъэрэ щIырэ зэхэкIауэ къалъытэрти, жылэм я гуфIэгъуэт, джэгушхуэ, тхьэлъэIу ящIырт.

Созрэщ нэмыщI, пасэрей адыгэхэм тхьэуэ е тхьэпэлъытэу яIащ Мэзытхьэ (мэз псэущхьэхэм я тхьэ), ЗекIуэтхьэ (зекIуэлIхэм, гъуэгу тетхэм я тхьэ), Хыгуащэ (хым и тхьэ), Псыхъуэгуащэ (псым и тхьэ), нэгъуэщIхэри. Уафэм, дунейм и къэхъукъащIэхэм я тхьэр Уащхъуэт, уафэгъуагъуэм, уафэхъуэпскIым я тхьэр Щыблэт, цIыхум и гъащIэр, и псэр зи IэмыщIэ илъыр Псатхьэт. Мэкъумэш зыщIэхэм тхьэуэ ялъытэр Тхьэгъэлэджт, Iэщ зыгъэхъухэм – Амыщ, гъукIэхэм – Лъэпщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми куэдрэ ущрохьэлIэ нарт эпосым, ахэр нарт лIыхъужьхэм я псэлъэгъущ, я кIуэгъужэгъущ, зы хъыбарым хэухуэнащ, уеблэмэ нартхэм къащыхэмыбелджылыкIыр нэхъыбэщ.

* * *

Пасэрей тхыдэми IуэрыIуатэми, псалъэм папщIэ, нарт эпосым, щыгъунэжщ цIыхубз зауэшыхэм я хъыбар. Грекхэр амазонкэкIэ еджэу щытащ абыхэм, адыгэхэр зэреджэр емыджщ. Пасэрей тхакIуэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, амазонкэхэр Тэн Iуфэ Iусащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэм я лъахэм исащ. Тхыдэм ихъумащ ТыргъэтауэкIэ зэджэ мэуэт гуащэм и цIи, и хъыбари. Мэуэт гуащэ Тыргъэтауэ синд пащтыхь Гекатей и щхьэгъусэт. Боспор пащтыхь Сатир



4 Заказ №289

Синд къэралыр зыӀэщӀилъхьэн мурад ищӀащ, абы и жыӀэм едаӀуэри, синд пащтыхьым, Гекатей, мэуэтыпхъур иригъэкӀыжащ. Тыргъэтауэ мэуэтхэм яхыхьэжри, дзэ зэригъэпэщащ, боспор пащтыхьымрэ синд пащтыхьымрэ ятеуэри, тӀуми я дзэр зэхикъутащ. Сатир дунейм ехыжыху, Тыргъэтауэ зауэр игъэувыӀакъым, Сатир и ужькӀэ пащтыхь хъуа Горгипп екӀужри, Ӏэщэр игъэтӀылъащ, къэралитӀми, Синдикэмрэ Боспорымрэ, я лъабжьэр тӀасхъэ ищӀауэ...

Аращ тхыдэр щыхьэт зытехъуэр. Нарт эпосми куэдрэ ущрохьэлӀэ цӀыхубз зауэшыхэм я хъыбар: зауэлӀ фащэкӀэ хуэпауэ, чынтыр зи никъуэкъуэгъу нартхэм ядозауэ ахэр, уеблэмэ шу пашэ хъуауэ долъагъу. Ар щыхьэт тохъуэ пасэрей тхакӀуэхэм зи гугъу ящӀ амазонкэхэм я хъыбархэр зэрымылъабжьэншэм: нарт эпосми нэгъуэщӀ пасэрей адыгэ ӀуэрыӀуатэхэми щыгъунэжщ цӀыхубз зауэшыхэм я хъыбар. Ар дэнэ къэна, илъэсищэм нэблагъэкӀэ екӀуэкӀа Кавказ зауэм и тхыдэми ихъумащ цӀыхухъу зауэлӀхэм ядэшэса, уеблэмэ шу пашэ хъуа цӀыхубз хахуэхэм я цӀэрэ я хъыбаррэ.

* * *

Чынтыр зи никъуэкъуэгъукӀэ йоджэ Бэдынокъуэ. Абы и закъуэкъым чынтыр зи никъуэкъуэгъур – нартхэм я бийщ, зэуакӀуэ-бэнакӀуэ къалъихьэ зэрыпхъуакӀуэщ. Нарт эпосыр къэзыгъэщӀа пасэрей адыгэхэм я нэгу щӀэкӀащ зэрыпхъуакӀуэ куэдым кърашӀылӀа лъыгъажэ зауэхэр. Пасэрей адыгэ тхыдэм щыбелджылыкъым «чынт» цӀэр зытеӀукӀа лъэпкъыр – апхуэдэцӀэ зезыхьа лъэпкъ ищӀэркъым тхыдэми. Эпосым къызэрыхэщымкӀэ, чынтыр зэм хым къызэпрокӀ («псы ежэхым, уей дуней, сызэпрыплъмэ, кхъухь фӀыцӀэжьхэр, уей дуней, къызэпраху, кхъухь фӀыцӀэжьурэ, уей дуней, къызэпрахум дзэ фӀыцӀэжьыр, уей дуней, къызэпраш»), зэм ищхъэрэкӀэ къыдокӀуейри е къуэкӀыпӀэмкӀэ къокӀри, нарт лъахэм къоужьгъэ. Нарт лъахэм, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, пасэрей адыгэхэм – синдхэм, мэуэтхэм, керкетхэм, зиххэм – я хэкум мащӀэрэ къиужьгъакъым хым къызэпрыкӀа зэуакӀуэхэри, ищхъэрэкӀэ къыдэкӀуея, къуэкӀыпӀэмкӀэ къикӀа зэрыпхъуакӀуэхэри. Абыхэм я лъэужь нарт эпосым къыщызэтемынэнкӀэ Ӏэмал иӀакъым. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщӀэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэмрэ хы адрыщӀым иса Боспор къэралымрэ зэрызэныкъуэкъуам: куэдрэ къеныкъуэкъуа нэужь, Боспорым зыӀэщӀилъхьэжауэ щытащ илъэс минитӀрэ щихрэ ипэкӀэ зи лъэр увауэ щыта Синд къэралыгъуэр. КъуэкӀыпӀэмкӀэ къикӀа зэрыпхъуакӀуэхэм ящыщщ скифхэр, сэрматхэр. Абыхэм я ужькӀэ адыгэхэм никъуэкъуэгъу къахуэхъугъащ гуннхэр, ауархэр, хъэзархэр... Я лъапсэр гуннхэм ираха нэужь, Нэгумэ Шорэ зэритхамкӀэ, адыгэхэм щӀэх зыкъаужьыжакъым. Гуннхэм къакӀэлъысащ нэгъуэщӀ хьэщхьэрыӀуэдзэ Ӏэджи – абыхэм я цӀэмрэ адыгэхэм лейуэ къыкӀэлъызэрахьам я хъыбархэмрэ ихъумащ адыгэ тхыдэм. Тхыдэм зи цӀэ дыдэр ихъума зэрыпхъуакӀуэхэр нарт эпосым къызэрыхэщыр чынтущ, аращ нарт лӀыхъужьхэм, псом япэрауэ, Бэдынокъуэ, я никъуэкъуэгъумрэ я биймрэ. Нарт эпосым зы щӀыпӀэ дежи ущрихьэлӀэркъым чынтхэр нартхэ къапэлъэщауэ: ар щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэхэм я щхьэр бийм хуагъэлъахъшэу зэрыщымытам, я псэм и пэ я щӀыхьыр ирагъэщу къызэрыгъуэгурыкӀуам.

* * *

ХьэщIэр тхьэм и лIыкIуэщ – апхуэдэ псалъэжь къадогъуэгурыкIуэ адыгэхэм. Нартхэм я зэман лъандэрэ хьэщIэм пащI щыIэкъым адыгэхэм, тхьэм и пащхьэ къикIауэт ар къызэралъытэр.

ХьэщIэр щеблэгъэн щхьэкIэ, адыгэхэм унэ щхьэхуэ ящIу щытащ, хьэщIэщкIэ еджэу. Адыгэ хьэщIэщым и бжэр хэт дежкIи зэIухат: зи цIи зи щхьи ямыщIэ гъуэгурыкIуэри еблагъэ хъурт абы, еблэгъакъэ – дапщэрэ исами, къыхуеблэгъам хьэщIагъэ ирахын хуейуэ адыгэм и пщэ къыдэхуэрт. ХьэщIэратэкъым ар адыгэм и пщэм дэзылъхьэр, хьэщIэр зэрыхьа унагъуэм езым и пщэ дилъхьэжырт – ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ.

ХьэщIэм бгъэдагъэсын щхьэкIэ, бысымым и гъунэгъухэр, и благъэхэр, и ныбжьэгъухэр къриджэрт, джэгуакIуэхэри къишэрти, хьэщIэм и нэгу зрагъэужьырт.

Махуищ исыху, къызытекIухьакIи нэгъуэщIкIи хьэщIэм еупщI хабзэтэкъым, махуищ иса нэужь, хьэщIэр унагъуэм ящыщ хъуауэ къалъытэрт, унагъуэм Iуэху кърахьэжьмэ, Iуэхур ядищIэрт.

ХьэщIэм емыкIу къезыгъэхьым жылэм я напэр трихауэ къалъытэрти, нэмыплъ иратырт, апхуэдэм и хьэщIэщ цIыху ихьэжыртэкъым, фэи ираплъыжыртэкъым.

Адыгэм и хьэщIэр быдапIэ исщ – апхуэдэ псалъэжьи къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм. Адыгэ хьэщIэщым ихьам игурэ и щхьэрэ зэтелът, къыщIыхэщтыкIыни щIызэплъэкIыни щыIэтэкъым: хьэщIэщым исыху, абы лей къытехьэнутэкъым, уеблэмэ ар зи хьэщIэщ ихьар лъыкIэ и бийми. ЩрагъэжьэжкIэ хьэщIэм дэкIуатэрт, тыгъэ хуащIырт – шы, Iэщэ-фащэ иратырт.



* * *

Адыгэ хабзэкIэ зэджэм ныбжьыщхуэ зэриIэр нарт эпосым къыхощ, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, нарт хъыбархэр щыхьэт зэрытехъуэщи, пасэ дыдэу къежьащ, пасэрей адыгэхэм – синдхэм, мэуэтхэм, керкетхэм, зиххэм – я деж щызэфIэувэри лIэщIыгъуэ Iэджэм къыщхьэдэхащ, ефIакIуэу, заузэщIу, щIэблэхэм щапхъэрэ гъуазэрэ яхуэхъуу. Дэтхэнэ лъэпкъри ирогушхуэ и хабзэхэм, пщIэ лей хуещI, ирогъуазэ, иропсэу, щIэблэхэм къахузэренэкI, зрагъэузэщIынкIэ, яхъумэнкIэ, ягъэбэгъуэнкIэ гугъэу. Хабзэхэм я нэхъыбэм гъуэгуанэшхуэ къызэпачащ. ЩIэблэ Iэджэм я акъылым къилэжьащ ахэр, лIэщIыгъуэ кIыхьхэм япсыхьащ. Адыгэхэр «адыгэ хабзэкIэ» йоджэ абыхэм, ахэр щыцIэрыIуащ адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм я дежи. ЦIыху гъэса ялъагъумэ, адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм жаIэрт: «Адыгэ хуэдэщ». АркъудеймкIи гурыIуэгъуэщ адыгэхэм хабзэшхуэ зэрахэлъар, абы и фIыцIэ жыжьэ Iуауэ зэрыщытар. Адыгэ хабзэм хурагъэджэн щхьэкIэ, гъунэгъу лъэпкъхэм адыгэхэм я деж къан къашэрейуэ щытащ. Псоми ящIэрт адыгэ хабзэм цIыхур цIыхугъэм зэрыхуиущийр, лIыгъэм, пэжыгъэм зэрыхуигъасэр, цIыхум и пщIэмрэ и щIыхьымрэ илъытэфу абы щIэблэр къызэрыщIэтаджэр. Унэм щисми, цIыхум щахыхьэми, IэнатIэ пэрыхьэми, хабзэм ткIийуэ тетын хуейуэ и къалэнщ адыгэм, и щхьэр хилъхьами, ебакъуэ хъунукъым абы.

Хабзэр къэзыгъэщIыр зэманымрэ гъащIэмрэщ, гъащIэмрэ зэманымрэ захъуэжыху, хабзэхэми зэхъуэкIыныгъэ ягъуэт, зым и къуэпсыр мэгъуж, зыр нэхъ Iэпэдэгъэлэл ящI, апхуэдэм и пIэ къоувэ цIыхум нэхъ яфIэкъабыл нэгъуэщI хабзэ – аращ Къэзанокъуэ Жэбагъы «къебгъэжьэр хабзэщ» щIыжиIар, итIани лъэпкъ хабзэхэм я нэхъыбапIэр къызэтонэ, уахътыншэ мэхъу. Уахътыншэ хъуауэ, Iэджэ щIауэ къэгъуэгурыкIуащ, псалъэм папщIэ, адыгэхэм хьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр, нэхъыжьыр зэрагъэлъапIэр. Нэхъыжьым пщIэ хуэзымыщIыр адыгэм цIыхум хабжэртэкъым, гупми зыхагъэхьэжыртэкъым. Унагъуэми жылагъуэми пщIэрэ нэмысрэ щиIащ цIыхубзми: лъыкIэ зэбий хъуар абы и псалъэм фIэлIыкIырти, зэкIужырт; шур, гъуэгум цIыхубз щрихьэлIамэ, епсыхырт, абы и ужь иувэрти, и унэ нигъэсыжырт, цIыхубзыр ихъумэну и къалэнти; цIыхубз щытмэ, цIыхухъум Iэщэ кърихыртэкъым, Iэщэ кърахауэ цIыхубз кърихьэлIамэ, Iэщэр ягъэтIылъыжырт.

Дяпэ итахэр лъэпкъ хабзэм ткIийуэ зэрытетар абыхэм щыгъуазэ хъуауэ щыта куэдым ятхыжащ. Адыгэ хэкум къихьэ дэтхэнэми телъыджэ щыхъурт, псалъэм папщIэ, хьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэр. «Дунейм теткъым абыхэм нэхърэ нэхъ хьэлэлрэ хьэщIэкIэ нэхъ гуапэрэ», – итхыгъащ Италием къикIа гъуэгурыкIуэ гуэрым адыгэхэм щхьэкIэ. 1830 гъэм адыгэхэм къахыхьа урыс офицер гуэрым итхыжащ: «Адыгэ хэкум ихьэн мурад зиIэр хэгъэрей гуэрым деж екIуэлIэн хуейщ япэщIыкIэ. Абы и унэм исыху, ар щIэшынэн щыIэкъым. Натхъуэджым деж щыхьэщIа нэужь, Шапсыгъым кIуэнумэ, бысымым хьэщIэр абы ешэри, и благъэ е и цIыхугъэ гуэрым анэмэт хуещI, шапсыгъ бысымым ар, езы хьэщIэр хуеймэ, Абазэхэм ишэнущ, дэнэ къыщыхутэми, бысым иIэмэ, и щхьэ щIытешыныхьын щыIэкъым, хэку псор апхуэдэххэурэ зэлъищIысыфынущ...»



Хабзэр зыдэгъуэгурыкIуэр къэзыгъэщI лъэпкъыращ, лъэпкъым къигъэщIынукъым икIи зэрихьэнукъым езым фIэмыдахэ, фIэмызахуэ хабзэ. Зы лъэпкъым фIэзахуэр, фIэдахэр адрей лъэпкъым егъэлеяуэ къыщыхъункIэ, фIэемыкIункIэ е къыгурымыIуэнкIэ мэхъу. НэгъуэщI лъэпкъхэм къагурымыIуэнкIэ мэхъу, псалъэм папщIэ, адыгэм нэхъыжьым и гъуэгур щIызэпимыупщIыр; щхьэгъусэм и цIэкIэ щIемыджэр; цIыхум и пащхьэ иувэу щIыщымытхъур – и нэ щIэпIуу цIыхум и щытхъуцIэ жыпIэнри и нэщIыбагъкIэ бубынри зэхуэдэ икIагъэу къыщIилъытэр; уахыхьамэ, гупыр щIэтэджыр; нэхъыжьым упэпсэлъэжыныр (и псалъэ зэпыбудыныр) къызэрыримыгъэзэгъыр; нэхъыжь щыту нэхъыщIэ щIэмытIысыр... ЦIыхум и пщIэр зыгъэлъагэ апхуэдэ хабзэ дахэ къэзыгъэщIа лъэпкъым игурэ и щхьэрэ зэтелъу, иригушхуэу жиIэу щытащ: «Сэ сыадыгэщ!»

* * *

Одиссей зекIуэ къыздикIыжым, дыкъыщоджэ Гомер и поэмэ цIэрыIуэм, хыуаем хиубыдэри, иныжь нэ закъуэхэр щыпсэу хытIыгум есылIэн хуей хъуащ. Я нэгу хытIыгум щыщIэкIар мыпхуэдэу къиIуэтэжащ Одиссей.

... ХытIыгум десылIауэ, мэл Iуей макъ, кIий-гуо макъ зэхэтхащ. Хыуаер увыIэху, хым дытехьэж хъунутэкъыми, кхъуафэр хыжьэм дэт-

хуэри, хытIыгум дытехьащ, лIы пщыкIутI гъусэ сщIыри. БгъуэнщIагъ дрихьэлIэри дыщIыхьащ. БгъуэнщIагъым чей, матэ щIэзщи, шху ярытщ, кхъуей ярылъщ. «Шхурэ кхъуейрэ къэдвгъащти, девгъэжьэж», – жаIащ си гъусэхэм, итIани, бгъуэнщIагъым щыпсэум дыпэплъэн мурад тщIащ. БгъуэнщIагъым щыпсэур пщыхьэщхьэм къэсыжащ, мэл хъушэ къихужри. Иныжь нэ закъуэт бгъуэнщIагъым къыщIыхьэжар. КъыщIыхьэжри, щIэкIыпIэм абрэмывэ Iуигъэлъэдэжащ. МэкIэ дыкъищIащ иныжь нэ закъуэм, Iэбэрабэурэ си гъусэхэм ящыщ лIитI иубыдащ, лIитIыр ишхри зигъэукIуриижащ. Пщэдджыжьми лIитI ишхащ, и мэл хъушэр бгъуэнщIагъым щIихури, абрэмывэр къыIуигъэлъэдэжащ. Пщыхьэщхьэм къигъэзэжащ иныжь нэ закъуэм, мафIэ ищIри, си гъусэхэм ящыщ лIитI игъэжьащ, лIитIыр ишхри, мафIэм ибгъукIэ гъуэлъащ. «Зыгуэр зэрыдмыхъэмэ, мыбы псори дыIэщIэкIуэдэнущ», – жытIащ. БгъуэнщIагъым зы бжэгъу гъумыщIэфI къыщIэдгъуатэри дупэпцIащ, мафIэм пэрыдгъэлъадэри и папцIапIэр дэп жьэражьэ хъуа нэужь, бжэгъур зэпэдубыдри, иныжьым и нэ закъуэр итщIащ. Иныжьыр къыщылъэтащи, мэгъуахъуэ, зелIэж, дэ дурэшплIэрэшым зыдэдгъэпщкIуащи, зыкъыIэрыдгъэхьэркъым. Нэху щыху зилIэжащ иныжьым, пщэдджыжьым мэл хъушэр щIигъэкIын хуейти, абрэмывэр Iуихри, езыр IутIысхьэжащ: мэлыр къиIэбэрэбыхьурэ бгъуэнщIагъым щIегъэкI. И нэр итщIати, Iэбэрабэурэ дызыIэримыгъэхьэмэ, иныжьым дыкъилъагъунутэкъым. Хъушэм тIы пIащэ хэтт. ТIым я ныбэгум зыщIэдгъэзагъэри, бгъуэнщIагъым дыкъыщIэкIащ. БгъуэнщIагъым дыкъыщIэкIауэ дыкъыщищIэм, иныжьыр къыткIэлъыбгащ: «Тхьэгурымагъуэм къызжиIар пэж хъуащ: цIыху цIыкIущ узытекIуэдэжынур, нэгъуэщI къыппэлъэщын щыIэкъым къызжиIати, си нэгу щIэкIащ – гъуэгу мыгъуэм фижьэ!»

... Иныжь хъыбархэм куэдрэ ущрохьэлIэ адыгэ IуэрыIуатэми: нарт эпосми, таурыхъхэми, хъыбархэми, шыпсэхэми. Нарт эпосым къызэрыхэщымкIэ, иныжьхэм цIыху теплъэ яIэщ, зыщыпсэур бгъуэнщIагъхэрщ е чэщанэхэрщ, мэз кIыфIыр хэщIапIэ ящIауи урохьэлIэ. Нартхэм куэдрэ къалъохьэ иныжьхэр, нартхэмрэ иныжьхэмрэ зэбийщ, зэзауэ хъумэ, текIуэр нартхэрщ; щхьибл яфIэтми, псибл яIутми, банэ сэреиблкIэ къэщIыхьа быдапIэм (чэщанэм) дэсми, нартым иныжьыр хегъащIэ – IэмалкIэ, бзаджагъэкIэ, хъуагъэщагъэкIэ. Хъуагъэщагъэ хуекIуа нэужьщ Сосрыкъуэ иныжьым мафIэ къыщыфIихьыфыр. Абы къикIыр зыщ: иныжьыр бий бзаджэщ, фIырыфIкIэ уапэлъэщынукъым...

ЗэралъытэмкIэ, иныжь хъыбархэр япэ дыдэ щызэфIэувар Кавказымрэ абы къедза щIыналъэхэмрэщ. Гомер итхыжа хъыбарми и лъапсэр арауэ хуагъэфащэ щIэныгъэлIхэм: ар пасэрей алыдж усакIуэм Троя къикIыжа зекIуэлIхэм я деж щызэхихауэ къалъытэ.

* * *

Нэсрэн ЖьакIэ нартхэ я тхьэмадэщ, тхьэмадэущ ар Ашэмэз и пшыналъэми адрей нарт хъыбархэми къызэрыхэщыр. Нартхэм пщIэ лей хуащI я тхьэмадэм, абы и жыIэм фIэкIынукъым, и псалъэр я унафэщ. Апхуэдэ фIэлIыкI яIащ адыгэ тхьэмадэхэм, абыхэм я унафэмрэ

я псалъэмрэ адыгэхэм я гъащIэм мыхьэнэ ин дыдэ щаIащ. Ар къыхощ езы «тхьэмадэ» псалъэми; лъэпкъым, унагъуэм я нэхъыжьыр (я унафэ зыIэщIэлъыр) тхьэм палъытауэ къэгъуэгурыкIуащ адыгэхэр. Тхьэмадэм пэпсэлъэжыртэкъым, абы и псалъэр тIэужыIэ ящIыртэкъым, и унафэр щамыгъэзащIэ къэхъуртэкъым. Апхуэдэ пщIэ тхьэмадэм къыхуэзыхьар и цIыхугъэмрэ и лIыгъэмрэщ, и акъылымрэ и Iущыгъэмрэщ. Нэхъыжь псори тхьэмадэ хъуркъым, тхьэмадэ цIэр зыхуагъэфащэр лъэпкъым, жылэм, дзэм я унафэр зезыхьэфырщ, я Iуэху зезыгъэкIуэфырщ, хабзэмрэ унафэмрэ цIыхур езыгъэувэлIэфырщ.

Ныбжьышхуэ зиIэ псалъэщ «тхьэмадэр», а псалъэм и къуэпсыр жыжьэ къыщожьэ, жыжьи зедз. Абы пыщIащ «тхьэмокъуэ», «тхьэгуащэ» псалъэхэри. Псалъэ ятын (тхьэ яIуэн) хъумэ, пасэрейхэм Тхьэмадэм, Тхьэмокъуэм, Тхьэгуащэм я цIэ ираIуэу щытащ; Чристанхэм Троицэ жыхуаIэр къызэрыкIа псалъищри къыщызэтенащ нобэрей адыгэбзэм: тхьэмадэ – лъэпкъым, унагъуэм я нэхъыжь, щхьэгъусэм (лIым) и адэ; тхьэмокъуэ (тхьэм и къуэ) – унэцIэ хъуауэ; тхьэгуащэ – Тхьэгущокъуэ унэцIэр къытепщIыкIауэ. Нэхъ жыжьэ зызыдзар «тхьэмадэ» псалъэм и къуэпсырщ: а псалъэр хыхьащ бзэ куэдым, «пщIэ зиIэ нэхъыжь» мыхьэнэ иIэу; куржыхэр абыкIэ йоджэ фадафэ Iэнэм я нэхъыжьым.

* * *

Ашэмэз и хъыбархэм ящыщ зым зэрыжиIэмкIэ, мэзым здыщIэтым ар ирихьэлIэгъащ жыг ку гъуанэ. Мэз щIагъым щыкIэрахъуэ жьым жыг ку гъуанэр зэрыдэпсалъэм гу лъитащ Ашэмэз. Абы гукъэкI иригъэщIри, Ашэмэз жыг къудамэ лантIэ къыпиупщIащ, къудамэм и кумылэр ирихри епщащ: къудамэм макъ къиIукIащ. Ашэмэз и бжьамийм ар къежьапIэ хуэхъуауэ яIуатэ нарт хъыбархэм.

Бжьамийр нарт Ашэмэз и цIэм щIрапхам щхьэусыгъуэ иIэщ: ар нэхъ пасэ дыдэу къежьа музыкэ Iэмэпсымэхэм ящыщщ. И цIэмкIи зэрынэрылъагъуэщи, бжьамийр пасэрей цIыхум къызыхищIыкIар бжьакъуэщ. ИужькIэ ар къыхащIыкI хъуащ пхъэм, гъуаплъэм, жэзым; къамылым къыхащIыкI бжьамийм а къэкIыгъэм и цIэр къытенащ: бжьамий лIэужьыгъуэхэм ящыщ зым кIахэ адыгэхэр иджыри къэс къамылкIэ йоджэ. НакъырэкIэ зэджэ бжьамий лIэужьыгъуи зэрахьащ адыгэхэм, ар нэхъ иужьыIуэкIэщ къыщыунэхуар (абы щыхьэт тохъуэ и цIэри: «накъырэр» нэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэщ).

Ныбжьышхуэ зиIэ пасэрей музыкэ Iэмэпсымэхэм ящыщщ адыгэхэм ноби зэрахьэ шыкIэпшынэри. ШыкIэпшынэм нэхърэ нэхъ кIасэу къежьащ пшынэдыкъуакъуэмрэ пшынэкъэбымрэ – ахэри къэсащ ди зэманым, къызэрагъэсэбэпыж щIагъуэ щымыIэми.

«ШыкIэпшынэми», «пшынэдыкъуакъуэми», «пшынэкъэбми» я лъабжьэр ныбжьышхуэ зиIэ пасэрей псалъэщ – «пшынэ». Абы къытокI «пшыналъэ» псалъэри. «Пшыналъэм» мыхьэнэ зыбжанэ щигъуэтащ адыгэбзэм: абы «макъамэ» мыхьэнэи къокI, «уэрэд», «усыгъэ» мыхьэнэи иIэнкIэ мэхъу; апхуэдэ мыхьэнэ иIэщ абы «Сосрыкъуэ и пшыналъэ», «Бэдынокъуэ и пшыналъэ», «Ашэмэз и пшыналъэ» щыжытIэкIэ.

* * *

Тхьэгурымагъуэм и цIэ куэдрэ къыхохуэ нарт хъыбархэм. КъэхъункъэщIэнур зыщIэ, зыIуатэ – апхуэдэущ ар нарт хъыбархэм зэрыщытлъагъур. Адыгэхэм я тхьэгурымагъуэр ебгъапщэ мэхъу пасэрей алыджхэм я оракулым – аращ абыи и къалэныр: къэхъунумрэ къэщIэнумрэ еIуатэ. Нартхэр тхьэгурымагъуэм йочэнджэщ зекIуэ щежьэкIэ, бийм пэувын хуей щыхъукIэ; мазэр е дыгъэр иубыдамэ, щIыр хъеямэ, узыфэ гуэр етамэ, уэлбанэ кIыхь е уэгъу хъуамэ – а псом я щхьэусыгъуэмрэ кърикIуэнкIэ хъунумрэ пасэрейхэм къажезыIэр тхьэгурымагъуэрт. КъызэралъытэмкIэ, цIыхум и нэгу щIэлъри и гъащIэр щиухынури ищIэрт тхьэгурымагъуэм. Тхьэгурымагъуэр тхьэхэм япыщIауэ, тхьэхэр псэлъэгъурэ чэнджэщэгъурэ къахуэхъуу ябжырт, арат абы и пщIэр щIэлъагэр, и псалъэм шэч къыщIытрамыхьэр. Езы псалъэми хыболъагъуэ ар: «тхьэгурымагъуэм» лъабжьэ хуэхъуар «тхьэ», «мэгъу» («магъуэ») псалъэхэрщ.

* * *

ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ – апхуэдэ псалъэ къызэранэкIащ пасэрей адыгэхэм. Адыгэ тхыдэр щыхьэт тохъуэ а псалъэр зэрыпэжым: нартхэм я лIэужьщ тхыдэм зи цIэрэ зи хъыбаррэ къыхэна пасэрей лIыхъужь цIэрыIуэхэр – Дау и къуэ Бахъсэн, Редадэ, Инал, нэгъуэщIхэри.



Редадэ и цIэрэ и хъыбаррэ яхъумащ адыгэ тхыдэми урыс тхыдэми. Урыс тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, Тмутэрэкъан дзэпщыр, Мстислав, касогхэм я деж зэуакIуэ къэкIуэгъащ (урыс тхыдэм зэрыжиIэмкIэ, – 1022 гъэм). ДзитIыр зэпэува нэужь, щыхьэт тохъуэ урыс тхыдэр, касог дзэпщым, Редадэ, Мстислав жриIащ: «ДзитIыр щхьэ зэрыдгъэукIрэ: уэрэ сэрэ дызэгъэбэни, укъыстекIуэмэ, си лъапсэри, си бынри, си мылъкури ууейщ. СыптекIуэмэ, уи лъапсэри, уи бынри, уи мылъкури сысейщ». АбыкIэ зэгурыIуэри, Редадэрэ Мстисларвэ зэрыубыдащ. Касог дзэпщым Тмутэрэкъан дзэпщыр хигъащIэ щыхъум, Мстислав тхьэгуащэм елъэIуащ: «СыхагъащIэ, къыздэIэпыкъуи, сытегъакIуэ; сытебгъакIуэмэ, члисэ пхухэссэнщ». Тхьэгуащэр къыдэIэпыкъури, Мстислав Редадэ текIуащ («хьэджэсэкIэ епыджри иукIащ» – жеIэ тхыдэм). Апхуэдэущ Редадэрэ Мстисларвэ я хъыбарыр урыс тхыдэм зэриIуатэр. Нэгумэ Шори итхыжащ абыхэм я хъыбар. «Идарыпщыр, – етх Нэгумэ Шорэ, – Хъымыщ Елджэрыкъуэрэ Редадэрэ гъусэ ищIщ, дзэр иришажьэри, Тэмтэрэкъей ебгъэрыкIуащ. Тэмтэрэкъей дэс дзэр къапэуващ. ДзитIыр зэпэува нэужь, Редадэ, а лъэхъэнэм зэрыхабзэти, тэмтэрэкъей дзэпщым жриIащ: «Сыт щхьэкIэ дгъэкIуэдрэ ныбжьэгъухэр, ди дзэхэм ялъ щхьэ иткIутрэ? Дызэгъэбэни, укъыстекIуэмэ, сыт сиIэми ууейщ». Тэмтэрэкъей дзэпщыр арэзы хъуащ абыкIэ. Я Iэщэр ягъэтIылъри, зэрыубыдащ. Зыкъомрэ зэбэнауэ, Редадэ джэлащ, щыджалэм, тэмтэрэкъей дзэпщыр хьэджэсэкIэ къепыджащ...»

Зэрынэрылъагъущи, Нэгумэ Шорэ итхыжа хъыбарымрэ урыс тхыдэм къыхэна хъыбарымрэ зэрызэщхьэщыкI щыIэкъым. Шорэ итхыжа хъыбарым Редадэ къызэрыхэщыр дзэпщукъым, дзэр Тэмтэрэкъай зышэри аракъым – Идарщ, Редадэ абы и шу гъусэщ, ауэ шу гъусэ

къызэрыгуэкIкъым, гуащIэшхуэ зыхэлъ пелуанщ. Мыбдежым зыгуэр зэрызэхэзэрыхьар IупщIщ: Редадэрэ Мстиславрэ щызэбэна зэманым Идар псэункIэ Iэмал иIакъым – ар дунейм къыщытехьар илъэсищэ зыбжанэ дэкIа нэужьщ. Нэрылъагъущ Редадэ и хъыбарымрэ адыгэ тхыдэм щыцIэрыIуэ пщышхуэ Идаррэ я хъыбарыр зэрызэхэпшэхъуар – апхуэдэ къыщохъу IуэрыIуатэм. Шэч зыхэмылъыр зыщ: Редадэ касог (пасэрей адыгэ) дзэпщышхуэщ, абы и хъыбарыр яхъумащ урыс тхыдэми адыгэ IуэрыIуатэми.

Редадэ и хъыбарым нэмыщI, адыгэ IуэрыIуатэм ихъумащ абы къыдежьа псэлъафэри – «Тэмтэрэкъай ухъу!» Ар къежьэнкIэ щIэхъуами щыгъуазэ дещI Нэгумэ Шорэ. Редадэ къаукIри зыбжанэ дэкIа нэужь, щетх Шорэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм», абы илъ ящIэжащ адыгэхэм: Тэмтэрэкъай теуэри зэхакъутащ, и лъапсэм псы ирагъэжыхьыжащ, Псыжь дагъэуэхри. Лъапсэрыхыр зыхуэкIуам щхьэкIэ абы лъандэрэ жаIэ: «Тэмтэрэкъай ухъу!» (е «Тэмтэрэкъай и махуэр къыпхукIуэ!») Тмутэрэкъан пщыгъуэм и цIэр урыс тхыдэм къыхэхуэжыркъым 1112 гъэм и ужькIэ, къыщIыхэмыхуэжым и щхьэусыгъуэр адыгэхэм яхъума псалъэжым къыбжеIэ: пщыгъуэм кIэ иратащ касогхэм (пасэрей адыгэхэм).

Редадэ и хъыбар къудейкъым урыс тхыдэм къыхэнар. Урыс тхыдэм цIэрыIуэ щыхъуащ абы къытехъукIыжахэри. Редадэ хигъэщIа нэужь, урыс дзэпщым ихьыгъащ абы и къуитI. А тIум къатепщIыкIащ урыс лъэпкъ цIэрыIуэ зыбжанэ. Урыс адмирал Ф. Ушаков къызыхэкIа лъэпкъри Редадэ и къуитIым я зым къытехъукIащ – абы щыхьэт тохъуэ езы адмиралыр.



* * *

ЦIыхухъу бгырыпхыр мывопцIэкIэ ягъэщIэращIэ хабзэщ: дыжьыным къыхащIыкIри, тхыпхъэщIыпхъэ тедзауэ, бгырыпхым апхуэдэ зыбжанэ пащIэ, дыжьын бгырыпхыр ирагъэдэхэн щхьэкIэ. НэгъуэщI мыхьэнэ иIэжкъым мывопцIэм нобэ – бгырыпхыр егъэдахэ, егъэщIэращIэ, цейм (адыгэ цIыхухъу фащэм) йокIу. Иджы ар къызыхащIыкIыр дыжьынырами, езы псалъэм («мывопцIэ»), зэрынэрылъагъущи, и лъабжьэр «мыварщ». Абы жыжьэ дыдэ къыщежьэ щхьэусыгъуэ иIэщ, ар епхащ мывопцIэм пасэрейхэм я деж щигъэзащIэу щыта къалэным.

Илъэс мин зыбжанэ зи ныбжь яхэтщ щIы щIагъым къыщIахыж мывопцIэхэм: ахэр щIым къадыщIокIыж хьэдэ къупщхьэхэм – пасэрей зауэлIхэм, дзэпщхэм дыщIалъхьэу щыта Iэщэхэм (шабзэшэхэм, джатэхэм, н.) ящIыгъуу. Дунейм ехыжа зауэлIым (е дзэпщым) щхьэ дыщIалъхьэн хъурэт мывопцIэр? Шэч хэлъкъым: щIыдыщIалъхьэр бгырыпхыр зэригъэдахэратэкъым. Пасэрейхэм дунейм ехыжа зауэлIым (дзэпщым) дыщIалъхьэ хабзэр абы и Iэщэращ – и шабзэрщ, и джатэрщ, и бжырщ. МывопцIэри Iэщэ лIэужьыгъуэ гуэру зэрыщытар гурыIуэгъуэщ. Сыт хуэдэ Iэщэ – аращ мыгурыIуэгъуэр. Ар гурыIуэгъуэ мэхъу, пасэрей зауэлIым и Iэщэ-фащэм щыгъуазэ зыщыхуэпщIкIэ. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, тхыдэри щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, пасэрей зауэлIым и Iэщэр куэд хъуркъым – шабзэ, джатэ, бжы. Абыхэм нэмыщI, нарт зауэлIым (зекIуэлIым) и бгым ищIауэ щытащ нобэ

мывопцIэкIэ дызэджэ бжы кIэщI. НэгъуэщI лъэпкъхэр абы дротиккIэ йоджэ. Дротикым (адыгэбзэкIэ жыпIэмэ, мывопцIэм) и кIыхьагъыр IэфракIэ хуэдизт зэрыхъур. Пасэрей зауэлIыр зэуакIуэ щежьэкIэ (бийм щебгъэрыкIуэкIэ), шабзэм, джатэм, бжым нэмыщI, здищтэ и хабзэт дротик (мывопцIэ) зыбжанэ, и бгым ирищIэрти: бжыкIэ пыджэмэ, джатэкIэ къриупщIэхмэ, шабзэшэкIэ уэмэ, мывопцIэр идзурэ зауэрт. Дигу къэдгъэкIыжынщ: Тотрэш иукIа нэужь, Сосрыкъуэ абы и щхьэр и анэм деж ехьыжри и куэщIым иредзэ, Тотрэш и анэм лэныстэ къыкIэлъедзри, Сосрыкъуэ сэхым иреIулI... «Лэныстэр» пасэрей латиныбзэм къыхэкIащ: пасэрей латиныбзэкIэ абы «дротик» мыхьэнэщ къикIыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мывопцIэ.

«МывопцIэ» псалъэр «мывэм» къызэрытекIам утригъэплъэкъукI хъунукъым: гъущI Iэщэ къежьэн и пэ пасэрейм и бгым ищIауэ щытар мывэм къыхэщIыкIа Iэщэщ – абы щыхьэт тохъуэ езы «мывопцIэ» псалъэр. ГъущI ягъавэ, гъущIым Iэщэ къыхащIыкI хъуа нэужьи пасэрей Iэщэм (мывопцIэм) и цIэр къызэтенащ: мывопцIэкIэ еджэ хъуащ мывэм къыхэщIыкIа мывопцIэм и пIэ иува гъущI Iэщэм (дротикым).

МывопцIэр (дротикыр) пасэрейхэм куэдрэ зэрахьащ, я бгым ищIауэ, ядзурэ иризауэу. Иужьым, сэшхуэрэ фочрэ къежьэу мыхьэнэ щIагъуэ имыIэж щыхъум, мывопцIэр (дротикыр) зауэлIхэм IэщIыб ящIыжащ, итIани я бгым ирахакъым – абы щыхьэт тохъуэ адыгэ цIыхухъу бгырыпхым ноби пыщIа дыжьын мывопцIэр, ауэ нобэ зыми ищIэжыркъым ар пасэрей Iэщэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытар, абы нобэ и къалэныр, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, дыжьын бгырыпхыр игъэдэхэнырщ.



Дыжьын бгырыпхым пыщIа дыжьын мывопцIэм хэбгъэзэрыхь хъунукъым сэ, джыдэ, къамэ зэралъ мывэупцIэр – абы и къалэныр нэгъуэщIщ.

* * *

Нартыр зекIуэ ежьэрэ лIыгъэ зэрихьамэ, хасэм ираджэри къохъуэхъу, лIыхъужьыбжьэ кърат. ЛIыхъужьыбжьэ къратакъэ – нартыр хъуэхъуэн хуейщ: и лIыгъэм хуэфащэ псалъэ жеIэ. Ар я хабзащ нартхэм; нартхэм я лъэхъэнэ лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуащ хъуэхъур – пасэрей цIыхум и гущIэм япэ дыдэ къиIукIа пшыналъэхэм ящыщщ ар.

Адыгэ хъуэхъухэр ди деж къэсащ лIэщIыгъуэ кIыхьхэм я Iущыгъэрэ я акъылкIэ гъэнщIауэ. ЩIэныгъэм зэригъэбелджыламкIэ, хъуэхъухэр япэ къызыдежьар пасэрей мажусий тхьэхэрщ; абыхэм яхъумащ Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Созрэщ, Псатхьэ, Щыблэ, Мэзытхьэ сымэ я цIэрэ я хъыбаррэ. ВакIуэ дэкIауэ гъунэ щралъэкIэ, цIыхур ноби мэхъуахъуэ: «Я дэ ди тхьэ! Тхьэгъэлэдж! Телъыджэр зи Iэужь, едгъэжьа Iуэхур гъэбагъуэ!» – жари. Пасэрей цIыхум дежкIэ тхьэр плъапIэт икIи гугъапIэт, цIыхур зыщыгугъыр, зыфIэлIыкIыр арат.

Пасэрей дунейм къыщежьами, и къуэпсыр мыгъужауэ, ди деж къэсащ хъуэхъур – абы нэхъ псэ быдэ щыгъуэтыгъуейщ адыгэ IуэрыIуатэм.

ЦIыхур щIэхъуахъуэр фIыгъуэщ, хъуэхъукIэ щIэблэр ягъэIущ, захуагъэм, цIыхугъэм, лIыгъэм хураджэ, яузэщI, ягъэгушхуэ. ЩIэблэм йохъуэхъу: «Я гъуэгур бзэпсу, я псыр чэнжу, дыщэплъыр я пащIэу,

мазэщIэр я натIэу», – жари. Щауэ щрашэжкIэ, тхьэмадэм хъуэхъубжьэ къретри къыжреIэ: «Бажэ уещэм, щыхь къэбукIыу, хъыкIэ уещэм, дыщэ къихъуэу». Нысэ къэзышам и гуапэщ, ар щынэ хуэдэ Iущабэу, джэд хуэдэ быныфIэу, хьэфI хуэдэ Iумахуэу, шыфI хуэдэ цIэрыIуэу унагъуэм исмэ; я пхъур къэрэкъэтинэ, бэрэтинагъуэ, данагъуэ Iупэ хъумэ, и нитIыр вагъуэрэ мазэ къурашэр и натIэу, и псалъэр IэфIрэ и Iуэхур ефIакIуэу, и нэмысыр инрэ и акъылыр изу къэтэджмэ, адэ-анэм я щIасэщ.

Псалъэм я нэхъ IэфIкIэ йохъуэхъу цIыхур унагъуэм, дунейм къытехьа сабийм, унэщIэм, Iэщым – адыгэ хъуэхъум гъуни нэзи имыIэ пэлъытэщ, апхуэдизкIэ къулейщ, зэмылIэужьыгъуэщи. Унагъуэм йохъуэхъу мыпхуэдэ псалъэкIэ: «Гуэлым хуэдэр я гъэшу, шэрхъым хуэдэр я кхъуейуэ, мыувыIэжыр я щхьэлу, я лIыжьым дзажэ дакъэр и Iусу, я сэр лыжьым къыIуигуэу, я хугум пшатхъуэ трихьэжауэ, я хьэ мынацIэу, я чыцI мыкIуэду, уардэ унагъуэу, выжьхэр щаукIыу, я фор гуибгъуу, я шыгъур гуипщIу, шэ зыпхымыкIыр я афэу, домбеяфэр я бгъэну, зы губгъэни ямыIэу гъэ минкIэ гъэпсэу!» ВакIуэ дэкIарэ гъунэ иралъэмэ, вакIуэ тхьэмадэр мэхъуахъуэ: «Вабдзэ махуэ тетлъхьауэ, жыр махуэ дыхуэзауэ, щIым и махуэм къигъэзэну, къигъазэр щIыгулъу лъэлъэну, хум и фIыпIэкIэ къызэрылъэлъыну», – жери. Нарт хасэм я тхьэмадэр нарт щауэм ехъуэхъу пэлъытэщ нобэрей ди нэхъыжьхэм нобэрей ди щIэблэм мыпхуэдэ псалъэ щыжраIэкIэ: «Ди щIалэхэр гъущIыпсэу, псэ быдэу, зыубыдым елъэщэкIыу, зытесыр пщIэгъуалащхъуэу, данэ щIопщыр ягъаджэу, зэджэ-зэпсэр я гупсэу, псыблэм хуэдэу заупцIу, пцIащхъуэ лъатэм къыдэжэу, я жэрагъыр алъпыжьу ди ныбжьыщIэхэр кърехъу!»



Ди деж къэса адыгэ хъуэхъухэм къыжаIэ дяпэ итахэм цIыху жьакIуэ, бзэ шэрыуэрэ акъыл бзыгъэрэ зиIа усакIуэ куэд зэрахэтар. Ахэращ хъуэхъужьхэм я нэхъыбэр зи Iэужьыр. Зи бзэр жан тхьэмадэм и гущIэм къиIукIа хъуэхъум и купщIэр уахътыншэ мэхъу, зыгуэрхэр щIагъужми е псалъэ гуэрхэр зэрахъуэкIми, нартхэм я лъэхъэнэм къежьауэ ди лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ ахэр нобэр къыздэсым.

* * *

Тамань, мэуэтхэм (пасэрей адыгэхэм) я щIыналъэм, археологхэм къыщатIа Iуащхьэхэм ящыщ зым къыщIэкIыгъащ кхъуэщын хьэлэмэт гуэр. Кхъуэщын куэд къыщIокI пасэрей Iуащхьэжьхэм – ахэр нэгъуэщI хьэпшыпхэм (псалъэм папщIэ, Iэщэ-фащэхэм) щIагъуурэ хьэдэм дыщIалъхьэу щытащ. Тамань къыщагъуэта кхъуэщынри дыщIалъхьэгъащ дунейм ехыжа гуэрым – абы бгъэщIэгъуэн хэлъкъым: апхуэдэ Iэджэ къыщIахыжащ щIы щIагъым. ГъэщIэгъуэныр зи гугъу тщIы кхъуэщыным тет сурэтырщ – абыкIэ ар къыщхьэщокI адыгэ щIыналъэм иджыри къэс къыщагъуэта пасэрей кхъуэщынхэм.

Кхъуэщыным и щIыфэм тет сурэтым щыболъагъу... пасэрей щакIуэхэр: цIыхуиплIым мэзым щыхь къыщIахуащ, щакIуэхэм бжы кIыхь зырыз яIыгъщ, абыхэм мэзым къыщIахуа щыхьхэм (ахэр тIу мэхъу) зылI япэуващ шабзэкIэ яхоуэ; щакIуэхэм хьитI ящIыгъущ, бгъащхъуэ ящхьэщытщ.

Дигу къэдгъэкIыжынщ Бэдынокъуэ и пшыналъэр: нартхэ я санэхуафэм щыкIуэкIэ Бэдынокъуэ хьэ самыр зыщIегъу, и щхьэщыгум бгъащхъуэ итщ (ари гъэсащ), бжыщхьэ дыкъуакъуэщ, шабзэкIэ зэщIэузэдащ. Гъуэгу щытехьэкIэ аращ нартым и хабзэр: бгъащхъуэрэ хьэ самыррэ щIыгъущ. Аращ пасэрей щакIуэми и хабзэр: мэзым щIыхьэн, губгъуэм ихьэн хъумэ (щэкIуэн щхьэкIэ), абы и дамащхьэм бгъащхъуэ трегъэтIысхьэ, щакIуэхьэ зыщIегъу. Зи гугъу тщIы кхъуэщыным и щIыфэм тет сурэтым щынэрылъагъущ ар: щакIуэ ежьа нартхэм я хъыбар къыпхуиIуатэ хуэдэщ сурэтым. Кхъуэщыным, зэрагъэбелджыламкIэ, илъэс минитI и ныбжьщ, ар мэуэтхэм – пасэрей адыгэхэм зэраIэдакъэщIэкIым шэч къытрахьэркъым.

* * *

Нартхэ хасэм щызэхыхьэми, санэхуафэ ящIми, шурылъэс джэгуми, унафэ яхуэзыщIыр я тхьэмадэрщ, абы и псалъэм псори йодаIуэ, псори йочэнджэщ. «Ди нарт тхьэмадэр Нэсрэн ЖьакIэщ» – апхуэдэ псалъэ халъхьащ Ашэмэз и пшыналъэм. ЗекIуэ ежьэн хъуми, нартхэ тхьэмадэрэ гъуазэрэ яхуохъу Нэсрэн ЖьакIэ – аращ Ашэ илъ зыщIэж шухэм я шу пашэр: абы емыдаIуэрэ и унафэм емыувалIэрэ яхэткъым зекIуэ ежьахэм. АпхуэдэпщIэ хуащI адыгэхэм я нэхъыжьым нартхэм я зэман лъандэрэ. Нэхъыжьым и пщIэр апхуэдизкIэ лъагэт, инти, абы и пащхьэм емыкIу къыщызыхьыр, и нэмысыр зыкъутэр гупым зыхагъэхьэжыртэкъым, цIыхуфи ираплъыжыртэкъым, апхуэдэр сэхъуауэ, адыгагъэм ебэкъуауэ, хабзэм щIамыпIыкIауэ къалъытэрти. Нэхъыжьым емыдэIуэн дэнэ къэна, и псалъэ зэпаудыртэкъым. Дауи, зи пщIэмрэ зи щIыхьымрэ лъагэ нэхъыжьым дуней илъэгъуауэ, дунейм и пIалъэ ищIэу щытын хуейт. Апхуэдащ адыгэхэм я нэхъыжьхэм я нэхъыбапIэр, арат абыхэм я унафэмрэ я псалъэмрэ унагъуэри, лъэпкъри, жылэри щIеувалIэр. Унагъуэмрэ унагъуэр зыщыщ лъэпкъымрэ тепщIыхьмэ, нэхъыжьыгъэр зэлъытар ныбжьырат: унагъуэми ар зыщыщ лъэпкъми я тхьэмадэр нэхъыжьыгъэр ныбжькIэ зылъысырат (жьы дыдэ хъуарэ унафэр хузэкIэлъымыгъэкIуэжмэ, къуэдзэ хуащIурэ). Жылэм, хэкум тхьэмадэ ящI хабзэр акъылышхуэ зиIэ цIыху Iущхэрт – ныбжькIэ ар къалъымысми, лIыпIэ иуварэ и акъылкIэ цIэрыIуэ хъуамэ.

УщрихьэлIэ елъытауэ нэхъыжьым хуэпщIын хуей нэмысымрэ пщIэмрэ гъэбелджылауэ къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм. Шу гуп гъуэгу техьамэ, нэхъыжьыр яку дагъэувэрт, абы ныбжькIэ къыкIэлъыкIуэм сэмэгурабгъур лъысырт, нэхъыщIэр ижьырабгъумкIэ къыбгъурышасэрт, Iэнэ пэрытIысхьэми, арат хабзэр. Нэхъыжьым и гъуэгу зэпаупщIыртэкъым, ар блэкIыху заIэжьэрт, убгъурыувэу удэкIуэтэнри къыптехуэрт. Iэнэ тIысын хъумэ, нэхъыжьым и тIысыпIэр щхьэхуэт – жьантIэрат; хьэщIэ кърихьэлIамэ, хьэщIэ нэхъыжьыр абы и сэмэгурабгъумкIэ ягъэтIысырт, Iэнэм пэрысыху, хъуахъуэ хабзэр нэхъыжьым и закъуэт, хьэщIэ нэхъыжьми псалъэ лъагъэсырт. Iэнэм щыпэрысми гуп щызэрихьэлIэми нэхъыжьхэм щIалэ яхэпсэлъыхь хабзэтэкъым (яхэхъуэхъухьын дэнэ къэна!), я псалъи зэпаудыркъым, нэхъ кърагъэкIур къабгъэдэкIуэтауэ

лъэныкъуэкIэ зыщыIэжьэнырщ – къыпхуей хъумэ, къоджэнщи, узыбгъэдашэнщ.

Нэхъыжь тхьэм уимыщI – ар жраIэ хабзэщ нэхъыщIэм. Абы кърагъэкIыр щIалэм къыгуроIуэ: уи нэхъыжьыр куэдрэ тхьэм пхуигъэпсэу, уи нэхъыжьыр тхьэм къыпщхьэщигъэт. Нэхъыжьыгъэм щIэкъуныр адыгэм яфIэемыкIущ игъащIэм, зи нэхъыжьыгъуэм (ар ныбжькIэ зылъысам) уефыгъуэу аращ абы кърагъэкIыр. Пщыхэм (дзэпщхэм) хабзэ гъэщIэгъуэн яхэлъащ: зи жьакIэр тхъуху псэуа пщым (дзэпщым) фэ щрамыплъыж лъэхъэнэ щыIащ. Ари щхьэусыгъуэншэтэкъым: пщым (дзэпщым) и гъащIэр уанэгум щихьырт, шым шэсыф зэрыхъуу щIидзэрти. Зи пащIэ-жьакIэ зэщIэтхъуа пщым щхьэкIэ жаIэрт: «ЛIыгъэ хэлъамэ, апхуэдиз къигъэщIэнтэкъым» (алъандэм къаукIынт жыхуаIэщ). Адыгэ тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, пщыхэм (дзэпщхэм, шу пашэхэм) я нэхъыбэр я ныбжь иримыкъуауэ зауэм хэкIуадэрт, закъуэтIакъуэт жьы хъуху псэур...

Адыгэм я нэхъыжьым я пщIэр езым къалэжьыжауэ, я акъылкIэ, я губзыгъагъэкIэ, я лIыгъэкIэ, я цIыхугъэкIэ къахьыжауэ къекIуэкIащ. Нэхъыжьым (лъэпкъым, жылэм я тхьэмадэм) фIыуэ ищIэрт хабзэр, тхыдэр, дунейм и пIалъэ щыгъуазэт, лей зэрихьэнутэкъым, нэфI-ней хэлътэкъым, захуагъэм текIынутэкъым, цIыхур зэрызэгуригъэIуэнрэ фIыгъуэ зэрахуилэжьынрэт зыхуэпсэур.

* * *

ХьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэм ткIийуэ тетащ адыгэхэр ижьижьыж лъандэрэ. ХьэщIагъэ хабзэр имыкъутэн, и лъэпкъыр имыгъэукIытэн щхьэкIэ, езым и псэр хилъхьэн къызэфIэнэнутэкъым адыгэр, апхуэдэу щыхъури мащIэтэкъым.

Хъан-Джэрий хъыбарыжь гуэр итхыжыгъащ, Антэнокъуэрэ КъамболэткIэ зэджэ пщы зэшитIым ятеухуауэ. Я адэр лIа нэужь, зэшитIыр зэщыIеижащ, пщыгъуэр зэпаубыдри. ЗэрыукIыным щынэсым, шынэхъыжьым, Антэнокъуэ, Бжьэдыгъум кIуэри, хьэщIэ захуищIащ. Я хьэщIэм къыщыжын хуейти, бжьэдыгъухэр Антэнокъуэм къыкъуэуващ. Антэнокъуэм бжьэдыгъу шухэр гъусэ ищIри Жанейм игъэзэжащ, пщыгъуэр шынэхъыщIэм къытрихыжыну. Антэнокъуэм гъусэ къыхуэхъуа бжьэдыгъу шухэмрэ Къамболэтым и унафэм къыщIэна жанейхэмрэ зыбжанэрэ зэзэуащ – зэрытегъэкIуакъым. Я цIыху хэкIуадэурэ зауэр къащытехьэлъэм, бжьэдыгъухэм хасэ зэхуашэсри унафэ ящIащ: «Ди хьэщIэм дыхуэзауэурэ, ди цIыхур къыдогъэукI, ди хьэщIэр тхрекIыжи, лъэпкъитIыр дызэкIужынщ», – жари. Антэнокъуэр хьэщIэщым щIэсти, лIыжь жьакIуэ гуэр хагъэзыхьри ягъэкIуащ я хьэщIэм деж. ХьэщIэщым ихьэри, гузэвэгъуэм хэт пщым мыр жриIащ лIыжьым: «Бжьэдыгъухэм сыкъагъэкIуащ лъы ткIуэпс къащIэмынэжыху къызэрыбдэзэуэнур бжызагъэIэну». «Бжьэдыгъухэм тхьэразэ къыфхухъу, сыкъэвгъэщIэхъуакъыми, щысщыгъупщэн къэхъункъым», – жиIащ зигу къихьэжа пщым. ЛIыжьымрэ пщымрэ хьэщIэщым къикIри хасэм къахыхьащ. Пщым фIыщIэ яхуищIащ хасэм. Бжьэдыгъухэм зыри къагурыIуакъым. «Сыт къыдэпщIэр?» – жари лIыжьым щыхьащ. «Насыпыншэхэ, – къегиящ лIыжьыр и лъэпкъэгъухэм, – фыадыгэкъэ фэ, адыгэм фыкъилъхуакъэ? АфIэкIа утхуэ-

хъумэжынукъым, тхэкIыж жысIэу хьэщIэм дауэт сызэрещынур? Фыкъызэуи, сывукI, сэ хабзэкъутэ сыфхуэхъункъым». ЛIыжь Iущым и псалъэм зыщIигъэгупсысыжащ бжьэдыгъухэр, я хьэщIэм дэшэсыжри, абы Жанейм пщыгъуэр щиубыдыжыху епсыхакъым.

* * *

ЦIыхур щызэрихьэлIэкIэ сэлам зэрах, я Iэ зэроубыд. Дэнэ щызэрихьэлIауи ирехъуи, псом япэр фIэхъус-сэламщ. ЩызэрихьэлIэ елъытакIи адыгэхэм я фIэхъус-сэламыр лIэужьыгъуэ куэд хъууэ щытащ.

Псалъэм папщIэ, Iуэху зыщIэ ирихьэлIэмэ, жраIэ: «IуэхуфIохъу апщий!» Сэлам зрахам жэуап къетыж: «Упсэу апщий!» Абы къыщIигъужынкIэ мэхъу (зэрихьэлIахэм я ныбжь елъытауэ): «Тхьэм и щIасэ ухъу!»

Iэщым пэрытым губгъуэм ущрихьэлIэмэ, абы и сэламри щхьэхуэщ: «Бохъу апщий!» («Уи Iэщыр убагъуэ, бэ ухъу!» жыхуиIэщ). Апхуэдэ сэлам зрахам и жэуапыр «Упсэу апщий!» псалъэрщ, абы къыщIагъужынкIэ хъунущ «Тхьэм и щIасэ ухъу» псалъэр (зэлъытар сэлам зэзыхахэм я ныбжьырщ: Iэщым пэрытыр е Iуэху зыщIэр нэхъыщIэрэ абы сэлам езыхар нэхъыжьмэ, нэхъыщIэм «Тхьэм и щIасэ ухъу» къыжриIэркъым нэхъыжьым, ар щIызыгъур нэхъыжьыращ – кърихьэлIэр щIалэмэ).

Мэкъуауэм уахыхьамэ (е ублэкIмэ), жыпIэнури щхьэхуэщ: «Шхошх апщий!». «Упсэу апщий!» жаIэнурэ сэлам къуахыжынущ, умыпIащIэмэ, зы аргъынэ къадепхьэхын е зы Iэтэ ядызэтеплъхьэн хуейуэ къыптохуэ – абы фIыщIэ къыхокI, пщIэ къыпхуехь. Ар сыт хуэдэ IэнатIэми къыщекIурт – Iуэху зыщIэ урихьэлIэмэ. КIэрашэ Тембот зы хъыбар итхыжащ. ЛIы гуэр шууэ гъуэгу здытетым плъэри мэкъугу уфэрэнкIауэ къилъэгъуащ. Выр щIитIыкIауэ, мэкъур ирелъхьэжри гум зы щIалэ бгъэдэтщ. Абы нэгъуэщI зы щIалэ къыбгъэдыхьауэ илъэгъуащ лIым – езыр нэмыс щIыкIэ. Ари шут. Мэкъур изылъхьэжым къыбгъэдэувыIащ щIалэ шур, ауэ куэдрэ зиIэжьакъым: гум къыблэкIри лIым хуэзанщIэ къэхъуащ. Къэсри сэлам кърихащ. ЛIым гурыщхъуэ ищIати, щIалэм еупщIащ: «Хэт урикъуэ?» – жери. Зи къуэр къыжриIащ щIалэм. «Уи адэм ухуэфащэкъым, – жриIащ лIым щIалэ шум, егийри. – Сынаплъэурэ укъыблэхри зи мэкъугу уфэрэнкIар гъуэгум къытебнащ. Мэкъур щхьэ думылъхьэжарэ?» «Сэлам есхри мэкъур бдислъхьэжынщ щыжесIэм, идакъым. Щимыдэм, сикъыблэхащ», – жиIащ щIалэм, лIыр къыщIегияр къыгурымыIуауэ. «Уи адэм жепIэжынуращ: цIыхукъым абы къилъхуар, хьеуанщ. ЩIыхугъэ пхэлъамэ, уепсыхынти, мэкъур диплъхьэжынт, – ешхыдащ лIыр щIалэм. – Мор нэхъ губзыгъэу къыщIэкIащ уэр нэхърэ. ЩIыхугъэ зыхэмылъым мэкъур дримылъхьэжмэ, нэхъ къищтащ. Мэкъур диплъхьэжамэ, ар зыхуэпщIэр моратэкъым, уи щхьэрат. Ар къыщыбгурымыIуэкIэ, уи гъуэгу ирикIуэ, уи сэлами хуэныкъуэкъым гъуэгум къытебна щIалэр». ЩIалэм ешхыдэри, лIыр гум бгъэдыхьащ, епсыхщ, и IэщхьэлъащхьэрдрихьейрИ, мэкъугур иралъхьэжыху, шэсыжакъым...

ВакIуэ ирихьэлIамэ, адыгэм жеIэ: «Бов апщий!» («Бэ увэ» жыхуиIэщ). «Упсэу апщий!» – аращ абыи и жэуапыр. ЩакIуэм жраIэ:

«Хьэкъужь апщий!». «Упсэу апщий!» жеIэри щакIуэм жэуап къретыж, къиищэкIуам щыщ лы Iыхьэ (блатхьэ, куэ) къыхуэзам ирет. Мэл зыщхэм, хьэмым тетхэм, уэтэрым тесхэм, бжьахъуэм яхыхьэм я фIэхъусри щхьэхуэщ («Хьэм бов апщий!», «Цыщ махуэ апщий!», н.) «Упсэу апщий!» жаIэрэ жэуап къатыжамэ, къыщIагъуж: «Бэв тхьэм къуит», «Пшхын куэду тхьэм къуит».

Гъуэгу тетым жраIэ: «Гъуэгужь апщий!». «Упсэу апщий!» – къратыж жэуап; «Дызэдижьэ апщий!» – апхуэдэ жэуапи къуатыжынкIэ мэхъу гъуэгурыкIуэм (шу зэрихьэлIамэ).

Гъуэгу тетауэ къэзыгъэзэжам жраIэ хабзэщ: «Къохъусыж!» «Упсэуж!» – жери жэуап къетыж гъуэгу тетам.

ХьэщIэ къахыхьамэ, пожьэри кърагъэблагъэ: «ФIэхъус апщий, еблагъэ!» – жари. «ФIым дыхуиблагъэ» е «Уи благъэ куэд ухъу!» – жэуап къетыж хьэщIэм. ХьэщIэр щрагъэжьэжкIэ кIэлъокIуатэри сэлам ирахыж: «Гъуэгу махуэ!» – жари. ХьэщIэм жыжьэ кIэлъыкIуатэ хабзэкъым, тэджыжамэ, хьэщIэр пщIантIэм, уэрамыщхьэм щагъэгувэжыркъым, аращ щIыжаIэр: «ХьэщIэ зи жагъуэ кIэлъыкIуатэ кIыхьщ», е «Хэгъэрей бзаджэ дэкIуатэ кIыхьщ».

Iэнэм пэрыс гуп уахыхьамэ, «Гуп махуэ апщий!» жыбоIэ. «Упсэу апщий! Еблагъэ (еблэгъэж)!» – къуатыжынущ жэуап, гупмахуэбжьэ къуатамэ, абы техъуэхъух хабзэкъым, гупым уздагъэтIысыр уи тIысыпIэщ.

Нэхъыжьрэ нэхъыщIэрэ зэрихьэлIэмэ, нэхъыщIэр нэхъыжьым бгъэдохьэри сэлам ирех. ЩIалэм сэлам къуихамэ, къыпщIэупщIэмэ, «ГъащIэ кIыхь ухъу!» жепIэнущ – уэ фIыуэ унэхъыжьмэ. Зи ныбжь хэкIуэтам жепIэнущ: «Жьыщхьэ махуэ ухъу!» Сэлам къуахрэ къыпщIэупщIэмэ, япэ игъэщыпхъэр мыращ: «Тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ», итIанэ щIыбгъуж хъунущ: «ДыфIщ, лажьэ диIэкъым».

Зыгуэрым и унэ уисауэ укъыщикIыжкIэ жыпIэнущ: махуэм – «Фи махуэ фIы ухъу!», пщыхьэщхьэм – «Фи пщыхьэщхьэ фIы ухъу!», жэщым – «Фи жэщ фIы ухъу!» (е «НэхулъэфI фыкъикI» – жэщыр здынэсам елъытауэ).

* * *

ЩIэныгъэм зэригъэбелджылащи, псори зэрызэпсалъэ, зэрызэгурыIуэ бзэм нэмыщI, пасэрей щакIуэхэм, зекIуэлIхэм бзэ лIэужьыгъуэ гуэр яIащ, зекIуэбзэкIэ, щакIуэбзэкIэ еджэу: щIагъыбзэкIэ зэпсалъэрт зекIуэ ежьа шухэр, псэущхьэхэм я цIэ ираIуэртэкъым щакIуэхэм. Абы щхьэусыгъуэ иIэщ: зекIуэлIым и щэхум щыгъуазэIа хъунутэкъым – хэт и гъусэ, дэнэ лъэныкъуэкIэ здиунэтIынур, я гъуэгур кIыхь хьэмэ кIэщI? Псэущхьэхэм я цIэ ираIуэмэ, щакIуэхэм я Iуэху къадэмыхъуну (къамыщэкIуфынуIауэ) къалъытэрт. ЗекIуэлIхэм я бзэм бзыщIа щыхъурт, псалъэм папщIэ, «шы», «шабзэ», «Iэщэ», «гъуэгу», «джатэ», «къамэ», «сэшхуэ», къинэмыщI псалъэхэр, абыхэм я пIэ ирагъэувэрт езы зекIуэлIхэм фIэкIа нэгъуэщIым къыгурымыIуэ псалъэ IэрыщIхэр. ЯбзыщI псалъэхэр бзэм щыхэкIуэдыкIыжыпи къыщыхъу щыIащ, абыхэм я пIэ иувауэ ди бзэм нобэ къыщыдогъэсэбэп зекIуэбзэм, щакIуэбзэм къыхэкIа псалъэ куэд. ЩакIуэбзэм

къыхэкIащ, псалъэм папщIэ, псэущхьэхэм я нэхъыбэм я цIэхэр: дыгъужь, мыщэ, тхьэкIумэкIыхь, бжьо, хьэIуцыдз, кIэпхъ, нэгъуэщIхэри – ахэр зэгуэр ябзыщIа псэущхьэцIэхэм я пIэ иувэри, ди бзэм къыхэнауэ ноби къыддогъуэгурыкIуэ. Зыми ищIэжыркъым пасэрей адыгэхэр дыгъужьым, мыщэм, тхьэкIумэкIыхьым, бжьом, кIэпхъым зэреджэу щытар, нобэрей ди бзэм къыщызэтенар я фэм, я дуней тетыкIэм елъытауэ а псэущхьэхэм къыхуагупсыса цIэхэрщ: Iэщ, мэл яфIэзыхь (яфIэзыдыгъу) хьэкIэкхъуэкIэм и цIэр ябзыщIри «дыгъужь» фIащащ, щакIуэм нэхъ зримыку, нэхъ зыщышынэ псэущхьэм «мыщэ» цIэр тригъэIукIащ (и цIапэр ибзыщIри); апхуэдэущ тхьэкIумэкIыхьми, кIэпхъми, бжьоми, хьэIуцыдзми я цIэ дыдэр яфIэкIуэдурэ цIэщIэ зэрагъуэтар.

* * *

Хы Iуфэр лъахэ яхуэхъуауэ ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуащ адыгэхэр. Хы Iуфэм щыIускIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, адыгэхэм хыр зекIуапIэ яхуэмыхъункIэ Iэмал иIакъым – абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр. Хым кхъуафэкIэ техьэурэ, адыгэхэр хы адрыщIым ис пасэрей лъэпкъхэм я деж нэсырт, нарт хъыбархэми къызэрыхэщщи, «хы тIуащIэм дыхьэурэ», гъуэгуанэ кIыхь зэпачыфырт, хыдзэлIхэр хым трашэрти, «кхъухь фIыцIэжьхэм» хым къызэпраш зэуакIуэхэм япэувырт, сату ящIын хъуми, хым кхъуафэкIэ зэпрыкIырт. Пасэрей адыгэ лъэпкъхэм хыр зекIуапIэ яхуэхъуауэ зэрыщытар куэдрэ къыхощ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ.



Академик Паллас зэритхыжамкIэ, Анапэ деж щыса адыгэпщ гуэрым кхъуафэ зыбжанэ иIащ. Ар дыдэм ирихьэлIащ академик Клапроти. «А пщыр къулейт, – етх абы, – сату ищIырт, и кхъуафэ зыбжанэ хым тетт». Адыгэхэм сату ядэзыщIу щыта гуэрым, Скасси, зэритхыжамкIэ, хы Iуфэм Iуса адыгэпщ Индар Мэхьмэти иIащ кхъуафэ зыбжанэ.

Адыгэхэр хым кхъуафэкIэ щызауэу зэрыщытам и хъыбар куэди къэнащ. Абы щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщIэ, француз дипломат Мариньи, урыс генерал Бларамберг, француз щIэныгъэлI Монпере, нэмыцэ еджагъэшхуэ Кох сымэ, нэгъуэщIхэри. «Ахэр тенджызым къызэтригъэувыIэркъым: я кхъуафэхэм йотIысхьэри хы Iуфэм къесылIэ кхъухьхэм тоуэ, щаубыди куэдрэ къохъу», – итхыгъащ Мариньи адыгэхэм щхьэкIэ. Бларамберг зэритхамкIэ, адыгэ кхъуафэхэр хым тохьэри жыжьэ IуокI. «Хым тет кхъухьхэм ахэр нэхъ щытеуэр жэщущ: заудыгъури бгъэдохьэ, кхъухьым зэрогуэри, модрейхэм зыкъащIэжыху, Iуэхум кIэ ират», – итхыгъащ Бларамберг.

Щыгъуазэхэм зэратхыжамкIэ, адыгэ кхъуафэхэм цIыхуищэм щIигъу ихуэрт; адыгэ кхъуафэхэр лъэгубгъуэт, псынщIэрыкIуэт, фэ тебзати, гъущэ зэпытт, я пэм псэущхьэ гуэрым и сурэт тетт, хьэнцэхэр Iэрыхуэт, кхъуафэхэм руль яIэт, парус зэпэплIими ящхьэщытт. «Пасэрейхэр адыгэ кхъуафэхэм камарэкIэ еджэу щытащ», – итхащ Мариньи. Абы зэритхымкIэ, «псыр хьэнцэкIэ щыщIатхъум деж макъкIэ дожьу: зым къыхедзэ, адрейхэм абы къыхидза «арирашэ» псалъэр япхъуатэ, абы хьэнцэр дыщIадз».

Пасэрей адыгэхэм я хъыбар зытхыжахэм зэхагъэгъуащэркъым кхъуафэхэмрэ кхъуафэжьейхэмрэ: цIыхуищэм щIигъу зэрыхуэ

кхъуафэхэм дзэ иризепшэ, сату ІуэхукІэ жыжьэ урикІуэ хъуурэ щытащ. Зэманым къелакъым адыгэ кхъуафэхэр – абыхэм щыгъуазэ зэрызыпщІыфынур зылъэгъуахэм къызэраІуэтэжамкІэщ. Ахэр къэсащ епщыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм – адыгэ хы Іуфэр урыс дзэлІхэм яубыдыху. Адыгэ кхъуафэхэм сурэт ятрищІыкІауэ щытащ художник цІэрыІуэ Айвазовскэм: «Адыгэ кхъуафэхэр» – аращ абы ищІа сурэтым зэреджэр.

Адыгэбзэм къыщызэтенащ кхъуафэ (кхъухь) пкъыгъуэхэм зэреджэ псалъэ зыбжанэ: хъурзэ, кІарэ, хьэнцэ (е кхъуэхьэнцэ, кхъухь хьэнцэм къытекІауэ), жьыху, къинэмыщІхэри. КхъуафэкІэ хым техьэ зауэлІхэм хыдзэлІкІэ, абыхэм я пашэм кхъухьыпщкІэ еджэу щытащ. Хым пыщІа псалъэ куэди къыщызэтенащ адыгэбзэм: хы тІуащІэ, хыжьэ, хы тІуалэ, тІуапсэ, хыІу, хыуае, хысыдж, хыкхъуэ, хытхьэрыкъуэ, н.

* * *

ЩІэныгъэлІхэм къызэрахутамкІэ, адыгэшым и ныбжьыр илъэс минищым ноблагъэ. Нартхэм я лъэхъэнэм дунейм къытехьэри, апхуэдиз гъуэгуанэ къызэпичащ абы, шы лъэпкъ цІэрыІуэхэм ящыщ зы хъун папщІэ.

Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ шы зэрызэрахуэм щыхьэт тохъуэ археологхэм щІы щІагъым къыщІахыж пасэрей хьэпшыпхэри, пасэрейхэм къызэранэкІа тхыгъэхэри. Тхыдэм къыхэнащ мыпхуэдэ хъыбар: пасэрей дзэпщ цІэрыІуэ, ди эрэм ипэкІэ IV лІэщІыгъуэм псэуа Александр Македонскэм и адэм, пащтыхь Филипп ЕтІуанэм, Псыжьрэ Тэнрэ къыщищэхугъащ шы мин тІощІ.

Пасэ дыдэу цІэрыІуэ хъури, адыгэшым и пщІэмрэ и уасэмрэ зэи ехуэхыжакъым, абы щыхьэт техъуэфынущ мы зы щапхъэри: шы ящэхун щхьэкІэ, сатуущІэхэр щызэхыхьэ кърым бэзэрхэм адыгэшыр нэгъуэщІ шы лъэпкъхэм елъытауэ хуэдэ 20–25-кІэ щынэхъ лъапІэт. Пасэрей дзэпщхэм я деж къыщыщІэдзауэ, шуудзэ зыгъэшэс дэтхэнэми адыгэшым пащІ щыІакъым, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури, адыгэшым и лІэужьыр жыжьэ нэсащ, абы илъ ящІэтщ нобэ дунейм щыцІэрыІуэ шы лъэпкъ куэдым.

Пасэрейм мыпхуэдэ псалъэ къызэринэкІащ: цІыхум дамэ къритакъым тхьэм, дамэ къыщримытым, шыкІэ къыхуэупсащ. Дамэ пэлъытэт шыр цІыхум дежкІэ. Гъуэгуанэм я нэхъ кІыхьри игъэкІуэщІыфырт адыгэшым, еш ищІэртэкъым, зекІуэлІыр гъуэгум къыщытрини къэхъуакъым. Бгылъэ ихьамэ, адыгэшыр мэз бжэным хуэдэт, бгы задэми, щыхупІэми, лъагъуэ зэвми, къуршыпс уэрми щыщтэртэкъым – шыщІэ ныбжьым щитым щыщІадзэрти, а псом хуагъасэрт.

Шы лъэпкъ цІэрыІуэ зыбжанэ къагъэхъуащ адыгэхэм. Нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщщ щолэхъур, трамыр, абыкъур, бекъаныр, есэнейр, нэгъуэщІхэри – шыр зей лъэпкъым я цІэр фІэщыжауэ. Зейм я дамыгъи традзэрт шым, зы лъэпкъым и дамыгъэ нэгъуэщІ лъэпкъым къигъэсэбэп хъунутэкъым. ЩолэхъукІэ зэджэ шы лъэпкъым мыпхуэдэ хъыбар къыдогъуэгурыкІуэ. Шыр зейм, Щолэхъупщым, и дамыгъэр нэгъуэщІхэми къагъэсэбэп щыхъум, пщым ар къезыщІар къиумысын мурад ищІащ. Пхъэшыкъу лъагэ игъэуври, пщым дамыгъэ

нэпцI зытелъ шыхэр зэхуригъэхусащ, езым ишхэри хиутIыпщхьащ. Пхъэшыкъум ихьэри, пщым шыхэр игъэщтащ яхэуэурэ. Щигъащтэм, пхъэшыкъум елъэфар езым ишхэрщ, дамыгъэ нэпцI зытелъ шыхэр пхъэшыкъум къинащ. «Пхъэшыкъум къинар щолэхъукъым, щолэхъур пхъэшыкъум елъащ», – жиIащ пщым. Абы и ужькIэ Щолэхъупщым и дамыгъэ зыми къигъэсэбэпыжакъым.

Гъуэгуанэ кIыхь зэригъэкIуэщIыфым, тафэри бгылъэри зэризэхуэдэм нэмыщI, адыгэшыр Iущт, жэщ мазэхэми гъуэщэнутэкъым, епсыхамэ, ямылъахъэми, зейм бгъэдэкIынутэкъым, апхуэдизкIэ есэрти. Адыгэшым итхьэкъуа тхакIуэ цIэрыIуэ гуэрым мыпхуэдэ псалъэ къызэринэкIащ: «ФIамыщIым хуэдэщи, къарапцIэщ, и лъэр псыгъуэщ, и нэ дахитIыр птригъэкIыркъым, и гуащIэр-щэ! Ибгъэлъамэ, къыжьэдэпкъуэжыху къызэтеувыIэнукъым; къосэнщи, хьэм хуэдэу уи ужь итынщ...» Абы щIыдгъужынщ: адыгэшым нал щIалъхьэу щытакъым, и лъэбжьанэр апхуэдизкIэ быдэти.

* * *

Нарт эпосым и купщIэр дунейм къызэрытехьэ лъандэрэ адыгэхэм къадогъуэгурыкIуэ дамыгъэкIэ зэджэр. ЩIы щIагъым къыщIэкIащ илъэс минищым нэблагъэ ныбжь зиIэ дамыгъэ, кхъуэщын къутахуэхэм, мывопцIэхэм, къинэмыщI пасэрей хьэпшыпхэм къытенауэ. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ дамыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм. КъыщежьагъащIэм дамыгъэм и къалэнар зыщ: абыкIэ ягъэнахуэу щытащ цIыхум бгъэдэлъ мылъкур – шым, Iэщым, унагъуэм щызэрахьэ хьэпшыпхэм, Iэмэпсымэхэм традзэурэ. Хуэм-хуэмурэ ар хъуащ лъэпкъым и дамыгъэ, и къалэнми зиубгъуащ. Дамыгъэр нэхъ иужьыIуэкIэ традзэ хъуащ мывэ сынхэм, ныпхэм, Iэщэ-фащэхэм.

Дамыгъэр лъэпкъым и тхыдэ пэлъытэщ, абы уригъуазэмэ, белджылы пхуэщIынущ лъэпкъхэм я къежьапIэр, абыхэм зэпача гъуэгуанэр. Куэдрэ урохьэлIэ лъэпкъ зыбжанэм зы дамыгъэ щызэрахьэ. Зы дамыгъэ зэрахьэнкIэ мэхъу уеблэмэ зэхамэ, зэпэжыжьэ лъэпкъхэми. ЗэрымыщIагъэкIэ зэтехуэнкIэ мэхъу лъэпкъ зыбжанэм зэрахьэ дамыгъэр – нэхъыбапIэм деж аращ зэрыхъу хабзэри, итIани лъэпкъ зыбжанэм зы дамыгъэ зэрахьэу урихьэлIэмэ, апхуэдэ лъэпкъхэм зы щIэдзапIэ яIэнкIэ мэхъу – зы лIым къытекIауэ. Зы дамыгъэ зезыхьэ лъэпкъ куэд ущрохьэлIэ, псалъэм папщIэ, къэбэрдейхэмрэ кIахэ адыгэхэмрэ я деж, езыхэм ямыщIэжынкIэ мэхъу ахэр зэрызэшыр, зы лIым къызэрытехъукIар – зэшхэр зэрызэфIэкIуэдрэ куэд щIамэ, ауэ къызытехъукIам къахуигъэна дамыгъэр ягъэгъуащэркъым.

Лъэпкъ дамыгъэхэм пщIэшхуэ щаIащ пасэрей адыгэхэм я деж, нэхъыбэрэ къызэрагъэсэбэпари шым традзэущ, хабзэ гъэщIэгъуэни яхэлъащ, шыр зейм елъытауэ. Шым и кIэбдз сэмэгум дамыгъэ тезыдзэ хабзэр пщырат; кIэбдз ижьым тедзауэ урихьэлIэмэ, ар зи шыр е уэркът, е лъхукъуэлIт. Абы щхьэусыгъуэ иIащ. Шу гуп зэдежьэмэ, щырыщурэт зэрызэбгъурыувэ хабзэр, пщыр, нэхъыщIэми, яку дагъэувэрт, абы и шым и дамыгъэр щIауфэн щхьэкIэ. Пщым и сэмэгурабгъумкIэ увыр уэркъ шурати, абы и дамыгъэр зытелъын хуейр шым и кIэбдз ижьырат; пщым и ижьырабгъур зылъысым и дамыгъэри шым и кIэбдз сэмэгум телът, ар уэркъыуи лъхукъуэлIуи щрырети. Апхуэдэ хабзэкIэ зэб-



5 Заказ №289

гъурыувамэ, шууищми я дамыгъэхэр гъэпщкIуа хъурт. Шууищым зы яхэкIын хуей хъумэ, хэкIыр ижьырабгъумкIэ щытырати, ар къабгъурыувэжыху, модрей шууитIым я дамыгъэхэр зэрыщIэуфауэ къанэрт.

Лъэпкъ дамыгъэхэм къалэн зэмылIэужьыгъуэ куэд ирирагъэзащIэу къэгъуэгурыкIуащ адыгэхэр. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщIэ, адыгэ дзэпщхэм я ныпхэм дамыгъэ хащIыхьу зэрыщытам. ЗекIуэ щежьэкIэ, зэрыхабзэти, дзэпщым нып здрихьэжьэн хуейт, и лъэпкъ дамыгъэр хэщIыхьауэ. ЛIыгъэ зэрихьауэ зауэм хэкIуэда цIыхум и кхъащхьэм щыхасэрт ар къызыхэкIа лъэпкъым и дамыгъэ зытелъ нып, абы кхъащхьэдэсэкIэ еджэрт. А хабзэр ди деж къэсакъым, къэсар мывэ сынырщ: мывэ сыным ноби хащIыхь лъэпкъ дамыгъэр, ар щыхьэт тохъуэ нобэрей мывэ сынхэм пасэрей нып кхъащхьэдэсэхэр щIэдзапIэ зэрахуэхъуам. Лъэпкъ дамыгъэхэр традзэрт хьэгъуэлIыгъуэм деж, вакIуэ щыдэкIкIэ, къаныр щрашэжкIэ, шурылъэс щыджэгукIэ зэрахьэу щыта ныпхэми. Адыгэ уэрэдыжь гуэрым мыпхуэдэ псалъэ хэтщ: «Емынэм и бэракъ фIыцIэр Мэртазэхэ къыщызэфIащIэ». Тхыдэм ущымыгъуазэмэ, а псалъэм къикIыр къыбгурыIуэнукъым. Бэракъ фIыцIэ трагъэувэу щытащ емынэ узым ихьа унагъуэм я унащхьэм.

* * *

Балигъ хъууэ шырэ Iэщэрэ зэригъэпэща нэужь, нартыр зекIуэ йожьэ. ЗекIуэм къыщонахуэ нартым и лIыгъэр: зекIуэ щIежьэ хабзэр бийр хагъэщIэн, ялъ ящIэжын щхьэкIэщ е шыбз гуартэ къахун папщIэщ. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщщи, зекIуэ ежьэмэ, нартхэм гъуэгуанэшхуэ зэпач: Индыл зэпрокI, хы тIуащIэм дохьэ. Индыл зэпрыкIащ Нэсрэн ЖьакIэ зи шу пашэ нартхэр; Ашэ зыукIа Лъэбыцэжьей Индыл адрыщIкIэ тIуащIэм дэсщ; Уэзырмэдж хы тIуащIэм дыхьащ кхъуафэм итIысхьэри; чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу Бэдынокъуэ и зекIуапIэр Тэн губгъуэщ – нарт хъыбархэм къызэрыхэщщи, Тэн иригъуазэурэ мэзекIуэри чынтым яхохьэ, чынтыр хегъащIэри, шыбз гуартэ къеху... ЗекIуэм апхуэдэ гуэркIэ цIэрыIуэ щымыхъуа яхэткъым нартхэм. Жьы хъуэ и унэ итIысхьэжыху, е и щхьэр хилъхьэху (нэхъыбэм дежи аращ зэрыхъур), епсыхыркъым нартыр, Iэщэри игъэтIылъыркъым. Адыгэхэм апхуэдэ хъыбар къадэгъуэгурыкIуэнтэкъым, зекIуэм хэт зэпытурэ я дунейр къамыхьатэмэ. Ди тхыдэм ущыгъуазэмэ, адыгэр зы махуэ епсыхауэ е и Iэщэр игъэтIылъауэ уи фIэщ мыхъуным хуэдизщ. ЗэрыпхъуакIуэ Iэджэм натIэрыуапIэ къащIауэ, къумым къикI, хым къызэпрыкI зауэшыхэм псэугъуэ ирамыгъахуэу, лIэщIыгъуэ кIыхьхэм къапхыкIащ адыгэхэр, я псэр дзапэкIэ яIыгърэ лъы щрамыкIут махуэ ямылъагъуу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэ дунейр ижь-ижьыж лъандэрэ зи натIэ адыгэхэр зауэм хуэщIауэ псэун хуей хъурт, я щIэблэр лIыгъэм щIапIыкIыну я пщэ къыдэхуэрт. Аращ нарт эпосми нэгъуэщI IуэрыIуатэхэми зекIуэлI хахуэр щIагъафIэр, абы и щапхъэм щIэблэр щIыщIагъэджыкIыр. Ижь-ижьыж лъандэрэ цIэрыIуащ адыгэ шур – абы щыхьэт тохъуэ адыгэхэм я тхыдэм щыгъуазэ дэтхэнэри. «Зы адыгэ шум хигъэщIэфынущ бий шу тIощI, – итхыгъащ адыгэ лъахэм къихьа хьэрып тхакIуэ гуэрым. – Ар ишкIи, и IэщэкIи, и лIыгъэкIи хэти йофIэкI». НэгъуэщI гуэрым итхыгъащ:

«Дунейм теткъым адыгэ шуудзэм пэхъун. Ар ежьэмэ, мафIэлыгъэм зидза хуэдэщ. Адыгэ шу зыбгъупщIым зэхакъутэфынущ шууищэ». НэгъуэщIми етх: «Адыгэ шур бийм и дзэм хыхьамэ, аслъэныр Iэщ хъушэм хэлъэда хуэдэщ. Абы и сэшхуэр уафэхъуэпскI пэлъытэщи, бийр лъэрыщIыкI зэтрещIэ». Пасэрей тхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, дзэпщхэм, тхыдэтххэм къызэраIуэтэжымкIэ, зауэм Iухьамэ, адыгэ шум и псэр пытыху зиттэкъым, псэууэ бийм зыIэригъэхьэнутэкъым, апхуэдэ къызыщыщIыр цIыхум хабжэжыртэкъым, гъуси ящIыжыртэкъым.

Илъэсым нэблагъэкIэ гъуэгу щытет щыIэт зекIуэ ежьар. Я пашэр Iущмэ, дуней илъэгъуамэ, зекIуэ ежьа шу гупыр гъуэгум щыгъуэщэнутэкъым. ГъуазэкIэ еджэу щытащ зекIуэ ежьа шу гупым я пашэм. Гъуазэр ныбжькIи лъэпкъкIи хахыртэкъым, гъуазэ ящIыр зекIуэлIхэм я дзыхь зрагъэз, пщIэ зыхуащI, лIыгъэ зыхэлъ цIыху Iущырт. Гъуазэм и псалъэм емыдаIуэ, абы и унафэм емыувалIэ зекIуэм къыхэкIыртэкъым. ЗекIуэ ежьа шу гупыр кIуэдыпIэ ихуэнуми зылъежьар къехъулIэнуми зэлъытар гъуазэрат, арат абы и пщIэр щIэлъагэр.

ЗекIуэ хабзэр куэдрэ яхэлъащ адыгэхэм – лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэу. Ар хэбгъэгъуащэ хъунукъым иужькIэ дунейм къытеужьгъауэ щыта хъунщIакIуэ-дыгъуакIуэ гупхэм.

* * *



Археологхэм щIы щIагъым къыщIахыж пасэрей Iэщэхэм ящыщщ джыдэр. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, мывэм къыхащIыкI зэрыхъу лъандэрэ пасэрейхэр джыдэм ирищакIуэу, иризауэу къэгъуэгурыкIуащ, ар шабзэми джатэми нэхърэ нэхъ пасэу къытехьащ дунейм. Iэщэу къежьами, абы и Iэщэ «къалэныр» хуэм-хуэмурэ фIэкIуэдри, унагъуэм щызэрахьэ Iэмэпсымэ хъуащ. Джыдэм Iэщэ «къалэн» щиIам пасэрей адыгэхэр абы зэреджэу щытар нэгъуэщI псалъэщ – «уэщ» («уэн» псалъэм и лъабжьэгъущ, ари щыхьэт тохъуэ джыдэр пасэрейхэм Iэщэу зэрызэрахьам). «Джыдэ» псалъэр нэгъуэщIыбзэм къыхэкIащ, ар адыгэбзэм къыщыхыхьам щыгъуэ джыдэм «Iэщэ» мыхьэнэ иIэжакъым – унагъуэм щызэрахьэ Iэмэпсымэ хъуакIэт (абы нэхърэ нэхъ IэщэфI къагупсысати), аращ хамэбзэм къыхэкIа псалъэм («джыдэм») адыгэ псалъэр («уэщыр») иригъэкIуэтын, абы и пIэ иувэн щIыхузэфIэкIар.

«Уэщ» псалъэр лъэныкъуэ егъэза хъуа щхьэкIэ, ар адыгэбзэм хэкIуэдыкIыжакъым: «джыдэм» нэхърэ нэхъ мащIэрэ къагъэсэбэпми, адыгэбзэм ноби къыщызэтенащ, и мыхьэнэм зэрызихъуэжа щIагъуэ щымыIэу. Шабзэми джатэми нэхърэ нэхъыжьщ уэщыр – пасэрей цIыхум япэ дыдэ къиищта Iэщэщ ар: япэщIыкIэ мывэм (псалъэм папщIэ, щтаучым), иужькIэ гъущIым (бронзэм) къыхищIыкIыурэ. Шабзэр, иужькIэ джатэр зэрихьэ хъуа нэужь, пасэреймгу лъитащ шабзэри джатэри уэщым нэхърэ зэрынэхъ Iэрыхуэм. Ар щхьэусыгъуэ хуэхъури, уэщыр IэщIыб ищIыжащ пасэрейм, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ар унэм кърихэри, шабзэрэ джатэкIэ зызэщIиузэдащ. Псэ быдэу къыщIэкIащ а тIур: адыгэхэм шабзэри джатэри зэрахьащ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэ пщIондэ. Япэ дыдэ къежьа Iэщэм – уэщым – апхуэдэ гъащIэ иIакъым; нэхъ гъащIэ кIыхь хъуащ уэщым къытехъукIыжа Iэщэр – майдэкIэ зэджэр (бердыш жыхуаIэр).

* * *

Нартыр гъуэгу техьэн, зекIуэ ежьэн ипэ Iэщэ-фащэкIэ зызэщIеузадэ – зекIуэ ежьа нартым нэхъыбэрэ дэплъагъур шабзэрэ джатэрэщ; бжы е бжыщхьэдыкъуакъуи зэрехьэ нартым. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ шабзэри, джатэри, бжыри япэ дыдэ къежьа Iэщэхэм зэращыщым. Джатэ ящI щыхъуар, зэрыгурыIуэгъуэщи, гъущIыр дуней м къытехьа нэужьщ, абы ипэ ящIащ шабзэмрэ бжымрэ, ауэ а тIури Iэщэ шынагъуэ щыхъуар гъущIыр къежьа нэужьщ; щIы щIагъым куэдыкIейуэ къыщIокIыж шабзэшэмрэ бжымрэ палъхьэу щыта гъущI папцIэхэр. Джатэм и гугъу умыщIыххэми, нартхэм я лъэхъэнэ лъандэрэ адыгэхэм зэрахьа шабзэмрэ бжымрэ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм къэсащ: шабзэрэ бжыкIэ зэщIэузэдауэ Кавказ зауэм хэтащ адыгэ шухэр. Хъан-Джэрии нэгъуэщI щыгъуазэхэми зэратхыжамкIэ, адыгэ зауэлIым зэрихьэ шабзэр Iэщэ шынагъуэт, ар фочым нэхърэ зэрынэхъ тIасхъэ щыIэтэкъым, фочышэр здынэсым шабзэшэри нэсырт, ар зыщIэхэм (шабзащIэхэм) я IэщIагъэм пщIэшхуэ иIэт, адыгэ шабзэхэр куэдыкIейуэ ящэхурт нэгъуэщI лъэпкъхэм (Хъан-Джэрий щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, къырым хъанхэм я дзэр зэрызэщIэузэдар адыгэхэм я деж щащэхуа шабзэт).

Нарт хъыбархэм зэзэмызэщ къамэрэ сэшхуэрэ къыщыхэхуэр. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: къамэри сэшхуэри къыщежьар иужькIэщ – курыт лIэщIыгъуэхэрщ. Джатэм нэхърэ зэрынэхъ Iэрыхуэм гу лъата нэужь, адыгэхэм ящI хъуащ зи цIэр жыжьэ Iуа сэшхуэр: адыгэ сэшхуэкIэ заузэдауэ щытащ, псалъэм папщIэ, урыс шуудзэм, езы «сэшхуэ» псалъэри урысыбзэм хыхьащ – аращ урысхэм я «шашкэр» къызытекIар.

Пасэрейхэм, псалъэм папщIэ, алыджхэм, Iэщэ гуэр яIащ баллистэкIэ еджэу: абыкIэ мывэ ядзурэ къалэ блыныр якъутэрт. Пасэрей адыгэхэми апхуэдэ Iэщэ гуэр зэраIам щыхьэт тохъуэ нарт эпосыр: Гъуд къалэ къыщащтэм, нартхэм Батэрэз къалэм дадзэ... Нарт эпосым апхуэдэ хъыбар къыщIыщызэтенар, дауи, щхьэусыгъуэншэкъым: баллистэ (къалэ зэракъутэ) Iэщэ пасэрей адыгэхэм ямыIатэмэ, я IуэрыIуатэм абы и лъэужь къыщызэтенэнутэкъым.

Адыгэбзэм ихъумащ пасэрей Iэщэм (баллистэм) и цIэри – «мывэдз». МывэдзкIэ (баллистэкIэ) якъутэри нартхэм Гъуд къалэ къащтащ (нарт эпосым къызэрыхэщымкIэ, Гъуд къалэ мывэ сэреиблкIэ къэщIыхьауэ щытащ). Нарт эпосым къыхэнар а зы къалэм и цIэрами, пасэрей адыгэхэр, зекIуэ ежьэурэ, нэгъуэщI быдапIэхэми ебгъэрыкIуэу зэрыщытам тхыдэр щыхьэт тохъуэ.

* * *

«Мы гъэм сыт ди гъавэ?» – жери къоупщI Тхьэгъэлэдж и анэр. Тхьэгъэлэдж жэуап иретыж: «IэкIуэцIищэр зы пхыру, пхырищэр зы Iэтэу, Iэтищэр зы гъэсэгуу, гъэсэгуищэр зы щэджу, щэдж щий згъэуващ». Ар и гуащIэщ нартхэ я Тхьэгъэлэдж: нартхэ я мэшыр зыщIэр – зысэр, зыхыр, зыIуэр, зыгур Тхьэгъэлэджщ. Мэш ящIэрэ и хъугъуэ нэсмэ, ар зэрахыжын гъубжэ нартхэ яхуищIащ Лъэпщ. Апхуэдэущ пасэрей IуэрыIуатэм пасэрей Iэмэпсымэм и хъыбарыр къызэры-

хэнар. IуэрыIуатэм абыкIэ жиIэну зыхуейр гурыIуэгъуэщ: ар къежьащ мэш ящIэ щыхъуа лъэхъэнэм. ГъущI ягъавэ хъуатэкъым, гъубжэр къыщежьам. Абы щыхьэт тохъуэ археологхэм щIы щIагъым къыщIахыж мывэ гъубжэхэр: абыхэм илъэс миниплIым щIигъу зи ныбжь яхэтщ. Мывэ гъубжэ къыщIэкIащ апхуэдиз ныбжь зиIэ Iуащхьэжьхэм, испы унэхэм, кхъэлъахэхэм: ахэр, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хьэкъущыкъухэм, къинэмыщI хьэпшыпхэм щIыгъуу, дунейм ехыжам дыщIалъхьэу щытащ пасэрейхэм. Япэ гъубжэр пасэрейм къыхищIыкIащ мывэм. Абы щыхьэт тохъуэ щтаучым къыхэщIыкIа гъубжэ куэд щIы щIагъым къызэрыщIахыжар.

ГъущI лIэщIыгъуэкIэ зэджэр къэунэхуа нэужь, гъубжэр гъущIым, домбеякъым къыхащIыкI хъуащ, абы щыхьэт тохъуэ езы «гъубжэ» псалъэр: щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, «гъубжэмрэ» «гъущIымрэ» я лъабжьэр зыщ – «гъу» псалъэрщ. Ар дыдэр (гъу-р) лъабжьэ хуэхъуауэ къалъытэ «гъуджэ» псалъэми. Адыгэ щIыналъэм ит Iуащхьэжьхэм ящыщ зым къыщIэкIащ домбеякъым (бронзэм) къыхэщIыкIа пасэрей гъуджэ; гъуджэри пасэрейхэм хьэдэм дыщIалъхьэ хьэпшыпхэм ящыщащ.

* * *



Тхыдэр щыхьэт тохъуэ адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ гъавэ зэращIэм. Абы къикIыр гурыIуэгъуэщ: гъавэ зыщIэ хъуам зыужьыныгъэ игъуэтат, Iэпхъуэшапхъуэм къыпыкIри, и пIэ итIысхьат, IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ ирипсэу хъуакIэт. Адыгэбзэм и тхыдэр зыджхэм къалъытэ гъавэцIэхэм, псалъэм папщIэ, «ху», «хьэ», «гуэдз» псалъэхэм ныбжьышхуэ яIэу. Пасэрей алыдж тхакIуэхэри аращ щыхьэт зытехъуэр: пасэ дыдэу гъавэ зыщIэ хъуа лъэпкъыжьхэм хабжэ адыгэхэр. Абыхэм зэратхамкIэ, пасэрей алыдж къэралхэм гъавэ куэдыкIейуэ къыщащэхурт Псыжь иса лъэпкъхэм я деж.

Тхыдэм къызэригубзыгъыж лъандэрэ гъавэ зыщIэ адыгэхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, хабзэ гъэщIэгъуэн куэд къадэгъуэгурыкIуащ гъавэм епхауэ. Абыхэм ящыщщ ныбжьышхуэ зиIэ вакIуэдэкI, вакIуэихьэж хабзэхэр. Ди зэманым къэса хъыбархэм уригъуазэмэ, вакIуэ щыдэкIкIэ, вакIуэ къыщихьэжкIэ мыпхуэдэ хабзэхэр зэрахьащ адыгэхэм.

ВакIуэ щыдэкIкIэ. Ар махуэшхуэт, жылэ псом ягъэлъапIэрт. Гъатхэр къихьэрэ щIым хуабэ къыщIыхьамэт (гъэрэ щIырэ зэхэкIа нэужь) вакIуэ щыдэкIыр. ВакIуэ дэкIынухэр дзейуэ (унагъуэ-унагъуэкIэ) зэгухьэрт, пхъэIэщэхэмрэ къинэмыщI Iэмэпсымэхэмрэ гум иралъхьэрти, гъуэгу техьэрт. Зэрыхабзэти, вакIуэ ежьахэм жылэр кIэлъыкIуатэрт, къуажэбгъум деж Iэнэ щыхуагъэувырти, хъуэхъубжьэ яIэтырт. Губгъуэм нэсамэ, пщыIэ хасэрт, вакIуэ тхьэмадэм и пщыIэм нып фIадзэрт. ВакIуэ тхьэмадэм и унафэм псори едаIуэрт, абы и псалъэ тIэужыIэ ящIыртэкъым. Выр щыщIащIэнури выр щыщIатIыкIынури зыгъэнахуэр вакIуэ тхьэмадэрт; тIысыгъуэ (щIэтIыкIыгъуэ) хъуамэ, тхьэмадэм ныпыр игъэджалэрти, вакIуэлIхэр пщыIэм къытехьэжырт. Вэн-сэныр зэрымылэжьыгъэ псынщIэр гурыIуэгъуэщ, итIани губгъуэм итхэм нэжэгужагъэр зыханэртэкъым, лэжьыгъэм къыщыдэхуэм (уэлбанэ хъуауэ выр щыщIамыщIэм деж) щIалэгъуалэм джэгу

зэхашэрт, къуажэм ягъэззэжурэ я нэгу зрагъэужьырт, езыхэм IэнэщI гуэр къахыхьамэ, пхъэIэщэ шэрхъым ирапхырти, «и щхьэр къимыщэхужауэ» (мэл жьагъэкIэ, фадэ-пIастэкIэ) яутIыпщыжыртэкъым. ВакIуэ щIалэхэр жэщкIэ къуажэм дыхьэжырти, къуажэпщым и пхъум и пыIэр къадыгъуырт. Зи пыIэ яхьа пщащэм ищIэрт ар «къищэхужын» зэрыхуейр.

Вэн яуха нэужь, пхъэIэщэр зэщIалъхьэжырти, шыгъушыпс зэтраутхэрт. Шыгъушыпс зэрамыутхыжамэ, ягу зэбгъауэ арати, къыкIэлъыкIуэ гъэм дзейуэ зэувэлIэжыртэкъым. ВакIуэ къыщихьэж махуэм шыгъушыпс зрамыутхыжар нэгъуэщIхэми дзей ящIыжынутэкъым.

ВакIуэ къыщихьэж махуэм вакIуэлIхэм деж жылэм лIыкIуэ ягъакIуэрт: щIалэхэр шууэ, пщащэхэр гум исуу, ажэгъафэ, бжьамияпщэ ящIыгъуу. ВакIуэ тхьэмадэм и ныпыр зы шу IэщIалъхьэрти, вакIуэлIхэр губгъуэм къикIыжырт, жылэр мыдэкIэ къуажэбгъум щызэхэтти, вакIуэлIхэр кърагъэблэгъэжырт, вакIуэ тхьэмадэм пщыIэ хухасагъэххэти, ныпыр фIадзэрт, шыгъупIастэр я куэдти, тхьэмахуэ енкIэ зэхэкIыртэкъым: джэгу ящIырт, зи щIалэгъуэм шы къагъажэрт, нэщанэ зэдеуэрт, нэхъыжьхэр хъуахъуэрт. ТхьэмахуэкIэ зэхэтауэ щызэхэкIыж махуэм шыгъажэм къащытежа щIалэм вакIуэ тхьэмадэм и ныпыр ирихьэжьэрт – вакIуэ къызэрихьэжам и щIыхькIэ зэхэта тхьэлъэIур зэфIэкIауэ арат абы къикIыр. Ныпыр жылэм я нэхъыжьым (пщым) деж ирахьэлIэрт, абы вакIуэ къихьэжахэм Iэнэ къахуищтэн хуейт.

Бжьыхьэм, гъавэр кърахьэлIэжа нэужь, ТхьэшхуэгухьэжкIэ зэджэ тхьэлъэIу ящI хабзэт. Тхьэшхуэгухьэжым жылэ псор ирихьэлIэрт, хамэ къуажэ щыщи кърагъэблагъэрт, гъавэщIэм и щIыхькIэ джэгушхуэ ящIырт, унагъуэ къэс пщэфIати, я Iэнэр шхыным къикъутэрт, шыгъажэри, нэщанэри, кхъуейплъыжькIэрыщIэри, къинэмыщI зэхьэзэхуэхэри яублэрти, махуэ псом я гуфIэгъуэт. Тхьэшхуэгухьэж тхьэлъэIур, зэрыхабзэти, зы махуэм зэфIэкIырт, а махуэм нэхъыщхьэр жылэм къехъулIа гъавэмрэ Iэщымрэ папщIэ Тхьэшхуэм фIыщIэ хуащIын хуейуэ арати, цIыхур зэблэ щыIэтэкъым: унэгуащэхэр пщэфIэнкIэ зэпеуэрт, нэхъыжьхэм хъуэхъур я куэдт, нэхъыщIэхэм я лIыгъэрэ я жаныгъэрэ ягъэлъагъуэрт...

Ар я хабзащ дяпэ итахэм: хуей хъумэ, зекIуэ ежьэрэ лIыгъэ зэрахьэу, я унэ исыжмэ, хабзэмрэ цIыхугъэмрэ псом япэ ирагъэщу, я щхьэм и пщIэр ящIэжрэ я гуащIэм ирипсэун фIэкIа нэгъуэщI плъапIэ ямыIэу.

* * *

Лъэпщ адыгэхэм нэхъ ягъэлъапIэ нартхэм ящыщщ, а пщIэр абы къыхуэзыхьар и IэщIагъэрщ: пасэрейхэм гъукIэм нэхъ пщIэ зыхуащI яIакъым. ГъущI ягъавэ зэрыхъу лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуащ гъукIэхэм я пщIэр, абы псори фIэлIыкIырт, тхьэпэлъытэ къафIэщIырти. Лъэпщи апхуэдащ пасэрей адыгэхэм я дежкIэ, ар нарт хъыбархэм щынэрылъагъущ: фIэмылIыкIрэ и пщIэр зымылъытэрэ яхэткъым нартхэм. Сосрыкъуэ зыпсыхьри нартхэм Iэщэ яхуэзыщIри Лъэпщщ, псоми чэнджэщ ирахьэлIэ, и псалъэм йодаIуэ. Пасэрейхэм я деж мы-

хьэнэ ин дыдэ щимыIатэмэ, Лъэпщ апхуэдиз пщIэ игъуэтынтэкъым. Нартхэм къызэралъытэмкIэ, Лъэпщ хузэфIэмыкIын щыIэкъым: гъущI щигъавэкIэ гъущI плъар Iэ пцIанэкIэ еубыд, абы ищIа джатэм мывэм я нэхъ быдэр зэпеупщI, Iэзэщи, имыгъэхъужыф щыIэкъым. Нартхэр дэнэ къэна, нартхэм я ужь къихъуахэми я фIэщ хъууэ щыташ Лъэпщ зэрытхьэпэлъытэр.

Зыгуэр уIэгъэ хьэлъэ хъуамэ, щIопщакIуэ хуащI я хабзащ адыгэхэм – куэд щIакъым ар зэрызыханэрэ (ди лIэщIыгъуэм къэсащ). ЩIопщакIуэм щыгъуазэхэм зэратхыжамкIэ, уIэгъэ зэрылъ унэм и бжэщхьэIум ибгъукIэ сыджрэ вабдзэрэ ягъэтIылъырт, щIопщакIуэм кърихьэлIэхэр сыджымрэ вабдзэмрэ уадэкIэ теуIуэрти, Лъэпщ и цIэкIэ тхьэ елъэIурт, гъущI зэрапсыхьа псы кIыщым кърахырти, уIэгъэм щахуэрт. КIыщыпс щахуэу щыташ фэгъазэ, фэрэкI, бжэнтепкIэ е къинэмыщI уз зэфыкI сабийм – ар хущхъуэ хуэхъуу къалъытэрт.

Адыгэхэм я гъащIэм гъукIэм пщIэуэ щиIам и щыхьэтщ Лъэпщ и махуэкIэ зэджэр махуэ лъапIэ дыдэхэм хабжэу зэрыщытар. Гъатхэр къихьа нэужьт Лъэпщ и махуэкIэ зэджэр щагъэлъапIэр, а махуэм шабзэкIэ нэщанэ зэдеуэрт, шурылъэс джэгурт. Лъэпщ и кхъащхьэкIэ зэджэ Iуащхьэ итащ Псыжь адрыщI. Кхъащхьэр зылъэгъуахэм зэратхыжамкIэ, абы гъущIыкIэ, шабзэшэ телъ зэпытт, цIыхур екIуалIэурэ Iуащхьэм тхьэ щелъэIурт. Лъэпщ и цIэмрэ и IэщIагъэмрэ адыгэхэм дежкIэ лъапIэу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Хъан-Джэрий итхыжа хъыбар гуэр: адыгэ унагъуэ гуэрым сэшхуэ зэрахьэрт, Кавказ зауэм и лъэхъэнэти, сэшхуэр къэзакъхэм яIэрыхьащ. Сэшхуэр Лъэпщ ипсыхьауэ къалъытэрти, унагъуэр етIысэхакъым, ар зыIэрагъэхьэжыху: шырэ Iэщрэ щIатри къащэхужащ. Ар зейм къаIэрыхьэжа нэужь, жылэр зэхыхьэри тхьэлъэIу ящIыжащ...



* * *

Гъуэгу техьамэ, зекIуэлIым гъуазэ иIэн хуейщ, гъуэгум щымыгъуэщэн щхьэкIэ. Псыжьрэ Тэнрэ яку дэлъ губгъуэ нэщIым щихьэкIэ адыгэ шум и гъуазэт уафэ бзыгъэм къитIысхьэ вагъуэхэр: Шыхулъагъуэм иригъуазэурэ, ар Тэн зэпрыкIырти, Индыл нэсырт, гъуни нэзи зимыIэ губгъуэ нэщIым щигъуэщыхьи къэхъуртэкъым. ЗекIуэлIым дежкIэ гъуазэ хъурт Вагъуэзакъуэр, Вагъуэбашыр, Вагъуэабрэджыр, Нэхущвагъуэр, Вагъуэзэшиблыр, Вагъуэбыныр. Вагъуэзэшиблым зигъазэмэ, нэху зэрыщыр ищIэрт зекIуэлIым, и пIэм зэи имыкI Вагъуэзакъуэм иригъуазэурэ, ипщэри ищхъэрэри, къуэкIыпIэри къухьэпIэри игъэнахуэрт. Хъан-Джэрий зэритхыжамкIэ, вагъуэхэм иригъуазэурэ шу гупыр зезышэф шу пашэм пащI щыIакъым, апхуэдэ шу пашэм пщIэ ин дыдэ иIэт, зекIуэ ежьэн хъумэ, дзыхь ирагъэзырт, ар я пашэмэ, зэрымыгъуэщэнур ящIэрти.

Гъэ зэблэкIыгъуэр къызэращIэ гъуазэхэм (нэщэнэхэм) ящыщащ ВагъуэбэкIэ зэджэр. Пасэрейхэм гу лъатащ Вагъуэбэр «щIым къыщыхэкIым», ар «гъавэм щыхэплъэм», «жыг щхьэкIэм щыхыхьэм», «щIым щыхыхьэжым». Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм (мартым и 21–22-м) Вагъуэбэр щIым къыхэплъэауэ къалъытэрт: махуэмрэ жэщымрэ я кIыхьагъкIэ зэхуэдиз хъурт абдежым. Гъэрэ щIырэ щызэхэкI

махуэм илъэсыщхьэкIэ еджэу щытащ, гъатхэр къихьауэ щабжыр а махуэрат. Вагъуэбэр «гъавэм къыхэплъамэ» (июным и 21–22-м), нэгъуэщIу жыпIэмэ, махуэм щикIыхьыгъуэм, жэщым щикIэщIыгъуэм, гъэмахуэр къихьауэ къалъытэрт. Вагъуэбэр «жыг щхьэкIэм хыхьамэ» (сентябрым и 21–22-м – махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдиз щыхъужым), бжьыхьэр къихьауэ къалъытэрт, ар «щIым хыхьэжамэ» (декабрым и 21–22-м – махуэм щикIэщIыгъуэмрэ жэщым щикIыхьыгъуэмрэ), щIымахуэр къихьауэ ябжырт.

* * *

Пасэрей алыджхэм лIыгъэм пащI зэрыщымыIам дуней псор щыгъуазэщ, тхыдэр щыхьэт тохъуэ абы, алыджхэм я лIыгъэм и хъыбар зымыщIэ гъуэтыгъуейщ. Апхуэдэ хъыбар мащIэ къадэгъуэгурыкIуэркъым пасэрей алыджхэм я зэман лъандэрэ цIэрыIуэ адыгэхэми.

... Зэшищ псэугъащ, Есэнокъуэхэ ейуэ. Зэшищри зауэм хэкIуэдащ, я лIыгъэм и хъыбар иджыри къэс яIуатэ.

И къуищыр щигъэшэскIэ, Есэнокъуэхэ я фызыжьым яжриIэрт:

– Бийм фи щIыб евгъэлъагъунщи, фыщIэслъхьэжынкъым.

Я анэм абыкIэ псалъэ ирамытауэ, зэшищыр шэсыртэкъым.

Я псалъэр ягъэпэжащ зэшищым: я щIыб бийр кърагъэплъакъым. ШынэхъыжьитIыр зауэм хэкIуадэри, фызыжьым щIилъхьэжащ. НэхъыщIэр, зауэм хэт зэпытурэ, уIэгъэ хъуащ, и псэр хэмыкI щIыкIэ шым къихьыжащ. ПщIантIэм къыдыхьэжауэ, зэшищым я нэхъыщIэм и псэр хэкIащ. Есэнокъуэхэ я фызыжьым, бжэщхьэIум къытехьауэ, илъэгъуащ и къуэ нэхъыщIэр шым къызэреджэлэхар.

– И шынэхъыжьитIым ялъ ищIэжа? – щIэупщIащ фызыжьыр, бжэщхьэIум здытетым.

– ИщIэжащ, – жраIащ фызыжьым.

– Бийр и щIыб къригъэплъа? – щIэупщIащ фызыжьыр аргуэру.

– Къригъэплъакъым, – жраIащ, – шэр и бгъэгум къихуащ.

– Къэзылъхуам хуэфащэт, – жери итIанэщ Есэнокъуэхэ я фызыжьым и нэпсыр къыщехуэхар.

... Спартанцхэм (пасэрей алыджхэм) мыпхуэдэ хабзэ яхэлъащ. Бий къатеуэрэ зауэ къалъыкъуэкIамэ, зауэр увыIа нэужь, зэуапIэм цIыхубзхэр кIуэрт, зауэм хэкIуэдахэм я хьэдэр зэщIакъуэжын щхьэкIэ. Щхьэж и хьэдэ зэуапIэм кърихыжырти, щIилъхьэжырт: хэт и щхьэгъусэ, хэт и къуэ, хэт и дэлъху. Хьэдэм бгъэдыхьэрти, еплъырт: зи щIыб шабзэшэ хэлъыр зэуапIэм кърахыжыртэкъым. «Къэрабгъэщ, бийр и щIыб къригъэплъащ», – жаIэрти, апхуэдэр и анэми, и щхьэгъусэми, и шыпхъуми щIалъхьэжыртэкъым, хамэм щIрагъалъхьэрт – езыхэм къэрабгъэр щIалъхьэн я щхьэ тралъхьэртэкъым.

* * *

Сэтэней нартхэр зэреджэр гуащэщ: Сэтэней гуащэ. Сэтэней гуащэ, гуащэхэм я лей – куэдрэ къыхохуэ нарт хъыбархэм. Сэтэней и пщIэр зэрылъагэм, абы пащI зэрыщымыIэм и щыхьэтщ ар. «Сэ нарт шу сыпащI», – жеIэ езы Сэтэней, нартхэм я пащхьэ щиIэ пщIэмрэ лъы-

тэныгъэмрэ и напщIэм телъщ, абы ирогушхуэри. Нартхэм я лъэхъэнэми, иужькIи «гуащэ» псалъэм «пашэ» мыхьэнэ иIащ. ИужькIэ абы мыхьэнэщIэ игъуэтащ, ар щынэрылъагъущ «унэгуащэ» псалъэм – унагъуэм я цIыхубз нэхъыжь, тхьэмадэм и щхьэгъусэ; нысэ зиIэ цIыхубзми гуащэкIэ еджэ хъуащ («нысэм и гуащэ»), «Гуащэ» псалъэм ущрохьэлIэ мажусий диным къыдежьа цIэхэми – Псыхъуэгуащэ, Хыгуащэ, Хадэгуащэ, Мэзгуащэ (псым, хым, хадэм, мэзым я гуащэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, я тхьэ). Тхьэпэлъытэущ Сэтэней гуащи нартхэм къазэрыщыхъур: нартхэр зекIуэ ежьэнумэ, абы йочэнджэщ, ар нартхэ я ущиякIуэщ, Iущыгъэрэ губзыгъагъэрэ зыдалъагъу тхьэпэлъытэ гуащэщ.

Пасэрей дунейм къыщежьащ «гуащэ» псалъэм епха хабзэ гъэщIэгъуэнри – Хьэнцэгуащэ къешэкIыныр (уэшх къргагъэшхын щхьэкIэ). Хьэнцэгуащэ къграшэкIыурэ пасэрейхэр тхьэ елъэIурт, мыр жаIэурэ: «Хьэнцэгуащэ зыдошэрэ, ди тхьэ, уэшх къегъэщэщэх». Тхьэ елъэIуурэ зыбжанэрэ къграшэкIырти, Хьэнцэгуащэр псым е хым халъафэрт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Псыхъуэгуащэм (Хыгуащэм) тыхь (къурмэн) хуащIырт. «Хьэнцэгуащэ» псалъэм и лъабжьэр «хьэнцэрэ» «гуащэрэщ» (хьэнцэр яхуапэрти, гуащэкIэ еджэрт – Хьэнцэгуащэ). ХьэнцэкIэ зэджэр кхъуафэжьейр зэрыщIатхъу бэлагъырт. А псалъэр лъабжьэ хуэхъуащ пхъэIэщэ пхъэбгъур зэралъэщI бэлагъым и цIэми – «кхъуэхьэнцэ»: «кхъухь хьэнцэ» – апхуэдэущ а псалъэр къызэрыбгурыIуэнур. Хьэнцэ яхуапэ щыхъуар нэхъ иужькIэщ. Уэшх къргагъэшхын щхьэкIэ, тхьэ щелъэIунум деж, пасэрейхэм яхуапэрэ къграшэкIыу щытар цIыхубз щIалэщ (нысащIэщ) – абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр. Тхьэ елъэIуурэ зыбжанэрэ къграшэкIа нэужь, нысащIэр псыхэлъафэ ящIырт – псым (е хым) и тхьэм тыхь хуащIырт. «Тхьэм и нысэ гуащэ» – арат зэреджэр уэшх къргагъэшхын щхьэкIэ къграшэкI нысащIэм (гуащэм). Сабийхэр зэрыджэгу хьэпшып цIыкIум – гуащэм – кIахэ адыгэхэрноби зэреджэр «нысэтхьэпэщ» – абы къыщызэтенащ «тхьэ нысэ гуащэм» къыщежьа «нысэ» псалъэр, ар щыхьэт тохъуэ «хьэнцэгуащэ» псалъэр «тхьэ нысэ гуащэм» къызэрыщежьам.



* * *

Кавказ лъэпкъ зыбжанэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадогъуэгурыкIуэ тхьэхэм бгым ираIулIа цIыхум и хъыбархэр. Апхуэдэ хъыбархэр хэтщ адыгэ IуэрыIуатэми. Абыхэм ящыщ зыщ Хьэмрий и хъыбарыр. Тхьэхэм я ней зыщыхуахэм – бгым ираIулIахэм – ящыщщ Нэсрэн ЖьакIи. Пасэрей хъыбархэм зэрыжаIэмкIэ, Нэсрэн ЖьакIэ тхьэм и нэлат къыщIытехуар мафIэр къиихыжыну Iуащхьэмахуэ дэкIын мурад зэрищIаращ: Iуащхьэмахуэ тхьэхэм я тIысыпIэщ (пасэрей алыджхэм я Олимп хуэдэу), абы дэкIын мурад щищIакIэ, Нэсрэн ЖьакIэ тхьэм пэувауэ аращ. Хьэмрий и хъыбарым наIуэу къыхощ тхьэм и нэлат зытехуэр мафIэхьыр зэрыарар. Пасэрей алыдж IуэрыIуатэм щыцIэрыIуэщ ПрометейкIэ зэджэ мафIэхьыр – ари тхьэхэм бгым ираIулIащ мафIэ къазэрыфIидыгъуам щхьэкIэ. Пасэрей алыдж IуэрыIуатэм зэрыжиIэмкIэ, Прометей тхьэхэм зраIулIар... Кавказ къуршхэрщ. Ар тегъэщIапIэ ящIри, щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ пасэ-

рей алыдж ӀуэрыӀуатэм щыцӀэрыӀуэ мафӀэхь щэджащэм, Прометей, и хъыбархэр пасэрей кавказ лъэпкъхэм я деж къыщежьауэ.

Мыпхуэдэ хъыбари жаӀэ адыгэхэм:

Тхьэм пэувам и цӀэр ТӀэлалщ. Щыпэувым, тхьэр къыхуэгубжьащ ТӀэлал: иӀэтри бгыщхьэм ириӀулӀащ. Бгыщхьэм еӀулӀауэ ихьынущ и гъащӀэр. Дунейр щыкъутэжыну махуэм ТӀэлал Ӏэхъулъэхъур зэпиудынурэ бгыщхьэм къехыжынущ. ТӀэлал къежьэжын и пэ гъаблэ хъунущ. ЦӀыхур егъэзыгъэ хъуауэ къахыхьэнурэ къажриӀэнущ: «Гъусэ къысхуэхъунур къысхурехъу». ИтӀанэ жьапщэ хъунущ, хыр къиунурэ щӀылъэм псыдзэ къыщӀэуэнущ. ЩӀылъэм зыри къытенэнукъым: псыдзэм трилъэсыкӀынущ. ТӀэлал гъусэ хуэхъур къелынущ, бгыщхьэм иришэнурэ...

* * *

Инжыдж бжьэпэ (Шэрджэсым), Хьэбэз къуажэм пэмыжыжьэу, пасэрей чэщанэжь тетщ. Ӏэдииху и чэщанэкӀэ йоджэ абы. Чэщанэм апхуэдэцӀэ теӀукӀынкӀэ щӀэхъуар мыпхуэдэу къаӀуатэ.

... Нарт хахуэ гуэр щыӀащ. Нартыр зекӀуэ кӀуэрейт, шыбз гуартэ къихуурэ къигъэзэжырт. Жэщу къигъэзэжамэ, чэщанэм щӀэс и щхьэгъусэм, Ӏэдииху, и Ӏэблэр щхьэгъубжэм къыдишиикӀырти, псы уэрым зэпрыдза чэтэн лъэмыжыр къигъэнэхурт, нартым шыбз гуартэр псым зэприхурти, чэщанэм дыхьэжырт: «Шыбз гуартэ къэсхуащ», – жиӀэрти. И лӀыр зэрызыщытхъужыр игу техуакъым Ӏэдииху. «Си Ӏэблэр щхьэгъубжэм ныдэзмышиикӀмэ, псым укъызэпрыкӀыжыфынукъым», – ехъурджэуащ Ӏэдииху и щхьэгъусэм. Ар нартым идакъым: зекӀуэ кӀуэри шыбз гуартэ кърихужьащ, шыбз гуартэр лъэмыжым къытрихуащ, арщхьэкӀэ мазэхэ жэщти, шыбз гуартэри езыри лъэмыжым елъэри псым хэкӀуэдащ – и лӀым хузэгуэпати, Ӏэдииху и Ӏэблэр щхьэгъубжэм къыдишиикӀакъым. Ӏэдииху и лӀым и хьэдэр Инжыдж псыкӀэ къыщигъуэтыжри щӀилъхьэжащ. Ар зыщӀэлъ Ӏуащхьэм Ӏуащхьэ къуагуэкӀэ йоджэ ноби...

Апхуэдэ хъыбар иӀэщ Ӏэдииху и чэщанэм. Нарт хъыбар теӀукӀами, Ӏэдииху и чэщанэкӀэ зэджэм и тхыдэр нэгъуэщӀщ, и ныбжьри жыжьэ нэсыркъым. Инжыдж бжьэпэ тет чэщанэр щащӀауэ къалъытэр 1760 гъэхэрщ, езыгъэщӀар ХьэтӀохъущыкъуэ Темрыкъуэщ – Къэбэрдейм и тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзына ХьэтӀохъущыкъуэ Исмел (Исмел ПсыгъуэкӀэ зэджэм) и адэрщ.

* * *

Адыгэхэм куэд щӀауэ къадогъуэгурыкӀуэ къан хабзэр. Ар пасэрейхэм – нартхэм, я деж къыщежьауэ къалъытэ. Хабзэр епщыкӀубгъуанэ лӀэщӀыгъуэм къэсащ, нэхъ зезыхьари лӀакъуэлӀэшхэрщ. Пщым и къуэр атэлыкъым иримыгъэпӀмэ, апхуэдэпщым пщӀэ имыӀэу къалъытэрт. Щыгъуазэхэм зэратхыжамкӀэ, пщым и бын и унэ къринэртэкъым: ар дунейм къызэрытехьэххэу, и уэркъхэм ящыщ зым иритырти, балигъ хъуху иригъэпӀырт. Балигъ хъуа нэужьт ар унэм къыщашэжыр. Абы щыхьэт тохъуэ Нэгумэ Шори, Хъан-Джэрии, нэгъуэщӀ щӀэныгъэлӀхэри. Нэхъыбэм зэратхымкӀэ, бынр атэлы-

къым (арат къан зыпIым зэреджэр) щратыр ар сабий ныбжьым щитым дежт, уеблэмэ сабий быдзафэу. Дунейм къытехьа сабийр, къану ятын и пэ, къэзылъхуам и унэ илъэситI-щыкIэ щапIынкIэ хъурт – зекIуэху, псэлъэху. Сыт хуэдэ ныбжьми ирырет, пщым къуэ къыхуалъхуамэ, атэлыкъым иригъэпIын хуейт – ар лIакъуэлIэшхэр зытемыкI хабзэт. А хабзэр, ткIийуэ темытми, яхэлъащ уэркъхэми лъхукъуэлIхэми.

Псоми ирагъэпIыртэкъым къан, ар дзыхь зыхуащIыр пщIэ, хыхьэхэкI зиIэ, хабзэм куууэ хэзыщIыкI цIыхут.

Къан къэзызыхьам и пщэ къалэнышхуэ дилъхьэжырт, ар хузэфIэмыкIынумэ, апхуэдэ къалэн и пщэ дилъхьэжынутэкъым зыми, абыкIэ хэгъэзыхь щыIэтэкъым. НэгъуэщIым и сабий балигъ хъуху упIыныр, дауи, тынштэкъым, апхуэдэм тегушхуэ хабзэр зи щхьэ и пIалъэ зыщIэж, зи гуащIэрэ зи акъылрэ къигъэгугъэ цIыхут. Къан зытым игурэ и щхьэрэ щIызэтелъри арат: атэлыкъ къалэныр япэ къэсым и пщэ дилъхьэжынутэкъым.

Атэлыкъыр и къаным езым и быным нэхърэ нэхъ елIалIэрт, и быным хуимыщIэнур хуищIэрт, ауэ щигъэкIынутэкъым икIи игъэсэхъунутэкъым, пщым и пщыжым къилъхуами. Зэрыхабзэти, атэлыкъым ипIар нэхъ щэныфIи нэхъ гъэсаи хъурт. Хабзэм нэхъыбэ хищIыкIырт, нэхъ цIыхугъи гулъыти далъагъурт, и щауэгъухэм лIыгъэкIи IущыгъэкIи ефIэкIырт – ар къан хабзэм къыдэкIуэ фIыгъуэхэм ящыщ зыт.

Атэлыкъым и къаныр, псом япэрауэ, къыщIигъэтэджэн хуейт адыгэ хабзэм: цIыхум яхыхьамэ, и нэмысрэ и щэныфIагъкIэ къахэщу, нэхъыжьым пщIэ хуищIыфрэ емыкIу-екIугъэр къыгурыIуэу, езыр шууейрэ Iэщэр игъэIэрыхуэу, гугъуехьыр ишэчыфрэ дзыхэ жыхуаIэр имыщIэу. А псор къаным хипщэн щхьэкIэ, атэлыкъыр зэблэ щыIэтэкъым – и зэмани, и мылъкуи. Къаныр игъэшэсурэ, атэлыкъыр гъуэгуанэ щIэх-щIэхыурэ техьэрт, и къаным хэгъэрей, ныбжьэгъу иIэ хъун щхьэкIэ. Къаныр псэзэпылъхьэпIэ иримыгъэхуауэ къришэлIэжыртэкъым атэлыкъым: сыт хуэдэ гугъуехьми шынагъуэми хуэщIауэ къэтэджын хуейт къаныр.

Балигъ хъуху епI, егъасэри, атэлыкъым и къаныр зейм яхуешэж. И къаныр зей адэ-анэм щахуишэжкIэ атэлыкъым и къалэнт абы ширэ Iэщэ-фащэрэ иритыну. Я къуэр къашэжа нэужь, ар зейм махуиблкIэ джэгу ящIырт, щIалэр яхуэзыпIар, яхуэзыгъэсар (атэлыкъыр) ягъафIэрт, щрагъэжьэжкIэ тыгъэ лъапIэхэр хуащIырт. Атэлыкъымрэ къаным и адэ-анэмрэ игъащIэкIэ зэблагъэ хъурт, зэи зэрыгъэгъуэщэжыртэкъым; къанымрэ атэлыкъымрэ зэадэзэкъуэ зэрызэхуэхъур гурыIуэгъуэщ – а тIур зэи зэфIэкIуэдыжыртэкъым.

«Нарт хуэдэщ» – ар хужаIэрт хабзэмрэ лIыгъэмрэ щIапIыкIа адыгэлIым, и псэ пытыхуи а цIэр игъэпэжырт.

* * *

Тамань къыщыщIэдзауэ Сыхъум нэс хы Iуфэм щыгъунэжщ мывэ кхъэлэгъунэхэр. Адыгэхэр апхуэдэ кхъэлэгъунэхэм испы унэкIэ йоджэ. Илъэс миниплIым щIигъу я ныбжьщ испы унэхэм, ахэр щIын щIадзащ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ лъыкIэ къагухьэ хьэтхэм я лъэхъэнэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, нарт эпосым и купщIэр щыжэпхъ зэманым.

Адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я щIыналъэм къыщызэтенащ испы унэ минитIрэ щищым щIигъу; абыхэм я нэхъыбэм ущрихьэлIэр хы Iуфэмрэ Кавказ къуршым и дыгъафIэмрэщ. Испы унэ куэд ущыхуозэ Кавказ къуршым и дыгъэмыхъуэми, псалъэм папщIэ, Мейкъуапэ и Iэхэлъахэм.

ЩIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, испы унэхэр архитектурэм и фэеплъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ, ахэр зыщIахэр куууэ щыгъуазэ хъуакIэт архитектурэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм. Илъэс миниплIым щIигъу я ныбжьми, испы унэхэр ноби псэущ, къищэхэжакъым, нобэрей «ухуакIуэхэм» ямыкъутэмэ, иджыри щIэх пэлъэщынукъым зэманыр. Ахэр къыхэщIыкIащ псы зыщIэзымыф, жьыбгъэм имыпхъэх мывэ лIэужьыгъуэхэм.

Испы унэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ къэсащ ди деж. Нэхъыбэрэ узрихьэлIэр мывэ пхъэбгъухэм къыхэщIыкIа испы унэхэрщ: мывэ пхъэбгъуиплIыр зэупсеярэ а плIым зы мывэ пхъэбгъу тегъэлъэдэжауэ. Мывэ пхъэбгъум метритIым щIигъу и лъагагъщ, и кIыхьагъыр метритIрэ ныкъуэм – метрищым щынэс щыIэщ, метр ныкъуэ и Iувагъщ. Зы мывэ пхъэбгъум тоннитху, уеблэмэ нэхъыбэ и хьэлъагъщ. Апхуэдиз зи инагъ, зи хьэлъагъ мывэ пхъэбгъур иупсын, игъэIэпхъуэн, игъэувын щхьэкIэ, пасэрейм, зэрыгурыIуэгъуэщи, абы пэлъэщын къарурэ Iэмалрэ (щIэныгъэрэ!) бгъэдэлъын хуеящ.

Испы унэхэр щагъэув хабзэр (нэхъ къыщызэтенар) псы Iуфэхэмрэ гъуэгущхьэхэмрэт, абыхэм ущрохьэлIэ мэз щIагъхэми бгы щхьэдэхыпIэхэми. Мывэ къыхэхыпIэмрэ испы унэр щагъэув щIыпIэмрэ километр зыбгъупщIым щIигъукIэ щызэпэжыжьэ куэдрэ урохьэлIэ – аркъудеймкIи гурыIуэгъуэщ испы унэр щIыным гугъуехьышхуэ зэрыпылъар. Мывэр къыхаха нэужь, ар кхъэлэгъунэр здагъэувыну щIыпIэм (псы Iуфэм, гъуэгущхьэм, бгы щхьэдэхыпIэм) ялъэфырти, яупсырт, джафэ хъуху, и щIыфэм тхыпхъэщIыпхъэхэр, сурэт гуэрхэр традзэрти, ягъэувырт, абы и ужькIэт кхъэлэгъунэм (испы унэм) хьэдэр щыщIалъхьэр. Шэч хэлъкъым: дунейм ехыж псоми испы унэ хуагъэувыртэкъым, апхуэдэкIэ зыхуэупсэр пщIэшхуэ зиIэ цIыху цIэрыIуэхэрт.



* * *

Бгыщхьэм къыщожьэри, псы цIыкIу гуэр ТIуапсэ деж хым щыхохуэж. ПсынэкъуэкIэ йоджэ абы. Псынэкъуэ и ижьырабгъукIэ жыг хадэшхуэ щылъщ. Хадэм Iуащхьэ итащ, Псынэкъуэ IуащхьэкIэ еджэу щытауэ. Iуащхьэр нобэ къэсакъым – къатIащ. Iуащхьэ Iэджи къатI, Iэджи къыщIокI пасэрей Iуащхьэжьхэм. Псынэкъуэ Iуащхьэм къыщIэкIащ... испы унэ абрагъуэ. Куэдрэ урихьэлIэркъым Iуащхьэ зытращIыхьыжа испы унэ – закъуэтIакъуэххэщ, абы ящыщщ Псынэкъуэ Iуащхьэм къыщIэкIа кхъэлэгъунэр. Хы Iуфэм Iус адыгэхэм (шапсыгъхэм) ящIакъым Псынэкъуэ Iуащхьэм испы унэ зэрыщIэтыр – ар къатIыху.

Псынэкъуэ Iуащхьэм къыщIэкIа кхъэлэгъунэр адрей испы унэхэм къызэрыщхьэщыкI щыIэкъым: мывэ пхъэбгъуиплI зэупсеящ, и щхьэм мывэ пхъэбгъуитI тегъэлъэдащ, мывэ пхъэбгъухэр джафэу упсащ, я щIыфэм тхыпхъэщIыпхъэ гуэрхэр хэщIыхьащ. Адрей испы

унэхэм Псынэкъуэ кхъэлэгъунэр къызэрыщхьэщыкIыр нэгъуэщIщ: ар хы Iуфэм Iус адыгэхэм (шапсыгъхэм) я тхьэлъэIупIэу щытащ. ЗэкIэ гурыIуэгъуэкъым Псынэкъуэ кхъэлэгъунэм Iуащхьэ щIытращIыхьар. ГурыIуэгъуэр зыщ: ар кхъэлэгъунэ къудейуэ щытагъэнукъым. Абы щыхьэт тохъуэ Псынэкъуэ кхъэлэгъунэм хъурейуэ кърагъэувэкIа мывэ пхъэбгъухэр. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Псынэкъуэ испы унэр пасэрей обсерваторэ лIэужьыгъуэщ, гъэм я зэблэкIыгъуэр, махуэр здынэсар, дыгъэ къыщIэкIыгъуэр, дыгъэ къухьэгъуэр, мазэщIэ къыщыунэхур, н. къ. щагъэбелджылыуэ щытауэ.

Испы унэхэр къыщатIыжкIэ пасэрей хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ куэд къыщIокI: кхъуэщын къутахуэ, фалъэ, лагъэ, Iэгубжьэ, джыдэ, фIанэ, шабзэ, мывопцIэ, къинэмыщIхэр. Испы унэ зыбжанэм къыщIэкIащ пасэрей гъубжэ – дигу къэдгъэкIыжынщ нартхэм гъубжэ яхуэзыщIа гъукIэм, Лъэпщ, и хъыбарыр.

Испы унэхэм къыщIэкIащ вы, жэм, шы, бжэн, мэл къупщхьэхэр, ар щыхьэт тохъуэ испы унэхэр зи IэдакъэщIэкI пасэрейхэм Iэщ зэрахуэу, мэкъумэш ящIэу, щакIуэу зэрыщытам. Испы унэхэр зыщIахэр щыгъуазэ хъуауэ щытащ гъущI гъэвэкIэми: абыхэм къызэранэкIа Iэмэпсымэхэм я нэхъыбэр къызыхэщIыкIар гъущIщ. «ГъущI» псалъэмрэ абы и лъабжьэгъу псалъэхэмрэ («гъуху», «гъуаплъэ») ныбжьышхуэ дыдэ зиIэ пасэрей псалъэхэм хабжэ – адыгэбзэм а псалъэхэр къызэригъэщIрэ илъэс мин зыбжанэ хъуащ.



* * *

Нарт эпосым къызэрыхэщымкIэ, Ахын Iэщым и тхьэщ. Iэщыхъуэхэм абы пщIэ лей хуащIырт, Iэщ хуаукIыурэ ягъэлъапIэрт. Хъан-Джэрий зэритхамкIэ, Ахын хуаукI хабзэр жэм джэмыдэт. Хы Iуфэм Iуса адыгэхэм мыпхуэдэ хабзэ яхэлъащ. Бжьыхьэм, Iэщыр къущхьэхъу кърахухыжа нэужь, хъушэм зы жэм къыхахурти, тхьэ щелъэIу хуейм яхурт. ЗэрыжаIэмкIэ, Ахын хуаукIыну жэм джэмыдэр хъушэм езыр-езыру къыхэкIырти, АхынтамкIэ зэджэ тхьэлъэIупIэм кIуэрт, абы Ахын и жэмлъэрыкIуэкIэ еджэрт. Хъушэм къыхэкIа жэмлъэрыкIуэм и бжьэм кхъуейхьэлрэ щIакхъуэ бзыгъэрэ пащIэрт, и ужь жылэр иувэрти, жэмым кIэлъыкIуэрт. Ахын и жэмлъэрыкIуэм «езым ищIэрт здэкIуэнур»: бууэ кIуэурэ, жэмыр Ахын и тхьэлъэIупIэ хуейм ихьэрти, дэшхуей жыгым и щIагъ щIыхьэрт, жэмыр абдеж щаукIырт, и лыр жэз лэгъупкIэ ягъавэрти, цIыхур тхьэ елъэIурт: Iэщыр яхуэбэгъуэну, Iэщым уз къыхэмыхьэну...

Ахын и тхьэлъэIупIэм (Ахынтам деж, Шахэ псыхъуэм) ита дэшхуей жыгым (абы тхьэжыгкIэ еджэрт) и къудамэм лэгъуп фIэдза зэпыту щытащ; Ахын хуаукIа жэмым и щхьэ къупщхьэри дэшхуей къудамэм къыфIанэ хабзэт. Ахын и жэмлъэрыкIуэр щаукIа махуэм (тхьэ щелъэIу махуэм) Ахынтам деж джэгу щащIырт, цIыхум я Iэ зэрыубыдырти, дэшхуей жыгыр хъурейуэ къафыхьырт.

* * *

«Зи мэIуху дыщафэ, афэр зи джанэ куэщI» – апхуэдэ псалъэ ущрохьэлIэ Сосрыкъуэ и пшыналъэм: зекIуэ ежьэнумэ, нартым афэ джанэ зыщитIагъэ хабзэщ. Афэ джанэ ящыгъщ Бэдынокъуи, Ашэ-

мэзи, Батэрэзи, адрей нартхэми – ар зыщыгъым шабзэкIи джатэкIи пэлъэщыгъуафIэкъым. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ афэ джанэр адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ зэрызэрахьам. Адыгэ зауэлIхэм афэ джанэ зэрахьащ Кавказ зауэм и лъэхъэнэми – епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм. Щыгъуазэхэм зэратхыжамкIэ, афэ джанэ зыщыгъ адыгэ шум сэшхуэкIи бжыкIи упэлъэщыртэкъым, ар апхуэдизкIэ нейт, быдэти. Аращ адыгэхэм я IэдакъэщIэкI афэ джанэр цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щIыщытар: афэ джанэ ирагъэщIын щхьэкIэ, адыгэ IэпщIэлъапщIэхэр урыс пащтыхьхэм куэдрэ ирагъэблэгъащ; афэ джанэр щыцIэрыIуэт гъунэгъу лъэпкъхэм я дежи, нэгъуэщI къэралхэми.

Адыгэ афэ джанэм и щэху псор къэсакъым ди деж – езыр IэщIыб щащIыжым, и щэхухэри кIуэдыжащ. Музейхэм нобэ щахъумэ адыгэ афэ джанэхэр нэхъ щIагъуэ дыдэхэм зэращымыщым шэч хэлъкъым. Афэ джанэ щыIащ, зэкIуэцIыплъхьэмэ, IэмыщIэм изагъэу, – адыгэхэм апхуэдэ афэ джанэ ящIыфу зэрыщытам щыхьэт техъуэр мащIэкъым.

Афэ джанэр щIын щIадзащ пасэ дыдэу – цIыхум шабзэшэмрэ бжымрэ зыщихъумэн хуей хъуа нэужь. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, адыгэхэр гъущIым нэIуасэ хуэхъуащ (е ар ягъавэ хъуащ) илъэс минищ-минищрэ щитхурэ ипэкIэ. Абы иужькIэ, дауи, лIэщIыгъуэ Iэджэ дэкIын хуейт гъущI кIапсэ псыгъуабзэм афэ джанэ къыхащIыкIыф хъун щхьэкIэ.

Тхьэгъу жьгъейхэр зэрадзэф хъун ипэкIи ящIу щыташ афэ джанэ. Апхуэдэ афэ джанэр къызыхащIыкIыр фэт – выфэ, домбеяфэ, бланафэ, н. «Афэ» псалъэм и мыхьэнэр иджыпсту гурыIуэгъуэжкъым, ауэ шэч хэлъкъым абыкIэ псэущхьэ гуэрым еджэу зэрыщытам, абы щыхьэт тохъуэ «Афэбг» цIэри «афэ джэдыгу» псалъэри. Языныкъуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, афэ псалъэм и лъабжьэр адыгэхэр носорогым зэреджэу щыта Iы (һьы) псалъэрщ. Носорогым ехьэлIа псалъэжьи къызэранэкIащ адыгэхэм: «Iыр (һьыр) сыт хуэдизу мышынагъуэми, зы дзапэфIанэщ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

*УсакIуэ Сонэ Абдулчэрим къызэральхурэ ильэс 80 ирокъу*





# «СЭ ЗЫ ЛIЫ НЫБЖЬКIЭ СЫБЕЙЩ...»

Усэр цIыхум хуэдабзэщ: и хьэл-щэн, щыIэкIэ-псэукIэ, гъащIэ гъуэгуанэ щхьэхуэ иIэжу. Ар усакIуэм и гущIэм къиIукIми, абы и IэрыкI-псэрыкIыу дунейм къытехьэми, Ухыгъэм къегъэщI, усэ тхынри, тыгъэ лъапIэу, и нэфI зыщыхуахэм ябгъэделъхьэ. Усэм, псэ зыIутым хуэдэу, зеужь, магъ-мэусэ, мэгуфIэ, мэдалъэ, и фащи, и купщIи иIэжщ... Быным адэ-анэм я хьэл-щэн зэрызыщIашэм хуэдэу, усакIуэм псалъэкIэ къигъэщI дахагъэр езым ещхьыжу къыпкърокI: хэт нэхъ гумащIэщ, адрейр нэхъ пхъашэщ, ещанэхэм я щIагъыбзэр нэхъ куущ, язынықъуэхэми гурыщIэ зэмыфэгъу куэд щызэхэшыхьащи, акъылри псэри зэхэзехуэн ящI, уеблэмэ зэпэщIагъэувэ. УсакIуэр и щхьэкIэ уимынэIуасэми, и IэдакъэщIэкIхэмкIэ къыпхуэцIыхунущ, сыту жыпIэмэ абы и тхыгъэ къэскIэ и псэ налъэкIэ епсыхьри, ахэр и гум къыщрихьэкI дунейм и гъуджэщи. Апхуэдэ лъэныкъуэкIэ и гугъу пщIымэ, Сонэ Абдулчэрим и усыгъэр «зэпIэзэрыткIэ», «хьэл-щэн зэтеубыда зиIэкIэ» узэджэнщ. Ар усакIуэм и гъащIэм и Iыхьэ нэхъыщхьэу зэрыщытым хуэдэуи, и абы и къежьапIэр икIи и зыужьыпIэр езым и псэкупсэ дунейрщ.

* * *

Сонэ Абдулчэрим Къадир и къуэр 1942 гъэм февралым и 28-м Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Налшык дэта станок заводым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ. 1965–1970 гъэхэм КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм щеджащ, 1970–1972 гъэхэм «Севкавэлектроприбор» заводым социологыу щыIащ, 1972–1985 гъэхэм къэрал щэхухэр печатым мыгъэкIуэнымкIэ КъБАССР-м и Управленэм и редактору, иужькIэ редактор нэхъыжьу щытащ. 1985 гъэм къыщыщIэдзауэ 1990 гъэхэм нэсыху «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм зэреджэн тхылъхэр къыдэгъэкIынымкIэ редакцэм и редактор, иужькIэ редактор нэхъыжь къулыкъухэр щрихьэкIащ. 1990 гъэм «Нарт» тхылъ тедзапIэм и унафэщI IэнатIэм пэрыхьащ, а IуэхущIапIэмрэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэмрэ зэгуагъэхьа нэужь, редакцэм и унафэщI хъуащ. 2006–2012 гъэхэм «Нур» журналым къудамэм и унафэщIу щылэжьащ.

Сонэ Абдулчэрим усакIуэщ, зэдзэкIакIуэщ, УФ-м и ТхакIуэхэми и Журналистхэми я союзхэм хэтщ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. Абы хамэ лъэпкъ къыхэкIа усакIуэ цIэрыIуэ куэдым (Пушкин А., Есенин С., Евтушенкэ Е., Кулиев Къ. сымэ, н.) я IэдакъэщIэкIхэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIэ зэридзэкIащ. КъищынэмыщIауэ, 1-3-нэ классхэм математикэр зэрыщаджын тхылъхэр анэдэлъхубзэкIэ къигъэпсэлъащ. Апхуэдэуи абы къыдигъэкIащ ПщыхьэщIэ Л. щIыгъуу зэридзэкIа, ислъам диным теухуа «Къудурий» (1994) тхылъ гъэщIэгъуэныр.

Сонэм егъэджэныгъэми хэлъхьэныгъэ хуищIащ: авторэгъухэр иIэу «Иджырей адыгэбзэм и синтаксисымкIэ лэжьыгъэхэр» (1975), 3-нэ классым и «Анэдэлъхубзэ» (1988, 2001, 2010) тхылъхэр зэхилъхьащ.

УсакIуэм и ехъулIэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ цIыхубэм ягу дыхьауэ, цIэрыIуэ хъуауэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ уэрэдхэр: «Шагъдий» (макъ. КIарэ Ф. ейщ), «Налшык парк» (макъ. Къэбэрдокъуэ Б. ейщ), «Хьэблэ щIалэр доджэгу» (макъ. Молэ В. ейщ), «Къреунэху зы махуэ» (макъ. Согуэ Д. ейщ), нэгъуэщIхэри.

ЗэрыусакIуэм, зэрызэдзэкIакIуэм нэмыщI, Сонэ А. икIи публицистщ: абы и къалэмыпэ къыпыкIащ адыгэ тхакIуэхэм я творчествэм, тхылъ е тхыгъэ щхьэхуэхэм ятеухуа литературэ-критикэ статьяхэмрэ лэжьакIуэбэр, егъэджакIуэхэр, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм зи зэфIэкI лъагэхэр щызыгъэлъэгъуа цIыху псэемыблэжхэр щигъэлъапIэ очеркхэмрэ.

Сонэ А. и зэчийм дэнэ лъэныкъуэкIэ зыщимыужьами, псом япэ ар усакIуэщ. Абы и япэ тхыгъэхэр 1974 гъэм автор зыбжанэм зэдайуэ къыдэкIа «Япэ псалъэ» тхылъым иту дунейм къытехьащ. ИлъэситI нэхъ дэмыкIыу, 1976 гъэм, усакIуэм «Дзапэ уэрэд» зыфIища и япэ тхылъыр къыдигъэкIащ, абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI зыбжани: «Къуалэбзу джэгуакIуэхэр» поэмэ-псысэр (1978), «ПыIэзэфIэхь зэман» (1988), «Iэгу-махуэ IэщI-жэщ» (2001) усэ тхылъхэр.

Сонэм и усыгъэм лъэныкъуэ куэдкIэ зиубгъуащ – усэхэр зытеухуа Iуэхугъуэ и лъэныкъуэкIэ къапщтэми, я ухуэкIэ-гъэпсыкIэм и гугъу пщIыми. Абыхэм яхэтщ философие гупсысэхэр щытепщэхэр, щIыуэпсым и дахагъэр къэзыгъэлъагъуэхэр, адэжь щIыналъэм и лъапIагъэр къызыпкърыщхэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэ екIухэр,

фIылъагъуныгъэ къабзэр зи лъабжьэхэр. Сытым хуэмыусэми, абы и тхыгъэхэр лъэпкъ нэщэнэхэмкIэ, псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмкIэ, IуэрыIуатэ мотивхэмкIэ, адыгэ хабзэ-бзыпхъэм и пкъыгъуэ гуэрхэмкIэ гъэнщIащ. Ар усакIуэм и лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэрылъагэм и щыхьэт наIуэщ. И усэхэм языхэзым «адыгэщI», «поэзие» псалъэхэр щызэрихьэлIэу етх:

*А псальитIым зым зыр си нэгу къыщIегъэувэ,*
*А псальитIыр сэ зэи зэгуэзмых...*
*Поэзие щыпкъэу си адыгэ лъахэ,*
*Уи куэщI-жэнэтым напIэр щызогъалIэ,*
*Къурш-дадэ нэгухэм Iущыгъэр къызоджыкI,*
*Пшыналъэ тельыджэхэр къуршыпсхэм щоуэршэр.*

**(««АдыгэщI», «поэзие»...»)**

Сонэ А. и усыгъэр хэкупсэ пшыналъэхэмкIэ къулейщ, ауэ и граждан лирикэр зэрыщыту къапщтэмэ, совет лъэхъэнэм щыIа идеологием ижь зыщIихуа усэхэри яхэтщ. Псалъэм папщIэ, «Дзапэ уэрэд» тхылъым хыхьа «Си совет хэку» усэм дыкъыщоджэ: *«Тхуиубзыхуащ гъуэгу пэж ди партым...»*. Мыпхуэдэ сатырхэм я къэгъэщIыкIэр – «зи гупкIэ уисым и уэрэд ежьууныр» – тхыгъэр къызыхэхъукIа лъэхъэнэм пэджэжырт, абыкIэ усакIуэм къуаншагъэ бгъэдэлъкъым, абы щыгъуэми къыхэгъэщын хуейщ апхуэдэ усэхэм я пIалъэ зэрикIар, нобэкIэ художественнэ лъапIагъ зэрамыIэжыр. Дызэригуапэщи, ахэр усакIуэм и творчествэм щызакъуэтIакъуэщ.

Сонэм и IэдакъэщIэкIыу хэкупсэ мотивкIэ гъэнщIа усэ гупым зы Iыхьэшхуэу икIи нэхъыфIу хэуващ ИстамбылакIуэ Iуэхугъуэр къыщыгъэлъэгъуэжа «Псэм и джэ макъ» усэ Iэрамэр. Эпиграфым къызэрыхэщымкIэ, ар усакIуэм «зэманыжьым и лъэпощхьэпохэм Кавказым пэIэщIэ ищIа и лъэпкъэгъухэм яхуитхащ». Тхыгъищу зэхэт циклым и япэ Iыхьэм лирикэ лIыхъужьыр хамэ хэку щыпсэу и лъэпкъэгъухэр къэкIуэжыным, ахэр адэжь лъахэм и куэщI щызэрыгъуэтыжыным зэрыщIэхъуэпсыр къыхощ. И къуэш хэхэсхэр гугъуехьыр я натIэу дунейм зэрытекъухьам, езыр жэнэт хэкум зэрыщыпсэум, ахэр зыпэIэщIэ Iуащхьэмахуэ езыр хуиту зэрыIуплъэм къыхэкIкIэ и щхьэ мыгъуагъэ хуехьыж. Уи хэку уисыжыныр насыпу къалъытэми, абы и дежкIэ а насыпыр щызкъым, зы хэку-анэм и бынхэр зэкъуэчауэ, къуэпс зырызу дунейм тепхъащи. Аращ мыпхуэдэ псалъэхэмкIи и лъэпкъэгъу хэхэсхэм защIыхуигъазэр:

*Хэку-анэнэпIэсхэм щыпсэу дэ ди къуэшхэ,*
*Хэку-анэнэпIэсхэм щыпсэу дэ ди шыпхъухэ,*
*Фыдимыгъусэу адэжь хэкум дыщопсэу,*
*Фыдимыгъусэу Iуащхъэмахуэ дэ дыIуоплъэ.*
*<...>*
*Къызэлъэлъэхыжу сиIэми насыпыр,*
*Фызимыгъусэу хъункъым а насыпыр щыз.*

**(«Хэку-анэнэпIэсхэм щыпсэу дэ ди къуэшхэ...»)**

Усэм и етIуанэ Iыхьэм ИстамбылакIуэм къыдэкIуа насыпыншагъэхэр хамэщI щыпсэу цIыхум – хэхэсым и нэкIэ, и гум щыщIэхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуэжащ:



6 Заказ №289

*Уэшх къежэхыу си куэдатэм нэпсыр,*
*Уафэгъуагъуэу сыгъынт сигу пэщыху –*
*Хэхэс хъуа адыгэм ди псэм гуаузу дэлъыр*
*Сэ згъеижу нэпскIэ къыскIутыху.*
**(«Си лъэпкъэгъуу адэжь хэкум исхэр...»)**

Ещанэ Iыхьэм лирикэ лIыхъужьым гъащIэм гурыфIыгъуэу щиIэ и гурылъ-хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр къыхощ:

*...СыщIыт-тIэ къуршыбгъэ, Дунеишхуэ!*
*Къэсхъыжынщ уи бынхэр Iуащхьэмахуэ!*
**(«Дунеишхуэм зы лъэIу къысхуищIэну...»)**

Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа усэ Iэрамэм ритмикэ шэщIа е рифмэ къулей хэплъагъуэркъым, ауэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, абы щIэлъ гупсысэ куур усакIуэм къигъэсэбэп художественнэ Iэмал хьэлэмэтхэм гурыIуэгъуафIэ икIи гукъинэж ящI. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, къэгъэпсэуныгъэр. Мы Iэмалым урохьэлIэ усакIуэм вагъуэхэм, дыгъэм, жьыбгъэ щхьэмыгъазэм мыпхуэдэ упщIэхэмкIэ защыхуигъазэкIэ:

*Дапщэщ хэхэс хъуа си къуэшхэр къэкIуэжыну?*
*Дапщэщ адыгэщIым я нэр щыплъэжыну?*
*Си лъэпкъ тхыдэм къыщыхъуа щыуагъэр,*
*Тэрэз хъужу, дапщэщ зэкIуэжыну?*
**(«Адыгэ тхыдэм си нэр ныхоплъызэ...»)**



Усэм и етIуанэ, ещанэ едзыгъуэхэм кIэух рифмэм дыщрохьэлIэ, япэ Iыхьэм ар хэдмылъагъуэми. Къызыхуэтыншэу нэщIысауэ щымытми, тхыгъэр хорей жыпхъэм йозагъэ. Псалъэм папщIэ:

*Къетхъухащ Шат Iуащхьэ и щхьэр уэ**су** –*
*ЗекIуэ кIуа и бынхэм щIогупсы<u>с</u>,*
*Гъуазэ хъун уэрэдхэр яхуиу**су***
*Нытоплъыхь Шыхулъагъуэм ар жэщ къэ<u>с.</u>*
**(«Дунеишхуэм зы лъэIу къысхуищIэну...»)**

*U U / – U / – U / – U / – U* *(пир.* 1 пыч.**)*
*– U / U U / – U / U U / –* *(пир. 3, 7 пыч.)*
*– U / U U / – U / U U / – U* *(пир. 3, 7 пыч.)*
*U U / – U / – U / – U / –* *(пир. 1 пыч.)*

КъызэщIэкъуауэ ухэплъэмэ, Сонэ А. и усыгъэм щытепщэр сыт хуэдэ лъэхъэни цIыхур зыгъэпIейтей, гуэхыпIэ имыIэу гъащIэм къыдэгъуэгурыкIуэ гупсысэхэр аращ. Езы усакIуэм и дуней лъагъукIэу и усэхэм къапкърыщыр щапхъэгъэлъагъуэщ, ущие мыхьэнэ зыщIэлъщ. Мис абыхэм ящыщ зы:

*Жагъуэгъур сэ къысхуэпсэлъакIэ*
*Си хьэлкъым си гур сэ сухыж:*
*Зэманым фIыр къыхэскъузыкIмэ,*
*Ар си псэм хущхъуэу хурокъуж.*
**(«Махуэ блэкIам и бжьыгъэ телъу...»)**

* пир. – пиррихий
** пыч. – пычыгъуэ

УсакIуэм нэхъ къехъулIахэм, и бзэм и шэрыуагъыр нэхъ наIуэ къэзыщIахэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ пейзаж лирикэр. ЩIыуэпсым и теплъэ екIухэр къыщигъэлъагъуэкIэ абы къигъуэтыфа зэгъэпщэныгъэхэр, эпитетхэр, метафорэхэр щIэщыгъуэщ: *мазэ-финар, вагъуэ-анэл, щIыгу-щауэ, жэщ-Iэзэ, вагъуэ-джэш, гущэ-уафэ,* н.ку. Гуапагъэрэ хуабагъэкIэ псыхьащ мыпхуэдэ сатырхэр: *«Си псэр, афэ джанэу, узошэкI»; «Тхъэмпабгъуэу уи жыг гъэфIахэр / ГухэлъкIэ къызэщоудыр»; «Къулейуэ уи хъэуа къабзэр / Йожабзэ си пкъынэлъынэм; / ЩопэкIур цIыхухэр бзэрабзэу, / Гукъуэпсыр я шыкIэпшынэу»,* н.

Сонэ А. и усыгъэм жанр и лъэныкъуэкIи, тхыгъэхэм я ухуэкIэ-гъэпсыкIэкIи щхьэхуэныгъэ куэд хыболъагъуэ. Ар литературэм и жанр нэхъ гугъу дыдэхэм халъытэ сонетыр къэзыгъэIэрыхуэфа адыгэ усакIуэ закъуэтIакъуэхэм ящыщщ. «Къулъкъужын», «Анэм», «Си Мэлэчыпхъу» зыфIища сонетхэр инджылыз фащэм иту тхащ. Дызэрыщыгъуазэщи, а фащэм нэхъыбэрэ иритха Шекспир У. и цIэр теIукIащ – «шекспировский сонет»-кIэ йоджэ. Фащэ къудейкIэ мыхъуу, Сонэ А. и сонетхэм я купщIэкIи инджылыз усакIуэшхуэм и Iэдакъэ къыщIэкIахэм япэгъунэгъу яхэтщ. Шекспир и сонетхэми хуэдэу, Сонэм «Си Мэлэчыпхъу» зыфIища тхыгъэм лирикэ лIыхъужьым фIыуэ илъагъу пщащэм и сурэт къыщигъэщIащ: гухэлъыр апхуэдизкIэ гуащIэщи, бзылъхугъэм и образыр тхьэпэлъытэу къэгъэлъэгъуащ, сонетым романтизмэм и пкъыгъуэ гуэрхэри хэухуэнащ:

*Набдзэ къурашэу, си тхъэIухуд,*
*Нэ фIыцIэ дахэу, си псэр зи гъэр...*
<...>
*Махуэм и нэфIыр зыщызгъэхуэнщ,*
*Дыгъэпс IэмыщIэ къыпхуэслIыщIэнщ.*
*Хым сисыкIыпхъэу къэзмыгъэнэн,*
*Къэзмыхъын папщIэ сэ уи губгъэн.*

**(«Си Мэлэчыпхъу»)**

Дызыхэплъэ сонетыр рифмэ ухуэкIэкIи инджылыз къупхъэм йозагъэ: *abab cdcd efef gg*.

Литературэдж щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, сонетым нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпыр, абы и хабзэ ткIийхэм нэхъ езэгъыр ямб усэ жыпхъэр аращ. «Си Мэлэчыпхъу» сонетым зы жыпхъэ пыухыкIаи хэплъагъуэркъым, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ логаэдым и кIапэлъапэ гуэрхэр мыIупщI дыдэу къыхэщхьэхукI мыхъумэ. Псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ къэтхьа пычыгъуэм щыщу иужьрей сатыриплIыр – сонетыр зэрыщыту къапщтэмэ, ещанэ катреныр – жытIамкIэ щыхьэтщ. Едзыгъуэм и ухуэкIэр щхьэтечауэ ипэжыпIэкIэ къыпхуэгъэлъэгъуэнукъым, сыту жыпIэмэ абы дызыщрихьэлIэ логаэдыр езыр лIэужьыгъуитIу зэщхьэщокIри, и гъэпсыкIэм лъэныкъуитIкIэ укъыщеплъ мэхъури:

1) <u>*хорей + амфибрахий*</u>

| | |
|---|---|
| *– U / U – U / U U / U –* | *(пир. 6 пыч.)* |
| *U U / U – U / U U / U –* | *(пир. 1, 6 пыч)* |
| *– U / U – U / U U / U –* | *(пир. 6 пыч.)* |
| *U U / U – U / U U / U –* | *(пир. 6 пыч.)* |

2) <u>*дактиль + анапест*</u>

*– U U / – U U / U U –*
*U U U / – U U / U U –* *(пир. 1 пыч.)*
*– U U / – U U / U U –*
*U U U / – U U / U U –* *(пир. 1 пыч.)*

Жыпхъэм щимызагъэ, сонетым и ухуэкIэ хабзэхэм щытекI къэхъуми, Сонэ А. и IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъ усыгъэм и тхыдэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыдащ: щитха лъэхъэнэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, абы и сонетхэр къэбэрдей литературэм деж жанрым и ублапIэ хъуа тхыгъэхэм зэращыщыр къыхэгъэщыпхъэщ.

Сонэ А. сабийхэми яхуотхэ. Усэ щхьэхуэхэмрэ «Къуалэбзу джэгуакIуэхэр» поэмэ-псысэмрэ цIыкIухэм яхуэгъэзащ, ауэ языныкъуэхэм я щIагъыбзэр куущ, балигъхэми Iущыгъэ къызыхахын философие гупсысэхэмкIэ узэдащ.

«Адакъэ» зыфIища усэр и купщIэкIэ гъэщIэгъуэну зэрыщытым къыдэкIуэу, и гъэпсыкIэкIи щIэщыгъуэщ, и ритмикэр макъамэ псынщIэм и IукIэу шэщIащ. Сатыр щырыщурэ зэхэт строфахэм (иужьрей строфар сатыритху мэхъу) щызэщIэжьыуэ макъхэм тхыгъэм укъыщеджэкIэ уэрэдым хуэдэу ущIагъэдэIу:

*Ди адакъэр лъэджажэщ,*
*И сыджышхуэу плъыжьыбзэр*
*Пащтыхь пыIэу къазыдзэщ.*

*Ушынауэ къыфIэщIмэ,*
*Уяужь иту къожажьэ,*
*Къозэуэну ар хуожьэ.*
**(«Адакъэ»)**

Къэтхьа едзыгъуитIымкIэ зэрынэрылъагъущи, тхыгъэр IуэрыIуатэм и рифмэкIэ («адыгэ рифмэ»-кIи йоджэ), кIэух рифмэхэмкIэ, сатыркIуэцI зэщIэжьыуэхэмкIэ къулейщ.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Сонэ А. и усыгъэр лъэпкъ тхыдэр, адыгэ хабзэр, IуэрыIуатэм и IэфIыр зыщIэзыша, абы щыгъуэми иджырей лъэхъэнэм декIу къэхъугъэ хьэлэмэтщ. И усэхэм языхэзым Абдулчэрим щитхащ: *«Уэ улIмэ, тещIэ уи дамыгъэ / Зэман блэлъэтым и натIэгу»*. А къалэныр езы усакIуэм нэсу игъэзэщIэн лъэкIащ: и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ я хэлъхьэныгъэ хъуащ, ахэр езыр зыхэпсэукI зэманым и мызакъуэу, къэкIуэну лъэхъэнэхэми хэзыгъэзэгъэн, зи пIалъэр имыкIыжын лъапIагъэхэмкIэ псыхьащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

# Сонэ Абдулчэрим хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Къэбэрдей литературэм псэ хьэлэлу хуэлажьэ усакIуэщ Сонэ Абдулчэрим. Абы зыкъигъэлъэгъуащ гъащIэм нэ жанкIэ пхрыплъыф, щIэр зи унэтIыныгъэ, «зи лъагъуэр езым ещхьыж» тхакIуэу. Сонэм и усэхэм я нэхъыбэм философие куу ящIэлъщ. Абы сатырхэм «жыжьэу Iэбэ къэухь» ярет. УсакIуэм къелъыхъуэ къэралымрэ цIыхухэмрэ я зэхущытыкIэм хэлъын хуей пэжагъыр, хэмылъмэ – щIыхэмылъым и щхьэусыгъуэр, цIыхугъэмрэ напэмрэ дунейр къызэриухуэрэ зэрызэхьэлIар, а тIур щызэфIэкIуэдым деж жылагъуэ псэукIэри зэрыбгъунлъэр, къулыкъурэ мылъкукIэ нэхъуеиншэхэм утыкур зэраубыдыр.

Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдокIуэкI лъэпкъым и гум щигъафIэм хуэфащэ псалъэ екIу хужызыIэм щIыхь хуащIу. 1975 гъэм «Дзапэ уэрэд» жиIэу япэу къыдигъэкIа тхылъым ит, уэрэд цIэрыIуэ дыдэу лъэпкъым ноби Iурылъ, адыгэшым и образыр къыщыгъэлъэгъуа «Шагъдий» усэм фIэкIа имытхами, Сонэм а щIыхьыр и лъэпкъэгъухэм я пащхьэ къыщихьащ. Абы и шагъдийм зиукъуэдиящ, адыгэбзэм и пщIэр къэзыIэт усыгъэ купщIафIэхэр и фIалъэхэм къыщIэлъэту.

**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
*публицист, критик*
*2007*



* * *

КъикIуа гъуэгуанэм уриплъэмэ, ар гъащIэм игъэфIахэм зэращымыщыр IупщIщ. И пщIэнтIэпскIэ псэужащ. ИтIани, зэман мытыншым дыщыпсэуми, ар лейуэ тхьэусыхэрейкъым. Щэнхабзэм, адыгэ хабзэм я жыпхъэм итыф цIыхущ, Iэдэбщ, цIыху вэгъэзэгъщ.

Лъэхъэнэ дызэрытым кърамыдзэжыщэми, балигъыр зыгъэдахэр гуращэ къабзэрщ, зыпэрыт IэнатIэм псэ хьэлэлкIэ зэрыбгъэдэтыфырщ. Апхуэдэ цIыхухэр ди нобэми кIуэдыжакъым. Абыхэм ящыщ зыщ ди лэжьэгъур икIи ныбжьэгъур. Абы и усэ нэхъыфIхэм яхэлъ дахагъэм поджэж езы усакIуэм и IуэхущIафэр, и дуней тетыкIэр.

**ДЖЭДГЪЭФ Борис,**
*усакIуэ, тхакIуэ, публицист*
*2003*

* * *

УсакIуэ Сонэм и хьэл нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ модэм зригъэхьу, «зыми емыщхьу» тхэн щхьэкIэ сатырхэр, псалъэхэр зэрызэблимышыр, атIэ къызэрыгуэкIыу зэрыусэр. Ауэ щыхъукIи, и творчествэ псом ирипльи, нэгъуэщIхэм гу зылъамыта щIэ гуэр ущримыхьэлIэу зы тхыгъи хэткъым. И дэтхэнэ сатырри усэм и купщIэм зэрытригъэIэбэным Iэзэу хуигъэлажьэу, тхылъеджэм губзыгъэу йопсэлъылIэ. ЙопсэлъылIэ къыдалъхуа, зэрытхэ адыгэбзэр фIы дыдэу ищIэрэ а ищIэр дахэу, зыхуэдэ щымыIэу шэрыуэу къигъэIурыщIэу. Ар, язынықъуэхэм хуэдэу,

усэм и хабзэхэм ягъэпщылIыркъым, абыхэм ятрищIыхьуи бзэр зэблишыркъым. Усэм и жыпхъэхэм псалъэхэр щригъэувэкIэ рифмэм, ритмикэм, макъ, пычыгъуэ Iуэху зытримыщIыхьу мыхъухэм я зэран лъэпкъ зримыгъэкIыу, адыгэбзэ IэслъыкIэ матхэ.

Псышхуэр, тенджыз, хы абрагъуэхэр зыхуэдэр зы ткIуэпс цIыкIу закъуэм къыбжеIэ. Абы ещхьу, Сонэм куэд кърингъэлъэгъуэну ирокъу мащIэр. Куу дыдэу къыщIигъалъи хуэмыдэу, зы гупсысэ кIапэ иубыдам жыжьэ ущегъаплъэ, а плъагъум и кууагъми къызэрыгуэкI псалъэхэмкIэ, тщыщ дэтхэнэри фIыуэ зыщыгъуазэ Iуэху жыгъейхэмкIэ нэIурыт пщищIу.

**ХЬЭХ Сэфарбий,**
*усакIуэ, тхакIуэ, публицист*
*1998*

* * *

Сонэр псалъэм и пщIэмрэ и къарумрэ куууэ зыхэзыщIэ усакIуэщ. Апхуэдэхэр псалъэм хуепIэщIэкI хабзэкъым, атIэ хуэсакъыпэу, щысхьыпэу хэплъыхь-хэщыпыхь защIэурэщ къызэрагъэсэбэпыр. ИтIанэщ цIыхум гукъинэ ящыхъу усэр усакIуэм и гущIэм къыщиIукIыр, ар лъэужьыншэрэ псыхэкIуадэрэ щымыхъур. Шэч лъэпкъи къытетхьэркъым Сонэ Абдулчэрим и усыгъэхэм я нэхъыбапIэм ар натIэ зэрахуэхъуам. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Си лъахэ», «Iубыгъуэ закъуэ», «Зэманымрэ гъащIэмрэ», «Къреунэху зы махуэ», «Едзыгъуитху», «Губгъэн», «Псэр мэхасэ» усэхэр. Мыбыхэм ущеджэкIэ уи нэгу къыщIыхьэ хуэдэщ усакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа образыр: «Вагъуэ ширхэр гущэ-уафэм хэпхэжауэ щIагъэхъае», «дыгъэр къуэкIыпIэм къыщотIэпI», «хьэуам акъужькIэ зетхьэщIыж», «гъатхэм щIыгур джэдыкIампIэм къипща хуэдэщ». Дауи, апхуэдэ сатырхэр, образ IупщIхэр зи гущIэм къиIукIынур зи нэр жан усакIуэрщ.

**БАКЪ Зерэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
*2001*

* * *

УсакIуэ нэсу ущытын хуейщ, уи Хэкум, фIыуэ плъагъу лъахэм, уи тхыдэм теухуауэ уи къалэмыпэм къыщIэкI псори тхылъеджэхэм гунэс ящыпщIыфын папщIэ. Ауэ а зымкIи зэфIэкIынуи къыщIэкIынукъым, а птхы псори къызэрыбгъэсэбэпын Iэзагъэрэ зэчийрэ убгъэдэмылъмэ. А зи гугъу тщIыхэмкIэ Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщщ Сонэр.

Абдулчэрим и усэ гъэпсыкIэр адрейхэм яхэгъуащэркъым. И бзэкIи, и макъ зэщIэжьыуэкIэкIи, зытепсэлъыхь IуэхугъуэкIи зи шыфэлIыфэ зиIэж усакIуэщ.

Сонэ Абдулчэрим и дэтхэнэ усэри купщIафIэщ, узыгъэгупсысэщ, щIэщыгъуэщи, зэ узэджар етIуанэу къэпщтэжу уемыджэжын плъэкIыркъым.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд,**
*тхакIуэ, журналист*
*2015*

СОНЭ Абдулчэрим

## ДЗАПЭ УЭРЭД

Си лъэпкъ тхыдэрщ си дзапэ уэрэдыр,
Ар пшыналъэу гущIэми къоIукI.
А уэрэдым къожьу мывэдухэр,
И макъамэ лъэщым псэр дохъуэпскI.

Уэрэдыр зыусауэ Iэ лэрыгъухэм
ПхъэIэщэкI-къалэмкIэ ар ятхащ,
Щхьэмыгъазэу хэту зауэ Iугъуэм
Жыр джатэ IугуакIи зэхалъхьащ.

Иджырейхэм пащэ а уэрэдым —
Адыгэм щIэныгъэр и къалэмщ.
Дыщэ Iэпэщ, ей, си лъэпкъ цIыкIу уардэр —
Зыдехь нобэ пщэдейрей къалэн.

Си лъэпкъ тхыдэрщ си дзапэ уэрэдыр;
Илъэс мин зыбжанэм ар я макъщ.
Тхыдэ инхэр мы дунейм щыкуэдми,
Сыхуэхъуапсэ мыхъумэ,
СыблэхъуэпсыкIакъым сэ ди лъэпкъ.

## IУБЫГЪУЭ ЗАКЪУЭ

ФIыщэу солъагъур зы фадэ,
Ар щымыIэххэ зыхуэдэ;
КъызыхащIыкIыр сымыщIэ —
Тхьэ закъуэракъэ ар зыщIэр.

Сопсэу сIэщIэту Iэгубжьэ,
Ар къыздокIуэкIыр си ныбжьым.
Абы ит фадэр ар — гъащIэщ.
Сыт хуэдиз итми, сфIэмащIэщ.

ПшэкIэплъу, фадэр фIэрафIэщ,
Дыгъэпсклм псэр егъэгуфIэ;

Гурыгъу-гурыщIэр я шхуэIуу
ЦIыху цIыкIур итщ абы и Iуэм.

Вагъуэр Iэгубжьэм щоджэгур,
УщегъэбжьыфIэ уанэгум;
И жейри фом йоIэфIэкIыр,
Уикъуни лъокIыр хьэ къукIэу.

Ей, гъащIэ — фадэу гъуэзэджэ,
Тхьэм и Iэмыру телъыджэ,
Уи лъащIэр куумэ — насыпкъэ,
Тхьэр схуэгъэпэжмэ — хьэлэлкъэ.

Iэмал диIэххэу тхулъэкIмэ,
Дынэмысынут и лъащIэм.
Ар Iыхьэ дапщэ ипщIыкIми,
Iубыгъуэ закъуэу мэкIуэщIыр.

## УЭШХ НЭУЖЬЫМ СИ ЛЪАХЭР



Уэшхым егугъуу зэщIигъэпскIауэ,
ЗэщIобэукIыр щIыгуу щэджащэр.
И гур пэщыхукIи щIэхъуэпскIыкIауэ,
Пшэ бацэр епхъыр щхъуэпсыр зи фащэм.

ПфIощI ираIауэ ихъуреягъкIэ:
КъэкIыгъэ цIыкIухэм щхъуантIагъэр щызи!
Хьэуари хъуащи къэуат салъкъынкIэ,
Псынэпсым хуэдэу уи Iум йожабзэ.

Удзыпэ къэси, жыг тхьэмпэ псоми
Гъуджэ-ткIуэпс цIыкIухэр псыпсу яфIэскъэ;
ТкIуэпсхэм къащIопсэ дыгъэпс къепсыхри,
Псырылъэ псыгъуэу бзийхэр ирашкъэ.

Нэм къыщIэджагуэу, псэри дихьэхыу...
«ТхьэIухуд» псалъэр лъахэм хуэфащи!
ГурыщIэ дамэм уафэм сыдихыу,
ГъащIэр уи дежым тIэкIу щыIэфIыщи!

Хабзэщ ягъафIэм фIыр хузэблахыу,
БлагъэфIхэр зиIэм и кIэн къикIакъэ:

Мес лэгъупыкъуу Іупэлэ дахэр
Уафэм кърахри щІым кърatакъэ!

## КЪРЕУНЭХУ ЗЫ МАХУЭ

Тхыдэ напэкІуэцІхэм дриплъэжмэ,
УІэгъэжь мыхъужхэр къоятэжыр:
Пащтыхь джатэм Кавказ лъахэм исхэр
Хэутэн щищІари нэгу щІокІыжыр...

Хэкум ираху лъэпкъым и сабийхэр
Губгъуэ нэщІхэм хьэхэм щаІусыпхъэт,
Кхъухь зэпэгъуаниблхэм итІысхьахэр
Бдзэжьей Іусу хым зыжьэдилъафэрт.

Удын зэхэдзари къытлъысати,
ХамэщІ гущІыІагъи дгъэунэхуакъэ,
Убых вагъуэр, мес, ужьыхыжакъэ,
Лъэпкъ насыпыр бийм тІэщІиудати.

Удын жагъуэу лъэпкъым лъысыгъахэр
Гъущыжыну дэ долъэІур Тхьэшхуэм,
Шэрджэс лъэпкъыу дунейм текъухьахэм
ЯІуэтэжу къреунэху зы махуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэр гъуазэу
Іуащхьэмахуэ къреджэж и бынхэр.
Тхыдэм зэ и гупэр къытхуигъазэу
Тхьэм насып къарит ди щІэблэ хейхэм!

Маржэ, зыкъэужь си лъэпкъ адыгэм,
Маржэ, сыноджэж си къуэш абхъазым,
Щыпудакъым фэ фи щІыхьыр шыбгым,
ЩІихъумакъым фи цІэр зэман гъуэзым.

Бий щхьэл мывэм дэ дыщІагъэкІами,
Дигу ираудыну ялъэкІакъым.
Псэр дэпсэхуу къреунэху зы махуэ,
Псэр дэпсэхуу къреунэху зы махуэ!

## ЯПЭ ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ И ХЪЫБАР

Балигъ сыхъуным сыхуэпIащIэрт,
Илъэсхэр икъукIэ сэ сфIэкIыхьт.
Ди зы классэгъуи сыкъимыщIэу,
Амыдэ куэдрэ сэ сепщIыхьт.

А пщащэ нагъуэм хуэдэу дахэ
Ди жылэ псом къимытэджат;
Письмо куэдыжьу абы хуатхырт, —
А псом Амыдэ къыпхуеджэнт?!

Дэ дызэныбжьхэу деджэ пэтми,
Хъыджэбзхэр дяпэ хъурт балигъ.
НэхъыфIу еджэм сэ сахэтми,
Лъагъуныгъэшхуэр си щIыбагът.

Чыш лантIэм тест сэ си гурыщIэр —
Гупсысэр уэгум изэрыхьт,
Iуэхугъуэ Iэджэм закIэрысщIэрт,
Гурылъхэр Iуащхьэу си хьэзырт.

Сэ хъыбар гъущэ щIэзгъэдэIумэ, —
Хъыджэбз згъэзэшыр IупщIт зыхуейр:
Шы ябгэр тыншу зыгъэдаIуэм
И нэ топ цIыкIухэр худэплъейрт.

... ХэкIэсэIуат, си уафэр гъуагъуэу
Зы насып гуэр къыщизгъэхъуам:
Амыдэ дахэр бынунагъуэт,
Шууей хуэм-хуэму сыщыхъуам.

... Псы ежэхахэм абы лъандэм
Илъэс пщIы бжыгъэм я Iэ щIэлъщ;
ИтIани си гум къыполъадэ
ЖесIэн Амыдэ си гухэлъ.

Иджы сымыщIэ ар здэщыIэр,
Ауэ зы пщIыхь сэ къыздокIуэкI:
Амыдэ дежкIэ си нэр щыIэу,
ЕпщIанэ классым урок щокIуэкI.

## НАЛШЫК ПАРК

Тхьэмпабгъуэу уи жыг гъэфIахэр
ГухэлъкIэ къызэщоудыр,
Псыпсыжу псей зыкъизыххэм
Iущащэу хуолъэуджыджэр.

Паркышхуэм и дыщэ бзухэр
Я уэрэдускъэ дахагъэм!
Мыбы гукъеуэр щобзэхри,
Псэм зэхегъапскIэ щхъуантIагъэм.

Къулейуэ уи хьэуа къабзэр
Йожабзэ си пкъынэлъынэм;
ЩопэкIур цIыхухэр бзэрабзэу,
Гукъуэпсыр я шыкIэпшынэу.

Алее уи жэнэт гъуэгухэм
Шэнт хъархэр я гущэ куэщIи,
ПщIыпщIыжу епэр гъэгъахэр
Абыхэм я дыщэ мыщIи!



Бзэ IэфIу ди Налшык паркым
КIэпхъ цIыкIухэр и жыг гъэдахи,
Мардэншэу уи гур щIиIэтэу
Дапщэщи абы и гъатхи!

## ЕДЗЫГЪУИТХУ

1

Жэм лъакъуэм шкIэ зэримыукIыр
Зы хабзэу дунейм къыщекIуэкIми,
УIурыIэбэ зыкIи мыхъуу
ЙокIэрэхъуэкIри щIы хъурейр!

2

И хьэлыр гъащIэм сщыгъупщауэ,
Гухэ сыхъуамэ езгъэлейуэ,
Уэ щтауч-псалъэ къысщIэгъапщи,
Гъэлыдыт си нэр, хъуаскIэр лъейуэ.

3

Губжь бзаджэр пIалъэкIэ къыстекIуэу,
ГущIэгъуншагъэ зыхэслъхьакъэ —
Уэ къысIэщIэлъхьэ сабий цIыкIуи,
Бзэрабзэу си гур ежьэжынкъэ.

4

Сэ жьыуэ Iуэхур есхьэжьамэ —
Щрырет акъылыр къаблэмэуэ.
ЦIыхугур сакъыу ягъэсакъым,
Уечэнджэщакъэ — уощхьэрыуэ.

5

Псэ лъэщым, нэхум куэд и хьэкъщи,
ЛIыгъэ нагъыщэу ар гурыхькъэ.
Штауч шхыныгъуэм уэ схухэлъхьэ:
Нарт хьэлыр щыIэкъым зыхэслъхьэ.



## ЖЭЩ-IЭЗЭМ ЕДЗЫР ВАГЪУЭ-ДЖЭШХЭР

Щхьэщысщ пIейтейуэ жэщыр лъахэм,
Зэригъэзахуэр и щхьэм къос,
Къэгувэ дыгъэм къегъэдзыхэ:
Нэр имыгъаплъэу шыцуэс къос.

Жэщ-Iэзэм едзыр вагъуэ-джэшхэр,
Шыхулъагъуэ-гъуэгу абы къелъагъу —
Уэзы Муратхэм я зекIуэшхэр
Уанэ техащи, и гур мэгъу.

Хэкур хуэныкъуэу а лIыхъужьхэм
ЯмыщIэу, тIэкIу мэбэлэрыгъ.
Бэлэрыгъам ящыщщ жин хужьхэр:
Хабзэ къутэнри хъуащ нэрыгъ.

Е къуалэ хэшэщ, е — жьуджалэ,
Зэгуэр Муратхэм дыкъащIэнщ;
Дунейкъутэжми уэуэ щыблэ,
ЛIыхъужьхэр я лъэм къихьыжынщ.

# ЩIАЛЭГЪУЭ АКЪУЖЬ

1

«ПцIащхъуэ шыр», жызоIэ сэ узгъафIэу,
Тхьэм уэ фIыкIэ и гум укъигъэкI.
Гъэмахуэкуу мы дунейр фIэрафIэу
Сытым дежи дахэу емыкIуэкI.

ГъащIэр мэхъур бжьыхьэ, зэм — щIымахуэ,
Блэ шэрэзи щыIэщ къезыхьэкI.
Уэ си пцIащхъуэ цIыкIуу псэм и хъуахуэ,
Си псэр, афэ джанэу, узошэкI.

Бжьыхьэ уэшхми уэ ущымышынэ,
Жьауэу, си гур уэ пхузэIусхынщ.
Уэ щIымахуэр къэсми сумыбгынэ —
Си гухэлъ жьэгу мафIэм зебгъэунщ.

Бзухэм хуэдэу дызэрыгъэпэжмэ,
Трихьэнкъым пшагъуэ дэ ди гъуэгу;
Гухэлъ нэхукIэ дызэхуэсакъыжмэ,
Насып щыпкъэм дисынщ и Iэнэгу.

2

Iэгъуи-гъуэгуи зыхуэзмыгъуэт гурыщIэ,
Си пкъынэлъынэм къыщыукъубей,
ХэкIыпIэ зимыIэ, сыту угуащIэ!
Псэм урихъуахуэщ, уэркIэ сыбейщ.

Iэгъуи-гъуэгуи зыхуэзмыгъуэт гурыщIэ,
ФIыщIэ мыухри сэ уэ пхузощI.
Псэр щIэмбрыуэу насыпым и лъащIэм
Къизыгъэхъуами сэ зыпызощI.

Iэгъуи-гъуэгуи зыхуэзмыгъуэт гурыщIэ,
Дахэм фэеплъу сэ къызита,
Нобэр къыздэсым си гъащIэм хэщIу
Уэрыншэу дауэ сэ сыпсэуа?!

Уэрыншэу сытхэр сэ сусыжыну?
ГъащIэ джэлэси сэ усхуэхъуащ.
Мы дунеягъэм псыуэ щисфынур
Зэщыщхъу зыщIынур уэ зыр аращ.

## ПЩЫХЬЭЩХЬЭР – КЪУАЖЭМ

Вагъуэ ширхэр гущэ-уафэм
Хапхэжауэ щIагъэхъае,
ЩIэшыхьауэ щIым и бгъафэм
Бгым ис къуажэр жейм хелъафэ.

Жей зымыщIэу къуршыпс Iэлыр
ХъущIэ-щыщу хым мэкIуасэ,
КъуейщIей жьыбгъэм и гухэлъыр
Жыгей щхьэкIэм щещI нэIуасэ.

Фызкъэмышэу зи щIалэгъуэр
Псэлъыхъу кIуэну зосэбауэ,
Джэгу здэщыIэу зи гуфIэгъуэм
Зэхох жыжьэу я Iэгуауэ.

* * *

Пщыхьэщхьэ пшэплъыр и шхыIэну
Дыгъэр жеину пIэм йокIуэж,
Мазэ-финарыр зэрыпынэу,
Дунейри хъунущ нэхъ зэкIуж.

Джанэ нэхутхьэхур зыщихауэ,
Уафэм зищIынкъэ пцIанэ шыр –
Вагъуэ-анэлхэр къыщIэщауэ,
ЩIыгу-щауэм хъункъэ дэуэршэр.

Вагъуэиж лъейхэр хьэрэкIытIэу
Гухэлъ толъкъунхэр къэушынщ,
Гурыщlэ пщтыр къаIурыпIытIэу
Джэгужь Шыхулъагъуэми щащIынщ.

*ЩIэныгъэлI БищIо Борис илъэс 70 ирокъу*





# БЗЭР ЩЫIЭХУЩ ЛЪЭПКЪРИ ЗЭРЫПСЭУНУР

*БищIо Борис 1952 гъэм январым и 21-м Лэскэн районым щыщ Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь дзэм даш. Ар щытхъу пылъу кърехьэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым щIотIысхьэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр Диплом плъыжькIэ къэзыуха щIалэм щалъхуа жылэм егъэзэжри, егъэджакIуэу мэлажьэ илъэс зыбжанэкIэ.*

*БищIор 1980 гъэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къашэ. Абы и щIэныгъэми и зэфIэкIми щыхегъахъуэ. 1984 гъэм Москва, БзэщIэныгъэхэмкIэ институтым и аспирантурэр къеухри, и кандидат лэжьыгъэр абы щыпхегъэкI. 2006 гъэм а институт дыдэм филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэр къыщыфIащ.*

*БищIо Борис адыгэбзэм и Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр щызэпкърыха щIэныгъэ лэжьыгъэу 160-м щIигъу, монографиеу тIу къыдигъэкIащ. КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ.*

*Къыщалъхуа махуэм ирихъэлIэу дэ абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*

**– ЦIыхур и юбилейм ирихьэлIэу и гъащIэ гъуэгуанэм ириплъэж хабзэщ. Уэ дауэ уIущIэрэ уи махуэм, Борис?**

– Илъэс 70-р зы цIыху гъащIэ ирокъу, ди къэралым ику иту цIыхухъум къигъащIэр абыи нэсыпэркъым. Аращи, жыгъэм сызэрынэсам тIэкIу сронэщхъей апхуэдэ махуэхэр къыщыблагъэм и деж. Уэ дапхуэдэу уигукIэ зумыгъэщIалэми, уэрамым удэту сабий урихьэлIэмэ, «дадэкIэ» къоджэмэ, щIалэгъуалэм «тхьэмадэ» жаIэу зыкъыпхуагъазэмэ, укъыщалъхуар зэрымыдыгъуасэр къыбгуроIуэж. НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи, си узыншагъэкIи, си гукъыдэжкIи, Тхьэм и фIыщIэкIэ, а жыгъэр къызжьэхэуэщакъым, лэжьыгъэкIэ жыпIэмэ, пенсэ сытIысыжыну сигу къэзгъэкIыркъым, Iуэху сызыпэрытым къызэмыхьэлъэкIыу сыполъэщ. Iэпщэ къарукIэ мыхъуу, уакъылырылажьэмэ, мы сэ сыздынэса ныбжьыр аращ цIыхум и зэфIэкIыр нэхъ къыщызэIуихыр, дяпэкIи согугъэ си IэдакъэщIэкI гуэрхэр дунейм къытезгъэхьэну.

**– Анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэшхуэ хуэзымыщIа цIыхур абы хуэлэжьэфынукъым, атIэми ар бзэщIэныгъэлI зэрымыхъунур хьэкъщ. Адыгэбзэм хууиIэ гудзакъэр къыщежьэр дэнэ деж е хэт и деж?**

– Пэжщ а жыпIэр, анэдэлъхубзэм хузиIэ лъагъуныгъэр гущэм сыщыхэлъым къыщежьауэ си гугъэщ. Дэ ди сабиигъуэм ди нанэхэм гущэкъу уэрэд къыджаIэурэ дапIащ, нэхъ дыкъыдэкIуэтейри я таурыхъ дахэхэм жэщ ныкъуэ пщIондэ дедаIуэурэ къекIуэкIащ, уи телевидени, уи интернети я пIэ ахэращ итар. ЕджакIуэ ныбжь сынэсри, республикэ псом и IэзагъэкIэ нэхъ щыцIэрыIуэхэм ящыщ ТIажь Абчарэ си егъэджакIуэ хъури, пэщIэдзэ классиплIым абы адыгэбзэ защIэкIэ сригъэджащ. Аращи, адыгэбзэр умыщIапIэ, фIыуэ умылъагъупIэ иIэт?!

Ауэ адыгэбзэр джыныр IэщIагъэ схуэхъуным занщIэу сыхуэкIуащ жысIэмэ, пцIыупс сыхъунущ. ЯпэщIыкIэ Iыхьлы-благъэхэм «нэхъ урипсэуфынущ» жаIэу сызытрагъэгушхуа, Москва дэт институт гуэрым, сату Iуэхухэм епхам, си документхэр естауэ щытащ. Насып сиIэти, сыщIэхуакъым, конкурсышхуэм сыпхымыкIыфу си унэ сыкъекIуэлIэжащ. «Си насыпти» щIыжысIэр абы сыщIэтIысхьэу къэзухами, сэ сату лэжьакIуэ къысхэкIынутэкъым, сыдэзымыхьэх Iуэхум сыпэрытын хуей хъунут, игъащIэкIэ сыхуэмейуэ. ЕтIанэгъэ пщIондэ сыщымысу, техникумхэм иджыри еджакIуэ къащтэрти, абыхэм ящыщ гуэрым сыщIэтIысхьэнщ, жызоIэри, аргуэру сщIэм еплъ: политехническэ техникум жаIэу Налшык дэтам электроIэмэпсымэхэр щIыным щыхурагъаджэ и къудамэм сыщIотIысхьэ. Ари си ни-си пи къимыхьу сыщIэсурэ си ныбжьыр илъэс 18 мэхъури, дзэм сыдашыну къызоджэ. Германием щыIэ ди дзэ гупым сыхохуэри, илъэситIкIэ абы къулыкъу щызохьэкI. Къыщызгъэзэжам техникум сызыщIэсам згъэзэж хъунут, ауэ абыи сызэрыхуэмейр хьэкъыу къызгурыIуэжат. Нэхъ пасэуи си щхьэм къихьэн хуеят сэ «сыкъызыхуигъэщIар» филологиер зэрыарар. Предмет псомкIи «тху» фIэкIа схуамыгъэуву школыр къэзухами, пэщIэдзэ классхэм щыщIэдзауэ бзэмрэ литературэмрэ я урокхэм япэсщI щыIакъым. А илъэсхэм къуажэ библиотекэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхылъу щIэлъу хъуам сэ сызэмыджа яхэлъыжтэкъым.

Армэм ущIыдашыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, тхылъ уеджэу ущагъэсыну аракъым. Апхуэдэ Iэмал сымыгъуэтыжу есхьэкIа илъэситIым кууэ зыхэсщIащ тхылъыншэу сызэрымыпсэуфынур. Арати, мис иджы адэкIи-мыдэкIи семыплъэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щрагъэдж и къудамэм си документхэр естащ. Майм дзэм сыкъыхэкIыжамэ, августым экзаменхэр стын хуейт, ар си дежкIэ тынш цIыкIутэкъым. Япэрауэ, сэ школым сыщыщIэсам адыгэбзэр 8-нэ классым щыпичти, класс нэхъыжьхэм щрагъэджыжтэкъым. Иджы, къызэрыщIэкIымкIэ, программэм зихъуэжри, ебгъуанэ-епщIанэ классхэм нэхъ кууэ щаджу ирагъэжьати, сэр-сэру къасщтэу а псор зэзмыгъэщIэжу хъунутэкъым. МыдэкIэ урыс литературэмрэ тхыдэмкIэ стын хуей экзаменхэмкIи си Iуэхур нэхъ щIагъуэтэкъым – сщIэм щыщу нэхъыбэр сIэщIэгъупщыкIыжат. Дауэ мыхъуми, зэрыжаIэу, си бгыр щIэскъузэри, зызгъэхьэзырри, конкурсми сыпхыкIри (абы щыгъуэ иджы хуэдэтэкъым – къащтэнум хуэдиххуэдибл къекIуалIэрт) студент сыхъуащ. Ныджэм къытридзауэ псым хадзэжа бдзэжьейм хуэдэт си щытыкIэр – си гур зыхуейм, си псэм фIэфIым сыпэрытт икIэм-икIэжым. Диплом плъыжькIэ къэзухащ – абы адэкIэ си щIэныгъэм аспирантурэм щыпысщэну хуитыныгъэ къызитырт. АрщхьэкIэ а гъэм апхуэдэ Iэмал щымыIэу къыщIэкIри, къысхуэнэжырати, егъэджакIуэу ди къуажэ школым сыкIуэжри, илъэсищкIэ абы сыщылэжьащ. ЕгъэджакIуэри сэ си IэщIагъэтэкъым, си хъуэпсапIэр щIэныгъэр (наукэр) арати, 1980 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым сыщрагъэблагъэм, занщIэу арэзы сыхъуащ. Абы щыщIэдзауэ нобэм къэс, илъэс 42-рэ (сэ езым согъэщIэгъуэж а бжыгъэм и инагъыр!) хъуащи, си лэжьапIэр схъуэжакъым, кIуэ, аспирантурэ сагъакIуэу Москва щызгъэкIуа илъэсищым я гугъу умыщIмэ. А пIалъэ кIыхьым къриубыдэу зы махуи, зы сыхьэти сыхущIегъуэжакъым къыхэсха гъуэгум. Зыгуэр схузэфIэкIамэ, зыгуэр къызэхъулIамэ, абы и япэ щхьэусыгъуэр фIыуэ слъагъу Iуэху зэрызесхуэр аращ. Абы адэкIэ ар я фIыщIэщ егъэджакIуэ, ущиякIуэ схуэхъуа си нэхъыжьыфIхэм – университетымкIэ Урыс Хьэталий, АбытIэ Мухьэб, Нало Ахьмэдхъан, ауэ псом хуэмыдэжу, сыщыаспирантым зи нэIэ сыщIэта Къумахуэ Мухьэдин. А щIэныгъэлI цIэрыIуэр иужькIи, псэухункIэ, чэнджэщэгъуу сиIащ. «Интеллигент нэгъэса» жыхуаIэм хуэдэт ар, щIэныгъэ Iуэхум и мызакъуэу, гъащIэм и нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи ар щапхъэ схуэхъуащ. Аращ, уи упщIэм жэуапу схуетынур.

**– Борис, уи мурадхэм дынэмыс щIыкIэ, мы иужьрей илъэситхум уи IуэхущIафэу щытахэм я гугъу уэзгъэщIынут.**

– А лъэхъэнэм тхузэфIэкIам щыщу псом япэ и цIэр къисIуэнщ «Урыс-адыгэ псалъалъэ иным» – ар тIэунейрэ къыдэкIащ, япэу 2018 гъэм, етIуанэу нэгъабэ, 2021-м. Мыбы цIыхуиплI дыхъуу илъэс зыбжанэкIэ делэжьащ: сэр нэмыщI, ТIымыжь Хьэмыщэ, Къумыкъу Динэ, Жылэтеж Хьэжысмел сымэ, и щIэныгъэ редакторыр сэращ.

Псалъалъэм адэкIэ пещэ XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм зэхаубла лексикографие унэтIыныгъэм: 1890 гъэм Тифлис (Тбилиси) щытрадзауэ щыта япэ урыс-адыгэ (къэбэрдей) псалъалъэр зэхилъхьащ Кавказ гупэм ис лъэпкъ зыбжанэм узэщIакIуэ яхуэхъуа, рево-



7 Заказ №289

люцэм и пэкIэ псэуа урыс щIэныгъэлI цIэрыIуэ Лопатинский Л.Г. А псалъалъэм къызэщIиубыдэрт урыс псалъэу минибгъум щIигъу. Илъэс 40-м щIигъукIэ а лексикографие лэжьыгъэ закъуэращ Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ я интеллигенцэ къызэщIэрыуэм къагъэсэбэпыну яIар. Зэрыхъуар аращи, Лопатинскэм и псалъалъэр къыщыдэкIа гъэм къалъхуащ совет лъэхъэнэм и япэ урыс-адыгэ псалъалъэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа лIыр. Ар Хъуран Батийт. Абы и лэжьыгъэм (Русско-кабардинский словарь. М.: СССР-м и лъэпкъхэм я тхылъ тедзапIэ нэхъыщхьэ, 1927. н. 80) къызэщIеубыдэ псалъэу миних хуэдиз икIи XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм адыгэбзэм нэхъыбэу къыщагъэсэбэпу щыта псалъэхэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ къызэрыщыгъэлъэгъуам къыхэкIыу и мыхьэнэр пхуэмылъытэну инщ.

1940 гъэхэм егъэджэныгъэм тегъэпсыхьа псалъалъитI традзэ: Школхэр зэрыгъуэзэн урыс-адыгэ (къэбэрдей) псалъалъэмрэ Урыс-адыгэ (шэрджэс) псалъалъэмрэ, япэм псалъэу 5000, етIуанэм 6000 ярыту. Мыхэр куэду щхьэпэ яхуэхъуащ урысыбзэри анэдэлъхубзэри зыджхэм.

1955 гъэм дунейм къытехьащ Къардэн Бубэрэ БищIо Аслъэнрэ я Урыс-адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) псалъалъэр. А псалъалъэр къызэрыдэкIар республикитIым я щэнхабзэ гъащIэм и дежкIэ мыхьэнэ егъэлея зиIэ Iуэхугъуэ хъуащ. Абы адыгэ лексикографиер хэпщIыкIыу япэкIэ игъэбэкъуащ, лъагапIэщIэ тригъэуващ. Нобэр къыздэсым а псалъалъэр къызэщIиубыдэ псалъэ бжыгъэкIи, и зэхэлъыкIэм и фIагъкIи зэзыдзэкI лексикографие лэжьыгъэ нэхъыщхьэу къокIуэкI.

ЕджапIэ псалъалъэхэм я бжыгъэм 1992 гъэм къыхэхъуащ Джаурджий ХьэтIыкъэрэ Сыкъун Хьэсэнрэ я Школ урыс-адыгэ псалъалъэр, 2013 гъэм БищIо Борис, Къумыкъу Динэ, ТIымыжь Хьэмыщэ сымэ къыдагъэкIащ еджапIэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэ.

Мы Псалъалъэ иныр зи IэдакъэщIэкIхэм тегъэщIапIэу яIар, дауикI, ищхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа лэжьыгъэхэм я закъуэкъым. ЩIэгъэкъуэн хъуахэщ нобэм къэс адыгэбзэхэм хузэхалъхьауэ щыIэ псалъалъэу хъуар, апхуэдэуи урысыбзэм и псалъалъэ куэди. Мы псалъалъэм елэжьахэм я насыпу, «щIыпIэ нэщI» къыщыщIадзэн хуей хъуакъым, зи гъащIэр лексикографие IэнатIэ мытыншым щхьэузыхь хуэзыщIа нэхъыжьыфIхэм я фIыгъэкIэ.

Ауэ зэманыр адэкIэ мэкIуатэ, гъащIэми зехъуэж. Абы къыхэкIкIэ, Урыс-адыгэ псалъалъэ иным (мыбы нэхъапэ къыдэкIахэм я нэхъ Iув дыдэм псалъэу итым нэхърэ хуэдитIым щIигъукIэ нэхъыбэ къызэщIеубыдэ) и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ уващ Урысейм и тхыдэм и лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу ар ещанэ илъэс миным щыхыхьэм урысыбзэми адыгэбзэми къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр къэгъэлъэгъуэныр.

ЩIэджыкIакIуэ набдзэгубзаплъэм псалъалъэщIэм къыхигъуэтэфынущ совет нэужь лъэхъэнэм дызытепсэлъыхь бзэхэм къахыхьа фIэщыгъэцIэу, псалъэу куэд, цIыху гъащIэм зэрыщыту, апхуэдэуи экономикэм, политикэм, техникэм, промышленностым, бизнесым, диным, спортым, шхыныгъуэхэр пщэфIыным, хабзэхэм, модэм, музыкэм, гъуазджэм, нэгъуэщIхэм епхауэ. Абыхэм ящыщ IыхьэфI блэкIа зэман гъунэгъум тIорысэ хъуауэ, дахуэмеижу, ди гъащIэм къемызэгъыжу икIи абыхэм совет псалъалъэхэм «щащIэн щымыIэу»,

абыхэм хэбгъэхьэ мыхъуну къалъытэу щытащ. ГъащIэмрэ бзэмрэ мис апхуэдэ и зыхъуэжыкIэ нашэкъашэхэм (псалъэщIэхэр къэхъуным, псалъэм и мыхьэнэм зиIэтыным е ар къамыгъэсэбэпыж хъуным, яIэщIэхужар къэщIэрэщIэжыным) Iэмал имыIэу къагъэуващ идеологием и Iэхъулъэхъум хуэхей лексикографие лэжьыгъэ щхьэхуит бгъэдыхьэкIэщIэкIэ къэгъэщIын хуейуэ. ПсалъэщIэхэр, мыхьэнэщIэхэр, псалъэ зэрыIыгъхэр щызэрадзэкIым авторхэр хущIэкъуащ анэдэлъхубзэм Iэмалрэ зэфIэкIыу иIэр ирахьэлIэурэ нэгъуэщIыбзэ псалъэхэр а зэрыщытым хуэдэу ди бзэм хамыгъэувэным, псалъалъэм мымащIэу узыщрихьэлIэ урыс псалъэ гуп зэрыIыгъхэм мыхьэнэкIэ къапэхъу апхуэдэ адыгэ псэлъафэхэр къызэрыхуалъыхъуэным елIэлIащ.

Псалъэуи, псалъэ зэрыIыгъыуи зыкъом къыхахащ анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI газет, журнал хуэдэхэм, псом хуэмыдэу республикэ газетхэу «Адыгэ псалъэмрэ» «Черкес хэкумрэ».

Адыгэбзэ секторым 2020 гъэм дунейм къытригъэхьащ нэгъуэщI зы псалъалъэшхуи – Адыгэбзэ синонимхэм я псалъалъэ, зы гупышхуэм я IэдакъэщIэкIыу. Ар зэхалъхьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Дзыгъуанэ Ритэ (ар гупым и унафэщIщ, щIэныгъэ редакторри аращ), филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Абазэ Маритэ, АфIэунэ Анджелэ, Токъмакъ Мадинэ, Хэжь Залинэ, Хэжь Марьянэ, Шэру Нинэ сымэ.



Синонимхэм бзэм къалэнышхуэ щагъэзащIэ. Ар нэхъыщхьэ дыдэу псалъэ зэмыщхьхэмкIэ зы мыхьэнэр гъэнэхуэнырщ. Синонимхэр дэIэпыкъуэгъу мэхъу ди гупсысэ, гурылъ, гурыгъу-гурыщIэ зэхуэмыдэхэр ди псэлъэгъум наIуэ щытщIынымкIэ, нэхъ куууэ зыхедгъэщIэнымкIэ, нэсауэ гурыдгъэIуэнымкIэ. Ауэ Iуэхугъуэ, къэхъукъащIэ гуэр къыбгуригъэIуэфын къудейм и закъуэкъым бзэм ахэр къыщIыхэхъукIыр, атIэ а гупсысэр къэзыIуатэм и гумрэ и псэмрэ зыхищIэр, езым абы хуиIэ щытыкIэр къыуигъэлъагъуфын, зыхыуигъэщIэфын щхьэкIэщ.

Бзэм синонимэгъу щызэхуэхъу псалъэхэр къызэрыхэхъукIымрэ абыхэм я мыхьэнэхэмрэ уащыкIэлъыплъкIэ гу лъумытэу къанэркъым нэхъыбэ дыдэу синонимхэм я мыхьэнэр цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэм ехьэлIауэ зэрыщытым.

Синонимхэр къэгъэщIыныр бзэм зэрызиужь хабзэхэм ящыщ зыщ. Ахэр бзэм и къулеягъэм и зы нэщэнэщ. Синонимхэм я куэдагъым, я зыубгъукIэм бзэм и IэтIэлъатIагъэр, и дахагъэр, и къарур зыхыуагъэщIэ, абы къикIуа гъуэгуанэр зыхуэдэми, ар зыIурылъым и къекIуэкIыкIами, и тхыдэми щыгъуазэ ухуащI.

Синонимэгъу зэхуэхъуа гупым хыхьэ псалъэхэм мыхьэнэкIэ яIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр, мыхьэнэ гуэдзэхэр къэхутэныр аращ синонимхэм елэжьыным нэхъ гугъу дыдэу хэлъыр. А къалэн мытыншым упэлъэщынымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу IуэрыIуатэр, художественнэ тхыгъэхэр. Ахэр дэIэпыкъуэгъущ синонимхэм я мыхьэнэхэр зэщхьэщыгъэкIынымкIи, я стилыр убзыхунымкIи.

Адыгэбзэм и синонимхэр джыным бзэщIэныгъэлIхэм мызэмытIэу зыхуагъэза щхьэкIэ, ахэр нэгъэсауэ зэпкърызых лэжьыгъэу щыIэр куэд хъуркъым. Абыхэм ящыщу нэхъ къыхэбгъэщ хъунущ Шагъыр Iэмин, Урыс Хьэталий, Апажэ Мухьэмэд сымэ я къэхутэныгъэ

лэжьыгъэхэр. Зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIхэм зыкъомкIэ адыгэбзэм и синонимхэр ягъэбелджылащ, ахэр къызэрыхъу щIыкIэр, зэригуэш гупхэр къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу щытми, синонимхэм ехьэлIауэ куэд иджыри зэхэмыбзу къонэ. Ар ирибгъэкъужын папщIэ, синоним гупу бзэм иIэхэр зэхэгъэкIауэ псалъалъэм игъэхуапхъэщ. Абы хуэунэтIа лэжьыгъэ щхьэпэ зыбжанэ дунейм къытехьащ. Абыхэм ящыщу псом япэ и цIэ къиIуапхъэщ Тхьэркъуахъуэ Юныс и «Адыгэ синоним гущыIэлъэ кIэкI» 1969 гъэм Мейкъуапэ къыщыдэкIам. Абы къыкIэлъыкIуащ Пщыбий Иналрэ Сакий Нурдинрэ я IэдакъэщIэкIыр – 1971 гъэм Черкесск щытрадза «Синонимхэм я псалъалъэ кIэщIыр». Нэхъ иужьыIуэу дунейм къытехьар «Адыгэбзэм и синонимхэм я псалъалъэ (школхэм папщIэ)» лэжьыгъэрщ. Ар Дзыгъуанэ Ритэрэ Шэру Нинэрэ 1997 гъэм Налшык къыщыдагъэкIащ. Зи гугъу тщIы псалъалъэхэр, ахэр зэхэзылъхьахэм къызэрыхагъэщауэ, инкъым. А псом къыхэкIыу адыгэбзэ синонимхэм я къулеягъ, дахагъ псори къызэщIиубыдэу псалъалъэ ин гъэхьэзырын зэрыхуейм шэч хэлътэкъым. А Iуэху мытыншым илъэс зыбжанэкIэ елэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ гуп.

Псалъалъэр зэхэзылъхьэхэм псом япэу синоним зэхуэхъу псалъэ «Iэрамэхэр» бзэм и лексикэм къыхагъэщхьэхукIащ. Синоним гупыр зы мыхьэнэ нэхъыщхьэкIэ зэпхащи, абы зэрешалIэ. Апхуэдэу синоним зэхуэхъу псалъэхэр я мыхьэнэкIэ зэкIуалIэу, зэгъунэгъуу щыщыткIэ, зы псалъэм и пIэкIэ адрейр псалъэухам хэувэфу щытмэ, ари синоним Iэрамэ къызэрыхэбгъэкI хъуну Iэмалхэм ящыщ зыщ. Ауэ ахэр езыхэр лъэныкъуэ щхьэхуэ гуэрхэмкIи, я къэгъэсэбэпыкIэкIи зэщхьэщокIыж. Апхуэдэ щхьэхуэныгъэхэм бзэр нэхъ къулей ящI, абы зрагъэужь. Синоним гупым пажэ (доминантэ) яхуохъу гупым хыхьэ псалъэхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр къызэщIэзыубыдэ икIи нэхъыбэрэ бзэм къыщагъэсэбэп псалъэр. Доминантэм деж синонимэгъу зэхуэхъуа гупым зэщхьу, зэтехуэу, зэхуэдэу яIэ мыхьэнэр псалъалъэм щыдогъэнахуэ. Синонимэгъу зэхуэхъу гупым хэтхэр псори доминантэм и мыхьэнэм екIуалIэу щыт щхьэкIэ, абыхэм а псалъэ нэхъыщхьэм и мыхьэнэм и лъэныкъуэ псори зэхуэдэу ягъэнэIуэфыркъым. Абы къыхэкIыу а псалъэхэм я зэкIэлъыхьыкIэр елъытащ мыхьэнэ нэхъыщхьэм зэрыпэгъунэгъум.

Илъэситху ипэкIэ мы журналым къытехуа си интервьюм щIыпIэшхуэ щиубыдауэ щытащ КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэм. А псом кытезмыгъэзэжми, щIэджыкIакIуэхэм ягу къэзгъэкIыжынщ а лэжьыгъэр тхакIуэшхуэр къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу хьэзыр хъуауэ зэрыщытар (ар 2014 гъэрщ), ауэ абы лъандэрэ тхылъу къыдэдгъэкIыну зэрытхузэфIэмыкIыр – абы текIуэдэну мылъкур зэрыдимыIэр. Мызэ-мытIэу властхэми делъэIуат, цIыху нэхъ зыхузэфIэкIынухэми захуэдгъэзат, ауэ дыкъагъэгугъэмэ дыкъагъэпцIэжурэ иджы къэсат. Арати, зыми дащымыгугъыжу дэ, секторым щылажьэхэм, ди IэдакъэщIэкIыр дэ езым дызэрыпэлъэщкIэ дунейм къытедгъэхьэнщ жытIэри яужь дихьащ. Абы папщIэ псалъалъэм и макетыр нэхъ зыхуей хуэзауэ, нэхъ екIуу зэдгъэпэщыжри, тхылъ тедзапIэм еттащ икIи ар мы зэман гъунэгъухэм хьэзыр

хъунущ – си гугъэщ уеблэмэ мы журнал номерым ар ипэ къихуэну. Пэжщ, и тиражыр апхуэдэу ин дыдэ хъунукъым, ауэ зыфIэгъэщIэгъуэнхэм зрагъэлъагъуфын хуэдэу ар библиотекэхэм щIэтлъхьэнущ, нэхъ къэзыгъэсэбэпынухэр литературэджхэмрэ бзэщIэныгъэлIхэмрэщи, ахэри Iыхьэншэ хъунукъым.

КIыщокъуэм и псалъалъэр ар зи IэдакъэщIэкIхэр хуабжьу дызэрыгушхуэ лэжьыгъэщ, ситу жыпIэмэ мыпхуэдэ псалъалъэ лIэужьыгъуэ цIыху щхьэхуэм и бзэм теухуауэ къыщыдэкIыр, Урысейр къызогъанэри, дуней псор къапщтэми зэзэмызэххэщ. Псалъэм папщIэ, урыс тхакIуэхэм ящыщу апхуэдэ пщIэ зыгъуэтар Пушкин и закъуэщ. АтIэ узыщыгуфIыкIын Iуэхугъуэкъэ ди лъэпкъым и усакIуэ-тхакIуэ пажэ КIыщокъуэ Алим теухуауи апхуэдэ къэхутэныгъэ зэрыщыIэр!

Мы псалъалъэм и мыхьэнэр абдеж къыщыувыIэркъым. Мыбы ди тхакIуэ пажэм и тхыгъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъуам и фIыгъэкIэ иджыри къэс зы псалъалъи мыкIуа псалъэхэр ихуащ, ар зы лъэныкъуэкIэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи япэрейхэм псалъэхэр зэрыщыгъэнэхуар гъэтэмэмыжащ, мыхьэнэбэ псалъэхэм къарыкI псори нэхъ щызу къыщыгъэлъэгъуэжащ. ЖытIам и щыхьэту щапхъэ зыбжанэ къэтхьынщ.

Адыгэбзэ псалъалъэр къызэрызэIуих япэ дыдэ статьяхэр къэтщтэнти. Мыбы хьэрф «А»-м ехьэлIауэ статьяуэ щы итщ. Япэр зытеухуар алфавитым и япэ хьэрфыр аращи, ар Iуэхум хэдбжэнкъым. Мыдрей тIум щыщу зыр щхьэ гуэр е предмет къигъэлъагъуэу къагъэсэбэп зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэрщ, етIуанэр къигъэлъагъуэ мыхьэнэ елъытауэ Iыхьищу зэпауда междометиещ: 1) гъэщIэгъуэныгъэ, къэуIэбжьыныгъэ; 2) зыгуэр къызэрагубзыгъыжар, къызэрацIыхужар къегъэлъагъуэ; 3) зыгуэрым пщIэ зэрыхуамыщIыр, мыхьэнэ иIэу къызэрамылъытэр къегъэлъагъуэ [Адыгэбзэ псалъалъэ, 1999, нап.19]. Иджы деплъынти ар дыдэр КIыщокъуэм и бзэм тещIыхьа псалъалъэм къызэрыщыхьам. Мыбдеж «а» статьяуэ тху къыщокIуэри, зэхэдгъэкIынщ апхуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэр къыздикIыр. Алфавитым и хьэрфымрэ зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэмрэ я статьяхэр псалъалъитIми щызэтохуэри, абыхэм я гугъу тщIынкъым. АдэкIэ зы статья урысыбзэ союз «а» жыхуиIэм теухуащ, ар КIыщокъуэм и адыгэбзэ текстым къызэрыхэхуэм къыхэкIкIэ: *– А ваша? (Уэ-щэ?) – жиIэу Ерул урысыбзэкIэ щIэупщIэри, зэрыщIэупщIам щышынэжауэ, цIыхухэм захигъэпщкIуэжащ.* (Хъуэпсэгъуэ нур).

Мыпхуэдэ статья Адыгэбзэ псалъэгъэнахуэм хэтыни хуеякъым – мыр абы и къалэнхэм хыхьэркъым. АдэкIэ междометием теухуа статьяр КIыщокъуэм и псалъалъэм мыхьэнитхуу щызэщхьэщыдзауэ къыщокIуэ:

1) гъэщIэгъуэныгъэ: *А тельыджэ!* (Хъуэпсэгъуэ нур); *А лIэун, блын кIэзяти щыIэ?* (Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ);

2) гухэщI, гущIэгъу: *– А зи анэ мыгъуэ тхьэр еуа, – жиIэри уIэгъэ къомыр щилъагъум, Хьэбибэ и щхьэфэцым зиIэтащ* (Нал къута);

3) хъурджауэ: *А лIэун, дэ къомыр къулыкъущIэ дыхъумэ, вакIуэ хэт дэкIын?* (Зи лъэрыгъыпс тIыгъа);

4) гухэхъуэ, дэрэжэгъуэ: *А дуней, ислъэмей хэт къэфа!* (Бажэ пшынэ);

5) хъуэпсэныгъэ, фыгъуэныгъэ: *Адакъэм ехъуапсэ Iэджи щыIэщ: –*

*А зи насып, тхьэм и пщIантIэм щыулъэпхъэщэнущ Джэлил* (Бабыщыкъуэ адакъэпщ).

Зэрытлъагъущи, мы статьямрэ Адыгэбзэ псалъалъэм итымрэ зы мыхьэнэкIэ (гъэщIэгъуэныгъэ) фIэкIа зэтехуэркъым, КIыщокъуэм и псалъалъэм къыщыгъэлъэгъуа мыдрей плIыр модрейм итыххэкъым. ЗэщхьэщыкIыныгъэр абдежи щиухыркъым – Адыгэбзэ псалъалъэм и мыхьэнитI къэнар КIыщокъуэм ейм статья щхьэхуэу къыщокIуэ, нэгъуэщI зы мыхьэнэи щIыгъужауэ:

**А-А** (49). *междом.* **1.** Зыгуэр зэхэщIыкIыныгъэ, къыгурыIуэныгъэ къегъэлъагъуэ. *А-а, къызгуроIуэ, сымаджэ нэпцI зищIащ, мыбы къэмыкIуэн щхьэкIэ* (Мазэ练 никъуэ щхъуантIэ). **2.** Зыгуэр къызэращIэжар, къызэрацIыхужар къегъэлъагъуэ. *А-а, къысщыгъупщэрти, мы тIэкIур къыпхуэсхьат* (Хъуэпсэгъуэ нур). *Псоми гу лъатащ, Инал Къэзмай дадэ стIолым бгъэдэсу щилъэгъуам, ар зыхуихъынур имыщIэу зэригъэщIэгъуам, арщхьэкIэ и гум илъ уигъэщIэнт: «А-а, Къэзмай, къеблагъэ, хъарзынэу пщIащ укъызэрыкIуар»* (Мазэ нысъуэ щхъуантIэ). *А-а, сщыгъупщэжати Iэмэпсымэ хъарзынэ зэрызиIэр* (Тепщэч къэзылъэтыхь). **3.** Зи гугъу ящIым пщIэшхуэ зэрыхуамыщIыр, мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрамылъытэр, Iумпэм зэращIыр къегъэлъагъуэ. *[Шлоссер:] А-а, Кавказ къуажэцIэхэр емынэми хузэгъэщIэнкъым, Ростов къыщыщIэдзауэ мыбы къэс нэкIэ узэплъын зы къуажи щыIэкъым* (Гъуэгуанэ). *А-а, игъащIэми делэIуделафэщ жаIэ абы щхьэкIэ...* (Хъуэпсэгъуэ нур). *А-а, фэ къывгурыIуэ щыIэкъым, – жиIэри адакъэр бабыщым щыбгъэдыхьэм, бабыщхэри къэгузэващ: – А-ды-дыд!* (Бабыщыкъуэ адакъэпщ). **4.** Гукъанэ зэрыхуащIыр, зэрыщIэнакIэр кърагъэлъагъуэ. *– А-а, щхьэл-мэл, жыфIэурэ вгъэщхьэрыуащ [хьэщIэхэр]* (Хъуэпсэгъуэ нур). *– А-а! Укъэсаи уэри, уи шыкIэ мафIэ егъэуауэ* (Щынэхужьыкъуэ). *[Гесиод:] Сыкъэгубжьщ абдежи, адакъэм и щхьэр пызгъэлъэтщ къамэмкIи, адакъэм и лъымкIэ си джанэри лъызащIэ сщIыри ди гъунэгъум я унэм къамэр сIыгъыу сыщIэлъэдащ: – «А-а, фыкъэзгъуэтакъэ иджы!»* (Тепщэч къэзылъэтыхь).

Мы иужьрей къэхьыкIэр нэхъ зэрытэмэмым шэч хэлъкъым: Адыгэбзэ псалъалъэм зэрищIым хуэдэу, зи тхыкIэкIи, зи къэпсэлъыкIэкIи зэтемыхуэ псалъитIыр – «а», «а-а» жыхуиIэхэр – зы статьям щызэхэбгъэзэрыхьыныр щыуагъэщ.

АдэкIэ КIыщокъуэм и бзэм и сэбэпкIэ иджыри зы псалъэ зэфIэгъэувэжа хъуащ, Адыгэбзэ псалъалъэм IэщIэхуауэ:

**А II** (62). Зыгуэрым зыщыхуагъазэкIэ къагъэсэбэп псалъэ, «ей», «мыдэ къакIуэт» мыхьэнэ иIэу. *А тIу, а си псэ тIэкIур зышхын, тхьэ къыджепIэн – си щIалэ цIыкIу мыгъуэм ухуэмызауэ пIэрэ?* (Хъуэпсэгъуэ нур). *А Тембот, а си щIалэ цIыкIу, а си Iэбыдэлъэбыдэ цIыкIу, угъукIэну къебгъэжьати, абы гу щыпхуакъым, уи кIыщ тIэкIуми и щхьэр иуэжащ* (Мазэ нысъуэ щхъуантIэ). *А Саружан, а си хъыджэбз цIыкIу, уи щхъэгъусэм тхьэм къигъэзэжыну жиIэ, къигъэзэжмэ, си псэ закъуэ, зыщумыгъэгъупщэ* (Къалэн).

Иджыри къэс зи гугъу тщIар псалъэ щхьэхуэхэрщ, ауэ абыхэм нэхърэ я мыхьэнэр, мынэхъ инмэ, нэхъ цIыкIукъым фразеологизмэхэм. Мыхэр, шэч хэмылъу, бзэр нэхъ къулей, нэхъ дахэ, нэхъ щIэщыгъуэ зыщI Iэмал нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. АтIэ апхуэдэ къулеигъэу ди

бзэм хэтхэр зэхэбгъэкIынумэ, зэхуэпхьэсынумэ, КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм хуэдэ уагъэлъыхъуэнщ. Къардэн Бубэ адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ щызэхилъхьэм, тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ хуэхъуар КIыщокъуэ Алимщ. Абы щыгъуэ фразеологизмэхэмкIэ зи бзэ нэхъ къулей дыдэу диIэр КIыщокъуэр зэрыарам гу лъитати, Къардэным КIыщокъуэм и бзэм къыхэхуэ фразеологизмэхэм къэхутэныгъэ щхьэхуэ триухуауэ щытащ (Карданов Б. М. Семантико-стилистические функции устойчивых выражений в прозе А. Кешокова. Нальчик: Эльбрус, 1982). Бубэ гупсэхуу щIипщытыкIат а Iуэхум и ужь щихьам ирихьэлIэу КIыщокъуэм и тхылъу дунейм къытехьауэ щытахэр. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм яхэтакъым нэхъ иужькIэ къыдэкIа романхэри («Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Лъапсэ»), новеллэхэри, усэхэри. Аращи, КIыщокъуэм и псалъалъэм фIыуэ хигъэхъуэнущ Къардэным зэхуихьэса фразеологизмэхэм – КIыщокъуэм и псэлъафэхэм – я бжыгъэм.

НэхъапэIуэкIэ къыхэзгъэща Iуэхугъуэ гуэрым къытезгъэзэжыну сыхуейт. «Лъэпкъ псалъалъэ» жыхуаIэм и мардэм тепщIыхьмэ, КIыщокъуэм и бзэм и псалъалъэр абы тету япэ дунейм къытехьэ лэжьыгъэщ. ЩIэупщIи щыIэщ, сыт щхьэкIэ, 1999 гъэм къыдэкIауэ щытар-щэ, жаIэу. Абы и жэуапыр мыращ. Дызэрыщыгъуазэщи, 1999 гъэм къыдэкIа ди япэ псалъэгъэнахуэм псалъэхэм я мыхьэнэр езы адыгэбзэмкIэ зэрызэхихум и мызакъуэу, урысыбзэкIи зэредзэкI. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мыбы псалъалъэ лIэужьыгъуитI щызэхэуухуэнащ – лъэпкъ псалъалъэмрэ зэзыдзэкI псалъалъэмрэ. Мыпхуэдэ ухуэкIэм и сэбэпынагъ нэхъыщхьэу ар къэзыгупсысахэм къалъытэ псалъалъэр къэзыгъэсэбэпхэр нэхъыбэ зэрищIыр – ар пэжынущ. Ауэ дэ гурыщхъуэ дощI мыбы зэраныгъэу къишэр сэбэпынагъэм нэхърэ нэхъыбэу. Япэрауэ, бзэ къэс езым и «гупсысэкIэ», и ухуэкIэ зэриIэжым къыхэкIкIэ, икъукIэ гугъущ псалъэм теухуа статьям ар а бзэм ирипсалъэхэм къазэрыгурыIуэмрэ абы и мыхьэнэр нэгъуэщIыбзэ зыIурылъхэм къагурыIуэн хуэдэу зэбдзэкIынымрэ щызэхэбгъэзэгъэну. АдыгэбзэкIэ зы мыхьэнэуэ къэIуэтэн хуейр урысыбзэм деж мыхьэнитI е нэхъыбэ щIын щыхуей Iэджэрэ къохъу, е урысым зы мыхьэнэуэ хузэдзэкIын хуейр адыгэм мыхьэнэ зыбжанэу къыщыгурыIуэри гъунэжщ. Аращи, зы псалъалъэ лIэужьыгъуэр адрейм зэран хуэхъу зэпытщ.

ЕтIуанэрауэ, лъэпкъ псалъалъэм, е нэгъуэщIу жыпIэмэ, псалъэгъэнахуэм и къалэнщ а цIыхур езым и бзэмкIэ тэмэму гупсысэ, абы хуэIэрыхуэ ищIыну. Ауэ абы и пIэкIэ къэхъур сыт? Псалъалъэр къэзыщтэхэр, иджы абыхэм псоми урысыбзэр ящIэри, зэплъыр зэрызэдзэкIаращ, зыгъэнахуэ Iыхьэр нэхъыбэм гулъытэншэу къагъанэ. А псом къыхэкIкIи дэ къыдолъытэ псалъалъэ зэхэзылъхьэхэр дяпэкIэ апхуэдэ гъуэгу теувэн хуэмейуэ, аращ КIыщокъуэм и псалъалъэми нэгъуэщIыбзэкIэ зэдзэкIын Iуэху къыщIыхэдмыгъэхьар.

**– Урыс-Адыгэ псалъалъэ иным и къыдэкIыгъуитIыр апхуэдэу зэкIэлъывгъэпIэщIэныр сыт къызыхэкIар, Борис?**

– Япэрауэ, 2018 гъэм ар и бжыгъэкIэ мащIэ дыдэут къызэрыдэкIар. И тиражыр щIэмыиным и щхьэусыгъуэр ар къыдэкIыным текIуэдэн мылъку зэрыдимыIам и закъуэкъым: мыр къэплъытэ хъунут лэжьыгъэр зэрыхъуар зэрыдгъэунэху къыдэкIыгъуэу, икIи абы елэжьа-

хэр дыхуейт мыр псом япэу бзэм елэжь IэщIагъэлIхэм яIэрыхьэу мыбы фIыуэ халъагъуэри дагъуэу хуащIри къыжаIэну. ФIыщIэшхуэ яхудощI тхылъым апхуэдэу къыпэджэжахэм, дэ яужь дитащ абыхэм я дэтхэнэ зы псалъэри Iуэхум къызэрыхэтлъытэным.

Мы иджырей къыдэкIыгъуэм етхьэлIа лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, ар лъэныкъуитIкIэ екIуэкIащ. Псом япэу, дауикI, ар тхылъым итхэр егъэфIэкIуэнырщ, етIуанэр Псалъалъэм и ухуэкIэрщ – абы и мыхьэнэри икъукIэ инщ, сыту жыпIэмэ тхылъыр нэхъ Iэрыхуэу, нэхъ къэгъэсэбэпыгъуафIэу щытыныр абы куэдкIэ елъытащ. Япэрей къыдэкIыгъуэмрэ мыбырэ зэригъэпщэну Iэмал зиIэ щIэджыкIакIуэм гу лъимытэу къэнэнкъым мыр зэрыб нэхъ пIащэкIэ къызэрыщыпами, сатыр зэхуакухэр нэхъ бгъуэуэ зэрыщытми. Апхуэдэу зэращIам напэкIуэцI бжыгъэр егъэлеяуэ химыгъэхъуэн щхьэкIэ (арыншами ар миным щIигъурт), тхылъым и форматри нэхъ ин тщIащ, и теплъэкIэ и цIэм хуэфэщэжу.

НэхъыщхьэмкIэ къэдгъэзэжынщи, зэрыгурыIуэгъуэщи, псалъалъэр цIыхум къыщIищтэр, ар къыщызэгуихыр къегугъуэкI, жэуап зыхуимыгъуэт, зыщымыгъуазэ гуэр щыIууам дежщ. ДауикI, псалъалъэм итын хуейщ псом я дежкIэ нэIуасэу щыт псалъэхэри, ауэ абыхэм къадэкIуэу мо ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэм хуэдэхэр нэхъыбэIуэу мы тхылъым къызэрыщагъуэтынырщ дэ нэхъ дызэлIэлIар. Аращ къызыхэкIар мы къыдэкIыгъуэм литературэбзэ псалъэхэм къыдэкIуэу къызэрыкIуэ, жьэрыIуатэбзэ, щIыпIэбзэ псалъэхэри, адэкIэ къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм, щIэныгъэмрэ техникэмрэ я унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэ куэд дыди абы щIыдгъужыныр. Абы щыгъуэми, Iэмал иIэххэмэ, ахэр а зэрыщыту ди бзэм къыхэдмыгъэувэу зэрызэддзэкIыным, абыхэм адыгэцIэ зэрафIэтщыным дыхэтащ, н.ж. адыгэбзэм псалъэщIэхэр къызэрыхэдгъэхъуэныр ди мурадащ. Бзэм псалъэщIэ, мыхьэнэщIэ къимыгъэщIыж хъуамэ, абы и Iуэхур мыщIагъуэу аращ. А щытыкIэм ди бзэр къитшын папщIэщ псалъищэ куэд мы тхылъым япэ дыдэ зэдзэкIауэ щIитыр. Абы и щапхъэу къэтхынщ бзэщIэныгъэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр. Нобэм къэс адыгэбзэр школым, адрей еджапIэхэм щрагъэджкIэ нэхъыбэу къагъэсэбэпыр зэрамыдзэкIыу урысыбзэм къыхаха терминхэращ. Ар дыдэращ ящIэр бзэщIэныгъэлIхэми, зэзэмызэххэ я къэхутэныгъэхэр адыгэбзэкIэ къыщытрадзэкIэ. Мы зи гугъу тщIы IуэхумкIэ адыгэхэр зыми драмыщхьэпэгъуу дыкъэнащ, сыту жыпIэм Урысейм республикэ яIэу нэгъуэщI зы лъэпкъи искъым езыхэм я бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэ системэ зэримыгъэпэщыжауэ. Зэ мыхъуми зэ а проблемэр зэфIэхын хуейтэкъэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр 2017 гъэм яужь ихьащ щIэныгъэ академическэ грамматикэ адыгэбзэкIэ тхыным. А проектыр гъэзэщIа хъун папщIэ сэ зэхэслъхьащ бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэмкIэ урыс-адыгэ псалъалъэ икIи ар и лъабжьэу зи гугъу тщIы фIэщыгъэцIэхэм хуэдэу 1100-м щIигъу щIэуэ къэдгъэсэбэпын щIэддзащ, ахэр псори мы псалъалъэ къыдэкIыгъуэм лъэтеувэ щIыкIэу хэдгъэхьащ.

Гулъытэ зыхуэтщIахэм ящыщщ мыхьэнэуэ тIу е нэхъыбэ зиIэхэм я мыхьэнэ псори зэдзэкIыным. Псалъалъэхэм я нэхъыбэм ядэплъагъу ныкъусаныгъэхэм яхэтщ мы зи гугъу тщIы лъэныкъуэр, абы къыхэкIкIи зыхуэсакъыпхъэщ. Зэрыхабзэу, мыхьэнэ къэс гурыIуэгъуэ

хъун папщIэ, яужь дитащ ар дыдэр къикIыу е абы пэгъунэгъуу нэгъуэщI псалъэ абдеж къызэрыщытхьыным е мыхьэнэр нэрылъагъу зыщI щапхъэ зэрыщIыдгъуным.

Урыс-адыгэ псалъалъэхэм япэм зэи хэмыта Iуэхугъуэщ урысыбзэкIэ къыдэкI лэжьыгъэхэм адыгэбзэ псалъэхэу къыщагъэсэбэпхэм ящыщу пщIы бжыгъэхэр мыбы псалъалъэ статьяуэ къызэрыщыхьар. Убгъуауэ тхылъхэм щахэткIэ, апхуэдэхэр, шэч хэмылъу, урысыбзэ псалъэхэм ящыщ хъуащ. Ахэр ехьэлIащ адыгэхэм я тхыдэм, я хабзэм, я IуэрыIуатэм, шхыныгъуэхэм, лъэпкъ IэщIагъэхэм, н.къ. Мыхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу адыгэ псоми зэдай псалъэхэщ, тIэкIу я къэпсэлъыкIэкIэ, я IукIэкIэ кIахэбзэмрэ дыдеймрэ щызэтекIами. Иджыри къэс абыхэм я тхыкIэр зэтемыхуэурэ, щхьэж къызэрыфIэщIым хуэдэурэ ятхыу къокIуэкI. Къэтщтэнщи, **джэгуакIуэ** псалъэм урихьэлIэнущ мыпхуэдэ щIыкIэурэ: **гегуако, джегуако, джагуако,** н.къ. Ар и зы щхьэусыгъуэщ ди псалъалъэм мыхэр къыщIыщытхьым – я тхыкIэр зыгуэрым теубыдауэ щытын хуейщи, абы дызэрыбгъэдыхьэр урыс транскрипцэр адыгэ псалъэм и IукIэм пэгъунэгъуу щытын зэрыхуейращ. ДяпэкIэ мы къэдубла Iуэхум нэхъри зегъэубгъупхъэу къыдолъытэ.

Лексикографиер зи IэщIагъэхэр щыгъуазэщ сыт хуэдэ псалъалъэ лIэужьыгъуэри зэхэлъхьэныр хуабжьу зэлIэлIэн хуей Iуэхуу зэрыщытым, уеблэмэ жыпIэ хъунущ абы кIэ имыIэу. Мы етIуанэ къыдэкIыгъуэм илъэситIым щIигъу ихьащ, ауэ сэ шэч къытесхьэркъым ди гугъуехьыр пщIэншэ зэрымыхъуам – мыр нэхъыфIуи, нэхъ зыхуей хуэзауи зэрыщытым. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа щIэныгъэ лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хэжь Марьянэ фIыщIэ ин хузощI хьэлэлу, щхьэкъэмыIэту Iуэхум зэрыпэрытам папщIэ.

**– СымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым мы иужьрей лъэхъэнэм адыгэ лексикографиемкIэ зэфIэкIыу фиIар. Адыгэбзэм и псалъалъэ лIэужьыгъуэу дызыхуей псори диIэ хъуа, Борис, хьэмэрэ нэгъуэщIхэми дыхуэныкъуэ?**

– ИджыпстуикI лексикографием и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэр, автономие зиIэ адрей лъэпкъхэм еплъытмэ, нэхъ зыхуей хуэзахэм ящыщщ, япэ димытмэ, зыми абыкIэ и ужь диткъым. Ауэ, дауикI, дяпэкIи узэлэжьын щыIэщ, икIи долэжь. Сэ, псалъэм папщIэ, мы гъэ дызэрыхьам къыдэзгъэкIынущ БзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэм я урыс-адыгэ псалъалъэ. Мыр нэхъапэкIи сигу къеуэу къыхэзгъэщат – ди гъунэгъухэм зедгъапщэмэ, ди бзэр щыдджыжкIэ нобэр къыздэсым бзэщIэныгъэхэм ехьэлIауэ къэдгъэсэбэп фIэщыгъэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу хамэбзэхэм, псом хуэмыдэу урысыбзэм къыхэтхахэрщ, абыкIэ мыбыхэм нэхърэ нэхъ хуэмыхуу дыкъыщIэкIащ. Зы кавказ лъэпкъи, дэ адыгэхэм фIэкIа, бгъуэтынкъым, подлежащэ, сказуемэ, дополненэ, определенэ, н.къ. хуэдэхэр жаIэу, абыхэм япэхъун термин Iэджэ щIауэ къагъэщIыжауэ яIэщ. Си щхьэкIэ куэд щIауэ ар си гуныкъуэгъуэти, сетIысылIэри апхуэдэ фIэщыгъэцIэ системэ зэхэслъхьащ. Абы къызэщIеубыдэ термину 1200-м щIигъу, нобэ апхуэдэу диIэр тIощIым нызэрыхьэсми аращ. Мис аращ мы гъэм дунейм къытехьэн хуейр, ауэ фIэщыгъэцIэхэм я нэхъыбапIэр иджыблагъэ къыдэкIа

урыс-адыгэ псалъалъэ иным хэзгъэхьащ, цIыхухэм къазэрыщыхъур зэдгъэщIэн папщIэ.

АдэкIэ етIанэгъэ хьэзыр хъунущ адыгэбзэ антонимхэм я псалъалъэ, ар и закъуэу егъэхьэзыр Къумыкъу Динэ. Хьэзырыххэу иджыпстуи и макетыр диIэщ Адыгэбзэм и пэжырытхэ псалъалъэ иным, къэнэжыр тхылъ щIын хуейуэ аращи, ар мылъкукIэ зи пщэ дэзылъхьэжын долъыхъуэ. Япэу икIи нэхъыщхьэу мыр къыщагъэсэбэпынур еджапIэхэр аращи, хъарзынэ хъунут ар Егъэджэныгъэмкlэ министерствэм зэфIигъэкIамэ. Мы зи гугъу сщIы пэжырытхэ псалъалъэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактор Мэлей ФатIимэ сэрэ зэхэтлъхьащ. АдэкIэ нэхъ жыжьэ дыплъэмэ, си хъуэпсапIэщ ди фразеологие псори къызэщIиубыдэу зы псалъалъэшхуэ диIэну. Пэжщ, щыIэщ еджапIэхэм яхуэгъэзауэ апхуэдэ псалъалъэ мыин, IутIыж Борис, Бэрбэч Беслъэн, сэри сащIыгъуу къыдэдгъэкIауэ, сэ зи гугъу сщIыр академическэ псалъалъэщ, нобэрей мардэхэм изагъэу щIауэ.

**– Уи хъуэпсапIэри нахуапIэ хъуауэ Тхьэм дигъэлъагъу, къытхуэмыгъэсу дыпэплъэнущ. Мы зэманым нэгъуэщI сыт хуэдэ Iуэхухэм фыпэрыт?**

– Нэхъыщхьэ дыдэу мы зэманым зэрысектору дызэлэжьыр адыгэбзэм и академическэ грамматикэрщ. Мыр къызэредгъажьэрэ илъэситху мэхъу. Мы гъэм и тхынри и редакцэри зэфIэдгъэкIынурэ етIанэгъэ къыдэкIынущ, Тхьэм жиIэмэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ академием и грифыр тету адыгэбзэм и грамматикэ зыбжанэ щыIэщ, гъэ зэхуэмыдэхэм къыдэкIауэ. АтIэ мы иджырейр абыхэм сыткIэ къащхьэщыкIрэ жыпIэмэ, псом япэ мыр адыгэбзэкIэ тхауэ зэрыщытынуращ. Адыгэбзэ «къабзэкIэ» грамматикэ зэхэлъхьэным нэхъ лъэпощхьэпо хуэхъуу щыIэр лъэпкъ терминологие зэрыдимыIэр арати, зэрыжысIащи, а проблемэр къызэднэкIащ. КъимыдэкIэ, бзэщIэныгъэхэм я къэхутэныгъэхэр урысыбзэкIэ фIэкIа зэрырамыгъэкIуэкIым къыхэкIыу ди бзэр щIэныгъэ стилым хуэкъутауэ щыткъыми, абы ди лэжьакIуэхэр хуэшэрыуэ хъун щхьэкIэ илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIэныгъэ статьяхэр зэрыттхри ди институтым къыдигъэкI журналым зэрытеддзэри адыгэбзэщ, ар сэбэп мыхъуу къэнакъым грамматикэм дыщыпэрыхьам. Зэгуэр адыгэбзэм а бзэмкIэ елэжьыну Борыкъуей ТIутIэрэ Елбэд Хьэсэнрэ ирахьэжьати, абыхэм яужькIэ а Iуэхур ужьыхыжауэ щытащ. ЖыпIэ хъунущ дэ ар къэдгъэщIэрэщIэжауэ. Иджы грамматикэр нэдмыгъэсыпами, абы къыдэкIуэу нэгъабэ къетхьэжьащ нэгъуэщI зы лэжьыгъэшхуи – ар грамматикэм хэмыхьэ бзэщIэныгъэ къэхутэныгъэхэм ятеухуащ – лексикэм, фразеологием, щIыпIэбзэхэм, щIыпIэцIэхэм, н.къ. Мыри адыгэбзэщ зэрыттхыр. Аращ мы лъэхъэнэм ди IуэхущIафэр.

**– Фи IуэхущIафэхэр икъукIэ инщ, Борис. А псор фхузэфIэкIын папщIэ фызрикъун IэщIагъэлI фиIэ?**

– Сригушхуэу жысIэфынущ абыкIэ ди Iуэхур зэрыхъарзынэр. Мы институтым къудамэу 10 иIэщи, адыгэбзэмкIэ секторым нэхърэ нэхъ ин яхэткъым – иджыпсту цIыху 11 дохъу. Зэгъапщэ: сэ мыбы унафэщI сыщыхъуам (1998 гъэм) цIыхуиплI къудейт дызэрыхъур.

IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ сэбэпышхуэ хъуащ ЩIэныгъэ центрым ди IэщIагъэмкIэ аспирантурэ иIэ зэрыхъуар. Дэ тщыщу плIыр сэ си аспиранту щытащ, университетми щыIэщ а аспирантурэм къыщIэзгъэкIахэр. Пэжщ, аспирантурэм щIэса псоми щIэныгъэм зратакъым, дэ абыхэм къахэтшу институтым къэтшахэр я гурэ я псэрэ етауэ еджэным пэрытахэщ, IэщIагъэр фIыуэ ялъагъуу гу зылъыттахэрщ. Аращи, мыпрофессионал зыри къытхэткъым, щIэныгъэмкIэ доктор, кандидат защIэщ, псоми щхьэх ямыщIэу я къалэн ягъэзащIэ. Я лэжьапщIэри мыкуэдыщэ пэтрэ, итIани нэгъуэщI фейдэ къихыпIэ къамылъыхъуэу къызыхэкIа лъэпкъым псэ хьэлэлкIэ хуэлажьэ дэтхэнэми пщIэшхуэ яхуэщIыпхъэу къызолъытэ.

**– Борис, уежьэурэ щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэбгъэлъагъуну зэрыпфIэфIым куэд щыгъуазэщ. Мы иужьрей зэманым дэнэ укIуэфа?**

– Ар пэжщ, икъукIэ сыдихьэхащ а ежьэн Iуэхум. Европэмрэ Азиемрэ и щIыналъэ куэдыр къызэхэскIухьауэ, Америкэри зэзгъэлъагъуну хуабжьу сыщIэхъуэпсти, мы уз шынагъуэр къежьэн ипэ сыхунэсащ а континентым си лъэр нэсхусын, ауэ мызыгъуэгукIэ Кубэм и закъуэщ сызыхунэсар. Абы визэ хуейтэкъым, гъуэгупщIэу текIуадэри нэхъ езэгъырабгъут. Езы хитIыгури си сабиигъуэ лъандэрэ зы телъыджэ гуэр хуэдэу си нэгу щIэтт – пэщIэдзэ классхэм дыщыщIэсым абы теухуауэ уэрэдхэр жыдагъэIэу щытащ, Фидель Кастрэ а къэралыр социализм гъуэгум зэрытришам къыхэкIыу, ди къэралым абы и цIэр лъагэу щаIэтырт. Иджы ди къэралым иужь иту абыи социализмэр щакъутэжащ, а системэм цIыхухэр зыкIи нэхъ насыпыфIэ ищIакъым, абы ипэ яухуауэ щыта унэ кхъахэ къелъэлъэхыжхэм щыпсэууэ аращ ноби Кубэм исхэм я нэхъыбэр. Абыхэм я тхьэмыщкIагъэр туристхэм ирамыгъэлъагъуну властхэр хущIэкъуми, ар пхущIэуфэнукъым. Ауэ я щIыуэпсыр телъыджэщ, я тенджызхэм илъэс псом зыщыбгъэпскI мэхъу. Абы и лъэныкъуэкIэ Кубэм ещхьщ Хьэрып Эмиратхэри. Ди цIыхухэр уэру зыгъэпсэхуакIуэ здэкIуэ а хэкуми сынэсащ. МыдэкIэ гъунапкъэхэр уз къежьам и зэранкIэ зэхуащIати, иужьрей илъэситIым Урысейм и щIыналъэу сыздэщымыIахэр зызогъэцIыху – Кърымым тIэунейрэ зыщысплъыхьащ, зыщызгъэпсэхуащ, адэкIэ Волгэ кхъухькIэ сытетыну си нэ къыхуикIти, ари къызэхъулIащ. Iей мыхъу фIы хъужыркъым, жыхуаIэращи, хамэ къэралхэм кIуэгъуей зэрыхъуам и фIыгъэкIэ ди къэралым нэхъ гулъытэ хуэтщI хъуащ, дэри ди куэдщ щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэр.

**– Псори егъэпIейтей адыгэбзэм и къэкIуэнум. Ар хъума хъуным, абы зегъэужьыным сыт хуэдэ хэлъхьэныгъэ хуэтщIыфыну? Уэ сытым къыхуебджэнт цIыхур абы и лъэныкъуэкIэ?**

– Уи упщIэм и япэ Iыхьэм жэуап естагъэххэщ. Лэжьыгъэу дгъэзэщIари, нобэ дызыпэрытхэри аращ зыхуэунэтIар – ди анэдэлъхубзэм и гъащIэр кIыхь хъунырщ, ужьыхыным и пIэкIэ дяпэкIэ абы нэхъри зиузэщIынырщ, и зэфIэкIым хэхъуэнырщ. Гу лъыптагъэнщ, а къезбжэкIахэм теорие гъущэ зыри хэткъым, псори практикэщ, адыгэбзэр зыджхэм, абы хуейхэм къагъэсэбэпын защIэщ. Апхуэдэ

унэтIыныгъэм дызэрыхуэкIуар зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхукъым – ди бзэр зэрыхуа «вакъэзэвыпIэр», абы къыкIэщIэзэрыхьа шынагъуэр кIуатэ пэтыху нэхъ ин зэрыхъур тлъагъути, зэрытхузэфIэкIкIэ абы зыщIэдгъэкъуэну аращ. ДауикI, дэ, щIэныгъэм пэрытхэм, ди закъуэкIэ щытыкIэ дызэрыхуам дыкъикIыфынукъым. Мынэхъ мащIэу абы фэри – адыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр, журналхэр, радиор, телевиденэр – фыхолэжьыхь. Жылагъуэ организацэхэми яхузэфIэкI къагъанэркъым. Ди бзэр кIуэдыжынкIэ зэрыхъунур, абы щыгъуэм лъэпкъри дызэрыщымыIэжынур къагурыдгъэIуэфмэ, мис абы щыгъуэщ ди бзэм гъащIэ щиIэнур. Уэ сытым къыхуебджэнт цIыхухэр абы и лъэныкъуэкIэ жыпIащи, абы ехьэлIауэ мыпхуэдэу сухынщ си псалъэр: иджыпсту жызыIэр мащIэкъым, адыгэбзэм сыт и сэбэп, жиIэу. АдыгэбзэкIэ дыпсэлъэн, ар къэдгъэсэбэпын щIыхуейр фейдэ хэхыпIэ тщIын щхьэкIэкъым, адыгэу дыкъэнэжын папщIэщ.

**– Узыншагъэ, гукъыдэж, дэрэжэгъуэ уиIэу иджыри ди лъэпкъым куэдрэ ухуэлэжьэну ди гуапэщ, Борис!**

*Епсэльар* **ИСТЭПАН Залинэщ**



**И унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ я гъусэу.** *Хьэтуей къуажэ. 2010*





**Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм я гъусэу.** *2021*



**КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэхэм я гъусэу.**

*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ (щысхэр):* **Тау Хьэзешэ, ХьэкIуащэ Андрей, БищIо Борис;** *(щытхэр):* **Шыгъушэ Джульетэ, Къардэн Марьянэ, Хьэщхъуэжь Заирэт, УнэлIокъуэ Вячеслав, Абазэ Албэч сымэ.** *2007*





**Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Къуиикъуэ Налбийрэ БищIо Борисрэ.** *Германие, Кёльн къалэ. 2005*






**Иорданием и къалащхьэ Амман щекIуэкI конференцым хэтщ щIэныгъэлIхэу Иуан Зэуал, Дзэмыхь Къасболэт, БищIо Борис сымэ.** *2008*



**Китайм и къалащхьэ Пекин зыщеплъыхь.** *2007*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ ФIыщIэ фондым и унафэщI ЩоджэнцIыкIу Леонид, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ ягъэхьэзыр нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр, БищIо Борис, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Анатолэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщэ сымэ.** *2016*





**БищIо Борисрэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэрэ.** *2016*

# АНЭДЭЛЪХУБЗЭР ЗИ ДУНЕЙ

Ди университетым и ужькIэ абы аспирантурэр къыщиухащ Москва дэт ЩIэныгъэ академием БзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым. А институт дыдэм доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ. Адыгэбзэм и фIыщIэкIэ Борис и лъэр нихусащ хамэ къэралхэми. 2003 гъэм ар хэтащ Анкара (Тыркум) щекIуэкIа Дунейпсо щIэныгъэ конференцым, 2008 гъэм Амман (Иорданием) доклад хьарзынэ щищIащ абы къыщызэрагъэпэща щIэныгъэ зэхуэсми. Сэ сыкъытеувыIэнщ 2003 гъэм Тыркум щекIуэкIа конференцым, сыту жыпIэмэ, ар зытеухуауэ щытар адыгэ псоми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхут. ЕтIуанэрауэ, БищIо Борис япэ дыдэу сыщыхуэзар, адыгэбзэм и къэкIуэнум теухуа и Iуэху еплъыкIэм щыгъуазэ сыщыхуэхъуар арат.

А конференцым щызэхуэсат Щамым, Иорданием, Голландием, Америкэм, Германием, Тыркум, Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым никIат БищIо Борис, Адыгейм – Благъуэжь Зулъкъарней, Къэрэшей-Шэрджэсым – сэрэ абазэ щIалэ, профессор ПIаз Сергейрэ.

Тыркур Европэм и системэхэм хыхьэн папщIэ, и лъэпкъ политикэ ткIийр (мы къэралыр империеу щыщыта зэман лъандэрэ тетащ «Тыркум щыпсэу псори тыркущ» жыхуиIэ политикэм) къигъэлалэу мытырку лъэпкъ нэхъ мащIэхэм хуитыныгъэ гуэрхэри ялъигъэсын зэрыхуейр псом я дежкIи нэрылъагъут. Адыгэхэм тхыбзэ зэрагъэпэщын, я анэдэлъхубзэм ирипсэлъэн, уеблэмэ, ар телевиденэм щагъэIун щхьэкIэ пэрыуэгъуншхуэ яIэжтэкъым. Хэхэс адыгэхэм къалэн ин я пащхьэ къиуват. Сыт хуэдэ алыфбейкIэ зэрытхэнур, я сабийхэр зэрырагъэджэнур?

Политикэм и баштекъузи хэту, Тыркум ис адыгэхэм мурад ящIат латин зэрыбыр къагъэсэбэпыну, а алыфбейрщ тыркубзэр зытетыр. Абы щыпсэу адыгэхэм я дежкIи тыншт, я сабийхэм «тыркубзэ» зэраджри, «адыгэбзэ» зэрызрагъэщIэну хэтри зы алыфбейм тещIыхьамэ.

Сэ «жьыр къыщепщэр» сщIэрти, латин алыфбейр къапщтэ зэрымыхъунум тескъузэу сиувыкIащ. Абдеж БищIо Бориси къыскъуэуващ, хэкужьым къыщыдгъэсэбэп урыс графикэм и телъхьэу, къыддэщIащ Щамымрэ Иорданиемрэ къикIахэри. Дэ къызэхуэсахэм ягурыдгъэIуащ: Урысей Федерацэм ис адыгэхэм я сабийхэм я дежкIэ тыншщ урысыбзэри адыгэбзэри кириллицэм тетмэ, апхуэдэу хьэрып къэралхэм ис адыгэхэм я сабийхэм папщIэ узыфIэмыкIыжынщ хьэрып алыфбейр, тыркум ис адыгэхэмкIи нэхъ Iэрыхуэщ латин графикэр.

Ар апхуэдэу щытми, адыгэу дунейм тепхъа псор дауэ хъуну, алыфбей зыбжанэ къагъэсэбэпмэ. Ди бысымхэм «щIагъэлъэлъырт» урыс тхэкIэ кириллицэр адыгэхэм къызэрагъэсэбэпыр, хьэрф зэгуэтхэм зэран къызэрахьым тракъузэрт. АлыфбеитI (Тыркум еймрэ абы ис адыгэхэм яй хъунумрэ) зэгъэщIэныр яфIэгугъут. А псори пэжщ, ауэ хьэрф зэгуэтхэр къэзыгупсысари къэзыгъэсэбэпри адыгэхэм я закъуэкъым, хьэрф зэгуэт хэтщ инджылызыбзэми, нэмыцэбзэми, франджыбзэми (абы я щапхъэ къахуэтхьащ). Дунейм зы алыфбей теткъым нықъусаныгъэ имыIэу (феплъыт китаибзэм и гугъуагъым),



8 Заказ №289

нэгъэсауэ арэзы укъищIыркъым инджылызхэм яйми, адрейхэми. Дэ, хэкум къина адыгэхэр, нэгъуэщI алыфбей дытехьэмэ, лIэщIыгъуэм щIигъукIэ зэдгъэпэща щэнхабзэри, литературэри, щIэныгъэри, методикэ зэмылIэужьыгъуэхэри, театрым щагъэува пьесэхэри, н. къ., хъугъуэфIыгъуэ куэди тфIэкIуэдынущ. Хамэ къэрал щыпсэухэм къыттемыхуэ тхэкIэ къащтэмэ, абыхэм яфIэкIуэдынущ ди къэралым щыпсэу адыгэхэм зэрагъэпэща, уасэ зимыIэж ехъулIэныгъэхэр.

А псом ищIыIужкIэ, къэлъытэн хуейщ адыгэбзэм, убыхыбзэм, абазэбзэм, абхъазыбзэм нэхърэ макъ нэхъыбэ зиIэ дунеишхуэм зэрытемытыр. А макъхэр, псом хуэмыдэу макъ дэкIуашэхэр, тэмэму къахуэгъэлъэгъуакъым хьэрып дамыгъэхэми, латин дамыгъэхэми (а зэрыбитIми тетыгъащ ди тхыбзэр). Дамыгъэ лей, нэгъуэщI алыфбейм къыхэха хьэрф хэмыту ар зыхузэфIэкIар кириллицэ закъуэрщ. Пэжщ, хьэрф зэгуэт хыхьащ, «апостроф»-кIэ дызэджэ зы баши дыщIагъуащ, ауэ макъ псори зы системэм иуващ.

Анкара махуищкIэ дыщызэдэуащ. Щымыхъужым, алыфбей лIэужьыгъуэу тIу тщIащ: зыр урыс графикэм (кириллицэм) тету, адрейм – тыркухэр зэрытхэ латиницэр и лъабжьэу. Ди къуэшхэм быдэу делъэIуащ зы дызэрыхъужын хуейр я гум ирамыгъэхуну, ди тхэкIэр зырыз хъумэ, къэкIуэн зэрыдимыIэнур зыгурагъэIуэну. Политикэ мыхъумыщIэм лъэпкъыр зэкIэщIич и хабзэщи, абы пэщIэтын хуейщ. А махуэхэм БищIо Борис зэрыщIэныгъэлI нэгъэсар къызгурыIуащ, сигу ирихьащ сабыру, и макъыр дримышейуэ и гупсысэхэр утыку къызэрырихьар.

Зэман дэкIри, хэкум икIа филологхэр дызытегузэвыхьар къагурыIуащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм – ахэр ди тхэкIэм къытенащ. Сэ сыгуфIа къудейкъым, атIэ Iуэху гуэр игъащIэм къызэхъулIамэ, ар япэу къызолъытэ.

А конференцым дызэрыщыIам теухуа зы гушыIи сигу къэкIыжащ. Абы дыщыкIуэм БищIом нэхъ шумэдан ин зыIыгъ къытхэттэкъым. Езы Бориси фIыуэ сцIыхуртэкъым. Псоми ящIэж а зэманым ди къэралым хьэпшыпыфI щымащIэу зэрыщытар. Сэ къысщыхъуащ: «Мы щIалэм зызэщихуэпыкIауэ, и Iыхьлыхэми я лъэIухэр игъэзэщIауэ къигъэзэжыну къыщIэкIынщ». Iуэхур къызэрыщIэкIар нэгъуэщIущ. Щыгъын зэхъуэкIхэм нэмыщI, тыгъэ цIыкIухэмрэ тхылъхэмрэ къыздищтауэ арат Борис. КъыщыкIуэжми къиихьар ахэращ. Уеблэмэ, зы щыгъынышIи хьэпшыпи къищэхуакъым, зы джанэ тыгъэу кърата мыхъумэ.

ИужькIи Иорданием зэгъусэу щIэныгъэ конференц дызэдыщыIащ, илъэсий хъуауи дызэдолажьэри, Борис и хьэл-щэнхэр ефIэкIуа мыхъумэ, зыри кIэрыхуакъым.

Адыгэр гъуэгум тет зэпыту къэгъуэгурыкIуащ, зекIуэ ежьэрейуэ. БищIоми куэдрэ «и зекIуэн къыщохьэри», хамэ къэралхэм макIуэ. Къэрал щэ ныкъуэм щIигъум щыIащ, абы щыIэ унэ дахэхэр, музейхэр, дунейпсо хъугъуэфIыгъуэхэр зригъэлъэгъуащ. Дэнэ кIуэми, Испанием, Австрием, Франджым, Таиландым, Израилым, н. къ., сыт щыгъуи саугъэт щIэщыгъуэ цIыкIухэр къытхуехь, къыдэлажьэхэм, и ныбжьэгъухэм я гуапэ зэрищIыным хэтщ. Ари зы насыпщ – уи нэ

щызу дунейр зэбгъэлъагъуныр. Къэрэшей къуажэ Учкулан ирашри, зы лIыжь гуэр лIэщIыгъуэ блэкIам и пэм Невинномысск къалэм гукIэ яшати, мыр жиIэгъащ: «Сыту ин мы дунейр!».

Дунейр зэрыиныр, зэрыхъуэпсэгъуэр, зэрыбейр къэпщIэн щхьэкIэ, зекIуэ укIуэн хуейщ. Адыгэм лейуэ жиIакъым: «Куэд зыгъэщIа нэхърэ – куэд зылъэгъуа».

БищIо Борис «туристу» лажьэу газетеджэхэм къащымыхъун папщIэ, къыжыIапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и адыгэбзэ къудамэм и унафэщIу зэрыщылажьэр, и къалэнхэр фIы дыдэу зэрызэфIихыр. Абы къаруушхуэ ирихьэлIащ Къумахуэ Мухьэдин и проектIэ томитI хъууэ урысыбзэкIэ къыдэкIа «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» лэжьыгъэшхуэм. Езым и IэдакъэщIэкIхэр иту тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ, щIэныгъэ тхыгъэ куэд дыдэ къытрыригъэдзащ, ди республикэми, Урысейми, хамэ къэрал зыбжанэми щекIуэкIа щIэныгъэ конференцхэм куэдрэ къыщыпсэлъащ.

Борис КъБКъУ-ми АКъУ-ми доктор диссертацэ щыпхагъэкI я советхэм жыджэру хэтщ, абыхэм оппоненту къыщопсалъэ. БищIом и унафэ щIэту аспирант зыбжанэм ягъэхьэзыращ икIи пхагъэкIащ адыгэбзэр егъэджыным пыщIа гугъуехьхэм ятеухуа кандидат диссертацэхэр.



БищIо Борис и IэщIагъэр бзэщIэныгъэращ, ауэ ар литературэми хуэIэижьщ. АдыгэбзэмкIи адыгэ литературэмкIи учебник зытххэм, хрестоматиехэр зэхэзыгъэувэхэм яхэтщ. Къэбэрдейми, Шэрджэсми, Адыгейми къыщыдэкI литературэм щыгъуазэщ, тхакIуэхэм ятеухуа куэди ещIэ. Ари и щыхьэтщ БищIо Борис интеллигент нэсу зэрыщытым.

Сэри адрей къыдэлажьэхэри дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и зэфIэкIыми и ехъулIэныгъэхэми хэхъуэ зэпыту екIуэкIыну. Уи гъащIэ гъуэгур кIыхь ухъу, Борис!

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# АДЫГЭЛIЫМ И ЩАПХЪЭ

Ди узэщIакIуэхэм ящыщ зым зэрыжиIащи, тхыдэ зимыIэ лъэпкъыр адрейхэм ядэгъуэгурыкIуэфынукъым. Апхуэдэ дыдэщ бзэм и Iуэхури: зи бзэ зимыIэж лъэпкъыр щымыIэж палъэщ. Аращ дэ, адыгэу зызыбжыж дэтхэнэ зыми, дызэрыпсалъэ бзэр, нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу, тхъумэн щIыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ къалэн тIуащIэ я пщэ къыдохуэ анэдэлъхубзэр зи IуэхущIафэхэм – тхакIуэхэм, журналистхэм, егъэджакIуэхэм, искусствэм и лэжьакIуэхэм. Ауэ а псоми къахэгъэщхьэхукIын хуейщ адыгэбзэм и тхыдэр, и нобэр зыхуэдэр, и пщэдейр зэрыхъунур къэзыхутэ, зыдж щIэныгъэрылажьэхэр: абыхэм къаулъэпхъэщыжращ ди бзэр щIэблэм яIэпымыхуу къэзыхъумэнури, зиужьын-зимыужьыныр зэлъытари. Мис а зи гугъу тщIы щIэныгъэрылажьэхэм я пашэу куэд щIауэ къогъуэгурыкIуэ филологие щIэныгъэхэм я доктор БищIо Борис.

Сэ куэду сыщогуфIыкI къикIуэтрэ ешрэ имыщIэу ар и лэжьыгъэ IэнатIэм зэрыпэрытым. Абы кууэ зыхещIэ и пщэ дэлъ жэуаплыныгъэм и инагъыр икIи лъэкI къигъанэркъым адыгэбзэм и купщIэр, и зэхэлъыкIэр къэхутэным, абы и мыхьэнэр дунейпсо щIэныгъэ утыкум щыгъэлъэгъуэным хуэунэтIауэ.

Борис щIэныгъэлI щэджащэм и мызакъуэу, икIи цIыху зэпIэзэрытщ, и щIэныгъэ куумрэ и хьэл-щэн дахэмрэ зэшхуэзэесщ.

Иджырей адыгэлIым и щапхъэ ухуеймэ, абы ублэкIыу нэгъуэщI къыщIэплъыхьуэн щыIэкъым: къылъэщIыхьэн уигъэлъыхъуэну и Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэщ, ныбжьэгъуагъым хуэпэжщ, нэхъыжьым и щIыхьыр ехъумэ, езыр зи пашэ гупыр егъэгушхуэри лэжьыгъэфIхэр кърегъэхъулIэ, и нэхъыщIэхэр тэмэму еущий.

БищIо Борис хуэдэхэр зырызщ. Апхуэдэхэр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэ, уи лъэпкъ бгъэлъэпIэжу аращи, сохъуэхъу, илъэс куэдкIэ тхуэузыншэну, езыр зыщIэхъуэпсхэм дэ дызэрыхуэхъуапсэ тIэкIухэри щIыгъужу къехъулIэну!

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# ЕДЖАГЪЭШХУЭ

«Адыгэбзэм и тет», «адыгэбзэм и IункIыбзэIухыр зыIыгъ», «адыгэбзэм и хеящIэ нэхъыщхьэ». БищIо Борис и цIэм синоним гуэгъу хуэхъуа мы псалъэхэр куэдрэ зэхэпхынущ ар къэзыцIыхухэм, и ныбжьэгъухэм къыхужаIэу. Сэ а псалъэхэм егъэлеиныгъэ гуэри хэслъагъуэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фIыуэ сощIэ Iыхьэ куэду зэтепщIыкIыж лъэпкъ бзэщIэныгъэм ехьэлIа сыт хуэдэ упщIэкIэ зыхуумыгъазэми, абы и деж жэуап зэрыщыбгъуэтынур.

ЩIалэгъуалэм я иджырей псэлъэкIэкIэ жыпIэмэ, щIэныгъэлIым и «къэухь иным» зиузэщIу щыщIидза илъэсхэм – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щыщIэсахэм – щегъэжьауэ соцIыху сэ Борис. Абы лъандэрэ зимыхъуэжауэ абы хьэлыфIу хэлъщ сыт щыгъуи щIэ гуэр къищIэну, имылъэгъуа гуэр зригъэлъагъуну зэрыхущIэкъур. Ди ныбжьэгъур нобэ здынэса лъагапIэхэм нэзышэсахэм я нэхъыщхьэу сэ ар къызолъытэ. А хьэлыфIыр, дауи, псыхьа щыхъуар Борис къыщалъхуа, и сабиигъуэр щигъэкIуа Старэ Урыху (иджы Хьэтуей) къуажэрщ, щеджа школырщ, ар къиуха нэужь дзэ къулыкъур щрихьэкIа Германиерщ.

Совет Союзым а и япэ «гъащIэ еджапIэ-гъэсапIэ» нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэкIэ къезыхьэкIа щIалэр 1972 гъэм КъБКъУ-м гугъу демыхьу щIэтIысхьащ икIи, и зэхэщIыкIкIи, и еджэныгъэкIи зыхэтхэм ефIэкIыу, ар диплом плъыжькIэ къиухащ. Борис зыщеджа къуажэ школым абы иужькIэ игъэзэжри, илъэс зыбжанэкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ. Ауэ, къызэрыхэдгъэщащи, нэхъыбэ къищIэну сыт щыгъуи хущIэкъу щIалэм къезэвэкI хъуащ зыхэпсэукI гъащIэр...

АдэкIэ БищIом къыпэплъэрт Налшык, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр (1980), Москва, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием бзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэр. 1984 гъэм а институт дыдэм и кандидат лэжьыгъэр, 2006 гъэм

и доктор диссертацэр – «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм грамматикэ, лексико-фразеологие я лъэныкъуэкIэ хэлъ Iуэхугъуэ гугъухэр» зыфIищар – ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ.

ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыщыува япэ махуэхэм щегъэжьауэ БищIом къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIыу щIидзащ бзэщIэныгъэм и лъэныкъуэ зыбжанэм: грамматикэм (морфологиемрэ псалъэ къэхъукIэхэмрэ), лексикологием (фразеологиемрэ жыIэкIэ щхьэхуэмрэ), лексикографием (псалъалъэ зэхуэмыдэхэр гъэхьэзырыным). Абыхэм къадэкIуэу БищIом игъэхьэзыращ школакIуэхэмрэ студентхэмрэ зэрырагъаджэ программэхэр, методикэмкIэ чэнджэщхэр, псалъалъэ зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Адыгэбзэм и причастиер» (1991), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм грамматикэ, лексико-фразеологие я лъэныкъуэкIэ хэлъ Iуэхугъуэ гугъухэр» (2005), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и фразеологие псалъалъэ. ЕджакIуэхэм папщIэ» (Бэрбэч Б. Ч., IутIыж Б. Къу. сымэ щIыгъуу, 2001), «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» (2015), «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэ. 8-нэ классым папщIэ учебник» (2011), «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэ. 9-нэ классым папщIэ хрестоматие» (2013), «Русско-кабардино-черкесский разговорник» (ТIымыжь Хь. Т. и гъусэу, 2013), тхылъхэр.



КуэдкIэ нэхъ гугъущ, уи щхьэ закъуэ мыхъуу, гупым урипашэу лэжьыгъэ гуэрхэр бгъэзэщIэныр. 1989 гъэм къыщегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм Борис и унафэщIщи, зэи къэхъуакъым абы и гупым пщэрылъ къыщащIа къалэнхэр щимыгъэзэщIа. Мыбдежым унафэщIым и къалэным къыхохьэ, езым зэфIигъэкIхэм къадэкIуэу, гупым хэт дэтхэнэми и лэжьыгъэм еджэжын, зэригъэзэхуэжын хуейуэ. Абыи БищIор хъарзынэу зэрехъулIэм и щыхьэтщ гуп зэкъуэтым иужь илъэсхэм къыдагъэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр: «Адыгэбзэ псалъалъэ» (1999), «Кабардино-черкесский язык» (томитI хъууэ, 2006), «Учебный русско-кабардино-черкесский словарь» (Къумыкъу Д. М., ТIымыжь Хь. Т. сымэ я гъусэу, 2013), «КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэ» (2016), «Адыгская (черкесская) лексикография: теория и практика» (2016), нэгъуэщIхэри.

Институтым щекIуэкI лэжьыгъэхэмкIэ зэфIэкIыркъым БищIор зыхэтын хуей хъухэр. Ар къыщыпсалъэу щыплъагъунущ кавказыбзэхэр джыным теухуа дунейпсо, урысейпсо щIэныгъэ зэIущIэшхуэхэм. Адыгэ бзэщIэныгъэм къэмыхутауэ е и кIэм нэсу джа мыхъуауэ хэлъ Iуэхугъуэ гугъухэм теухуауэ БищIом и Iуэху еплъыкIэхэр филологеджагъэшхуэхэм къалъытащ. Нобэ ахэр лъабжьэ хуащI лъэпкъыбзэхэм я тхыдэм, зэхущытыкIэм, зыужьыкIэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм.

БищIом и лэжьыгъэхэм ящыщ зым иджыри сыкъытеувыIэнут. Ар къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, IуэхущIапIэхэм, цIыху щхьэхуэхэм зэрадэлажьэрщ. Пэжщ, мыр щIэныгъэлIым и къалэным хыхьэу е пщIэ гуэр къыпэкIуэу щыткъым, атIэ Iуэхутхьэбзэ къудейщ. Ауэ къэхъуакъым IуэхукIэ абы зыкъыхуэзыгъазэхэр гулъытэншэ щищIа. Куэд мэхъу апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр: псалъэм папщIэ, IуэхущIапIэм и цIэр адыгэбзэкIи тратхэнущи, ар яхузэзыдзэкIын хуейщ, хэт и унэцIэм

«ов», «ев» урыс кIэуххэр пригъэхыжыну мурад ищIащи, псалъэм и IукIэр тэмэму зэрыщытымкIэ щыхьэт тхылъ щIолъэIу, нэхъыбэжщ я унэцIэм къикI мыхьэнэр зэхагъэкIыну зыкъыхуэзыгъазэхэр, зыщыщ лъэпкъыр зэхагъэкIынымкIэ ар сэбэп къахуэхъун я гугъэу... Куэд дыдэ мэхъу, «адыгэбзэм алфавит хузэхэтлъхьащ» жаIэу, къыбгъэдыхьэхэр. Зырызыххэу абыхэм яжриIэн хуей мэхъу дунейм зы лъэпкъи зэрытемытыр, и алфавитым щыщIэныгъэ имыIэу, иджыпсту дызэрылажьэ ди алыфбейм адыгэбзэм и макъ псори тэмэму къызэриубыдыр, бзэм и макъхэм дамыгъэ епткIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIыр, атIэ абы граммати-ки, пэжырытхи, учебникхэри хуэтхын зэрыхуейр.

А Iуэхухэм егъэпIейтей щIэныгъэлIыр. Аращ ар жыджэру щIыхэтыр алфавитыр, пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэмрэ я хабзэхэр егъэфIэкIуэным, адыгэ лъэпкъхэм я бзэхэр зэшэлIэным, я тхыбзэхэр зэщхь щIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм. Псалъэм папщIэ, БищIор яхэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм я бзэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законымрэ (1994) ар гъэзэщIэным ехьэлIауэ республикэм и Правительствэм и программэмрэ (1996) зыгъэхьэзырахэм, апхуэдэу адыгей, къэбэрдей-шэрджэс тхыбзэр зэщхь щIыным елэжьа щIэныгъэлI гупым.

Къызэрыхэдгъэщащи, БищIор гуащIафIэу ядолажьэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм, а IэнатIэм къэхутэныгъэ зэхуэмыдэхэр щезыгъэкIуэкI IэщIагъэлIхэм. 1990 гъэм къыщегъэжьауэ ар хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм егъэджэныгъэмрэ методикэмкIэ и советым, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей къэрал университетхэм диссертацэхэр щыпхагъэкIыу яIэ советхэм. Ар лекцэ кърагъэджэну, щIэблэм ирагъэущиену щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж еджапIэ нэхъыщхьэхэм, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым, школхэм.

БищIо Борис лэжьакIуэфI къудейкъым, ар икIи унафэщI, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэщ. Ар зи пашэ гупыр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым щынэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Къру пашэм дэплъейуэ, абы щапхъэ трахыу мэлажьэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр. КъыжыIэпхъэщ, еджагъэшхуэм щIэныгъэм къыхиша, абы и унафэм щIэту зи диссертацэхэр зытха щIалэ, пщащэ зыбжанэ нобэ езым лэжьэгъу къызэрыхуэхъужари. Ари и щыхьэтщ лъэпкъ бзэщIэныгъэр япэкIэ зэрыкIуатэм, ар зи фIыщIэхэм ящыщ зы Борис щIэблэ узыншэ къызэрыщIэувэм.

Мыпхуэдэхэм я деж щIэджыкIакIуэхэр щIэупщIэ хабзэщ: «Апхуэдиз лэжьыгъэ лъэпкъым, Хэкум хузыщIа цIыхум сыт хуэдэ гулъытэ къэралым къыхуищIыжар?» – жаIэу. Езы БищIом абы мыхьэнэшхуэ иритыркъым, ищIэр щIищIэр и лъэпкъыр, и бзэр аращи, ар зыхуэгъэзахэм къагурыIуэмэ, абыкIэ Iуэхур зэфIэкIауэ къелъытэ. Ар зэрынэхъыщхьэм шэч къытехьэгъуейщ, ауэ Борис и зэфIэкIыр къэралым гулъытэншэуи къигъэнакъым. Абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, кърататщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием я щIыхь тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэри.

МызыгъуэгукIэ къэдгъэлъэгъуэну тхузэфIэкIар БищIо-щIэныгъэлIым, лэжьэгъум теухуа къудейрщ. Дэ и гугъу дымыщIу къэнащ БищIо-ныбжьэгъум, егъэджакIуэ-гъэсакIуэм, чэнджэщэгъу Iущым, къуэ гумащIэм, анэкъилъху Iумахуэм. Шэч хэлъкъым абыхэм ящыщ дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ зэрыхуэфащэм.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# ЦIЫХУ ЩЫПКЪЭ

И хьэлкIи, и щэнкIи, и дуней тетыкIэкIи дагъуэ зимыIэ цIыху щыIэу пIэрэ жиIэу зыгуэр къызэупщIмэ, си жэуапыр хьэзырщ – БищIо Борис. Апхуэдэ цIыху дунейм теткъым къызжаIэми, си жыIэм сахутекIынукъым. БищIо Борис сэ нобэкъым къыщысцIыхуар. Илъэс 50-кIэ тпэжыжьэ хъуа 1972 гъэм абырэ сэрэ КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм дыщIэтIысхьащ. Хъыджэбз цIыкIу гупым дэ щIалитIырт яхэтри, дызэрыцIыхури, зэуэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. Нобэр къыздэсми дызэныбжьэгъущ, зэкъуэшым хуэдэу дызэбгъэдэтщ.

Уэркъ гъэсэныгъэ, уэркъ хабзэ жыхуаIэхэр ноби БищIом деж щыболъагъу: Борис зэрысцIыху лъандэрэ сэ зэхэсхакъым, яIуэтэжуи срихьэлIакъым абы цIыху игъэпуду зыгуэр жиIауэ, хузэфIэкIын Iуэхур имылэжьын щхьэкIэ, гъэпцIагъэ зыхэлъ щхьэусыгъуэ къигупсысауэ, зыгуэрхэм, къулыкъу лъагэ е мылъкушхуэ зэраIэм къыхэкIыу, и щхьэр яхуигъэщхъауэ.



Борис нэсри къэсыжауэ адыгэлIщ: жиIэр, зыжриIэр, щыжриIэр, щIыжриIэр зэпимышэчауэ абы зы псалъэ къыжьэдэкIынукъым. ЖиIакъэ, и псалъэр мывэм хьэрф зырызу къыхэIущIыкIам хуэдэщ – тыбогъуэтэж.

БищIор гуп мыцIыху яхыхьами, гугъу зэрыдехь щымыIэу, бзэ къахуегъуэт; мо щIэныгъэ куу зиIэм «мыр сощIэ», «мор сощIэ» жиIэу зимыгъэпIийми, мылъкум я нэхъ иныр – щIэныгъэшхуэрэ акъылышхуэрэ – зэрыбгъэдэлъыр псэкIэ зыхэзыщIэ къэзыухъуреихь цIыхухэр абы къопщI, жиIэр яфIэмащIэу, и гупсысэкIэмрэ и Iуэху къэIуэтэкIэмрэ яфIэщIэщыгъуэу. Псом хуэмыдэу и гъащIэр тыхь зыхуищIа адыгэхэм (абы и лэжьыгъэу хъуар зытеухуар адыгэбзэрщ, ар джынырщ, зегъэужьынырщ) Борис яжриIэн и куэдщ. И куэдщ, Iэлыфбийр зэрызригъащIэрэ еджэн фIэкIа Iуэху иIакъыми. Абы и гъащIэм и зэхуэдитIыр библиотекэм щихьащ, тхылъхэр, дэфтэрхэр щIиджыкIыу жыпIэмэ, егъэлеиныгъэ зэрымыхъунум сэ срищыхьэтщ.

ИлъэситхукIэ университетым дызэдыщIэсати, махуэ еджэныгъэр зэрыдухыу, студент шхапIэм щедзакъэрти, ар бзэхырт. Общежитым къыщекIуэлIэжыр жэщым сыхьэтибгъуурт. ИтIани Борис хэт илъэгъуа жиIэу къыддеджэхэм щыщ зыри щIэупщIэртэкъым. ЩIэупщIэртэкъым, сыту жыпIэмэ псоми ящIэрт ар еджапIэм щумыгъуэтамэ, республикэ библиотекэм (а зэманым Крупскэм и цIэр зезыхьэу щытам) еджэу зэрыщIэсыр.

БищIо Борис бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэщ. Абы имыщIэ, и щхьэр зыхунэмыса къригъэщIэнщ, гу лъригъэтэнщ жыпIэу адыгэбзэм елэжь щIэныгъэлIхэм ящыщ гуэр уэршэрэгъу хуэпщIыну къэплъыхьуэн щIэбдзэмэ, апхуэдэр икъукIэ къэгъуэтыгъуей хъуну къысщохъу.

Борис адыгэбзэм зэрыхищIыкIым пумыдзыхыну художественнэ литературэм и хабзэхэми хещIыкI. Зы илъэскъым сэ абы зэрыдезгъэкIуэкIар «ТхакIуэр – тхылъыр – тхылъеджэр» радионэтыныр. БищIом тхылъеджэхэм я художественнэ зэхэщIыкIыр нэхъ лъагэ ищIырт, нэгъуэщIынэкIэ тхыгъэхэм иригъэплъырт. Ар ящыщщ художественнэ литературэр кууэ зыхэзыщIэ цIыху закъуэтIакъуэм.

ЦIыху зэтес, цIыху щыпкъэ БищIо Борис хужысIэхэм ар цIыху къущу, и гъащIэр зэшыгъуэу ирихьэкIыу къызыщигъэхъуни щыIэнщ. Хьэуэ, къуэшымкIэ ар къуэшыфIщ, шыпхъумкIэ ар дэлъхуфIщ, ныбжьэгъумкIэ ныбжьэгъу пэжщ – гуауэр бдыдихынущ, гуфIэгъуэр бдиIэтынущ.

Дунейр фIэщIэщыгъуэщ, фIэдахэщ, ар къызэхикIухьынуи фIэфIщ; икъукIэ къэрал куэдым зыплъыхьакIуэ щыIащ, зрихьэлIа щIыпIэ, псэуалъэ, жыг, ухуэныгъэ дахэхэм сурэт ятрихащ. Абыхэм кърата гукъыдэжымкIэ, гупсысэмкIэ и ныбжьэгъухэм къыддогуэшэж.

ЖыпIэнурамэ, къуэш пэлъытэ си ныбжьэгъу БищIо Борис лэжьэкIэм и мызакъуэу псэукIи зыгъэпсэхукIи ещIэ. Афэрым!

**ТЭТРОКЪУЭ Астемыр,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ ягъэхьэзыр нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист*



# УЭРКIЭ ДОГУШХУЭ

Си ныбжьэгъу лъапIэу БищIо Борис!

... Нобэ хуэдэщ а махуэр. 1973 гъэм и бжьыхьэпэ мазэт. Къуажэ курыт еджапIэр къэзухри, КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым и адыгэ-урыс къудамэм сынышщIэтIысхьат сэ.

Абы щыгъуэ Тэтрокъуэ Астемыррэ уэрэ етIуанэ курсым фыщеджэрт. ДызэрыцIыхуащ. ИкIи зэуэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. Старэ Урыху, Сэрмакъ, Аушыджэр адыгэ къуажэжьхэм дыкъыдэкIати, ди гъэсэныгъэкIи дуней еплъыкIэкIи дызэтехуэрт – арауэ къыщIэкIынщ нэхъри дызэзышэлIар. Фэтэри общежити дыщIэсащ, дыщымэжалIи щIыIэм дыщиси къэхъуащ. А зэманми щыIащ я унэ хуабэхэм къыщIэкIрэ зэщыхуэпыкIауэ еджапIэм къакIуэ щIалэгъуалэ. Дэ абыхэм щэхуу дехъуапсэрт. АрщхьэкIэ, ди хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр зытеухуар нэгъуэщIт, абы дамэ къыттригъакIэрт. Дэ щыми, ди ныбжьэгъуфIхэу Абазэ Вови (ахърэт нэху Тхьэм крит), ТIымыжь Хьэмыщи, Бэрбэч Бориси (а тIур ещанэ курсым щIэкIри, Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр къаухащ; мы зэманым ТIымыжьыр филологие щIэныгъэхэм я докторщ, Бэрбэчыр журналист цIэрыIуэщ) мурадышхуэхэр диIэт – цIыху нэс дыхъуу, дыкъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым дыхуэщхьэпэныр фIыгъуэу щыIэм ятедгъакIуэрт.

Дэ, щIалагъэм къыхэкIыу, дыщыхьэулеи дыщыкъуейщIеи къэхъуащ. Ауэ уэ – абы щыгъуи иужькIи – лъэбакъуэ пхэнж пчауэ зыми ищIэжыркъым. ЩIэныгъэм ухуэнэхъуеиншэу, пэжыр уи гъуазэрэ гъуэгу захуэ утету, удичэнджэщэгъуу укъэгъуэгурыкIуащ. А псор псыхэкIуадэ хъуакъым – университетыр диплом плъыжькIэ къэбухри, аспирантурэм ущIэтIысхьащ. Иджы уэ филологие щIэныгъэхэм урадокторщ, бзэщIэныгъэм куу дыдэу хэзыщIыкI уеджагъэшхуэщ. Нобэ куэдым зэращIым хуэдэу, уэ уи диссертацэр къэпщэхуакъым, атIэ уи акъылым, уи щIэныгъэм, уи зэчийм къапэкIуащ а пщIэшхуэр.

ДэIэпыкъуэгъуншэу, ди щхьэ фIэкIа дызыщыгугъ щымыIэу гъащIэм дыкъыхыхьами, дэ зэныбжьэгъухэм абы увыпIэ зырыз щыдубыдащ, лъагапIэ гуэрхэми дынэсыфауэ пхужыIэнущ, дыкъэзылъхуахэр темыукIытыхьын хуэдэу. Дэ тщыщ дэтхэнэми ди акъылри, ди зэфIэкIри ноби зытеухуар зыщ – ди лъэпкъ мащIэр гъащIэ кIыхь хъуным ди гуащIэ демыблэжу дытелэжьэнырщ. Япэхэми хуэдэу, уэ сыт и лъэныкъуэкIи удищапхъэу дыкъокIуэкI: цIыху Iущу, псэ къабзэу, зэпIэзэрыту, сыткIи уи дзыхь зэбгъэз хъун цIыху щыпкъэу укъэнэжащ. Нэхъыщхьэращи (ар куэдым къехъулIэркъым), сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэралым щемыкIуэкIами, сыт хуэдэ гъэунэхупIэхэм димыхуами, ди зэныбжьэгъугъэр, зыри зэран къыхуэдмыгъэхъуу, зэнзэныпсым хуэдэу къабзэу илъэсхэм къапхытхыфащ.



«Щэ уэстын, хьэмэрэ щэ я уасэу зы уэстын?» – жиIащ. Уэ щэм урауасэщи, сэ согуфIэ икIи согушхуэ апхуэдэ тыгъэ лъапIэ гъащIэм къызэрысхуищIамкIэ.

*Ныбжьэгъу нэсу тIощI уимыIэфыну,*
*Зы къуитамэ а тIощIым пэхъуну,*
*Бжы уи кIэн мы гъащIэм къыщикIауэ,*
*Зылъытэж дамитI уэ къыптекIауэ.*

НэхъыщIэхэм дамэ уахуэхъурэ дамэ къыпхуэхъухэр пхуэпсэууэ, иджыри илъэс куэдкIэ узыншэу лъэпкъым ухуэлэжьэну си гуапэщ!

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ,*
*усакIуэ*

*Рассказхэр* КIЭБЫШЭ *Лилэ*

# КЪЭФАКIУЭ ХЪЫДЖЭБЗ



Мурат Маринэ зэрилъагъу махуэрэ и нэгум щIэт зэпытт. «Сытэджми сытIысми си щхьэм итщ, арауэ пIэрэ-тIэ лъагъуныгъэ жыхуаIэр?» – егупсысырт ар. Езым къызэрилъытэмкIэ, мы дунейр зэуэ зэлъыIукIуэтри, зэрысабий лъандэрэ зэхих таурыхъхэм хэт тхьэIухуду къыхукъуэкIат а хъыджэбзыр.

УдзыпцIэм здыхэлъым, и нэхэр зэтрипIауэ, абы игу къегъэкIыж Маринэ и теплъэ екIур. Псом япэу Мурат дэзыхьэхар уафэ къащхъуэр зи плъыфэ нэ пIащитIырщ. Ахэр зэм ткIийщ, зэми гуапэщ. Ар и щыхьэтщ Маринэ пагагъ, ерыщагъ зыхэлъ цIыхубзу зэрыщытым, ауэ, щыхуеймкIэ деж, щаби гумащIи зэрыхъуфым... Мурат зэхихакъэ абы и дыхьэшхыкIэр – сабий дыхьэшхыкIэщ. Апхуэдэхэм деж сыт хуэдиз гуфIэгъуэ къащIихрэ абы и нитIым...

Мурат и щхьэр къиIэтри, шыхэм яхэплъащ. Ахэр хэти, я нэхъуейр текIауэ, мэхъуакIуэ, хэти, яшхамкIэ ирикъуащи, мамыру щысщ. ШыщIэ цIыкIухэри, гъуэрыгъуапщкIуэ зэдэджэгу нэхъей, къызэрохуэкI-нызэрохуэкIри, я анэм йожэлIэж. Абыхэм яхэплъэурэ Мурат игукIэ зэрегъэзахуэ: «Мы дунейм тету пIэрэ дахагъкIэ ди къущхьэхъум къытекIуэн щIыпIэ! Еплъыт мо бгым, жей IэфIым хэту Iуриха цIыхубзым ар зэрещхь. Модрейр-щэ? Iэхъуэ щIалэщ, сэ схуэдэ гуэрщ. ЩIакIуи щыгъщ, Iэхъуэ баши иIыгъщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, дэтхэнэ зы бгыми уи нэгу зыгуэр къыщIегъэувэ...

Дунейм и щытыкIэр-щэ? Хуабэр бужэгъуарэ щIыIэтыIэ ухуеймэ, уэсыр зытелъ бгыжьхэм гъунэгъу захуэщI, укъэпIыщIэрэ – абы щыгъуэм дыгъэр гуащIэу зытепсэ бгы щхъуантIэхэмкIэ къэкIуэж. Псы пхуэлIамэ – къаруущIэ къыпхэзылъхьэж нарзаныпсыр гъунэжкъэ!

ПщIэрэ, Маринэ, мы щIыпIэм и дахагъым кIэ зэримыIэр! Дэ тIур дызэгъусэу мыбы дыщыпсэуам аратэкъэ! Мо бгы щыгу дахэм зы пщыIэ тесщIыхьынти, сыщакIуэурэ бжэнылкIэ узгъэшхэнт.

Письмо хуэстхмэ щхьэ мыхъурэ? Стхатэкъэ. Ауэ псори зэфIэстхъыжащ. ЩыстхкIэ бэлыхь гуэру къысщохъу, зэрызухыу – зэфIызотхъыж. АтIэ, сыт сщIэнур?..»

ЦIыхум зыгуэр ищIэн хуейуэ, ауэ ар зэрищIэну щIыкIэр щимыщIэм деж гугъущ. Мурат иджыпсту зэрытри апхуэдэ щытыкIэт.

Псори къыщежьар Налшык къикIыу къэфакIуэ гуп къущхьэхъум къыщыкIуарт. КъэфакIуэ хъыджэбзхэм къахэлыдыкI Ма-

ринэ къызыхуигъэщIар къэфэныр арауэ къыпщыхъурт. А хъыджэбз зэкIужым зэ Iуплъэгъуэм зи гур итхьэкъуа Мурат нэгъуэщI плъапIэ имыIэжу къэнат. Ар хъыджэбзым бгъэдыхьэу зы псалъи жриIэфатэкъым, хузэфIэкIырати, Маринэ епсалъэ цIыхухъухэм, абы щыгуфIыкIхэм яхузэгуэпырт. А псом сыт хищIыкIынт хъыджэбзым. Я концертыр зэфIэкIыу зэрызэщIакъуэжу, машинэм итIысхьэжри ежьэжат. Иджы, жэщхэми мыжеижу, Мурат зэгупсысыр зыт: Маринэ щыпсэур къищIэу, абы хуэза зэрыхъуну щIыкIэрт. Хуэзэм жриIэнухэри гукIэ зэригъэзахуэрт.

«Къысщыдыхьэшхрэ сыкъыщIихужмэ-щэ? Сыт жысIэу сызэрыкIуэнур? «ФIыуэ узолъагъу», жысIэну? Апхуэдэу занщIэу ар жаIэркъым. АтIэ, дапхуэдэу?» – ищIэнур имыщIэу бэлыхьым хэтт щIалэр.

Махуэ гуэрым абы фермэ унафэщIым зыкъригъэутIыпщри, унэм къехыжащ.

И кIэстум зэфIэтыр, джанэ хужьыпсыр щитIэгъащ, я гъунэгъум екIуэкIри, галстук гуэри къилъэIухуащ.

– Дэнэ апхуэдизу зыздэбгъэхьэзырыр, си щIалэ? – щIоупщIэ анэр.

– Къалэм сыкIуэн хуейуэ аращ.

«Сыту ещхьыщэ и адэм, дэ ди тхьэ. «Си бын закъуэр, си къуэ закъуэр», жиIэурэ чыхум хыхьэжащ. «Уэ сыпхуейкъым, сигу ирихь нэгъуэщI цIыхубз къэзгъуэтащ», – арат уи яужь псалъэр. Сыт щIа абы лъандэрэ...» – хэгупсысыхьащ анэр, и къуэм здыкIэлъыплъым.



... Школыр къиухыу фермэм кIуэну мурад щищIам, Мурат жэмышу лэжьэну къыхуагъэлъэгъуат, арщхьэкIэ зэрыцIыкIу лъандэрэ шыр фIыуэ зылъагъу щIалэм шыхъуэныр нэхъ къищтащ.

– Шы бгъэхъуну уэ иджыри ущIалэIуэщ, ауэ уи нэ къыщыхуикIкIэ дыноплъынщ, – жиIэри, председателыр арэзы хъуат. Хъуами, хущIегъуэжатэкъым: Мурат лэжьакIуэфIи щIалэфIи къищIыкIат.

Мурат къалэ уэрамым здрикIуэм, удз гъэгъа зыщэ цIыхубзхэр къыщыхьащ: «Удз гъэгъа щэху, щIалэ, удз гъэгъа щэху». Ар къэувыIэри егупсысащ: «Урыс цIыхубзхэм сытым щыгъуи удз хуахь, ауэ Маринэ адыгэщ. Хуэсхьмэ, дауэ къыщыхъуну пIэрэ? Хуэсхьынщ. Удз гъэгъа фIыуэ зымылъагъу цIыхубз щыIэн хуейкъым». ЦIыхубзхэми утрагъэгушхуэфынтэкъэ, къызэрыхуэIэткIэ, и IэплIэм из къащIат.

Мурат къалэм къызэрысу, гугъущэ демыхьу, Маринэ и псэупIэр къищIат. Ансамблым я зэхуэсыпIэ унэм кIуэуэ, IуэхукIэ хуейуэ щыжиIэм, и адресыр къратат, зрамыгъэлъэIущэу. Пщыхьэщхьэхуегъэзэк I хъуауэ, ар Iухьащ цIыхубзым и псэупIэм. Мыбдежщ Мурат гузэвэгъуэм щыхэхуар. Иджыри къэс псори тыншу екIуэкIат: къалэми къэкIуащ, Маринэ щыпсэури къигъуэтащ, мис иджы и бжэм бгъэдэтщи, Iэнкун къэхъуауэ, абы теуIуэфыркъым. ЖиIэну и гугъахэри щыгъупщэжащ. «Сытым щхьэкIэ сыкъэкIуа, гугъапIэу сиIэри сыт? Мы сызыхэтыр, шэч хэмылъу, делагъэу къыщIэкIынщ. Маринэ сэ сыкъицIыхуркъым, ауан хэлъу сыкъыщIихужмэ, си напэр текIакъэ, – гупсысэм иIыгъщ щIалэр. – Дауэ сыкъыщIихужын, адыгэхэм хьэщIэ щIэтхужу ди хабзэкъым, зэрыхъуу ирехъу!» – жеIэри, бжэм тоуIуэ. Бжэр псынщIэ дыдэу къыщыIуахым, Мурат къащтэри, щIыбкIэ къикIуэтыжащ. Маринэ тIэкIуи къэуIэбжьауэ, тIэкIуи пыгуфIыкIыу, и пащхьэм къит щIалэщIэм къеплъащ:

– Уэ си деж укъыздэкIуар, хьэмэрэ ущыуа?

И нэр зытена Маринэ къызэреупщIар къыгурымыIуэщами: «Аращ, аращ», – жиIащ Мурат, къурмакъейм тена Iупсыр ерагъкIэ иригъэхыурэ.

– КъакIуэ, къыщIыхьэ-тIэ, – иригъэблагъэри, шэнти къыхуигъэуващ.

Удз IэплIэ иныр зыIыгъыу щыс, пщIэнтIэпсыр зи натIэм къытрикIута щIалэщIэм къеплъри, Маринэ дыхьэшхащ, ауэ, щIэукIытыхьыжауэ, къэIэбэри, Мурат и IэплIэм илъ удз гъэгъахэр къыIэщIихащ:

– Си гугъэмкIэ, мыр къыздэпхьар мыращ.

– Уэращ... уэ къыпхуэсхьауэ аращ, – жеIэ Мурат, и щхьэр къызэримыIэтым хуэдэу.

– Берычэт бесын, ауэ мыпхуэдиз къэпщэхун хуеякъым, – жиIэурэ хъыджэбзым удзхэр зригъэувэн удзылъэ къегъэхьэзыр.

«Сыту фIыт, хыфIимыдзэжIауэ, псори зригъэувэн къигъуэтащ», – жеIэри, зи укIытэри зи пщIэнтIэпсри тIэкIу-тIэкIуурэ нэхъ кIащхъэ хъуа щIалэр мэгуфIэ.

Маринэ щыгъ бостей къуэлэн пIащIэр бгым къезэвэкIыу щIат, и пщэри ину къихат, дыгъэм иса лъакъуэ дахэхэри бостей мыкIыхьым фIыуэ къыщIэщырт.

Мурат Маринэ кIэлъыплъырт, нэхъыбэрэ еплъыхукIэ, и гур нэхъ ину, нэхъ хьэлъэу къеуэу, иджыри къэс зыщымыгъуазэ хъуэпсапIэ гуэрхэм къызэщIаIэтэу.



Удзхэр и пIэ иригъэзагъэу, Маринэ зыкъыщигъэзэжым, аргуэру пыгуфIыкIащ:

– Нобэ егъэлеяуэ хуабэщ, къохьэлъэкIмэ, щых уи кIэстумыр.

– Хьэуэ, къызэхьэлъэкIкъым, – жиIэри, и напэм къекIуа пщIэнтIэпсыр кIэстум Iэщхьэ пхъашэмкIэ ирилъэщIэкIащ.

– АтIэ, сыт щхьэкIэ укъысхуэкIуа щIалэ хьэщIэр?

Мурат зыри жиIэртэкъым, зэм хужь, зэми плъыжь зэрыхъур къыгурыIуэжати, укIытэм нэхъри зэщIиубыдауэ щыст.

– ФIыщIэ пхуэсщIыну арат... Къущхьэхъум дахэу укъызэрыщыфам папщIэ... – ерагъкIэ къызыжьэдишыфа къудейщ Мурат.

... ЦIыхубзми химыгъэзыхьауэ, езыми зыхуеяр жимыIэфауэ щIалэр мэкIуэж. «Сытым хуэдэу сыхуейт сэ псори абы жесIэну, ауэ схужеIакъым, лIыгъэ схурикъуакъым», – и щхьэм хуошхыдэж Мурат. Хуэшхыдэж щхьэкIэ, зыри щIыжимыIам и щхьэусыгъуэр абы ищIэжырт: ар ажалым нэхърэ нэхъ щышынат цIыхубзым къыжриIэнкIэ хъунум. ГугъапIэ имыIэми, «хьэуэ» псалъэр зэрызэхимыхамкIэ и гур игъэфIмэ нэхъыфIкъэ.

И хьэщIэм зыри жимыIами, Маринэ псори къыгурыIуат. ЦIыхухэм яхыхьэ-яхэкIыу еса, зи дахагъым цIыхухъу куэд хуэщатэ цIыхубзым дежкIэ шыхъуэ щIалэ цIыкIум и гурыщIэр къэщIэгъуейтэкъым. «Игури езыри щIалэщ, – хужиIэжащ абы и щхьэм, – егъэлеяуэ щIалащэщи, аращ сытми тыншу щIытегушхуэр. Iуэхукъым, щыгъупщэжынщ». Маринэ щхьэгъубжэр Iуидзащ. Абы къыдихуа пщыхьэщхьэ акъужьыр къемэщIэкIри, хъыджэбзым и бостеибгъэр нэхъри зэIуихащ. БещтомкIэ къыщежьауэ къакIуэ пшэ фIыцIэ Iэрамэхэм зыкъомрэ еплъри, ар щхьэгъубжэм къыIукIыжащ, гупсысэхэм зэщIаубыдауэ. «Куэдым я гугъэщ сынасыпыфIэу, сызыхуей псори

гъащIэм къызитауэ. Ауэ зыми ищIэркъым сызыхуейуэ гъащIэм зы Iыхьи къызэрыхэзмыхар. Си гъащIэр пкъутащ. Узэрыслъэгъуар тIэу къудейми, си гъащIэ псом ныбжьу укъытенащ. Къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр уи закъуэкъым, сэри сыщыуащ. Дэтхэнэ зы цIыхуми и насыпым и унафэ ищIыжын хуейщ, ар пхъумэфрэ – уехъулIащ, ауэ умыхъумэфмэ... абы щыгъуэм дунейр къощIыIэкIыу епхьэкIынщ...» Маринэ и щхьэм къищхьэрыуа гупсысэхэм кърахуэкIырти, унэ лъэгур хъурейуэ къызэхикIухьырт: «Дохутырым сыкIуэу сабийр зэрезгъэгъэкIуэдыжари, дэ тIум ди зэхущытыкIари зыми къащIакъым. Псори бзыщIауэ къэнащ. СыкъызэращIэр хъыджэбз щыкIауэщ, ауэ и пэжыпIэр нэгъуэщIщ. Уэ етIуанэ фызи, ещани къэпшауэ зэхэсхащ. Иужьым Урысейм ухыхьэжащ. Си Iуэху уэ зэи зепхуэжакъым. Услъагъу мыхъуну арат сызыхуейр, нэлат уэсхыну арат къэблэжьыр. Ауэ сыт, сыхуиткъым. Си гурыщIэм зыкIи сыпэлъэщыркъым. Нобэми ныжэбэми уэ сыппоплъэ. Си щхьэр слъагъу хъужыркъым, ауэ уэ фIыуэ узмылъагъун слъэкIыркъым. Нобэрей щIалэ цIыкIур сыту уэщхьыщэ, си гугъащ уи къуэу, ауэ сеупщIу и унэцIэр нэгъуэщIу къыщыщIэкIым, згъэщIэгъуащ...»

Мурат фермэмкIэ имыгъэзэжу, председателым деж кIуащ. «Седжэну сыхуейт», – щыжиIэм, здэкIуар къытекIиящ:

– Дыгъуасэ «сылэжьэнущ», жыпIэри укъысхуэкIуащ, нобэ къалэмкIэ зебгъэхьын хуейуэ къыщIидзыжауэ ара?

– Сэ Iэщ дохутырущ сызэреджэнур, къэзухым, мыбы къэзгъэзэжынущ, – жеIэ Мурат, а Iуэхум быдэу зэрегупсысар IупщIу.

– АтIэ, ар щхьэ занщIэу жумыIарэ. Уэлэхьи, абы щыгъуэм ди гуапэу дыбдэIэпыкъункIэ. Иджырей щIалэгъуалэр къалэмкIэ йоIэри, уэри абыхэм уащыщ си гугъащ. Iэщ дохутыр жыхуэпIэм дыхуэныкъуэ дыдэщ. Ди дохутырыр пенсэм кIуэн зэрыхуейрэ куэд щIащ.

«ЩIэныгъэ сиIэмэ, Маринэ нэхъ сыкъыфIэIуэхункIэ хъунщ. Ар зи хъыджэбз дахагъ, дауи, щIэныгъэ зимыIэ дэкIуэнкъым, – егупсысырт Мурат, арат еджэным щIытегушхуари. – Ауэ къэзухыхукIэ дэкIуэмэщэ? Зэ сыщIэтIысхьэмэ, тхьэм жыхуиIар хъунщ. Къалэм сыдэсмэ, Маринэ и гъунэгъуу сыщытынущ...»

Гъэмахуэ псом фIыуэ зигъэхьэзырри, Мурат университетым щIэтIысхьащ. Ар зыхэхуа гупым, пщыхьэщхьэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, я нэгу зрагъэужьу къакIухьырт. Ауэ Мурат здэкIуэ щыIэтэкъым. «Ефэндыуэ еджэну мыдрисэм къэкIуащи, аркъэи тутыни ефэ хъунукъым», – жаIэурэ къыдэгушыIэрт и ныбжьэгъухэр. Ауэ, цIыхум зэрахыхьэ щымыIэми, Мурат хъыджэбз цIыкIухэр къыхукъуэплъырт. Ар щIалэ екIут, узыншагъэкIэ гъэнщIа Iэпкълъэпкъ зэкIуж иIэу. Апхуэдэу щытми, езым игу ирихьу, зэхъуапсэу щыIэр зыт – Маринэт.

КъэфакIуэ гупым дэнэ концерт щатынуми, Мурат ищIэрт. Къалэм е къуажэ гъунэгъухэм къыщыувыIэмэ, кIуэурэ еплъырт. ЕплъыхукIи, Маринэ удз Iэрамэ хуихьырт. Хъыджэбзым и нэр къытехуэу къицIыхуж-къимыцIыхуж хуэдэу къыщыщыгуфIыкIым деж, Мурат лъэтэным хуэдэу и лъэр жан хъуауэ къежьэжырт. АрщхьэкIэ бгъэдыхьэу зыкъригъэцIыхужыну дзыхь ищIыртэкъым, и унэ зэрыкIуауэ щытар кълриудэкIыжынкIэ, ауан къищIынкIэ шынэрт. Ауэ зэгуэрым... А махуэм щыгъупщэж иIэкъым... ИужькIэ, и гуфIакIэ жыпым илъу, Мурат куэдрэ кърихьэкIащ а махуэр зытехуэ календарь напэр.

А махуэм нэгъуджэ фIыцIэ Iулъу, жьауэ къуэлэн дахэ иIыгъыу къакIуэ цIыхубзыр къызэрыщыгуфIыкIым Мурат япэщIыкIэ гу лъитакъым, и щхьи къиIэтакъым. АрщхьэкIэ «Мурат» жиIэу къеджа макъ гуакIуэр и тхьэкIумэм къыщиIуэм, щIалэр и пIэм ижыхьащ.

– Щхьэ укIуэдыжа, е удз куэдыщэ схьын хуей хъунущ, жыпIауэ ара? Удзым си Iыхьэ хэкIащ, иджы зыми уемылIалIэу накIуэ, – жиIэурэ къыбгъэдыхьащ абы Маринэ.

ЩIалэм и щытыкIэм – зэ зы Iэм, зэм адрейм IэщIилъхьэу тхылъхэр зэриIыгъым – зыкIи гу лъимытэ хуэдэ, Маринэ мэпсалъэ, къыщогуфIыкI:

– Къалэм Iуэху уиIэу укъэкIуауэ ара?

– Хьэуэ... сэ... сэ мыбы сыщоджэ.

– Пэжуи? Абы щыгъуэм нэхъыфIыжщ. ХьэщIапIэ си деж унэкIуэну нэхъ тынш хъунущ. Сыщыпсэур пщIэжрэ?

Мурат и щхьэр къиIэтри, Маринэ къеплъащ, гурыщIэ инкIэ гъэнщIа и нэхэмкIэ. «ИгъащIэ псокIэ ящымыгъупщэж плъэкIэр мыпхуэдэ хъунщ», – игукIэ жеIэ Маринэ, Мурат и нитIым и Iэпкълъэпкъ псом лыгъэр къридзауэ.

– ПщIэжыркъэ сыщыпсэур? – къоупщI абы аргуэру Маринэ.

– СощIэж. СынэкIуэнщ. Iэмал имыIэу сынэкIуэнщ.

ЦIыхубзыр IукIыжа нэужь, зигъазэу кIэлъыплъыжыну щIалэр хуеят, арщхьэкIэ апхуэдэр зэрыемыкIур ищIэрти, зызэтриIыгъэурэ ежьэжащ езыри. Ауэ, итIани, лъэбакъуэ зыбгъупщI ичри, хуэмышэчыжу къызэплъэкIащ. Маринэ жыжьэу плъагъуж къудейт.

«СыкъицIыхужащ, о ди тхьэ! Ауэ: «Дэнэ ущеджэр?» – жиIэу къызэупщIакъым. Ар Iуэху-тIэ? Ар зырикIщ, нэхъыщхьэращи, и деж срегъэблагъэ. Мис аращ псом нэхърэ нэхъыщхьэр!..

«Нобэрей махуэр сыту угъурлыт. Библиотекэм сыту фIыщэу сыкIуат!.. Сыту хьэлэмэт: ар зи дахагъ иджыри къэс щхьэ зыми дэмыкIуарэ? Хэту пIэрэ зэжьэр? Шэч хэмылъу, ар зыгуэрым ежьэу къыщIэкIынщ. ДэкIуэпами, сщIэркъым», – жиIэри, щIалэм и плIэр зэхуишащ, натIэм къекIуа пщIэнтIэпс щIыIэр IэгукIэ ирилъэщIэкIыу.

«КъызжиIа закъуэ», жиIэу щIэмыпхъуэу, Мурат махуэ зытIущ дигъэкIри, Маринэ деж кIуэну мурад ищIащ. Ауэ сыт хуэдиз бэлыхь телъу игъэкIуа абы а махуэ зытIущыр.

Маринэ и деж зэрынэсу, Мурат къыгурыIуащ къызэрепэсэуар, жьыщIэу щыт цIыхубзыр иджыпсту абы къызэремыжьэр.

– А, Мурат, къеблагъэ, хьэщIэ лъапIэ къысхуэкIуаи, – кIэпхын IулъымкIэ и Iэ псыфыр елъэщIри, щIалэм сэлам кърех. – МыбыкIэ къыдыхьи, тIыс, – жьантIэм дэт диваныр кърегъэлъагъу. – Сэ иджыпсту, – жеIэри, щIокI.

– АтIэ, еджэным дауэ уехъулIэрэ? Сыт узыхуеджэр? – къоупщI Маринэ, и Iуэхухэр псынщIэу зэфIигъэкIри, къэтIысауэ.

– Iэщ дохутырщ. Ди къуажэр абы хуабжьу хуэныкъуэщ иджыпсту.

– IэщIагъэ хъарзынэщ. Аурсэнтх ухуэзэшыркъэ? Егъэлеяуэ щIыпIэ дахэщ.

Мурат Маринэ жиIэхэм зэредаIуэм хуэдэурэ, унэр къеплъыхь, цIыхухъу щыгъын зыщIыпIэкIэ телъмэ е сурэт фIэдзамэ, зэхигъэкIыну. Ауэ дэнэ и дежи щыплъагъур Маринэ и хьэпшыпрэ и сурэт дахэхэмрэщ.

... А пщыхьэщхьэм ахэр куэдрэ зэдэуэршэращ, Iэджэми тепсэлъыхьыну хунэсащ. «Маринэ щхьэгъусэ иIэу щытамэ, дауикI, мыпхуэдэу хуиту и деж сыщIигъэсынтэкъым», – гуфIэрт Мурат.

Муратрэ Маринэрэ зэныбжьэгъуу, щIэх-щIэхыури зэрылъагъуу, зы илъэси илъэситIи кIуащ. ЩIалэм и гурыщIэхэм шэч къытримыхьэжмэ, хъыджэбзыр гуитIщхьитIт. Абы хузэхэгъэкIыртэкъым щIалэщIэр фIыуэ илъэгъуауэ арами, фIыуэ илъэгъуа гуэрым и фэ ириплъми. Ауэ, губгъэн зыхуищIыжу, зэзэмызэ зыхуэшхыдэжырт: «ЩIалэр щхьэ згъэхьэулейрэ, и щхьэр щIэзгъэуназэр сыт? И ныбжь хъыджэбз цIыкIу къигъуэтыжу, къишэмэ нэхъыфIщ. Иджы япэ къызэрыкIуэу жесIэнщ. Сэр нэхърэ илъэсипщIкIэ нэхъыщIэр гъащIэ гъусэ зэрысхуэмыхъунур щхьэ къызгурымыIуэрэ». АрщхьэкIэ, щIалэр къызэрысу, игу ирилъхьам тегушхуэжыртэкъым.

Псэлъыхъу мащIэ иIакъым Маринэ, узыдэкIуэ хъуни мыхъуни яхэту. Ауэ абыхэм цIыхубзым и гъащIэм щIэ гуэри къыхалъхьэфакъым. Бэлыхь гуэру нобэ къыщыхъуар, пщэдей иужэгъунти, абы и пIэ щIэуэ зыгуэр къригъэувэнт. Сыт хуэдэ гуп хэмыхьами, дэнэкIэ мыкIуами, псоми къазэрыхэщыр, псори къызэреплъыр ищIэжырти, дэтхэнэ цIыхубзми хуэдэу, ар гуапэ щыхъурт. Ауэ тIэкIу-тIэкIуурэ а псори къыIэщIэужагъуэрт, уеблэмэ а къеплъ цIыхухэри, и щхьэ дыдэри илъагъу щымыхъуж щыIэт. Абы фIыуэ къыгурыIуат насып, цIыхубз насып уиIэн папщIэ, дахагъэ къудейр зэрымащIэр.



ЩIалэжь цIыкIуу фIэкIа къимылъытэ Мурат и къыхущытыкIэм нэхъапэхэм Маринэ мыхьэнэ лъэпкъ иримыту щытамэ, иджы жэщ псом мыжейуэ абы щегупсыс щыIэт.

ЩIалэм кIуэ пэтми зэрызричым, нэхъ бжьыфIэ, нэхъ къекIу зэрыхъум и гуапэу кIэлъыплъырт. Мурати гупсысэ хэмыкIыж хъуат: «Хьэуэ, сэ афIэкIа схуэхьыжынукъым. Маринэ жагъуэу сыкъызэримылъагъур сщIэми, гугъапIэ лъэпкъ сиIэкъым. Зэрыхъу ирехъу, Iэмал имыIэу ныщхьэбэ жесIэнщ, «къыздэкIуэ» жесIэнщ занщIэу», – быдэу и гум ирилъхьэри, Мурат щIэкIащ.

Ещанэ къатым псынщIэу дэкIуейуэ, Мурат Маринэ и бжэм щыIухьам, цIыхухъу макъ абы къыщIэIукIым зэуэ зэщIигъэувыIыкIащ. Бжэр дамэдазэт, лIыр унэм щIыхьа къудеймэ, къагъэбыдэну хунэмысауэ арагъэнт. Къигъэзэжынуми щIыхьэнуми къыхуэмыщIэу, ар зытIэкIурэ щытри, бжэр тегушхуауэ Iуихащ. Тхъугъэр фIыуэ зыхидза щхьэц хъурыфэ зытет лIы псыгъуэ кIыхьым Маринэ быдэу зэщIиубыдауэ, IэплIэ, ба хуищIырт. ЦIыхухъум и нэгум зэриплъэу, пшагъуэр и нэм къытрихьауэ, бжэр езыдзылIэжу къыщIэжыжа Мурат а тIум гу къылъатэххакъым. Уэрамым къыдэлъэдащи, и нэкIур IитIкIэ иубыдыжауэ, щIалэр мэгуIэ. Абы и нэгум къыщIэувэжащ, бжэр ину кърилзылIэжу, и адэр щIэкIауэ зэрыщытар, абы и ужькIэ и анэр куэдрэ зэрыгъар. «Уи адэр машинэм иукIащ, си щIалэ цIыкIу, ар афIэкIа къэкIуэжынукъым», – къыжриIат и анэм, зыкъом дэкIауэ. А гупсысэм Мурат зэресэжрэ Iэджэ щIат. Иджы мис, машинэми имыукIауэ, лажьи имыIэу, къыкъуэкIыжащ... КъыкъуэкIыжащ, и псэм пищI цIыху закъуэр IэщIихыну. Хьэмэрэ щыуауэ пIэрэ? И адэм ещхь гуэру арамэщэ? Хьэуэ, хьэуэ, абыкIэ уи щхьэр къэбгъэпцIэжкIэ мыхьэнэ иIэкъым. Езы Марини щIалэр апхуэдэу щIызришэлIар и адэм иригъэщхьу, абы и фэ ириплъу армырауэ щыхьэт утехъуэфыну? Апхуэдизу щхьэ зэхэзэрыхьа мы гъащIэр?.. Уи вагъуэр щижынум деж щхьэусыгъуэр сы-

тым щыгъуи гъунэжщ...» Мурат адэкIэ зыри хузэпыщIэжакъым. Бжьэ Iэрамэм хуэдэу и щхьэм щыву гупсысэхэм ягъэундэрэщхъуауэ, и занщIэр и гъуэгуу, уэрам гуэрымкIэ иунэтIащ, пшапэр зэрызэхэуэми гу лъимытэу.

# ПСОРИ БЛЭКIЫНУЩ

Насыпыр уи щIалэгъуэм уэстын, хьэмэрэ уи жьы хъугъуэм пэзгъэплъэн, жиIэри зэгуэрым гъащIэр цIыхуитIым еупщIат, жи.

Зым жеIэ: «СыщыщIалэм деж, сытхъэжу, гукъеуэ симыIэу, гъащIэм къихь фIыгъуэм сыхэджэгухьу, дунейр есхьэкIмэ, ар нэхъыфIкъэ? Си щIалэгъуэм Iэджэми сыхуейщи, а сызыхуей псори згъуэтурэ жьы сыхъумэ, гъащIэр егъэзыхыгъуэщи, адэкIэ куэд къэнэжкъым».

«Ари пэжщ, ауэ щIалэгъуэр пIэщIэкIарэ, жьыгъэмрэ узымрэ къыптекIуамэ, ар зы насыпыншагъэ. Ауэ гъащIэм зи гугъу ищIыр нэгъуэщI насыпыншагъэщ. Ярэби-тIэ, си щIалэгъуэм гугъу сехьми, си жьыщхьэ сIуэтэжмэ, мынэхъыфIу пIэрэ?» – жиIэщ адрейми, ар къыхихащ.

АдэкIэ зыгуэр къыщытщи: «Сыт щхьэкIэ, цIыхур псэуху епт хъунукъэ а насыпыр, ущымысхьу?» – жеIэ. «Апхуэдэ щыIэкъым», – идэркъым гъащIэм.

Ар сигу къэкIыжащ и щхьэгъусэр дунейм зэрехыжрэ куэд щIа пэтми, ноби зи гур хэщIу щыс дадэр щыслъагъум.

КъуликъуфIи иIыгъыу, цIыхуми пщIэрэ нэмысрэ къыхуащIу, зыхыхьэми ягъэлъапIэу, и щхьэгъусэри дахэрэ зэкIужу, апхуэдэхэт. А тIур зэгъусэу зыщIыпIэ кIуамэ, здэкIуа унагъуэм ар я напщIэ телът. ЖьантIэр тIысыпIэ хуащIырт, нэхъ нэ лейкIи къеплъырт, къыщыгуфIыкI пэтми яфIэмащIэу, къагъэхьэщIэрт.

Розэрэ Мэжидрэ бынищ яIэти, хъарзынэхэт, дэбгъуэн щымыIэу гъэсат. Ахэр къыдэкIуэтейри, хэти яшащ, хэти къишащ. Ауэ, куэд мыщIэу, щхьэуз къудеи зимыIа Розэ зэуэ къытехуэри, мыпсэлъэжу и бзэр иубыдащ. Махуищ фIэкIа мысымэджауэ, дунейм ехыжащ.

– СымыукIытэжыхххэу бжесIэнщи, зэи си гугъакъым мыпхуэдэ IэнатIэ сыIуувэну, – кърегъажьэ Мэжид. – Илъэс куэдкIэ дынасыпыфIа пэтми, махуэ закъуэу блэлъэтауэщ къызэрысщыхъур. Зы гузэвгъуэ закъуэм уи гъащIэм фIыуэ хэлъа псори пщигъэгъупщэжыфынущ... Къуликъу нобэ згъуэтащ, жыпIэу, хъийм уимыкI, ар нобэ къыуатамэ, пщэдей пIахыжыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Насыпым ухэсу узэрыпсэуар къыщыбгурыIуэжыр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар пIэщIэкIа нэужьщ. Ар цIыхум ди щыуагъэшхуэщ. Дауи, сэ жысIэркъым псори апхуэдэу, ауэ сриукIытэжурэ зызумысыжынщи, сызэрыщытар аращ. Жьы ухъуамэ, зэманыр къолеекIыжмэ, уи гъащIэм уроплъэжри, Iейуи фIыуи хэлъар къыхибогъуэтэж.

Мэжид и псалъэр зэпигъэури, и нэгъуджэр быдэу илъэщIащ, зыIуимылъхьэжу стIолым трилъхьэри, адэкIэ пищащ:

– Пэжыр жысIэнщи, тIэкIу зыкъысфIэщIыжауэ, си щхьэр лъагэу Iэтауэ сызэрыщытам пцIы хэлътэкъым. «Волга» сыкъызэрырашэкIым и фэр сужэгъурти, кIэщI-кIэщIурэ фIыцIэр хужькIэ, хужьыр фIыцIэкIэ зэсхъуэкIырт. КъызэрыгуэкI цIыхухэми сакъыхуеплъых

хъуам пцIы хэлътэкъым. Сэбэп сызыхуэхъуаи сызэмылIэлIэхаи щыIэщ. ПцIы зыхэмылъращи, си щIалэгъуэри си хьэмтетыгъуэри зэи иухын си гугъакъым.

– Дзэзешэ цIэрыIуэ Александр Македонскэм и Iэлъыным «псори блэкIынущ», жиIэу тетхауэ яIуатэ. Дигу ирихь Iуэху гуэр дыщыхэтым и деж ар зэрыблэкIынур тщогъупщэж.

– Упсэу, пэж дыдэщ, ди Iуэху ехъулIэу щIэддзамэ, ди гугъэщ игъащIэкIэ апхуэдэу щытыну, Iейм хуэдэу фIыри зэрыблэкIым дегупсысыну дыхуейкъым, – жи дадэм. – Пенсэм сытIысыжащ, си гуаүэр сщхьэщызыхын къулыкъури сиIэжкъым, апхуэдиз илъэскIэ, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, зэнэзэпсэу жыхуиIэм хуэдэу сызыдэпсэуа щхьэгъусэри сыгурымыжурэ сIэщIэкIащ. Си жейр кIуэдащ, си гъащIэм сызэмыфа тутынри къэзублащи, Iейуэ сегъапсчэ. Бынри хъарзынэщ, ауэ ахэр я щхьэ хуопсэуж. «Сыт ухуей, дадэ, сыт къыпхуэтщэхун?» – жаIэмэ, ари фIыщIэ умыщIу хъуркъым. Си зэманыгъуэр блэкIами, абыхэм я дунейщи, тхьэм игъэузыншэхэ. Бынхэри хущIыхьэрэ? ХущIыхьэркъым, пIащIэгъуэкIэ къыдолъэдэж, ещхьыркъабзэуи дожыж. «КъыдэтIысылIэж», – жаIэ, ауэ сыхуейкъым, си унэжь сыщылIэжмэ нэхъ къызощтэ.

– Уэ иджыри ужькъым. Тхьэм жиIэмэ, иджыри Iэджэрэ...

– Ар тхьэм жимыIэкIэ, нэхъыбэрэ сыпсэуху, си гъащIэр нэхъри нэхъ хьэлъэж хъуну ращ.



# НЭЛАТ

Жейм ущемызэгъым и деж жэщри сыту гъэкIуэгъуей, нэху мыщыжыну къыпщохъу. Ар иджы и закъуэ? Иужьрей зэманым апхуэдэущ сызэрыпсэур. МыхъумыщIагъэу злэжьамрэ гукъэкIыж хьэлъэхэмрэ Iэпкълъэпкъ псор зэщIаубыдащи, хуэм-хуэмурэ сызэщIеIулIэ. «Адрей бэлыхь стелъым нэмыщIыжкIэ, фэри щхьэ сыкъэвухъуреихьа? Фэрыншами, жьыгъэм сипхъэхащ, узми зыкъызипщытащи, хуиту зы лъэбакъуэ сигъэчыжыркъым, – жиIэу Iущащэурэ, халат къуэлэн лъапIэр зыщыгъ лIыжьым и Iэ кIэзызхэмкIэ къищтэри, хущхъуэм ефащ. – Мыбы къысхуищIэжIарэ? «Хущхъуэ» жаIэу ящэри сытым ещхь, ахъшэхьщ псори, ахъшэхьщ. ЗытIэкIу нэхъ мыхъуми сыжейрэ, мы къызэжахэр IукIуэтамэ, си псэм псэхугъуэ игъуэтынт. Псэхугъуэ... абы щхьэкIэ сымыщIэн щыIэкъым. Ауэ сыти схуэщIэжын сэ лIыжь кхъахэм?! Си мылъкум и Iыхьэ щанэр, уеблэмэ и зэхуэдитIыр щIэстынт». Ар жиIэурэ, и халатыр зэрыщыгъыу, лIыжьыр гъуэлъыжащ. АрщхьэкIэ, зыгуэрым къигъэщтам хуэдэу, псынщIэ дыдэу къызэфIэтIысхьэжри: «Къэбгъуэтаи мылъкур щипкъухьын, зэпытыр псоми къахукIуэ, игъащIэм зэхуэсхьэса мылъкур ауэ сытми хэспхъэнщ, жи. Армырами, си щхьэгъусэм сыкъидэжыркъым, зы къуэ сиIэжщи, къалэшхуэм кIуэри дэтIысхьэжащи, зэзэмызэххэ: «Старик, уи Iуэхур дауэ щыт?» – жиIэрэ къэпсэлъамэ, Iуэхутхьэбзэшхуэ къысхуищIа и гугъэжщ. Быным игъэтхъа щымыIэу зэрыжаIэм пцIы хэлъу къыщIэкIынкъым. Си щхьэгъусэм, «сыбгъэжейркъым», жери, пэш щхьэхуэ щIэлъщ, зимыгъазэу нэху мэщ, апхуэдизкIэ къыщIыхэщтыкIыж щыIэкъыми. Абыи си къуэми я гугъэр си мылъкур зралъэфэлIэну ращ.

9 Заказ №289

Сэ сылIэным фыщогугъ... СылIэми, си мылъкури къыздыщIалъхьэну уэсят къэсщIынщ. Уэсятыр Iэмал имыIэу гъэзэщIэн хуейуэ жаIэркъэ! СфIадыгъупами сщIэркъым, – лIыжьыр къотэджри, и халат жыпым IункIыбзэр кърех. СтIолым бгъэдохьэри, IункIыбзэр и Iэ кIэзызым хуэмыгъэкъарууж у, тэлайкIэ елIэлIауэ, къыдэгъэжыр къыIуех. Абы дэлъ ахъшэ къомыр щилъагъукIэ, жыгъэр вагъэбдзумэу зрикIуа и нэгу зэлъар къогуфIэж. АпхуэдизкIэ къэгуфIэжати, зызыухуа и плIэри, и дамэри иутхыпщIу, а псори кIэрыхуу, щIалэ хъужауэ къыщыхъуат. Iущащэурэ ахъшэм телъэщIыхьырт. Абы гу щимыхуэу, иджыри куэдрэ щытыну къыщIэкIынт, ауэ и нэгу къыщIыхьэхэм Iэмал кърматакъым. «Аращ... сыт... си ахъшэр зэралъагъуу, псори къызожэ. ФыIукI, фыIукI, жысIакъэ, фэстын фи гугъэу арамэ, фыщоуэ. Сыту гущыкI ин хэлъу фыкъызэплърэ. Уэ... уэ щIалэри дэнэ ущыщт? А-а-а, къэсщIащ... Уэ упсэут-тIэ?.. Си ахъшэр степхын мурад уиIэмэ, ущымыгугъ, сыпсэууэ пIэрызгъэхьэнкъым, сылIами, уэстынкъым, зыми естынукъым, зэхэпхрэ – зыми», – жиIэурэ щыIуихам хуэмыдэу нэхъ жану, нэхъ псынщIэу къыдэгъэжыбжэм и IункIыбзэр иритыжри, къытрахынкIэ шынэу, IункIыбзэIухыр зрилъхьа халат жыпыр IитIкIэ иубыдыжащ. Зытэлай дэкIри, пищэжащ аргуэру: «Зи Iэр зи щIыбагъымкIэ ехьэкIа щIалэщIэри сыту нэщхъ IейкIэ укъызэплърэ? Уэри игъащIэкIэ щIалэу укъэнащ. Ар нэхъыфIкъэ? Сэ схуэдэу лIыжь кхъахэ ухъуху упсэуным гъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. Щхьэ зыпыплъэжат? ЖаIэр аращ, сэ сщIэрэ? КуэдIейрэ къыптепсэлъыхьатэкъым, илъэс зыхыбл къудей си гугъэжщ. НтIэ, ар куэд? ИгъащIэкIэ тутнакъэщым иси щыIэщ, абы щхьэкIэ зыпалъэжыркъым, мэпсэу. А уи гъусэр зыхэхуа Iуэхум къыхэсшын щхьэкIэ къызатар сыт хуэдизми пщIэрэ? Ахъшэм и къарум пэхъун иджыри къэс зыми къигупсысакъым икIи къахуэгупсысынукъым.

Уэ лIыжь къетхъухари узыхуейр сыт? Уэри аращ, укъысхузэгуоп, сыкъэплъагъуи хъуркъым. Къэбгъуэтаи сыщIэбгъэгузэвэн. Уэ пхуэдэр, зэспэсу, сепсэлъэн си щхьэ теслъхьэу щытакъым. Нобэ хуэмыдэу, сэ хьэмтетыгъуэ сиIащ. Зы махуэм слъэгъуа тыншыгъуэмрэ гухэхъуэмрэ пщIыхьэпIэу уэ уи нэгу щIэкIакъым. ПщIэуэ кьысхуащIыр сыт хуэдизт! Мо къуэми дэхуэнтэкъым. Iулъхьэр я Iэгум илъу, машинэкIэ къыскIэлъажыхьырт. КъызэIысхыр гуфIэрт, сэри си Iуэхур къикIырт. Апхуэдэхэм деж, дауи, зыгуэр хилъэфэн хуейт...

Уэ цIыхубзыр мы къомым я щIыбагъым щхьэ укъыдэува? КъэкIуатэ мыдэ. Нэлат къызэпхар пщIэжрэ? Сэ ар сщыгъупщэжакъым, ауэ, итIани, уэ пхуэдэу фIыуэ слъэгъуа дунейм тетакъым. Дарий хужь пIащIэм дахащэу къыпхыпс а уи щIыфэм зыщызмыгъэнщIурэ усIэщIэкIащ. Пэжщ, наркотик зыщар уи къуэратэкъым, къыхэсшынуи мурад быдэ сщIат. АрщхьэкIэ, плъагъурэ Iуэхур зэрыхъуар... ахъшэ къысхуагъэлъэгъуам и куэдагъым си нэр къыщхьэрипхъуэри, нэгъуэщI слъагъужакъым. ПщIэжрэ иужькIэ къызжепIар? Зы псалъэ мычэму, нобэми ар си гум илъщ, псэхугъуэ иримытуи, си псэр кърехуэкI: «ГъащIэм и нэлатыр тхьэм къыптригъахуэ!»

Зыми дыкъамыщIэу, илъэс дапщэкIэ щIасэу узиIа? Уи щIалэжь цIыкIур мыхъуамэ, адэкIи ди Iуэхур хъарзынэу екIуэкIынут. Ныкъуэдыкъуэ хъуауэ, кIуэдауэ лъэхъуэщым къызэрикIыжар щхьэжэ пщыхъури, уи къарур пэлъэщакъым. Зызумысыжынщи, а Iуэхум хуэдэу сызыхущIегъуэжа игъащIэм зэи злэжьакъым, зэхэпхрэ –

сыхущIегъуэжащ. СынолъэIу... стехыж уи нэлатыр. Хъункъэ иджы степхыж?.. – жиIэурэ лIыжьыр бжэмкIэ мэпщ. – УIумыкIуэт, сызэгъэIусэ. Хъунщ-тIэ, уи гугъу сщIынкъым, ауэ умыкIуэдыж къудей. Мыл гъэжам къыхэщIыкIам хуэдэу, щIыIэмэ къыпкIэрехри... умылгуащэу пIэрэ-тIэ? Хьэуэ, ар уэращ, уи дахагъымкIэ укъэсцIыхужащ. Уи нэлатым сыкъэIэщIэгъэкI, сынолъэIу. Япэм лъэгуажьэмыщхьэу укъызэлъэIуами, плъагъурэ, иджы сэращ лъэгуажьэмыщхьэр».

– Аргуэру къэхъуар сыт? Иджыри хьэпщхупщхэм уашхрэ? – шхыдэурэ, и щхьэгъусэр къыщIыхьащ.

– Хьэпщхупщкъым, нэхъыкIэщ къызэжар... цIыхухэращ. АфIэкIа ахэри сымылъагъужащэрэт, – щэIуурэ, лIыжьыр къэтэджыжащ. – Жэщтеуэ къыстоуэ, шейтIанхэр къызожэри, сагъэжейркъым, – мэтхьэусыхэ ар.

– Ахэр щыIэу уи фIэщ зэрыхъурэ куэд щIа? Сыпщыдыхьэшх хъунут, ауэ си жеин къокIуэ, – жиIэри, хущхьэурэ, фыз пшэрышхуэр къызыщIэкIа пэшым щIыхьэжащ.

ЩIалэгъуэмрэ къарумрэ цIыхур къыщыкъуэгушхукIым и деж, и гугъэжщ а зэманыр зэи имыкIыну, и дунейр апхуэдэ защIэу ихьыну. Ауэ ахэр пэIэщIэ пхуэхъурэ, жьыгъэмрэ узымрэ бжьыпэр яубыдмэ, мис итIанэщ къэпкIуа гъуэгуанэм ущриплъэжыр.

ЛIыжьыр и щхьэ хуэпсэлъэжурэ, и лъакъуэ гъурым вакъэ лъэныкъуэр лъитIэгъащ, етIуанэр щимыгъуэтыжым, лъэгуажьэмыщхьэу тIысри, гъуэлъыпIэ щIагъи шэнт лъабжьи къимыгъанэу щIэплъащ. Щимылъагъум: «Зэпытыр къыпхукIуэ!» – жиIэри, ерагъыу къыщыпщыжащ.

ЩэIуу икIи Iущащэурэ, адрей пэшым щIыхьэри, блынджабэм кIэрыщIыхьа жьэгум бгъэдэтIысхьащ. Дэпыр жьэрэжьэж пэтми, лIыжьым гъущI псыгъуэ кIыхьыр къищтэри мафIэр зэIищIащ. «СыкъэхуэбэжуI, си псэр псэхужамэ аратэкъэ»... – жиIэурэ, и плIэр зэхуишащ. Дунейр хьэхуу зэрыжаIэр зэхэсхат, ауэ ар си щхьэм къэсын си гугъакъым. Хьэхур нэгъуэщIхэм я дунейрауэ си гугъащ.

Си фызыжьыр хэти елъэну къызэтенэри, сэ мыпхуэдэу кхъахэ сыхъуащ. Зэпытыр къахукIуэ псоми!.. Сэ къулейсызу сыкъэхъуащи, къулейсызыныр зыхуэдэр си къуэм езгъэгъэунэхунукъым, жысIэурэ, зэтеслъхьа мылъкум ари хуэмеижу къыщIэкIащ. «Как дела, старик?» – аращ зыкъызэрысхуигъазэр. Абы и анэм къилъхуар цIыху хъунт?! Зы закъуэщ а си щхьэгъусэ пIащэжьым сызэрыхуэарэзыр. Дапщэрэ къэзмыгъэпцIами, жысIэм зэи шэч къытрихьакым. Е, пэжыр ищIэми, къыфIэмыIуэхуарэ... СщIэркъым.

Мысэр хей сщIырэ хейр мысэ сщIыуэ, нэхъыбэ къызэзытым пцIыр есщэу сызэрыщытам уи къуаншагъэ хэмылъу уи гугъэмэ, ущоуэ. Гуэныхьыр си закъуэ сыпшыныжыну къызэрыпщыхъумкIи ущоуэ. Щхьэ сыкъыумыгъэувыIарэ, мыпхуэдиз дыщэхэкIым, щыгъын лъапIэм сыхуейкъым, жыпIэу? Iейуэ жыпIэнт!.. ПфIэмащIэу зэплъэфалIэрт. Улахуэу къыдатыр зэрымащIэр умыщIэу арат? ПщIэрт, псори пщIэрт, ауэ, убзаджэжьти, умыщIафэ, къыбгурымыIуафэ зытебгъэуащ. Ущымыгугъ уи дунейр апхуэдэу пхьыну. Зэгуэр уэри уи къарур щIэкIуэсыкIынщ. ИтIанэщ зэи къыумыдза Алыхьри ахърэтри уи фIэщ щыхъунур. Абы и закъуэ? Напэм ептыжын хуей жэуапыр-щэ?»

И щхьэ хуэпсэлъэжыныр зэуэ къегъанэри, лIыжьыр бжэмкIэ маплъэ.

«Аргуэру уэра? Къызэрытебгъэзэжар сыту фIыщэт! Адрейхэр къыщIэмыхьэну яжеIэ. Уэ зыращ сызыхуейр, къэкIуатэ мыдэ... Хъунщ-тIэ, сэ езыр сынэкIуэнщ. Уэ умыпIащIэу къызэжьэ. Япэм хуэдэу, жьы сщIэту, си лъэр жану сыщытыж уи гугъэрэ? – щэIуу къотэдж, арщхьэкIэ псынщIэ дыдэу йохуэхыж. – Хъунщ, хъунщ, ущIэмыкIыж, сынакIуэркъым, сыноIусэркъым. Зыумысыжыт, уэри фIыуэ сыкъэплъагъуу щытакъэ? Щхьэ зыри жумыIэрэ? ГущыкI къысхуэпщIащ, пэжкъэ? СощIэ. Къэзыгъэзэжыр Алыхьым ещтэ, жаIэ. Къэзгъэзэжащ. Сыт иджы сыбгъэщIэнур? Сыти къыспыпхын? ЦIыхубз псоми фIыуэ яхэслъагъукIар уэ зырат. Уи нэпсыр занщIэу уи напэ дахэм тедиящ. Умыгъ, зэхэпхрэ, сынолъэIу, умыгъ. Уи къуэм и суд щащIэми угъырт, укъыщызэлъэIуами угъырт. АпхуэдизкIэ сыкъэгухати, уи къуэр къезгъэутIыпщыжыну сыхьэзырт. АрщхьэкIэ... уи нэпсыр... зэи усщыгъупщакъым, си нэгу зы дакъикъи ущIэкIакъым. Уи нэпсыр... IукIуэтыт, моуэ тIэкIу IукIуэтыт, фIыщэу слъэгъуа. КъыщIэгъэхьэ а бжэм деж щытыр, ар къыщIэкIуар сэращ»...

КъулъшыкъуфIи хъуауэ, зы зэман зэ и щхьэгъусэр къэтэджрэ къыщIыхьэмэ, лIыжьыр утыкум илът...

«Ахъшэр къеIысхакIэт. А уи къуэр зи пIэм иувам ахъшэшхуэ къеIысхакIэт», – Iущащэрт лIыжьыр, и нэр зэтепIауэ, ауэ абы жиIэр зыми зэхихыртэкъым, сыту жыпIэмэ, Iущащэр абы и псэ хэкIырат...

## ТУЗИПЛI

«Илъэс тIощIрэ тхурэ – куэд ар, хьэмэрэ мащIэ? Псэм хьэзаб, гугъуехь щытелъым деж лIэщIыгъуэу къыпщохъу ар. «Нобэрей махуэр дауэ згъэкIуэну, сытхэр си Iэмал, дауи сыпсэуну?» – жысIэу сызэупщIыж пэтми, жэуапыр къысхуэмыгъуэту, а илъэсхэр кIуащ.

«Ар щыслъэгъуа махуэр гъащIэм хэмытыжащэрэт», – жысIэнути, а псалъэхэм сащомэхъашэ. Зэ мыхъуми зэ щхьэ сщымыгъупщэрэ? АбыкIэ зэманри сэбэпыншэт, щIэсэбэпыншэри си гурыщIэм зэрыпэмылъэщыр арагъэнщ.

Къысхуэмейрэ сыкъызэзымыпэсынрэ щымыIэн си гугъами, сыщыуат. Абы и закъуэ сызэрыщыуар? Нэмыплъ къызэзыту, зыкIи къысхуэмейр къызэрыхэсхар-щэ? Щыуагъэ псом я щыуагъэжт ар. А псори фIы дыдэу къызгурыIуэж пэтми, сыIэмалыншэт. Хуэмурэ «сызэрыщIигъэтIысыкIыр» слъагъу пэтми, итIани, лъагъуныгъэмкIэ сеIащ.

Слъэгъуамэ, дэпу сыкъызэщIэнэрт, сигури къилъэтыным хуэдэт, ауэ езым... езым сыкъызэрилъагъур и жагъуэу, адэкIэ плъэрт. УкъызыфIэмыIуэху цIыхур, зыкIи къыпхуэмейр фIыуэ плъагъуныр зэбгъапщэ хъунур сыт? ПсалъэкIэ ар къэпIуэтэфу щытамэ, апхуэдизу ухигъэщIэнт?

Жэщ хъуами, нэху щами, сыгугъэрт и хъыбар зэхэсхыну. АрщхьэкIэ ари гугъэ нэпцIт. Псэ тыншыгъуэ щызмыгъуэт дунейм сыIэбэрабэу сытету, нобэм сыкъэсащ. «Дэнэ сыкIуэну? Сытхэр сщIэну?» – жысIэу, жэщ ныкъуэм сыкъыщIэкIыу, си жейр сфIэкIуэдауэ, фIыуэ слъэгъуащ сэ а цIыхухъур. ГугъапIэ лъэпкъ симыIэу. Ар фIыуэ слъагъуныр насыпыншагъэ къудейуэ щытамэ, абы сыпэлъэщынт...»

Ланэ и гъащIэ гъуэгуанэр зэрегъэзэхуэжри, гъуджэм бгъэдэсщ. Хэт къеплъми къыщыгуфIыкIыу къыщыхъуу щыщыта зэманыр куэд щIащ зэрикIрэ. Дахащэ цIыкIуу зэхэлъа нэгуми «пшагъуэ» трихьэри, нэгъуэщI зыгуэр ищIащ.

Медицинэ факультетыр къиухыу, Налшык дэт заводхэм ящыщ зым дохутыру Ланэ щагъэкIуам, абы и дахагъыр псоми зэхуаIуатэрт. Псыгъуэт, лантIэт, щхьэц утIэрэза Iувыр плIэм дэлът, ауэ псом нэхърэ нэхъ узыIэпызышэр сыт щыгъуи гуфIэжу щыт и нэгум кърих гуапагъэмрэ щабагъэмрэт. ЖыпIэнурамэ, Ланэ къемыхъуэпсэн цIыхухъу гъуэтыгъуейт, ауэ хьэлэмэтыракъэ, а гъуэтыгъуейхэм езым къахихащ зы закъуэ. Къахихащ, утеувэху укъисуауэ, итIани, укъикIуэтыжыну Iэмал зыхуумыгъуэт гурыщIэм и гъуэгуанэ гугъусыгъум ирикIуэну къыхуиухати...

СулътIан щIалэ бжьыфIэт, лъагэт, нэпкъпэпкъ тэмэмт, ауэ и нэгум кърих пагагъымрэ щIыIагъымрэ укъыIуагъэщтыкIырт. ЗыцIыхухэм ар апхуэдэу щымыту, къызэрыгуэкIыу икIи щIалэфIу жаIэрт.

Абы хуищIа гухэлъыр зыми жримыIэу, лэжьапIэм зэрыщилъагъум щыгуфIыкIыу, щимылъагъум деж, нэ къудейкIэ мыхъуу, атIэ псэкIэ къилъыхъуэу апхуэдэт Ланэ. Ауэрэ илъэси, илъэситIи, щыи кIуащ. «Нобэ лэжьапIэм сызэрынэсу, Iэмал имыIэу зыкъезгъэщIэнщ. Си щхьэ хуэзмыгъэлъахъшэу, си нэмысыр сIыгъыжу, езым нэхърэ зыкIи сызэрымынэхъыкIэри гурызгъаIуэу, – жиIэрти, мурад ищIам фIэкIа нэгъуэщIым емыгупсысыжыфу къанэрт. – Куэди къебгъэкIуэкI хъунукъым. А слъагъур езыри къодэIуэщэну щыткъым». ЖэщкIэ къэтэджыжурэ, кIэщIу, зэгъэкIуауэ икIи акъылышхуэ хэлъу, и гурыщIэр щIалэм зэрыхуиIуэтэнум егупсысырт, итхырт, щымыгъупщэжын щхьэкIэ. АрщхьэкIэ, игу иримыхьыжу, зэфIитхъыжырт. Сыт хуэдизрэ мурад имыщIами, а Iуэхум хъыджэбзыр тегушхуакъым. Къыщыхъурт щIалэр къехъурджэуэну, ауан къищIыну, уеблэмэ къемыдэIуэххэну.

«А слъагъум и гум хуабагъэ гуэр къыщызыгъэушын цIыхубз щыIэу фIэщщIыгъуейщ», – жиIэри, Ланэ и мурадым пыкIащ. Имылъагъумэ, щыгъупщэнкIэ гугъэу, нэгъуэщI лэжьапIэ уващ. АрщхьэкIэ, ари хэкIыпIэтэкъым. Япэм, нэгъуэщI мыхъуми, щIалэр а заводым зэрыщыIэм, и гугъу зэращIым, зэ илъагъуну Iэмал зэриIэм псэхугъуэ кърититырт. Иджы, дэнэ зыщимыплъыхьми, СулътIан илъагъунукъым. А Iуэхур къытехьэлъапэ щыхъум, заводым игъэзэжыну мурад ещI. АрщхьэкIэ зыщIогупсысыжри, делагъэу къелъытэ. Уэрэдым зэрыхэтщи: «КъызыхэщIыкIар мылщ, щIыIэмэ къыкIэрихри жыжьэу къыпщIехьэ». «Уэ узыщымыгугъыным ущымыплъэу, уи гъащIэр, уи насыпыр ухуэ. Хъунщ. Iэмал имыIэу апхуэдэ дыдэу сыщытынщ, ауэ, ди тхьэ, мы си плIэр зыухуэ гурыщIэм сызэрыпэлъэщын лIыгъэ, кхъыIэ, къысхэлъхьэ», – жиIэурэ лъаIуэрт Ланэ.

Ныбжьыр илъэс щэщIым щыщхьэщыкIым, анэми имыгъэпсэу щыхъум, Ланэ тегушхуащ нэгъуэщI зыгуэрым дэкIуэну. И гугъащ къегуэкIуауэ жызыIэ щIалэ бжьыфIэм псэм телъ хьэзабыр щхьэщихыну.

Щхьэгъусэм и деж зыри къыщынакъым. «ЩIэкIамэ, къыщIыхьэжыху хуэпIащIэрт», жыхуаIэм хуэдэу къилъэгъуащ, и жагъуэ къищIын дэнэ къэна, и макъ зэи къыхуиIэтакъым. Лани абы хуэгуапэт, хуэщабэт. Ауэ, итIани, сыт хуэдизу насыпыфIэу зыкъыщигъэхъуну хэмытами, абы и Iэпкълъэпкъыр нэщхъеягъуэ гуэ-

рым зэрызэщIиIулIар лIым къыгурыIуэрт. И щхьэгъусэр апхуэдэу щIыщытыр къищIэну лIыр зэи, тIэуи къеупщIащ, арщхьэкIэ жэуап къыщыпимыхым, афIэкIа и гугъу къищIыжакъым.

«Ди Тхьэ, сыту узышхуэт мы спкърытыр, и хущхъуэгъуэ здэщыIэр сщIамэ, лъэсу сыкIуэнт, къызэIэзэфын щыIамэ, сыхуэлIыщIэнт».

Зэгуэрым, нэхущ хъуауэ, Ланэ пщIыхьэпIэу елъагъу: «Жьы дыдэ хъуа фызыжь цIыкIу гуэрым тузиплI къыхуеший. «Плъагъурэ, куэзыр пхуэздзати, мы плIыри зэгъусэу къыпхухэкIащ. Ар къызыхухэкIым и хъуэпсапIэр къохъулIэ. А щIалэм хэлъщ уи насып, ауэ щыхэлъыр а псор зэфIэкIа нэужьщ», – къыжреIэ. «Сыт, сыт зэфIэкIынур?» – къэщтауэ, Ланэ къыщолъэт, арщхьэкIэ пщIыхьэпIэри фызыжь цIыкIури кIуэдыжат.

– Къэхъуар сыт, пщIыхьэпIэ Iей плъэгъуауэ ара? – жиIэри, адрей пэшым щыжей и щхьэгъусэр къыщIэжащ.

– Хьэуэ, хьэуэ, къэхъуа щыIэкъым, таурыхъ гуэр си нэгум щIэкIауэ аращ, – жиIэурэ Ланэ къэтэджри, щхьэгъубжэм бгъэдыхьащ. «КъызжеIэт, а пщIыхьэпIэм къикIыр сыт?» – уафэ кIыфIым зи закъуэу щытепщэ мазэм еплъурэ игукIэ еупщIащ. И упщIэр зэрыжэуапыншэр ищIэ пэтми, итIани, кIыфIым хэплъэу зытэлайкIэ щытащ. И щхьэгъусэри, зыри жимыIэу, зыкъомрэ Ланэ къыкIэлъыплъащ, итIанэ «щIыIэ пхыхьэнщ», къыжриIэри, къыздыщIэкIа пэшым щIыхьэжащ.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, лэжьапIэм къыдэкIыжауэ, Ланэ щытт, и лIым пэплъэу, – къакIуэу ишэжын хуейт. «Сыт ухуэдэ, Ланэ? Зы мастэкIэ зумыхъуэжауэ, узэрыдахи... НасыпыфIэ ухъуауэ, лIы бэлыхь икIи къулей уишауэ зэхэсхати, сыгуфIащ», – къагъэувыIэнкIэ шынэ хуэдэ, зэкIэлъигъэпIащIэу къыжьэдэлъэлъащ ар хэтми зэуэ Ланэ къыхуэмыгубзыгъыжа цIыхубзым. ИтIанэ къищIэжащ заводым щыщыIам ар къыдэлажьэу зэрыщытар. Ар «мафIэ зэщIэгъэна» жыхуаIэм хуэдэут дунейм зэрытетыр. Уэ зыри жумыIэххэми идэрт, езым уедаIуэ къудеймэ.

– СулътIан лажьэрэ иджыри? – жиIэри, сытми а зы упщIэр Ланэ псалъэмакъым къыхигъэхуащ.

– Къишакъым, щхьэр егъэуз абыи. «Сэ схуэдэ дэнэ щыIэ? – жери, и щхьэр уафэм етащ, зрипэсу зыри уафэми щIылъэми щилъагъуркъым. Сэ сызыдэкIуар мыхьэнэншэ гуэрти, сыкъикIыжащ. Ауэ си Iуэхур хъарзынэ хъужащ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, лIы къулей дэгъуэжь гуэр къэзгъуэтыжащи, фом сыхэсу сегъэпсэу. ЖысIауэ, къысхуимыщIэнрэ къысхуимыщэхунрэ щыIэкъым. Сыхуеймэ, абы ноби сыдэкIуэфынущ, ауэ сыхуейкъым, елIэлIэн хуей хъунущ, – къыжриIэрэ пэт, Ланэ и лIыр къосри, и «Волга» фIыцIэм къокI. Ланэ къыбгъэдэт цIыхубзыр къызэрилъагъуу, ар къэгузэващ, хэпщIыкIыуи и фэм зихъуэжащ. Модрейми: «О, Заурчик, ублэжрэ пэт сыкъэплъэгъуауэ арагъэнщ. Сыту умэлэдецыIуэ уэ!», – жиIэурэ, блэкIхэм щхьэкIи къимыгъанэу, лIым IэплIэ гуапэ хуищIащ: – «Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тесщ», жыхуаIэм хуэдэ дыдэ хъуащ нобэ. Мыр зи гугъу пхуэсщIаращ, Ланэ, зэгъэцIыху», – къыжриIащ.

– СоцIыху сэ ар зыкъом щIауэ...

Ланэ афIэкIа жимыIэу, машинэм блэкIри, автобус къэувыIэпIэмкIэ иунэтIащ...

Жэщыр хэкIуэтами, Ланэ, мыгъуэлъыжауэ, и лIым пэплъэу щыст. Зызыхуигъэхьэзыра псалъэмакъыр къехьэлъэкIырт,

къызэрыщIидзэнури къыхуэщIэртэкъым. Гувэпауэ къэкIуэжа илIми зыри жиIэртэкъым, ауэ ар зыгуэрым зэрыпэплъэр наIуэт.

Ланэ унэ лъэгур зэхикIухьырт. ИужькIэ: «ЦIыхубзитIым укъытхэдэн хуей хъуащ», – жиIащ, лIым дежкIэ мыплъэххэу.

– Апхуэдэу къыщыбгъэувкIэ, къыхэсхыр адрейращ. Сэри нэхъ къызощтэ ди Iуэхур зыгуэрым хуэкIуэмэ. ПцIы ди зэхуаку дэлъыным сригъэшащ. А цIыхубзым и деж пэрыхьэту щызогъуэт уэ сызыхуэбгъэныкъуэ хуабагъымрэ гуапагъымрэ. Пэжщ, ар уэ пхуэдэу дахэкъым, ауэ ар цIыхубзщ. Уэ укъупщхьэ гуащэ дахэу аркъудейщ.

– Си гугъати сыщхьэгъусэфIу...

И лIым и щхьэр егъэкIэрахъуэри:

– НэгъуэщI цIыхухъум деж зи псэр щыIэ цIыхубзыр зэи щхьэгъусэфI хъунукъым. НэгъуэщIым дэбгуэшыну узыхуэмей лъагъуныгъэр сыт хуэдиз зэманкIэ гущIэм щыбгъэпщкIуфын? Гугъу узэрехьыр солъагъури, сигу ныпщIогъу, – къыжриIэурэ и щыгъынхэр пхъуантэм дигъэзэгъащ. – Апхуэдизрэ пхъума уи лъагъуныгъэмкIэ узыхуэупсэну цIыхухъур хэту щытми ехъулIащ, бжьыхьэ жэщ кIыхьыр къызэрыщыбгъэхъунур жеипэ закъуэущ. Ар сэрауэ зэрыщымытыр си гуауэщ. Унэм щхьэкIэ умыгузавэ, сэ мыбы сыхуэныкъуэкъым, – къыжриIэри, бжэр Iуихащ, зэ къеплъэкIыжри, кIыфIым хэкIуэдэжащ.

«Си закъуэ дыдэу сыкъэнащ иджы. АдэкIэ сщIэнур сыт, сызэрыхъунури дауэ? Щхьэ къэзмыгъэувыIарэ, щхьэ семылъэIуарэ? Ауэ насыпыфIэ къыщыздэмыхъуакIэ, сэ абы селъэIуну хуитыныгъэ сиIэ? Си насыпыншагъэр нэгъуэщIым къыщIыздигуэшын щыIэкъым. ЗыхрещIэ абы гъащIэм и фIыгъуэр. Апхуэдэ щхьэгъусэ игъуэтыныр дэтхэнэ зы цIыхубзым дежкIи насыпщ...»



ДэкIуэу игъуэта псэукIэр зыщIэхъуэпсат: пэшищыр, унэлъащIэ дэгъуэр, машинэ дахэр, пэрыхьэту унэм щIэлъ ерыскъы IэфIыр. Псори хъарзынэт, щыгъыныр жыпIэнути, дахэ защIэт, нэхъ лъапIэ дыдэхэт. Апхуэдэ псэукIэ игъуэта пэтми, итIани арэзытэкъым. «Сыт хуэдиз фIыгъуэ сыхыумыгъэтIысхьами, ди тхьэ, нэхъыщхьэ дыдэм пэIэщIэ сыпщIащи, адрей псом сыщыгуфIыкIыну Iэмал згъуэтыркъым. Къысхуэгъэгъу, сымыщIэжу гуэныхьышхуэ злэжьауэ къыщIэкIынщ, армырамэ, щхьэ апхуэдизу си псэм бэлыхь къытеплъхьа? – Зэзэмызэ къакIуэ анэм и нэмэзлыкъым тетIысхьауэ, зэщыджэурэ Тхьэшхуэм епсалъэрт Ланэ. – Си насып хэплъхьакъым, зэрыхыумылъхьэнури сощIэ, ауэ кхъыIэ, сщыгъэгъупщэ. НэгъуэщIкIэ сынолъэIукъым. Сщыгъэгъупщэ. Нобэ къызэлъэIуми, сыхуэмеижыну сыщI».

Iэуэлъауэшхуэ ищIу, уэшхыр пIащэу къошх, уафэхъуэпскIымрэ щыблэмрэ зэщIэтщ. Жьым щхьэгъубжэр къыIуиудащи, уэшхыр пэшым къыщIошхэ, щхьэгъубжэIупхъуэри адэ-мыдэкIэ кърехуэкI. А псоми цIыхубзым гу лъитэркъым, ееблэмэ и гугъэщ а жьапщэри, уафэхъуэпскIри, щыблэри и Iэпкълъэпкъым хэту арауэ.

Ланэ и щхьэгъусэр зэрыхэкIыжрэ куэд дэмыкIауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым бжэм зыгуэр къытоуIуэ. КъыIуихмэ – и щхьэгъусэу щытам и шыпхъур щытщ, зым нэхърэ зыр нэхъ цIыкIужу, хъыджэбз цIыкIуиплI и гъусэу. Ланэ IуегъэкIуэтри, къыщIохьэ ар. Пэшхэр къызэпеплъыхьри, утыкум деж къыщоувыIэ.

– Бдэнтэкъэ, тхьэ, апхуэдэлI? Езыр къыбдэмыпсэужми, хъанхэ я гуащэу, мыпхуэдэ фIыгъуэм ухигъэсу! Си лIыр, зэрыпщIэщи, йофэ, афIэкIа сыдэпсэужыфынукъым. СыкъикIыжащ. Си дэлъхум и унэр

сэри си мылъкущ, – жиIэурэ, зигъэтIатIэу диваным итIысхьэри, и сабийхэри зыбгъэдигъэтIысхьэжащ.

Ланэ абы псалъэ пимыдзыжу, и щыгъыныр зэщIикъуэри, ежьэжащ. Улахуэ мащIэ тIэкIум щыщу къыхуэнэж щымыIэу фэтэрыпщIэу иту, псэуащ илъэс зыбжанэкIэ.

– Сыту Iей мыгъуэу ущыуат, си хъыджэбз, – жиIэрт и анэм. – НасыпыфIэ дыдэ ухъуну си псэм щIыжиIэр сщIэртэкъым. «Дахэу укъалъху нэхърэ насыпыфIэу укъалъху», жыхуаIэращ. Апхуэдэ щхьэгъусэ Алыхьым къущитым, щхьэ зумыгъэзэгъарэ? Сыт ар щIыббгъэдэкIыжар? Бын хуейуэ арагъэнт. Уэ удохутырщ, щхьэ узэмыIэзэжарэ? «ТхъапIэ исщ», жысIэурэ сыгуфIэрт, си щхьи теслъхьэрти, еплъ иджы...

– Ярэби, мамэ, щхьэ апхуэдизу бгъэщIагъуэрэ мы си Iуэхур? Насыпыншэ плъэгъуакъэ?

– Слъэгъуа псом сыт хузиIуэхур? НасыпыфIэ ухъуауэ слъагъуну сыхуейщ. Хъунщ иджы, абы ухуеякъым, модрей дызымыгъэпсэууэ къыпкIэрыхъыжьари хэту, удэкIуэнумэ, иджыри бгъуэтынур дапщэ? Узэжьэр сыт, узыхуейр хэт? – жиIэурэ хъущIэрт анэр. Ланэ абы зыри пидзыжыртэкъым.

«Умыгузавэ, мамэ, сэ сыт хуэдэу насыпыфIэ сыхъуну, щхьэгъусэ схуэхъунум хуэдэ уэри сэри зэи тлъэгъуакъым. Умыгузавэ, си мамэ дыщэ, еплъ уэ насыпыфIэ сызэрыхъум», – жриIэурэ, ар къыщыхъуну зэманыр къыщымысым, щигъэтыжащ.

Сытым щхьэкIэ а фызыжь цIыкIум пцIы иупсат? «Абы уи насып хэлъщ», – жиIэу сыкъигъэпцIэныр сытым къыхихат? Щхьэгъавэт, пцIыупст, – жиIэу хуэшхыдэну хуейт, арщхьэкIэ хуэшхыдэщэнуи ирикуртэкъым. ПщыхьэпIэу ялъагъу псори пэж хъууэ щызэхэпхар дапщэщ? И нэхъыбитIыр шыпсэщ. Ар уи фIэщ пщIауэ ара? Хъуакъым, ауэ, итIани, сщIэркъым, гугъапIэ гуэр къызитащ. Абы лъандэрэ илъэс дапщэ дэкIа? Iэджэ...

ЩIалэм щымыгугъыжу, ауэ абы хуиIэ гурыщIэр зыкIи къэмытIэсхъауэ, жэщ пщIыхьэпIэу аргуэру елъагъу: илъэс дапщэ дэмыкIами, фызыжь гъур цIыкIум зыкIи зимыхъуэжауэ щысщ, щысщ, куэзыр едзри.

«Еплъыт, тузиплIыр къыпхухэкIащ, абы къигъэлъагъуэр уи хъуэпсапIэр къохъулIэну аращ». «Дэнэ щыIэ, сегъэплъыт», – Ланэ щыжиIэкIэ, тузиплIыр фызыжь цIыкIум дрепхъей. Ахэр къиубыдыжыну дэпхъуейуэ, Ланэ къызэщоу...

Еплъыт абы, нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэм и деж Iэмал имыIэу укъоуш. «Аргуэру щхьэ сыкъэбгъапцIэрэ, фызыжь цIыкIу. Си гурыщIэм щхьэ уриджэгурэ, хьэмэрэ ауан сыкъэпщIу ара? Мис иджы тэмэм дыдэу сытехуащ: ауан сыкъещI, къысщIонакIэ, гущIэгъуншэщ икIи пцIыупсщ», – и щхьэ хужиIэжурэ, Ланэ къэтэджащ. АдэкIэ зэрымыжеижыфынур фIы дыдэу ищIэрти, щхьэгъубжэм бгъэдыхьэри, кIыфIым хэплъэу уващ.

И псэм телъ гугъуехьыр щыщхьэщыкIынумрэ къэкIуэну зэманым къыхуихьынумрэ я жэуапыр къезытын къыхилъыхъуэу хуэдэут кIыфIым зэрыхэплъэр. АрщхьэкIэ, аддэ жыжьэу къыщыIу хьэ банэ макъ закъуэр мыхъумэ, жэщыр даущыншэт.

– Аргуэру жейм уемызэгъ мыгъуэу ара? – жиIэурэ, анэр къэпсэлъащ. Ар къимыгъэушын щхьэкIэ Iэуэлъауэншэ дыдэу Ланэ къэтэджами, анэр къызэщыуат. – Абы фIэкIа къыумыжейуэ, дауэ дунейм утет?

– Умыгузавэ, мамэ, дауэ мыхъуами, тхьэм и фIыщIэкIэ, сыузыншэщ.

– Уэра узыншэр? А уэ упкърыт узым нэхърэ нэхъ узышхуэ, нэхъ хущхъуэгъуэ зимыIэ щыIэ?!

Ланэ илъэгъуа пщIыхьэпIэм и ужькIэ аргуэру зыкъом дэкIауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым лэжьапIэ къикIыжырт. Гъуэгум щызэпрыкIым, лъэбакъуэ никъуи къыхуэмынэжа жыхуаIэм хуэдэу, и лъакъуэр щIэщIэри, Ланэ джэлащ. А дакъикъэми, Iэуэлъауэшхуэ ищIу, машинэ хужь гуэр и пащхьэ дыдэм щыджэрэзащ.

– Е гъуэгу махуэрэ, гъащIэр бужэгъужауэ ара? Бэлыхь дыхэбдзэрти, – лIыр къэгубжьами, цIыхубзыр зэрыпсэум щыгуфIыкIыу, абы къыщхьэщылъэдащ. Гъунэгъущэу къыжьэхэлъэда машинэм иукIыну фIэкIа нэгъуэщI гугъапIэ зимыIа цIыхубз гужьеям, къэхъуари къепсалъэм къыжриIэри къыгурыIуэжтэкъым. И блыпкъыр иубыдри, лIым ар къигъэтэджыжащ. Ланэ и лъакъуэр щытригъэувэм, зэуэ къыхэузыкIри, зыхуэмыIыгъыжу, къэкIиящ. КъызэрыщIэкIымкIэ, и лъэдакъэ лъэныкъуэр щIэщIыкIауэ арат щIэджэлар.

ЦIыхухэр къызэхуэмыс, мылицэ зэхэзехуэ мыхъу щIыкIэ, жыхуиIэу, лIым Ланэ псынщIэу машинэм иригъэтIысхьэри, Iужащ. Дохутырым ишэри, фэбжь зыгъуэта лъакъуэр япхащ, зэрымыкъутам тIури щыгуфIыкIыу, къыщIэкIыжахэщ. ЛIым, Ланэ дэIэпыкъуурэ, и машинэм кърigъэтIысхьэжащ.

– Уэлэхьи, дыунэхъутэм, игъащIэм зы джэду езмыгъэукIауэ, – жиIэри, лIыр Ланэ къыхуеплъэкIащ.

А макъыр... а макъ щабэр... гъэщIэгъуэнщ, а макъыр икъукIэ и псэм къедэхащIэу къыщыхъуащ. «И теплъэр щысщыгъупщэжами, а макъыр сыт щыгъуи си тхьэкIумэм итащ», – игукIэ жиIэри, цIыхубзыр лIым хуеплъэкIыжащ.

Гузэвэгъуэ хэта цIыхуитIыр зэплъыну щыхунэсар иджыт.

– А... ар уэра? – КъыщIигъужащ Ланэ, мор зэримылъагъурэ илъэс куэд дэкIа пэтми, къицIыхужри.

Ауэ хьэлэмэтыракъэ, зэрыщымыгугъауэ зэпIэзэрыту щытыфащ. Ар зыхулъигъэкIыным къарууэ тригъэкIуэдар зыхуэдизыр зыщIэжыр езым и закъуэщ.

– Уэлэхьи, сэрамэ-тIэ, СулътIан насыпыфIэрамэ. Си машинэм и зэран къыщомыкIакIэ, уэлэхьи, сынасыпыфIэмэ. Апхуэдэу тэмэму къэувыIэжыфа си машинэми фIыгъуэр тхьэм къыхуищIэ. Сэри укъэсцIыхужащ. Уэ зэ укъэзылъэгъуам щыгъупщэж иIэкъым. Уэлэхьи, щIалэ куэдым къыпкIэлъажыхьам уэ. Къахэпхар хэту пIэрэ?

Жэуап щIагъуэ иримытыжу, Ланэ унэм къэсыжащ. «Къеблагъэ», – къыжриIэн и гугъа щхьэкIэ: – «Упсэу, берычэт бесын, апхуэдэ Iуэху дяпэкIэ тхьэм ухимыгъэхуэжкIэ», – жиIэри, Ланэ щIыхьэжащ.

Аргуэру гъащIэр къыдэгушыIэу ара, хьэмэрэ къыщIэнакIэрэ? Апхуэдиз илъэсым си псэр зыхуэпэбгъа щIалэм, иджы лIыку хъуам, сыхуэзэжащ. Ауэ щхьэ сымыгуфIэрэ, мы дуней иныр къэслъэтыхьыным хуэдэу щхьэ сыщымытрэ? Си фIэщ хъуркъым, зыри хъужыркъым си фIэщ. Дызэхуэзащ, ауэ сыт, щхьэж и унэкIэ дызэбгрыкIыжащ.

Ланэ бжэр Iуихыу щыщIыхьэжым, и анэр къыпежьащ. Гужьеяуэ, къэхъуамкIэ къыщеупщIым: «Умыгузавэ, мамэ, ягъэ щыIэкъым, си лъакъуэм сытещIауэ аращ», – къыжриIащ. И гур къызэрыгъуэтыжа нэужь, анэр къеупщIащ: «Хэт а укъэзышэжар? Сыту лIы бжьыфIащэ! И машинэри дахэ дыдэу, уэсым хуэдэу хужьу. Апхуэдэ машинэр нобэ Iэджи и уасэщ. Къабзащэу зэрызэрихьэри плъагъуркъэ. Езыхэм защIу, я машинэхэр фIейм къыщIимыгъэщыжу щытхэм лIыфIыфэ еспль-къым. Мыр, дауи, абыхэм ящыщкъым, апхуэдэ зы щхьэгъусэ къыуитамэ, мы Алыхьталэм къысхуимыщIа фIыгъуэ щыIэтэкъым? Щхьэ къыщIумышарэ? ДгъэхьэщIэнт».

– Сытыт, мамэ, зэрыдгъэхьэщIэнур, шейрэ макаронрэт?

– Сыт щхьэкIэ, на-а-а, джэдыкIэ диIэкъэ?

Абы и ужькIэ пщыхьэщхьэ зыщыплI хуэдиз дэкIауэ, бжэм зыгуэр къытоуIуэ. Анэм бжэр Iуихмэ – малъхъэкIэ зэхъуэпса лIыр щытщ.

– КъыщIыхьэ, къеблагъэ. ХьэщIэ ди гуапэщ, – жиIэурэ, анэм СулътIан къыщIишащ.

Шей ефэу пщэфIапIэм щIэс Ланэ къыщIэкIри, къэуIэбжьауэ икIи укIытауэ, лIым къеплъэщ. КъэуIэбжьат, къэкIуэнкIэ щыгугъатэкъыми, укIытат, я псэукIэр иригъэлъагъуну хуейтэкъыми.

Хуигъэува шэнтым лIыр игъэтIысри, анэм пщэфIапIэмкIэ игъэзащ, Iуэху гуэрхэр иIэу, жиIэри. Бжэри быдэу къыхуищIыжащ.

Ланэ и узыншагъэкIэ СулътIан къеупщIащ. Ар псалъэмакъ тыншт. Гугъур иджы къыпэщытырт. «ЗэрысщIэмкIэ, уи щхьэгъусэмрэ уэрэ фызэбгъэдэкIыжащ. Сэри аращ... Ауэ сэ си Iуэхур хьэлэмэтурэ къекIуэкIащ. «ФIыуэ узолъагъу, уэр фIэкIа нэгъуэщIым сыхуейкъым», – къыщызжиIэм, къэсшащ. «Мыр сэ фIыуэ слъагъурэ-сымылъагъурэ»? – жысIэу, сегупсысакъым. СфIэгуэныхь хъуат. Хъарзынэу дызэдэпсэууэ щIэддзауэ: – «Унэр дыгъэхъуэж», – жиIэри, къызэлъэIуащ, зэман дэкIри, аргуэру: – «Дыгъэщэж», – жиIэри, къысщыхьащ. И щхьэусыгъуэмкIэ хэгъэзыхьауэ сыщеупщIым, къызжиIар мыращ: «Сыт хуэдэ унэ сыщIэмыхьами, си псэр щызгъэтIылъыркъым. Си насыпым сыщыгуфIыкIыну Iэмал згъуэтыркъым. СытIысамэ, сыкъыщахуну къысщохъу. «Абы уи насып хэлъкъым, хэлъкъым», – а макъыр унэ плIанэпэхэм къыщыIу хуэдэщ. Хэтми, сытми сымыщIэу, зыгуэр зэран къысхуохъу. Уэ сыныббгъэдимыгъэсыну къару гуэр къызоныкъуэкъури, дэнэ сыкIуэми, ныскIэлъокIуэ». И акъылым икIаи хуэдэтэкъым, и Iуэху зытетри къызгурыIуэртэкъым. Абы лъандэрэ куэд щIами, къэсшэжын мурад сиIакъым. ГъэщIэгъуэныракъэ, хьэлъэ гуэрым сыкъыхигъащIэу сыт щыгъуи къысщыхъурт. Ар зищIысри, абы и щхьэусыгъуэри къысхуэщIэртэкъым. Си лэжьыгъэкIи, си IуэхукIи – псори хъарзынэт, ауэ, итIани, сызэрыпсэур гуныкъуэгъуэ гуэр зиIэм хуэдэут. Ауэ иджы, уэ сызэрыпхуэзэрэ, акъужь къабзэ къысщIихуу, псори абы здихьауэщ къызэрысщыхъур. Си щIалэгъуэм хуэдэу, си Iэпкълъэпкъыр псынщIэ, жан хъужащ. Дауи, природэм зы щэху гуэр хэлъщ зыми къыгурымыIуэу», – жиIэри, СулътIан и псалъэр зэпигъэуащ.

Ланэ щысщ зимыгъэхъейуэ. ЛIым и псалъэмрэ езым и псэм щыщIэмрэ зэхыхьэжащи, гъуэжькуийр и пащхьэм щыджэрэз хуэдэщ. И щIалагъэм, и дахагъым иригуфIэу дунейм тетыну Iэмал зэримыIар, жэуапыншэ лъагъуныгъэм пасэу щхьэцыр зэрыдэтхъуар, нэгъуэщI

куэди жриIэну хуейт. АрщхьэкIэ и гупсысэр зытриухуэфыр зы закъуэт...

«Апхуэдизрэ сызыпэплъар щхьэгъусэу Тхьэшхуэм укъызитмэ, жеипэ закъуэу уэзгъэгъэкIуэнур бжьыхьэ жэщхэм я закъуэкъым. Лъагъуныгъэ куум пыщIа фIыгъуэ псоми ухэзгъэтIысхьэну псалъэ узот. Илъэс зыбжанэкIэ бгъуэнщIагъым щаIыгъыу, нобэ дунейм хуиту къытехьэжаращ сэ иджыпсту сызэщхьыр. СултIан жиIэ псалъэхэр пэжмэ, ар щхьэгъусэу къысхуеймэ, сэр нэхърэ нэхъ насыпыфIэу мы дунейм зы цIыхубзи теткъым», – жиIэрт игукIэ Ланэ.

Пэжуи къыщIэкIащ. А тIур зэрызэдэпсэурэ илъэситху щрикъу махуэм сэри сыщыIащ. ЩIалэ цIыкIу ягъуэтыжащи, нэм, псэм хуахь. Хэсщ ахэр насып дахэм и курыкупсэм. Зы гъэмахуэ къэмынэу, хамэ къэрал жыжьэхэм макIуэ. Ар къаIэщIэужагъуэрэ – къуршым зыщагъэпсэху.

Куэдрэ зэрымыгъуэтами, я щIалэгъуэм зэхуэмызами, нобэ а тIум къызэдагъащIэ зы махуэ закъуэм къигъэщI лъагъуныгъэр къриппщыфыну зы пщалъи дунейм теткъым...

## МАЗЭР ЩЫХЬЭТУ



Щоджэнокъуэ ШужьейкIэ еджэу Къэбэрдейм зы пщы цIэрыIуэ исащ. Ар ябгэм и ябгэжт, залымым и залымыжт. АбыкIэт зэрыцIэрыIуэри. Шэшэн е къущхьэ хьэщIэ къыхуэкIуамэ, «зэрызакъригъэцIыхухэм» ящыщ зы Iэмалт мыр: яшхэр игу иримыхьамэ – я щхьэхэр пыупщIауэ, шы фIэдзапIэм фIэлъу нэху къригъэкIырт. Пщэдджыжьым хьэщIэхэр езым шэщым щIишэнти, къэуIэбжьа я нэгухэм иплъэу, ящыдыхьэшхынт, ауан ищIынт.

– Шы и фейцейрэ лIы и хуэмыхурэ слъагъункIэ Iэмал иIэкъым, – жиIэрт абы. – Модэ си хъубжэм фыхэплъи, къэвубыдыфыр фыфейщ. ЛIыгъэр фхуримыкъумэ, абы щыгъуэм Щоджэнокъуэм хьэкъ телъыжкъым. Шы Iэпслъэпсыр фи щIыбырыдзэу фыдэкIыжынщ...

Пщы ябгэм хъуэпсапIэу иIэр зы къуэ къыхуалъхунырт. Ауэ зыщыгугъа къуэм и пIэкIэ хъыджэбз цIыкIу дунейм къыщытехьэм Щоджэнокъуэм и щхьэр къыфIэхуащ.

Абы и ужькIэ пщым арыншэми зыхуэмыарэзы и щхьэгъусэр нэхъри илъагъу мыхъу хъуащ. Сабийми, хуиту псалъэ, къикIухь хъуху, Iуплъэн идакъым. ИкIэм, и гурыфI къыщикIа махуэ гуэрым, унафэ ищIри, хъыджэбз цIыкIур и деж щIригъэшащ.

– Тхьэм и нэфIыр зыщыхуауэ зиусхьэн лъапIэ, еплъыт мы уи сабий закъуэм, еплъыIуэт. Уэщхьыркъабзэщ... – жиIащ щэху дыдэу дэгызэ фызыжьым.

Пщыр куэдрэ и пхъум еплъащ. Ахэр зэрызэщхь гуэр сабийм и нэгум къригъуэтэну лъыхъуэрт ар. ЖиIам хущIегъуэжа дэгызэ фызыжьри пщым еплъыхукIэ, зэми мылым хуэдэу мэдий, зэми мафIэм хуэдэу къызэщIонэ. Пщым и нэщхъым ар егъэшынэ.

«Адыгэ щауэхэм уатекIуэу узгъэсэнщ, къуэ зиIэу зызыгъэщIагъуэ псори лъэныкъуэкIэ йозгъэгъэкIуэтэкIынщ. Адыгэхэм я мызакъуэу, уи лIыгъэр нэгъуэщI лъэпкъхэми ятезгъэIуэнщ. Ар апхуэдэу мыхъумэ, сэ сыпщкъым», – жиIэрт игукIэ Щоджэнокъуэм. Гулэзт хъыджэбз цIыкIум зэреджэр. Пщым абы къами, фокIэщIи, дыщэпскIэ

гъэщIэрэщIэжауэ, екIуу хуригъэщIат, дэнэкIэ игъазэми кIэлъыкIуэу, шыщIэ цIыкIуи хуагъасэрт.

Хъыджэбз цIыкIур, и Iэпкълъэпкъ зэрымыубыд щIыкIэ щIидзауэ, шыми Iэщэми хуэIэкIуэлъакIуэу игъасэрт и адэм.

ЛIы ябгэм псэхугъуэ иритыртэкъым сабийм. Гулэз жэщи махуи уанэгум ист. «Гугъуехьыр зымышэчыф цIыхум лIыгъэкIэ ущыгугъ хъунукъым», – апхуэдэут зэрегупсысыр Щоджэнокъуэр.

Гуащэм и гур щIэузырт хъыджэбз цIыкIум. «Ныкъуэдыкъуэхъунущ», – жиIэрти гузавэрт. «Си сабий закъуэр, сабиигъуэ имылъагъуу, адэ лъэбжьанэм пэщIэхуащ», – хуэтхьэусыхэрт ар дэгызэ Жанпагуэ. Езы Жанпагуи иригулэзырт а Iуэхум. «Пщым и деж щIэсшэу, уэщхьщ зэрыжысIам сыхущIегъуэжащи, си щхьэр фIызоудыж», – жиIэрт абы. Гуащэр жэщыбгым къакIуэрти, ешауэ Iуриха сабийм и щхьэм Iэ дилъэу щыст, къыхэскIыкIыурэ зэрыжейм анэгур игъэузырт. «Хуит сищIыркъым армыхъумэ, жэщкIэ си бгъафэм щIэзгъэлъыжынут», – жиIэрт гуащэм, хьэлъэу щатэурэ.

Гулэз къыдэкIуэтеихукIэ кIуэ пэтми адэр нэхъ арэзы хуэхъурт. Iэщэ-фащэр хъыджэбз цIыкIум, и ныбжь къызэрезэгъкIэ, екIуу хуригъэщIырт. ГъущI хъарым иту зэрашэ мыщэхэм ящыщ губгъуэм щыздашэм и деж, гузэвэгъуэр телъу, анэр щхьэгъубжэм кIэрытт. Гулэз абы иригъэбэнырт, иригъэзауэрт адэм.

Махуэ гуэрым Гулэз, псэ хэтми хэмытми умыщIэну, къыдашэжащ. ГъущI хъарым ис мыщэ уIэгъэми зишхыхьыжырт, гъуахъуэрт.

Гужьеяуэ гум бгъэдэлъэда анэм и пхъур щилъагъум: «Укъэслъхуа нэхърэ, укъэзмылъхуауэ щытыгъащэрэт», – жиIащ.

Ар Шужьей зэхимыхауэ фэ зытригъэуащ.

Къаплъи псалъи зимыIэ и пхъум гуащэр щхьэщысащ пщыхьэщхьэ псом.

– Догуэ, дэгызэ, а мыщэжьым сыIуплъэу, дауэ дунейм сытетыну? – жи абы.

– АтIэ, гуащэу зиусхьэн, сыт мыгъуэр тщIэну ди Iэмал?

– Щхьэ мыхъурэ дгъалIэ а мыщэжьыр?

– Пщым къытхуигъэгъункъым.

– Си сабий закъуэр сIэщIэзыха мыщэм лажьэу щыIэр къытихуэ! ИтIани, абы йоIэзэхэр. Пэжщ, мыщэракъым къуаншэр. Ауэ сыт сэ адрейм схуещIэнур? Е сэ си хъыджэбз тхьэмыщкIэ мыгъуэ.

– Хъунщ, гуащэ, тхьэуэ дыкъэзыгъэщIа, си гъащIэр текIуэдэнуми, сэ абы зыгуэр пхуесщIэнмэ.

– Хьэуэ, абы уи гъащIэр текIуэдэну сэ зыкIи сыхуейкъым. Ауэ хэIущIыIу зэрымыхъункIэ Iэмал гуэр къыхуэдгъэгупсыс. А мыщэм си сабийр тIэуней гузэвэгъуэм хидзащ, иджы ещанэм IэщIэкIуэдэжыну си псэм жеIэ.

Жанпагуэ къыхуейуэ бжэм къыIухьа Хьэрун, псалъэмакъыр щызэхихым, даIуэу зэщIэувыIыкIащ.

– Си сабийр мыпхуэдэу псэзэпылъхьэпIэ изыгъэувам сыIуплъэу, дауэ мы пщIантIэм сыдэсыну? Ар лIауэ слъагъумэ, си гур псэхужыну къысщохъу. – Нэпс пщтырыр напэм къежэхыу, гуащэр мэтхьэусыхэ.

Жэщыр фIыуэ хэкIуэтат, гуащэр, нэщхъей дыдэу, и лэгъунэм къыщыщIыхьэжам. Куэд мыщIэу, и щхьэгъусэри къыкIэлъыщIохьэж. Пхъэ фалъэ цIыкIум зыгуэр иту иIыгът абы.

– Уэ уи цIыхубз къалэныр куэдрэ пщогъупщэж, – къыщIидзащ пщым макъ лъахъшэкIэ, – сэ сыхэтми, ари зыщыбогъэгъупщэ. Ауэ сэ зэи зыри сщыгъупщэркъым. «Шужьейурэ блащхъуэжьейм севмыт, абы сыхуейкъым», – жыпIэу узэрыбжари, узэрыгъари сщыгъупщэжакъым. ХэткIи си мыхабзэу, уэ куэд пхуэзгъэгъуащ, ари уэ бощIэ. Си унафэм укъыхопсэлъыхь. Укъысщышынэ хуэдэу, уи напIэр бгъалIэу аркъудейщ. ПщылIхэри щыбгъэкIащ. Сэ уэ куэд пхуэзгъэгъуащ. Пхуэзгъэгъуащ, ауэ зэгуэрым а псори зэрозгъэпшыныжынур сщIэрти, аращ щIыпхуэзгъэгъуар, – жиIэри, пщыр и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ. А дыхьэшхыкIэр пщым и нэгум куэдрэ ирилъэгъуат гуащэм. Ар зэщхьыр къаплъэным зэща псэущхьэр къыщыIэрыхьар арат.

– Ефэ, мис мыбы, уэ улIэн хуейщ.

Зи щхьэр ехьэхауэ щыта цIыхубзыр, къэщтауэ, и щхьэгъусэм къеплъащ:

– Уи псалъэхэр шэрэзым хуэдэу гущIэм хохьэри. Сытым щхьэкIэ си ажалым улъыхъуэну мурад пщIа?

– Сэ апхуэдэу сыхуейщ.

– Силъ зыщIэжын сэ згъуэтынщ, сыхейуэ, си псэм уемыщэ.

– Сэ сышынэу сыкъыщIикIуэта къэхъуакъым. ИтIанэ, щыIэкъым ар къэзыщIэн. Ажал къабзэкIэ улIащ. ЗэхэпщIыкIа?

– Сабий закъуэми хьэтыр иIэжкъэ?

– Куэдщ жыпIар, убыди ефэ!



Пщым и нэхэр, шынагъуэу, мэцIу. И щхьэгъусэр, зэщIэкIэзызэу, а иIыгъым ирегъафэри, кIэщIу пэшым къыщIокIыж. Гуащэм и фэр зэуэ щIыху-фIыцIафэ къохъури, и бгъэр еубыд, ерагъкIэ гъуэлъыпIэм нэс макIуэри, зэуэ йохуэх.

– А гуащэ, гуащэ... Гулэз цIыкIум зыкъищIэжа уфIэщIыркъэ? Си анэр къысхуэшэ жеIэ, – Жанпагуэ джэуэ къыздэкIуэм, кIыфIым къыхэIэбыкIа Iэ лъэщитIым зэщIаубыдащ. Шынагъуэ иныр къыкIэщIэзэрыхьауэ, ар кIиинут, ауэ пщым и нэгум зэриплъэу, и жьэм зыри къыжьэдэкIыжыфакъым.

– Зыри плъэгъуакъым икIи пщIэркъым. Ажал къабзэкIэ лIащ. Зэхэпха?! – Щоджэнокъуэм и макъым ар къигъэкIэзызащ.

– АтIэ, атIэ... зы... зиусхьэн. Зэ... зэ... хэсхащ.

Пщыр IуокIыж. Жанпагуэ пэшым щIолъадэ.

– А гуащэ, мыр сыт, сыт мыгъуэр къэхъуа? – Гуащэм и бгъэр етIатэри, и гум и тхьэкIумэр Iуелъхьэ, псы IурегъаткIуэ. – А гуащэ, гуащэ, Гулэз, Гулэз цIыкIу си анэр къысхуэшэ, жиIат...

Гуащэм и нэр хуэмурэ къызэтрехри ерагъкIэ къыдрешей: «Же... Iэж и...тIа...нэ», – и нэр зэтрепIэжри, и щхьэр лъэныкъуэкIэ йощIэ.

– Дыдыд мыгъуэ, сыту укIуэдыжыкIейт, тхьэмыщкIэ... Сыту мыгъуэ уцIыхубз насыпыншэт... «Си анэр», жызыIа зеиншэ цIыкIуми сытхэр жесIэну... – Жанпагуэ, ин зримыгъэщIу, гуащэр егъей.

МыдэкIэ Щоджэнокъуэр сэ кIэщI иIыгъым ироджэгури щысщ. Хьэрун къыщIохьэ.

– Дунейм узэрытетар куэду къыпщыхъуркъэ уэ? – къыщIыхьам емыплъыххэу, щIоупщIэ ар.

– Зиусхьэн, зиусхьэн, ар сыт щхьэкIэ? Сэ пэжу сыпхущытаи, си псэм себлэжакъыми. – Хьэрун пщым и пащхьэм къыщепщыхь.

– Куэдщ, куэдщ узэрыпсэуар, атIэ игъащIэкIэ упсэун, иджы нэгъуэщI дунейм еплъ. Мэ! – СэмкIэ мауэри, Хьэрун и гущхьэм зыхрегъасэ.

ПщылIхэм ящыщ зы къыщIохьэри, хьэдэр щIелъэф.

– Хуабжьу къызэса хьэхэм ящыщащ. Ауэ куэдщ ар. Сужэгъуащ, – жеIэ пщым, – щэху куэди ещIэ.

Гулэз и ныбжьыр илъэс пщыкIух-пщыкIублым щиувам, адэр зыхуея псори къехъулIат. Къэбэрдейм и мызакъуэу, нэгъуэщI хэкухэми наIуэ щыхъуат пхъум и лIыгъэр.

Мыщэм ебэныфу, и уэгъуэр тIу имыщIу, щIакIуэ кIапэ теувакIэ къыщикIуэтаи къэмыхъуауэ яIуатэрт.

Гулэз фIыуэ илъагъурт и адэр. Сыт хуэдэ унафэ къыхуимыщIами, щытыкIэ ткIий къыхуимыIами, зэрыщытын хуейр апхуэдэу къилъытэрт.

– Мы дуней псом теткъым си хъыджэбзыр къыщIызэлъэIуауэ хуэзмыщIэн, – жиIэрт пщыми. Тэджами тIысами гукIэ тхьэм шыкур хуищIырт, узыншагъэр и пхъум иIэну хуелъэIурт.

Ауэ сыт хуэдиз лъагъуныгъэ адэм хуимыIами, Гулэз нэщхъеирилэти, пщыр абы иригузавэрт. Зэгуэрым Урысейм къикIри ЩоджэнокъуэмхьэщIэ лъапIэ къыхуэкIуат. Адыгэхэм нэхъ хъыджэбз дахэу, нэхъ щIалэ хахуэу яIэ псори зэхуашэсри, пщыпежьэ ящIат.

ХьэщIэ Iэнэм нэхъыжьхэр бгъэдэсщ. Абыхэм Шужьеи яхэсщ. НэхъыщIэхэр щхьэгъэрытщи, фалъэр нэщI зэрыхъуу, фо махъсымэр кърагъахъуэ. Iэнэр зыхуей-зыхуэфIкIэ пщафIэхэр мэсакъ. Я Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ, лэгъуп инкIэ аддэ жыжьэу лы щагъавэ, щынэр зэрыщыту дзасэкIэ щагъажьэ. 

Джэгу иныр щIалэгъуалэм зэхаублащ. Утыкум итщ Гулэзрэ щIалэ псыгъуэ кIыхь къамылыфэ зэкIуэжрэ. Iэгуауэр яIэт, пшынэр мэбзэрабзэ. Щауэхэмрэ пщащэ дахэхэмрэ, лъапэрисэ защIауэ, утыкум щощIэращIэ.

– Урыс хьэщIэм псалъэ иIэщ, моуэ зэ фи Iуэхури фи джэгури къэвгъани, гъунэгъуу фыкъекIуэталIэт, – нэхъыжьым унафэ ещI.

Псори Iэнэм хъурейуэ къоувэкI.

Урыс хьэщIэм жиIэхэр зэридзэкIыжу, Жамбот инэралри къыбгъэдэсщ.

Махъсымэ фалъэр IэщIэту, фIыуи къызэщIэплъауэ, хьэщIэр къотэдж.

– Адыгэхэ, фи ерыскъыр хуабжьу сигу ирихьащ. Ди адэм игу имыхужу щыта махъсымэри фадэ псоми тызогъакIуэ. ГъэщIэгъуэну дахэщ фи цIыхухэр, икIи, сэ зэрызэхэсхамкIэ, лIыгъи яхэлъщ. Фи хьэщIэ гъэхьэщIэкIэри, фи щIыпIэри нэгъэсауэ удэзыхьэхщ. Адыгэхэ, берычэт бесын, вжызоIэ!

Махъсымэр ирефри, хьэщIэр мэтIысыж.

Тхьэмадэр къотэдж.

– Адыгэхэм ди хабзэщ дэтхэнэ зы хьэщIэми игу дыдыхьэу, пщIэрэ нэмысрэ хуэтщIу. ХьэщIэ лъапIэм нобэ ар къыддилъэгъуауэ щибжкIэ, ди насыпщ.

Тхьэмадэм и псалъэхэр Жамбот хьэщIэм хузэридзэкIыжащ.

– АтIэ, иIэт иджы щIэвдзэт. Урыс хьэщIэм ди лIыгъэр зэхиха мыхъумэ, илъэгъуакъым. ЩIэвдзэт, щIалэхэ.

Шы екIухэм тесу, щIалэхэм я гъусэу пщащэхэри щытщ. Ауэ ахэр цIыхухъу щыгъынкIэ хуэпащи, гъунэгъуу уабгъэдэмыхьауэ, къыпхуэцIыхуркъым.

Шууейхэм зэхьэзэхуэр зращIэкIыр жыжьэу щыфIэдза данэпс Iэлъэщ Iырщ. Данэпсыр зейр пщащэм я нэхъ дахэрщ. Япэ нэсу, данэпсыр къэзыхьыр цIыхубзмэ, цIыхухъухэм я напэр текIауэ арщ. Щауэмрэ IэлъэщIыр зеймрэ зэрагъашэ хабзэщ.

Тхьэмадэм хьэщIэхэр а псом щыгъуазэ ещI.

Фоч драгъэуейри, шыхэм зэуэ зрач. Псори шыгъажэм йоплъ. И пхъур зэдилъахэм япэ итщи, Щоджэнокъуэр мэгуфIэ. ГукIэ тхьэ хуолъэIу. Ауэ, мес, Гулэз ипэ шитI-щы зэуэ къиихутащ.

ЩIопщымкIэ хъыджэбзыр и шым щэ-плIэ хэуащ. Иджы шы къэгубжьам Гулэз ехь. Зышми етIуанэми щхьэпрожри, аргуэру япэ йощыж. «Сыт сэ си данэпсыр къэсхьыжкIэ? Тембот япэ нэсмэ щхьэ мыхъурэ? Апхуэдэут сэ сызыхуейр. Арыншами, кIэщIу си яужь итщ. Ауэ ди адэр-щэ? Абы и жагъуэ хъунукъэ? ИтIанэ, сэ лIыгъэншэ щхьэ сыхъун хуей? ЛIыгъэ зиIэр къыстрыреж». Аргуэру ар и шым хоуэ. Гулэз и шым лъэкI къигъанэркъым, ауэ имыщIэххэу къыдэха Тембот лъэщIыхьэн хузэфIэкIыжкъым.

ЩIалэр нэсри, жыг къудамэм фIэдза данэпсыр къыфIипхъуэтащ. Ар щилъагъум, Гулэз пыгуфIыкIри плъыжь къэхъуащ. Тембот нэщанэм щеуэм текIуащ, лIыгъэ хэлъу щIакIуэми тетащ, щыбэнами, и къарур хурикъуащ.



Джэгур зэхаублэж.

Зи Iэпкълъэпкъ псыгъуэ кIыхьыр жырым хуэдэу зэфIэт Темботрэ Гулэз дахэмрэ утыкум итщ.

ХьэщIэм и лъэIукIэ, а тIур тIэу-щэ къагъэфащ, ислъэмей ирагъэщIащ. Абы и ужькIэ Щоджэнокъуэм, хуабжьу и жагъуэми, фызышэшхуэу и пхъур лIы иритащ. Хабзэр пкъутэ хъунутэкъым. Ипхъуми и ишэгъуэ дахэт.

Гулэз унагъуэ щихьэм, и гъусэу здишащ анэ папщIэу иIа дэгызэ фызыжьри.

Ауэрэ, куэд мыщIэу, Жанпагуэ уз хьэлъэ къэуалIэ. ЛIэуэ телъ фызыжьым гуащэм и Iуэхум хищIыкI псори Гулэз хуеIуэтэж.

– Си псэм ищIэрт си анэр и ажалкIэ зэрымылIар. Иджыри къэсыхункIэ щхьэ убзыщIа?

– Сыхуитакъым, си тIасэ, сышынащ. Ауэ уи анэм и лъэIур сэ гуващIэхами згъэзэщIэнут, – жиIэри, дэгызэм и псэр хэкIащ.

Гуауэмрэ гупсысэ хьэлъэмрэ зэщIаIулIауэ, Гулэз махуэ зыбжанэ ирихьэкIащ.

Жэщ гуэрым, и щхьэгъусэр щымыIэу, Iэщэ-фащэкIэ зызэщIиузадэри, зыми ямылъагъуу, ар пщIантIэм къыдэшэсыкIащ.

Шу гуп и гъусэу зыщIыпIэ къикIыж пщым мыгувэу ар хуозэ. И нэкIур къыщIэмыщу, бащлъыкъымкIэ щIихъумэри: «Щоджэнокъуэ Шужьей, Iуэху гуэркIэ сыпхуейуэ сыкъэкIуат», – жиIэри, макъ зэхъуэкIакIэ джащ Гулэз.

– Сэ иджыпсту сыфлъэщIыхьэжынщ, фэ фынакIуэ, – и гъусэхэм унафэ яхуищIа мыхъумэ, пщыр зыми щIэупщIакъым.

Iэнкуну къэувыIэжат и гъусэхэр, ауэ пщым етIуанэу «фыкIуэ» къащыжриIэм, зыри къыпамыдзыжу, шухэр ежьэжащ. Мазэ нэхум хэтурэ, мыдрей тIур бгы папцIэ лъагэ гуэрым дэкIащ.

– ЖыIэ иджы узыхуейр. Мыбдеж зыми дыщызэхихынукъым.

– Ямылейуэ цIыху ябгэу Щоджэнокъуэ, лъыщIэжакIуэ сыкъэкIуащ.

«Ухэт? Хэт илъ пщIэжынур?» – жиIэу пщыр щIэупщIакъым.

Бгы гъуанэм мамыру итIысхьэжа бзухэр я абгъуэм кърагъэлъэту, фочышэр яухыху а тIур зэзэуащ, ауэ зэрытегъэкIуакъым. Ар щымыхъум, шым зэрытесу, джатэкIэ зэзауэу хуежьащ. Пщыр къоуэри, хъуаскIэр къыдихыу, къамэр къызэпеуд.

– СреукI, – занщIэу и гум къэкIащ Гулэз.

– Сыт «хуэдэхьэ» сыхуэмызами, си гъащIэм Iэщэншэ сукIакъым. Ноби а хабзэр уи пащхьэм щыскъутэнкъым. Си лIыгъэр сэ схурокъуж. ЩIакIуэм къытеуви, уи къарур зэ гъэунэхуж. Сэ къызэзыкуа цIыху псэууэ къыщына махуэ къэхъуакъым, – жеIэ Щоджэнокъуэм.

А тIур зэроубыдри, куэдрэ зэрызокъуэ. Зэми пщыр и щIагъ мэхъу, зэми и щIыIу къохъуж. Къаруэ къыхуэнэжар зэхуехьэсри, и гущIыIу къисым и дамэр пщым зэхегъэщIыщIэ. Гулэз хьэлъэу мэщэIу, ауэ Шужьей имыутIыпщу, абы и щхьэр щIым тредзэ. Пщым и IитIыр зэуэ лалэ къохъури, Гулэз еутIыпщ. Мывэ щылъым хуэзат пщым и щхьэр.

– Ди адэ... ди адэ...

И нэхэм къыщхьэрипхъуауэ, Гулэз зыкъеIэт.

– СощIэ... псори сощIэ... Мес уи анэр, игу зэгъауэ, къысхуоплъых. Арат сэ... лIыгъэ уиIэу ущIэзгъэсар... – жиIэри, пщыр къэдыхьэшхащ.

Пэж дыдэу и анэр илъагъун и гугъэу, Гулэз дэплъеящ. АрщхьэкIэ къэхъуа псомкIи щыхьэт закъуэу уафэм ит мазэм фIэкIа зыри илъэгъуакъым. 145

– Псы... псы... – Iупэ гъущIахэр ерагъыу зэтрих къудейуэ, зи псэр хэкI адэр мэлъаIуэ.

– Иджыпсту, иджыпсту... – къэмытэджыфу, Гулэз абы епщылIэну хуожьэ, арщхьэкIэ, куэд имыкIуфу, и щхьэр щIым тощIэри, мэсабыр.

ЗэрыукIыжа зэадэзэпхъум я шитIыр ящхьэщытщ, зым, щыщурэ, фIалъэкIэ щIыр кърeуд, адрейри абы нэщхъей дыдэу къыхуоплъэкI.

Мазэм фагъуэу губгъуэр къегъэнэху...

ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ

# ТХЬЭХЭМ Я САНЭХУАФЭМ

*Рассказ*

*Фынеблагъэ... блэкIам!*



*Дэ ди гугъэщ цIыхуцIэ зиIэм заужьу, ахэр ипэкIэ кIуатэу. АрщхьэкIэ тэмэму къыщIэкIынкъым апхуэдэу дегупсысыныр. НэхъыфIт ипэкIэ дымыпабгъэу, пасэрей зэманымкIэ дгъэзэжамэ.*

*БлэкIа жыжьэм цIыхухэр къызыхуэтыншэу мыпсэуамэ, абыхэм я цивилизацэм зыужьыныгъэ имыгъуэтамэ, дэнэ къикIа дыщэрэ налкъутналмэсу зэхэлъ, щIэныгъэ гъэпщкIуарэ гупсысэ гъэхуакIэ гъэнщIа «Нарт» эпосыр, таурыхъ гъуэзэджэхэр, псалъэжь Iущхэр? Ахэр сабийхэм хузэхалъхьауэ зыгуэрхэм къащохъу. Хьэуэ, тIасэ цIыкIухэ...*

*IуэрыIуатэр зэхалъхьакъым икIи къагупсысакъым, ар зэманымрэ цIыхухэмрэ зэIэпахыу яхъума щIэныгъэрэ лъапIагъэрэщ. Ар дыкъызытехъукIыжахэм, илъэс минхэм, уеблэмэ мелуанхэм къыпхрахыу, ди деж къахьэса фIэхъусщ, щIэныгъэрэ гъащIэ зэхэщIыкIрэкIэ узэда зыхуэгъэзэныгъэ тхыгъэщ.*

## 1. Чех нэIуасэр

ЖьакIэ тхъуа дахэ зытет а чехыр Хьэдис япэу щилъэгъуащ Коулотякым. Аращ прагэдэсхэр Дейвицкэ метро станцым укъызэрикIыу узэрыхьэ Витезне Намнести утыкум зэреджэр. «Коуло» псалъэм чехыбзэкIэ «хъурей» жиIэу къикIыу аращ. А утыкур дыгъэм хуэдэщ, и уэрам-бзийхэр дэнэкIи щызэбгрыкIыу. ЦIыхухэм ар фIыуэ зэралъагъум тепщIыхьмэ, шым тес щихъ Вацлав сыну зэрыт, Прагэ и утыку нэхъыщхьэ Вацлавске Намнести (Вацлавакым) и ужькIэ ар етIуанэ увыпIэм щытщ. Вацлавакым хуэдэ къабзэу, Коулотякым дежи хыхьэхэкIым пылъхэр IуэхукIэ щызэхуозэ, псэлъыхъу щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ Iэужь щызэIэпах. Зыгуэрхэми я хьэр къыщрашэкI, зыгуэрхэри щэхуакIуэ къокIуэ мыбдеж щыкуэд тыкуэнхэм. КIэщIу жыпIэмэ, мы щIыпIэм цIыхур сыт щыгъуи щыкуэдщ, икIи утыкум махуэщI[1] теплъэ иIэ зэпытщ.

Ауэ гъэщIэгъуэныр аракъэ, – Хьэдис гукъинэж щыхъуа а пщыхьэщхьэм цIыхур утыкум щымащIэт, езы чеххэми зэрыжаIэу, ар «ли-

[1] МахуэщI – мыбдеж: зыгуэр щагъэлъапIэ махуэ. /Праздник.

дупразднэт». Хьэдис и нэм къыфIэна цIыхур метро къикIыпIэм и гъунэгъуу щыт тетIысхьэпIэм тест, Югослав партизанхэм я уэрамымкIэ и гупэр гъэзауэ. Нэхум щыужа и нэ набгъэхэр гъуэгу зэпрыкIыпIэ хъурейм къыщежэкI машинэхэмрэ абы телъэдэну ежьэхэмрэ ятеплъызат. ЦIыху куэдыр абы и псэм къызэрытехьэлъэр гурыIуэгъуэт, ауэ, итIани, ежьэжыну зигъэхьэзыр хуэдэтэкъым. Хэт ищIэн ар зыпэплъэр?! Абы Хьэдис малъхъэдису зришалIэри, къызэтригъэувыIащ.

ЛэжьапIэ къикIыжти, езыр зыщIыпIи пIащIэртэкъым. Ешат, губгъуэм сыхьэтипщI лъэрытету щрихьэкIати. И унэ нэсыжыным къэнэжа щIагъуэ щыIэтэкъым. Мыбдеж къыщыувыIэ етIощIанэ трамвайм итIысхьэрэ, Европейскэ уэрамым тету, Червены врх къэувыIэпIэм нэс дэкIуеижмэ, зэфIэкIащ. Мы цIыху гъэщIэгъуэным бгъурытIысхьэу тIэкIу дэуэршэр щхьэ мыхъурэ? Сэлам ирихри, – «Проминте, нени обсазено?» – жиIэри еупщIащ чехыбзэкIэ. «Не занято. Присаживайтесь, если никуда не спешите», – урысыбзэ тэмэмкIэ, ауэ акцент иIэу, жэуап къритыжащ.

– Уэри уи чехыбзэм акцент иIэщ, – къыпищащ абы, псэлъэгъу къыхуэхъуам и гупсысэхэм къеджа хуэдэ. – Ауэ уи урыс акцентыр икъукIэ гъэщIэгъуэнщ. Тхьэм ирещIи, уэ уурыскъым... Сэ сыщыгъуазэщ уэ, илъэс бжыгъэфI хъуауэ, «Проспекто» прагэ археологие фирмэм узэрыщылажьэм. Сыплъыхъуэрти, уэ сяпэ зыкъыбгъэщащ. Си гукъэкI гуэрхэмкIэ сыбдэгуэшэну сыхуейщ... ИтIанэ... фIы дыдэу плъагъу щIыпIэм зыплъыхьакIуэ узгъэкIуэнущ. Уи унафэщIхэми сепсэлъагъэххэщ. Мы Iуэхум щызгъэгъуэзащ Шатрэ Дани, Гламоуш Петери, уеблэмэ Вейсовэ Вендули... 

– Ауэ... сэ чехыбзэкIэ сыпсалъэ щхьэкIэ, инджылызыбзэр апхуэдэу фIыуэ сщIэркъым...

– Сэ уздэзгъэкIуэнум инджылызыбзэм ущыхуеинукъым. Уи анэдэлъхубзэм къыдалъхуа бзэхэр абдеж щызокIуэри, псоми хьэлэмэту уагурыIуэнущ, урысыбзэрэ чехыбзэрэ къыхыумыгъахуэ закъуэмэ...

Хьэдис и гукъэкIыжхэм, яжьэм хэкIуэдэж мафIэ дэпу, къахэщыжащ мы лIыр мыбдеж зыбжанэрэ зэрыщилъэгъуар... ЗытэлайкIэ щыму щысащ, псэлъэн щхьэхыу, жиIэнури къыхуэмыщIэу. И нэхэр зэтрипIэри, аргуэру и нэгу къыщIыхьэжащ нобэ зыхэта археологие къэхутэныгъэхэр.

Зыри гъэщIэгъуэн хэлъкъым а Iуэхум, махуэ къэси илъагъур зы теплъэщ: къупщхьэхэр, кхъуэщын къутахуэхэр, зэзэмызэ – цIыхуIэ зэлэжьа мывэхэр, «пазурекkIэ» чеххэр зэджэ обсидиан мывэ дзакIэ жанхэр. Абыхэм яхэтщ фIыцIи, гъуэжьыфи, хужь-абджыфи... Апхуэдэу тIу зымахуэ къигъуэтати, фIыщIапщIэу кронэ минитI (зы пазурек къэс зы мин хуэзэу) Iэрылъхьэу къратауэ щытащ. БгъуэнщIагъхэм щIэса пасэрей цIыхухэм, джэдыгухэр къупщхьэ мастэкIэ ямыд щIыкIэ, фэхэр апхуэдэхэмкIэ ятхъунщIу щытауэ жаIэ.

Махуэ къэс зыхэпэщэщыхьри къищыпри ахэращ. Хьэдис Прагэрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ щIыгу кубометр мащIэ щызэпигъэза мы илъэсхэм... Чех пащтыхьхэм я бэнхэр къыщитIэщIми, ар абы дихьэхакъым, щымэхъэшащ армыхъумэ. Иджырей археологием зи гур хузэкIуэкIа Хьэдис и щхьэм щызэблэкIырт гупсысэ хьэлъэхэр: «Археологхэм къатIыжыр блэкIа мыжыжьэм и лъэужьхэращ. Я нэхъыбэ дыдэрамэ, илъэс минипщI зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ... Сыт хуэдэ зэманми зэщIыгъуу псэуащ мывэ джыдэ зыщI мэз цIыхухэмрэ зыужьыны-

гъэшхуэ зыгъуэтахэмрэ. Япэрейхэм я мывэ джыдэхэмрэ я къупщхьэхэмрэ ноби къагъуэтри, абыкIэ иджыри тхыдэр «ятх». Абы ипэжкIэ псэуа цивилизацэ къызэрымыкIуэхэм, псалъэм папщIэ, атлантхэм (ахэр нартхэрауэ зэрыщытым и акъыл зэрыхуэкIуэрэ куэд щIащ) къагъэIэрыхуат кIэрыхубжьэрыху къэзымыгъанэ технологиехэр. Абыхэм зыхуэмеиж Iэмэпсымэхэр пхъэнкIий идзыпIэм яхьтэкъым, иджы зэращIым хуэдэу, атIэ, Iэмал къыхуагъуэтауэ, щIыуэпсым лъэужьыншэу хагъэшыпсыхьыжырт. Дунейм ехыжахэм я хьэдэри кхъэм щIалъхьэртэкъым, атIэ ягъэсырти, сахуэхэр хыщхьэм щрапхъыхыжырт. Аращ я Iэмэпсыми, я кхъэлъахи, я къупщхьи нобэр къыздэсым къыщIамыгъуэтар... Ар я пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым нобэ археологием елэжьхэм... ЯжепIэми, къыпхуеувэлIэнукъым, дзыхь ямыщIу, уи нэгум къиплъэнущ армыхъумэ...»

– Археологием блэкIам дихьыжкъым, – и гъунэгъум зэпиудащ абы и гупсысэ щхьэхынэхэр. – БлэкIа лIыщIыгъуэхэм къагъэна лъэужьхэр ди пащхьэ кърилъхьэж къудейуэ аращ. Сэ ухэзгъэплъэнущ нэхъ удэзыхьэхыну Iуэхум – блэкIа жыжьэм кIуэ гъуэгум утесшэнущ. Уи зэшыр гъэмахуэ уэшхыу тезгъэужынущ, уи пщIыхьхэм хэмыкI теплъэгъуэхэр хьэкъыпIэкIэ нэрылъагъуу уи пащхьэм къизгъэувэнущ. Iуэхум хууиIэ, ауэ мызыгъуэгум мащIэу тещхьэукъукIа щIэщыгъуэр къызэщызгъэужынущ. НакIуэ, сэ уэзгъэлъагъунущ зэманым и хым утезышэну кхъухь тедзапIэр. Уигу щIэныкъуэхэр зыщыгъэгъупщэ. Адыгэр зэи щIэупщIэу щытакъым здашэмкIэ.



Хьэдис игъэщIэгъуакъым апхуэдэ псалъэ къызэрымыкIуэхэр, чэнджэщэнуи игу къэкIакъым, жиIэр занщIэу игу къыщIиубыдащ... И чех унафэщIхэри я цIэкIэ къыщриIуэм, нэхъри дзыхь хуищI хъуащ. ЩыIэкъэ апхуэдэ цIыху, жиIэр занщIэу уи фIэщ хъууэ, Iуэхум гъазэ имыIэу утригъэгушхуэу... Мыри апхуэдэт.

## 2. Метром щIэт лабораторэ

Ахэр ехащ Дейвицкэ метро станцым и вестибюлым. Хьэдис иджыри зыри къыгурыIуэртэкъым. Мыбы тыкуэн цIыкIухэр, киоскхэр, павильон зэхуэмыдэхэр щIэзт. А псори абы и щыпэлъагъутэкъым. Мы илъэсхэм абыхэм щэ бжыгъэрэ, мин бжыгъэрэ яблэкIат, къаблэкIыжат, дэнэ сыт щащэми ищIэрт. И нэIуасэщIэм ар бгъэдишащ плIанэпэ сабалъэм деж иIэ бжэ цIыкIум. Хьэдис ар зэгуэр и нэм къыIуидзауэ ищIэжтэкъым. ЗанщIэу гу лъыптэртэкъым а бжэм, апхуэдизу фIыуэ гъэпщкIуати икIи адрей блыным и плъыфэу лати. ГъэщIэгъуэным я гъэщIэгъуэныжкъэ ар! Абы и пщIыхьэпIи къыхэхуакъым бэджыхъ зыдищIэжа мы дурэш дэдзыхам деж бжэ хэлъу.

Хьэдис зы махуи еджагъэшхуэу зыкъилъытэжакъым, абы и щIэныгъэ зэхэщIыкIым къызэритIэсымкIэ, «лабораторэ» жыхуаIэр (и нэIуасэщIэр аращ мы пэш гъэпщкIуам зэреджар) – ар химие пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэр зэрыт ретортэхэмрэ пробиркэхэмрэщ, игъащIэм къыщIимыхьа мэ гъэщIэгъуэнхэр къызыкIэрих, бэяу[1] зытекIа Iэнэхэрщ, ар сабэм исеижауэ дапхъэхэм телъ тетрадь Iувхэмрэ абы тет тхылъхэмрэщ. Ауэ иджыпсту и нэгу щIэкIыр къызэриIуэтэну щIыкIэр хузэгъэпэщтэкъым – лабораторэмрэ механическэ лъэщапIэмрэ щы-

[1] Бэяу – зыгуэр зэралэ, зэрыраIэ иIэгъэ. Краска.

зэхыхьэжат мыбдеж. ЩIэтт Iуэху зэхуэмыдэхэм ятегъэпсыхьа станок мыинхэр: гъущIым пкъыгъуэ щхьэхуэхэр къызэрыхаупсыкI, ахэр лъэныкъуэ псомкIи зэпагъазэу здагъэджафэ станокхэм щыщIэкIыжу, гъущIыкIэ мыинхэр зэрапсыхь термохьэкухэр, гъущI кIапэхэр быдэу къузауэ зэраIыгъ Iэмэпсымэхэр. ПлIанэпэ дыдэм дэтт компьютер мыин, лазер принтеррэ сканеррэ дэщIыгъужу.

Мыбы щIэт станокхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ дахэ цIыкIуу зэгъэкIуауэ зэхэгъэуват, зы щIыпIэ дежи щыплъагъунутэкъым цеххэм щыкуэд пхъэ е гъущI упсахуэхэр, кIапэлъапэ икъухьахэр. Дэнэ дежи, зэщIэкъуауэ, къабзэлъабзэт. КIэщIу жыпIэмэ, мыр сыт хуэдэ Iуэхуми тегъэпсыхьа IэмэпсымэщI цех мыинт.

ИпэжыпIэкIэ, мыбы нэгъуэщI зыгуэрми хуишэрт Хьэдис и гупсысэхэр. ГурыIуэгъуэт цIыхум и зэманым и нэхъыбапIэр мыбдеж зэрыщигъакIуэр, хьэкъыпIэкIэ ар мыбдеж зэрыщыпсэур. ЩыIэт цIыхур нэхъыщхьэу зыхуэныкъуэ псори: плIанэпэм дэт дивангъуэлъыпIэ мыиным стIол цIыкIу бгъэдэтт, абы зытIэкIукIэ пыIухат абджкIэ зэхуэщIа зытхьэщIыпIэ-зыгъэпскIыпIэрэ псыунэ къабзэ цIыкIурэ. Зэхэпхырт жьыху лажьэм и щэхур.

– Мы цехыр ягъэхьэзырат метрор зыухуэхэм. «МафIэгум пкъралъхьэ пкъыгъуэхэр щагъэхьэзыр лъэщапIэ», жыпIэми хъунущ мыбы щхьэкIэ. Ауэ иужькIэ ар рельсхэм нэхъ пэгъунэгъуу ягъэIэпхъуащ. Сэри япэщIыкIэ а метром щылажьэхэм сахэтащ, – щIидзащ и гъусэм, къыдэщIыгъум и упщIэхэм япэ зыкъригъэщ щIыкIэу. – Зыри зыхуэмыныкъуэж мы пэш цIыкIур сэ бэджэнду къысхуагъэнащ. Зыгуэрхэм я гугъащ мыр сIахыжу, сату щащI тыкуэн цIыкIу гуэр къыщIагъэтIысхьэну, ауэ сэ яхуэздакъым, метро мафIэгухэм я датчикхэм сащыкIэлъыплъынущ, жысIэри. Iуэхур щIэт, куэдым нэгъэсауэ къагурыIуэртэкъыми, я фIэщ хъуащ. Нэхъапэхэм сэри зыгуэрхэр зэзгъэзэхуэжт, зэтезгъэпсыхьыжт... Ауэ техникэр ипэкIэ зэрыкIуатэм лей ищIыжащ си IэнатIэри. ИтIанэ ящыгъупщэжащ, адрей куэдыр зэращыгъупщэжым хуэдэу. Си цIэри абы кIэлъыкIуащ, дунейм сытемытам хуэдэу. ХьэкъыпIэкIэ, арат сэри сызыхуэныкъуэр. Гупсысэ гъэфIахэмрэ мурад гъэтIыгъуахэмрэ сызэщIаубыдат. Сэ мыбдеж сыщыпсэурт икIи сыщылажьэрт, нэр зытемыплъэ гъуэбжэгъуэщым хуэдэу. Щэхурыпхъуэ-щэхурыIэбэу, си Iуэху зесхуэжырт.

Псэлъэным щыужа цIыхур, гузавэу, чехыбзэ-урысыбзэ зэхэтым зэзэмызэ хуэкIуэ пэтми, абы жиIэхэр гурыIуэгъуэт.

Хьэдис и нэIуасэщIэр егъэлеяуэ сакът. Ар нэхъри и фIэщ хъуащ пэш кIуэцIым иIэ нэгъуэщI блыным щыбгъэдишам. Иджыри зы бжэ гъэпщкIуа хэлът абы. А бжэр апхуэдизу Iэзэу халъхьати, зэеплъыгъуэкIэ гу лъыптэнутэкъым. Ар къыщызэIукIыр езы хэгъэрейм щIыпIэ гуэрым деж и Iэпэр трикъузэмэт.

### 3. Зэманым зэрыщызекIуэ Iэмал

Бжэр я щIыбагъкIэ щрашэлIэжу, халат хужьхэр зыщатIэгъа нэужь, Iэпэзэрыгъыу зэпрыкIащ... гъазэ здимыIэж Рубикон псым. Ахэр къыщIэхутащ гъущIыбжэ зыхэлъ... пасэрей телефон псэлъапIэ пэш цIыкIум. Апхуэдэхэр иджы Праги щыбгъуэтыжынукъым, музейм ущымылъыхъуэмэ. Абы адэкIэ телефон будкэ цIыкIу къыщытт.

Абы и кӀуэцӀри апхуэдизу къызэрыкӀуэу зэгъэпэщати, ауи уи нэгу къыщӀигъэхьэнутэкъым щӀэныгъэ зыужьыныгъэмрэ нанотехнологиемрэ.

Пэжу къыщӀэкӀынщ зэчийр къызэрыкӀуэ Ӏуэхуу зэрыщытыр. Мы телефон псэлъапӀэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкӀыр арати, абы щӀэтт пхъэ шэнт щхьэгуэ, щхьэнтэ къуэлэн цӀыкӀуи телъыжу. Абы тетӀысхьэм и нэхэм яхуэзанщӀэу электроннэ табло фӀэлът. КъыщӀыхьар шэнтым зэрытетӀысхьэу, ар, нэм къегуэпылӀэу, щхъуантӀэу къыщӀэнэрт. Арат зэманым зэрыщызекӀуэ машинэ хъужри. Ӏуэхум щымыгъуазэм абы и акъыл ауи хуэкӀуэнутэкъым...

Ауэ а пэш къызэрыкӀуэ цӀыкӀум икӀи шынагъуэм Хьэдис щӀишэн ипэкӀэ, икӀэм-икӀэжым и цӀэр къыжезыӀа и гъусэм – Карел Новак – кӀэщӀу щигъэгъуэзащ Ӏуэхур зыӀутым. ЖыпӀэ хъунут зэманыр къызэзынэкӀ машинэр жыжьэрыкӀуэу. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, абы уидзынутэкъым блэкӀа гъунэгъум, курыт лӀэщӀыгъуэхэм, пасэрей дунейм, уеблэмэ мывэ лъэхъэнэ палеолитым и Ӏыхьэ кӀасэм. Хьэдиси хъуапсэртэкъым а лъэхъэнэхэм къыщыхутэну: къызэрыщыхъумкӀэ, ахэр зэман щӀэныгъэншэт икӀи кӀыфӀт.

И нэӀуасэщӀэм къызэрыгуригъэӀуамкӀэ, зекӀуэ ежьэнур «линга шарира» жыхуаӀэ и астральнэ пкъырат. Ар зыми илъагъукъым, блынми пхрокӀыф, ауэ дзакӀэ жаным фӀэуэ хъунукъым. Ӏэмал зэриӀэкӀэ защыхъумэн хуейщ папцӀэу хъуам. Къамэпэм, мыжурэпэм, бжыпэм, шабзэпэхэм запэщӀимыгъахуэмэ нэхъыфӀщ. Сакъ и анэ гъыркъым. Абы къищынэмыщӀауэ, зыми еӀэб хъунукъым. ЖаӀэм едэӀун, ящӀэр зригъэлъагъун къудейт, театрым щӀэсым хуэдэу.

Зэманым къыщызыкӀухьым жэуаплыныгъэшхуэ ехь: блэкӀа лӀэщӀыгъуэхэм цӀыху щиукӀмэ, абы къытепщӀыкӀыжахэр зэрыщыту ди зэманми хэбзэхыкӀынущ... Хьэдис къыгурыӀуащ псори, ауэ, итӀани, езым зицӀыхужти, шынащ и жьэмрэ и Ӏэмрэ хуэмыубыдынкӀэ. Сытми, Карел Новак Хьэдис и тхьэкӀумэр къиӀуэнтӀащ: къызжиӀакъым жумыӀэж... Хьэдиси и бзэгупэм едзэкъэжащ. Абы зы упщӀэ иӀэт иджыри: зыхуей хэгъэгум, щӀыпӀэм дауэ кӀуэну?

– «Линга шарира» жыхуаӀэр, хуеймэ, здыхуейм деж къыщохутэф – уегупсыс къудеймэ зэфӀэкӀащ. АтӀэ, хьейдэ, гъуэгу махуэ, уи Ӏуэху фӀы ухъу!..

Хьэдис жыгей пхъэ шэнт цӀыкӀум щытетӀысхьэм, и шынэри, и гурыщхъуэхэри псори зэхыхьэжри, къэгужьеящ. КъыфӀэщӀащ ар цӀыхур ӀэпкълъэпкъкӀэ зэрагъэдзыхэ электрическэ шэнту. Къыщыхъуащ абы электрокъару кърашэлӀауэ. Техьэгъуэ мынэӀуасэм иубыда и пкъым кӀэзызу щӀидзащ. ЗыхищӀэу къыгурыӀуащ чэ зэриӀэр. ЗыщӀыпӀэ щеджауэ, игу къэкӀыжащ «линга шарира» жыхуаӀэр чэм зэрыхэтыр. Абы дэщӀыгъуу и щхьэм къихьэжащ Ӏэпкълъэпкъ пщыкӀутӀым ящыщу чэм и мыхьэнэмрэ ар цӀыху Ӏэпкълъэпкъым щӀыхэлъымрэ официальнэ щӀэныгъэм нобэр къыздэсым зэрызэхимыгъэкӀар.

АрщхьэкӀэ, и пащхьэм таблор къыщыблэм, зыгъэгузэва псори и щхьэм илъэтыжащ. Ар икӀи гурыӀуэгъуэт. Мыпхуэдэ тхыгъэхэмрэ сатырхэмрэ абы игъащӀэм илъэгъуатэкъым. Ахэр хуабжьу къащхьэщыкӀырт еджапӀэм зыхурагъэджа геологие пӀалъэхэмрэ кърагъэлъэгъуа тхыдэ хронологиемрэ. Ауэ ахэр зэригъэпщэну, зэрызэщхьэщыкӀ, зэрызэщхьхэр зэхигъэкӀыну, абы уфӀэкӀынщи, зыгуэрым едэуэну лъэкӀыныгъи, зэмани, гукъыдэжи иӀэтэкъым. Къыхи-

хыну тхыдэ лъэхъэнэмкIи куэдрэ чэнджэщакъым. Ар зыщIэхъуэпсыр зыт – атлантхэмрэ нартхэмрэ Кавказым щыщыпсэуа зэманым къыщыхутэнырт.

Мы таблом ит дэфтэрым сатыр щхьэхуэу тхыдэ лъэхъэнэ пычыгъуитху къыщыхьат:

ПэщIэдзэм я пэщIэдзэж (Изначальнэ) – (Лаврентий, Кембрий, Силурий – илъэс 171 200 000-рэ)

ПэщIэдзэ (Первичнэ) – (Девон, Уголь, Пермь – илъэс 103 040 000-рэ)

ЕтIуанэ (Вторичнэ) – (Триас, Юр, Мел – илъэс 36 800 000-рэ)

Ещанэ (Третичнэ) – (Эоцен, Миоцен, Плиоцен – илъэс 7 360 000-рэ)

ЕплIанэ (Четвертичнэ) – (илъэс 1 600 000-рэ)

Хьэдис щIэхъуэпсырт Плиоценымрэ ЕплIанэ лъэхъэнэмрэ я зэпылъыпIэм деж къыщыхутэну. Илъэс мелуанрэ никъуэрэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ... Зи континентыр хым щIэтIысыкIыу, зы хытIыгу закъуэ нэхъ къызыхуэмынэжа, абыи къащыпэплъэр зыхуэдэр къызыгурыIуа атлантхэм, я щхьэ яхъумэжу, щIы хъурейм и бгылъэ щIыпIэхэм куэшын[1] щыщIадза лъэхъэнэм...

Арати, а гупсысэхэр зи щхьэм бжьэ къэпщIауэ щыву Хьэдис Iэнкуну тетIысхьащ щхьэнтэ къуэлэн зытелъ жыгей шэнт щхьэгуэ цIыкIум. ИкIи хуежьащ и гупсысэхэр игъэсабырыну, зи ужь ихьа дауэдапщэхэм псэкIэ захуигъэхьэзырыну. Ауэ дэнэ къикIыну зэпIэзэрытыныгъэ, апхуэдэ къыпэплъэу! АдэкIи-мыдэкIи щымыщу, игу къридзэжащ зы гупсысэ хьэдэгъуэдахэ: хэти зэрыхуейуэ къыхех и бзылъхугъэр, и диныр, и гъуэгур. Абы дэщIыгъууи хьэкъыпIэкIэ къыгурыIуащ: и гупсысэхэр зэщIикъуэу, ахэр тэмэму зыунэтIыну щыIэр зы закъуэщ – и Iэпкълъэпкъыр зэщIиубыдэу и гущIэм къыщыхъей пасэрей пIейтеиныгъэрщ, сыт щыгъуэ зэмани щIыуэпсым лъым къыхиутхэ адреналинырщ. Апхуэдэ къабзэу игу къэкIыжащ Гагарин япэу хьэршым зыщиIэтым, «поехали!» зэрыжиIар. Абы къригъэкIар ипэкIэ кIуэныр арамэ, сыт абы иджыпсту жиIэн хуейр? Мыбдеж нэхъ къыщезэгъыу къыщыхъури, и щхьэ хужиIэжащ: «Неблагъэ блэкIам!»

Трикъузащ еплIанэ лъэхъэнэм (Четвертичнэм) и сатыр кIапэм.

Пэш цIыкIум и блынхэр зууэ кIуэдащ, «Иван Васильевич меняет профессию» фильмым зэрыхэтым ещхьыркъабзэу.

## 4. Тхьэхэм я санэхуафэм

И гум илъыр Кавказрати, Iуащхьэмахуэ щыгу къыщыхутащ. Ауэ мыр сыт гъэщIэгъуэн?! Iуащхьэмахуэ Европэм и бгы нэхъ лъагэм ещхькъым, нэхъ лъахъшэщ икIи нэхъ щхьэгуэщ. КIэщIу жыпIэмэ, бгыкъым, Iуащхьэщ. Абы уфIэкIынщи, уи нэр здынэплъысым нэс плъагъур зэрыщыту мэзхэм зэщIагъэбаринэ Iуащхьэ защIэщ. Дэнэ щыIэ къыр уэсылъэхэр, мылылъэхэр? Дэнэ щыIэ Кавказ Иныр, Кавказ ЦIыкIур? Дэнэ щыIэ Казбек уардэр, Iуащхьэмахуэ и щыгу цIэнтхъуэрыгъуэхэр?

Iуащхьэмахуэ щыгум и хьэуари нэгъуэщIщ. ЛъагапIэм и хьэуар нэхъ къабзэу щытын хуейкъэ хьэкъыпIэкIэ? Ауэ Хьэдис зэса щIыуэпс

[1] Куэшын – Iэпхъуэн.

хабзэхэр мыбдеж къыщемызэгъыу къыщIэкIащ. Хьэуар, къуажэ шатэм хуэдэу, Iувщ. Ар Хьэдис и тхьэмбылым нэмысу, и тэмакъ щIыIум къыщыувыIащ. Фадэ гуащIэ еIуба фIэкIа умыщIэну, жьы къыпиубыдащ. Пщэдджыжь нэхулъэми зыкъызэщIичыххэкъым. Зы дакъикъэм къриубыдэу, зэ закъуэщ зэрыбэуэфыр. Ауэ ари къелыжу хурокъу. Зэ фIыуэ хущхьа нэужь, и Iэпкълъэпкъми къарукIэ зигъэнщIыжащ. Игу къызэрыгъуэтыжауэ, ихъуреягъкIэ зиплъыхьащ.

Iуащхьэмахуэ Iуащхьэ къудейуэ нэхъапэм къыщыхъуа щхьэкIэ, абы къыхэпIиикIт къыр ин. Ар плIимэт, унэ зэтетым ещхьу гъэпсат. Къыр задэр абы пэIэщIэт икIи лъэныкъуэкIэ къыщытт, ауэ, итIани, дэнэ лъэныкъуэкIи къыщытым хуэдэу, ар IупщIу илъагъурт. А къырым и курыкупсэм деж, удз гъэгъахэм зэщIащта хуейм метрищэ хуэдизкIэ щхьэщыIэтыкIауэ, бгъуэнщIагъышхуэ иIэт. БгъуэнщIагъым и лъащIэкIэ бгы блыныр апхуэдизу задэт икIи джафэу хъуати, фIэгъэнапIи теувапIи иIэтэкъым. Псэ зыIут лъэсырызекIуэ абы дэкIуеифынкIэ Iэмал зимыIэт. А псэуалъэм и мыхьэнэр Хьэдис зэуэ къыгурыIуакъым. Ар цIыхуIэм зэрищIам шэч хэлътэкъым. Ауэ сыт хуэдэ акъыл зыхузэгъэзэхуэнур а Iуэху къызэрымыкIуэр, сыт хуэдэ къару къырым бгъуэнщIагъ пэшышхуэ къыхэзыудыфынур? А упщIэхэм жэуап щаритыфынур, дауи, а бгъуэнщIагъ пэшым щIыхьа нэужьщ.

Хьэдис и Iуэху зэрыхъунум здегупсысым, адыгэбзэм ещхь псалъэмакъ и тхьэкIумэм къоIуэ. Джабэ нэкIухэм кIэрыт жыгей, бжей мэз Iувхэм къахэкIри, Iуащхьэмахуэ и щыгу куейм къихьащ лIитI. Ахэр зэрыиныжь лъэпкъым шэч хэлътэкъым, я лъагагъыр, зы мыхъумэ, метрищым зэрынэхьэсынут. Абы щыгъуэми, зыр нэхъ инт, адрейр абы и дамащхьэм къэс къудейт.



Нэхъ иным цIыкIум зыхуегъазэри жеIэ:

– Сосрыкъуэ, дыгъуэпшыхь тхьэпэлъытэхэр зэхуэсри, зэчэнджэщащ нобэрей санэхуафэм и IуэхукIэ. Езы Псатхьэ тхьэмадэу щысти, къэтэджри щIэупщIащ:

– Хэт еттын ди санэхубжьэр, цIыху цIыкIухэм я цIэкIэ едгъэфэну? Хэт нэхъ лъэщ, щIым тетхэм ящыщу?

– Нартхэ я тхьэмадэ Нэсрэн ЖьакIэ! – жиIащ Созрэщ.

– Хьэуэ, Къанж и къуэ Щэуей нэхъ щакIуэшхуэ Нарт Хэкум искъым. Абы хуэфащэщ ди санэхубжьэр, – къигъэIуащ и макъ Мэзытхьэ.

– Хьэуэ, Гуэргуэныжь нэхърэ а бжьэр нэхъ зыхуэфащэ Нарт Хэкум искъым. Ар нартхэ я кхъуахъуэ темыкIщ, – идакъым Амыщ.

– Хьэуэ, Хъымыщ нэхъ хуэфащэщ ди санэхубжьэр, мэш щIэнкIэ абы нэхъ IэкIуэлъакIуэ Нарт Хэкум искъым, – и псалъэ къыхилъхьащ Тхьэгъэлэджи.

– Хьэуэ, – жысIэри сыкъэтэджащ сэ. – А фэ зи цIэ къифIуа псори фщигъэгъупщэжыну Нарт Хэкум лIы къихъухьащ. ЩIыкъатиблкIэ хэукIауэ щыта си сыджыр къыхичыфри, нэхъ куужу хисэжащ. Ар щIалэщ, щIалэ пэтми, абы нэхъ лъэщ Нарт щIыгум искъым.

– Хэт а жыхуэпIэр? – зыжьэу щIэупщIащ псори.

– Сосрыкъуэщ абы и цIэр! Аращ ди санэхубжьэри зыхуэфащэр! – щIэзгъэбыдащ сэ. – Абы иужькIэ, зэдауэ куэд хэмытыжу, унафэ къысхуащIащ нобэ уахэсшэну. Сыпщыгугъыу, уи цIэр къисIуащи, си напэр тумых. Тхьэпэлъытэхэм уапэмыпсэлъэж, уемыдауэ, Iэдэбагъ

зыхэгъэлъ. УмыщIэм ущIэупщIэ хъунущ, абы емыкIу хэлъкъым. Езыхэми къыбжаIэнущ уэ пщIапхъэу къалъытэр.

«Мы лIы хъарзынитIыр а бгъуэнщIагъра хъунщ здэкIуэр, – Хьэдис игу къэкIащ напIэзыпIэм. – Лъэпщ тхьэпэлъытэхэм я санэхуафэм Сосрыкъуэ ешэ. СызыщIэхъуэпс дыдэр си насып къихьащ. Мис иджы нахуэ хъунущ иджыри къэс сэркIэ щэхуу е гурыгъу-гурыщIэу щыта куэд. Ауэ зыри сщIэркъым икIи си макъи къэзгъэIуркъым. Нобэ сыплъакIуэ-дэIуакIуэ къудейщ. Пасэрей тхыдэ театрым сыкъэкIуа хуэдэщ...»

Арати, Лъэпщрэ Сосрыкъуэрэ ещанэу закъуедзэ абы... ИкIи гу зылъамытэ я ныбжь мэхъу. «Мыхэр къурш щыгум нэхъ и гъунэгъу мы бгъуэнщIагъым дауэ щIыхьэну?» – йогупсыс пIейтейуэ. Хьэдис и гупсысэм къеджа нэхъей, Лъэпщ Сосрыкъуэ зыкъыхуегъазэ:

– Сосрыкъуэу лIым я лей. Тхьэпэлъытэхэм Iэмал куэд яIэщ уафэми щIылъэми ирищызекIуэу, хы щIагъми ирищIыхьэу. Ауэ абыхэм нобэ уэ зэхэзещхъуэн уамыщIын, пIейтеиныгъэ лей ухамыгъэтын папщIэ, къыпхуагъуэтыну къыщIэкIынщ цIыху цIыкIухэм къызэрыгуэкIыу къащыхъуну Iэмал. ПкIэлъей кърагъэувэхынущи, дыдэкIуеинущ. Ауэ быдэу теувэ, тхьэпэлъытэхэм уагъэунэхуну хуежьэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

Лъэпщ зэрыжиIам хуэдэу, теувапIэ бгъуэхэр зиIэ жыгей дэкIуеипIэшхуэ кърагъэувэх. Абы теувэу, и бгъумкIэ иIэ убыдыпIэхэм зыкIэращIа къудейуэ, шы емэлыджым зыкърITа нэхъей, пкIэлъейр задэу драхьеиж.



Тхьэпэлъытэ хэгъэрейхэр нарт хьэщIэм пэплъэу зэхэсыххэт. Тхьэгъэлэдж, Мэзытхьэ, Амыщ, Созрэщ сымэ къаузэда Iэнэр шхыныгъуэ къызэрымыкIуэхэм къакъутэрт. Темыт щыIэтэкъым: щыхь куцIымрэ фо цIынэмрэ щегъэжьауэ, мэз мэракIуэ хэплъыхьахэм, мэз кхъужьымрэ мымрэ, абыхэм къыщIахуа псыхэм деж щиухыжу. Бахъэр къызыщхьэщих щыхьыл гъэвар, дзажэ гъур гъэжьар, нэкулъ хэплъыхьахэр. Жэрумэ гурыхьхэр зэрылъ тепщэчышхуэхэм ябгъурытщ бжьыныху шыгъурэ шху Iэпэшыпсрэ зэрылъ щIэт цIыкIухэр, япэжыжьэкъым нартыху пIастэри мырамысэри. Къуэнымэ-бжьынымэр ящхьэщытщ лыцIыкIулыбжьэм, джэд лыбжьэм, кхъуейжьапхъэмрэ джэш лыбжьэмрэ. Я чэзум йожьэри, Iэнэ щхьэхуэм тетщ IэфIыкIэхэу – хьэлыуэ Iэнэр, тхъурыжь тхъуэплъхэр, къэб хьэлыуэр, форэ тхъукIэ зэхэлъхьа хуламэр... ХадэхэкIыу – нащэбэгу щхъуантIэхэр, пIэтрэжан Iэрамэхэр, балыджэ плъыжь блахэр, пхъэщхьэмыщхьэхэм ящыщу тIамыхэр[1], тIамыгъуэхэр, тIамыплъхэр, мыIэрысэ тхъуэплъхэмрэ кхъужь гъуэжьхэмрэ, къыпцIэ зэгуэпкIхэр, балий гъуэжьхэмрэ плъыжьхэмрэ зэхэлъу, мэз мэракIуэхэр... Абдж кхъуэщынышхуэхэм ярыту Iэнэ къэс тетщ махъсымэр... Гъуэзыр къызыхих нартсанэр абдеж дыдэм къыщыщIожри, Iэнэм и лъэныкъуитIымкIи псынэпсыр щожэх, уеIэбыхыу къыщIэбгъэлъэн фIэкIа хуэмейуэ.

Зызыгъэзыжу жьантIэм дэс Псатхьэ къотэджри, хьэщIэхэм къапожьэ:

– Къеблагъэ, зи хьэщIэгъуэр тхуэмыгъуэт Сосрыкъуэ. Хэгъэрейм и сэмэгурабгъукIэ уи тIысыпIэри хьэзырщ. Лъэпщ апхуэдэу дыхуэгузавэкъым, ар зэрыхьэщIэм нэхърэ зэрыхэгъэрейр нэхъыбэщ – дызэхыхьэху къэси къытхэтщ. Абы езым и тIысыпIэ иIэжщ... Мыдэ тхьэ-

[1] ТIамы – пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэ. /Апельсин.

хэм ди кӀадэр зыдэт жьантӀэмкӀэ къыдыхьэ япэщӀыкӀэ... Япэ бжьэр къыпхурагъэхъуащи, гъуаткӀуэ[1] къыумынэу ефэ. Мис итӀанэ Ӏэнэм детӀысылӀэнщи, зыгуэрхэмкӀэ укъызэупщӀынумэ ухуитщ, Тхьэхэр зэтар уэращ...

## 5. ГъащӀэм и мыхьэнэр

Сосрыкъуэ, Ӏэдэб хэлъу, мэкӀуатэри, жеӀэ:

– Зи щӀыхьыр лъагэ, гъащӀэ мыкӀуэщӀ зиӀэ Псатхьэ, пщӀэшхуэ къысхуэфщӀащ мызыгъуэгум, санэхубжьэ къысхуэвгъэфащэри. Ар сэркӀэ гуимыкӀыжщ. Мыбдеж щызэхэсхамрэ щыслъэгъуамрэ, зыри сымыбзыщӀу икӀи щӀызмыгъуу, нартхэм яхуэсӀуэтэжыну фыкъызогъэгугъэ. АтӀэ, сыт и мыхьэнэр мы фи ефэ-ешхэм, икӀи сыт къысхуищӀэнур фи санэхубжьэм? Ар езыр сыт хуэдэ фадэ?

– Япэрауэ, санэр фадэкъым икӀи афиянкъым. Мы укъызыхыхьари ефэ-ешхэкъым, мыр щӀэныгъэ зэӀущӀэщ. Санэхубжьэм ди акъылымрэ ди пкъымрэ егъэжан. Дыхуегъэхьэзыр Тхьэшхуэм къигъэщӀа дунейм и мыхьэнэр къыдгурыӀуэным.

Уэри санэхубжьэр пӀэта нэужь, узэрыщыта ухъужынукъым. Иджы уэ, дэ тхуэдэу, зэхэпхынущ щӀыуэпсым и макъ щэхухэр, цӀыху къызэрыгуэкӀым и пщӀыхьэпӀи къыхэмыхуэ сурэтхэр уи нэгу щӀэкӀынущ, игъащӀэм умыгъэунэхуа епэрымэ гуащӀэхэр къыпщӀихьэнущ. Уи щхьэм къыщыушынущ заудыгъуауэ тӀупхым[2] къуэса гупсысэхэр. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, уэри зыгуэркӀэ, дэ дэщхьу, тхьэпэлъытэ ухъунущ.

Сосрыкъуэ мэкӀуатэри, тхьэпэлъытэхэм иджыри зэ фӀыщӀэ яхуещӀ, япэ бжьэр еӀэт, егъэщӀейри, егъэкӀуасэ. И джийм еха санэпсым ар къегъаскӀэ, къегъэтхытх, и щхьэфэцри, и щхъуэцри къегъэтэдж, дуней нэхур къытеункӀыфӀэ къыщохъу. ЗыкъищӀэжу, игу къызэрыгъуэтыжа нэужь, гупым къахэзыша Лъэпщ, къыдищтэнкӀэ гугъэу, хуоплъэкӀ. Ауэ абы и нэхэр лъэныкъуэкӀэ зэрыплъызэр щилъагъукӀэ, Ӏэнкун къохъу. Сосрыкъуэ щытщ мыхъейуэ, зэфам и гур къигъэжанауэ, и гурыӀупсри къигъэжауэ.

– Иджыри, хъуну щытмэ, зы бжьэ севгъэфэж, – мэлъаӀуэ Сосрыкъуэ.

– Хьэуэ, дэ ди хабзэкъым зы бжьэ нэхъыбэ щӀым щызекӀуэхэр едгъафэу! – жеӀэри, идэкъым Псатхьэ.

АрщхьэкӀэ Сосрыкъуэ фӀыщэу зылъагъу Лъэпщ и щхьэр къеӀэтри, къопсалъэ:

– Ягъэ кӀынкъым, иджыри зы бжьэ закъуэ едвгъэтыж, зи мыхъуми, щӀылъэм тетхэм нэхъ гъэщӀэгъуэну яхуиӀуэтэжынщ ди тхьэ санэм и гуащӀагъыр.

– Евгъафэ иджыри зы бжьэ, – къэпсэлъащ Амыщи.

– Хъунщ-тӀэ, фэ евгъафэ щыжыфӀэкӀэ, ирефэ. Ауэ игъащӀэ лъандэрэ зетхьэ хабзэр мэкъутэ. Дэ псоми яхуэтшийуэ щытар зы бжьэ закъуэщ, – жиӀащ Псатхьэ.

– Хабзэр зэрыпщӀщ, – жиӀэри, Мэзытхьэ къэтэджри, тхьэ кӀадэм щхьэщыуващ, бжьэр иӀыгъыу.



[1] ГъуаткӀуэ – ткӀуэпс.

[2] ТӀупх – къуэгъэнапӀэ.

ЕтIуанэ санэбжьэм нэжэгужэ къищIа Сосрыкъуэ тхьэпэлъытэхэм ядэщIыгъуу хьэщIэ Iэнэм йотIысылIэ. Я мэжалIэр ирагъэкIыу, тIэкIу зызэIурагъэуа нэужь, нарт хьэщIэм и упщIэхэм пэплъэу, Псатхьи зыкъегъазэ. Сосрыкъуи хьэзырыпсти, къопсалъэ:

– ПщIэ зыхуэтщI Псатхьэ. Къысхуэвгъэфэща япэ санэбжьэм си акъылыр къигъэжанащ. ЕтIуанэу сызэвгъэфа бжьэм куэдым сригъэгупсысащ, упщIэ къызэрымыкIуэхэр къысхуигъэушащ. Абыхэм я жэуапым уи деж сыщылъыхъуэ хъуну щытмэ...

– Сыт щIэмыхъунур? Хъунущи, тIыгъуэжынущ... Бжьэ ущIедгъэфар удгъэудэфэн щхьэкIэкъым. Ар зэгъащIэ, дяпэкIи уигу игъэлъ, узыхыхьэжыну нартхэми яхуэIуэтэж. Зы бжьэмкIэ укъэувыIауэ щытамэ нэхъыфIт. ЕтIуанэм емыкIу къыуигъэхьынкIэ зыри хуэIуакъым.... Ауэ дэ, уи хьэтыр тлъагъури, уи лъэIур пхуэдгъэзэщIащ. АдэкIэ уэ уи Iуэхужщ. Уэри, уи щхьэ акъыл уиIэжу, дэ укъытхуэдэ зыщ.

– Сыщыфхуэдэ зыкIэ, щхьэихауэ сынывэупщIынщ. Нартхэм фэр щхьэкIэ «тхьэ» жаIэкъым, «тхьэпэлъытэщ» къызэрыфкIэлъыпсалъэр. Ар сыт къызыхэкIыр? Фэрэ дэрэ сыт дызэрызэщхьэщыкIыр?

– Пэж дыдэщ, санэбжьэм жан ищIа уи нарт акъылымкIэ куэдым гу лъыботэ. Фэри дэри дызэхуэдэ цIыхущ, тхьэм дыкъигъэщIауэ. Ауэ фи лъэкIыныгъэмрэ дыдеймрэ зэбгъапщэмэ, дэ тхьэм дыхуэдэщ. Тэрэз дыдэу «тхьэпэлъытэ» жывоIэ дэр щхьэкIэ. Дэ лъэкIыныгъэшхуэхэр диIэщ. Нартхэм илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ фIэкIа къамыгъащIэмэ, дэ илъэс миным зэрынэхьэскIэ дунейм дытетщ. Ар фи дежкIэ пIалъэшхуэщ, аращ тхьэпэлъытэхэр дымылIэжыныпсэу къызыщыхъухэри къыщIыфхэтыр. Дэ фэ фхуэдэу дысымаджэкъым. Дэтхэнэ узми и хущхъуэгъуэ диIэщ, сапсауэ дигъэхъужу. Дыузыншэрэ дылъэрытету, лIэщIыгъуипщIыр къызэпыдочри, жьыщхьэ махуэ дохъу. Дэ дэни дыщопсэуф: щIы щIагъым дыщыбампIэкъым, мафIэм дискъым, псым дитхьэлэкъым. Дамэ ттемытми, уэгум дыщохуэрзэф. ПэрыуэгъуншэУ, дэнэ щIыпIи дыкъыщохутэф, дызэмыпсалъэуи дызэгуроIуэ, дигу илъыр зэрощIэ. КъащIэ диIэщ, ди къэкIуэнур зэрыхъунум дыщыгъуазэщ. ЩIылъэр ди жыхафэгущ, уафэр ди унащхьэщ.

– АтIэ, щхьэ дызэхуэмыдэрэ, псори тхьэм дыкъигъэщIамэ?

– Нартхэри зэгуэрым тхьэпэлъытэхэм фыкъытхэтащ, арщхьэкIэ жыIэдаIуэу, вэгъзэгъыу фызэрыщымытым къыхэкIкIэ щIылъэм фетхухащ. Дэ ди мардэ диIэжщ, санэ дыщефэр илъэсым зэщ. Фэ, нартхэм, уэгъури чыхури къывгурыIуэркъым, фызыхуейм гъуни нэзи иIэкъым. Зэ фрихьэжьамэ, къэувыIэжыкIэ фщIэркъым, Iэжьэкъур ивочыпэ. ФиIэмэ, фигу къэкIыху, фигу пэщыху, санэ фефэнущ – абы щхьэкIэ ущхьэгъуи[1] фыхуейкъым. Делэм махуэ къэси и хьэгъуэлIыгъуэщ. Уи жагъуэ умыщI апхуэдэу зэрыжысIэр. Ебгъэлеймэ, хущхъуэри щхъухь мэхъуж. Аращ санэ жылэри санэпсри щIыфщыдгъэпщкIуар... Ауэ фэ фIыщIэ къытхуэфщI зэпыту фыпсэун хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сабийм хуэдэу фытпIащ, федгъэсащ мэш фщIэуэ, фыщакIуэу, вагъуэхэмкIэ гъэ пIалъэхэр къафщIэу, бынунагъуэу фыпсэууэ, жылагъуэ зэхэтыкIэ тэмэм фиIэу.

– Тхьэпэлъытэхэм къащIэ фиIэу жывоIэ... АтIэ, сыт дяпэкIэ къытпэплъэр? – зэрызэгуэпар ирикъухыу, Сосрыкъуэ адэкIэ щIоупщIэ.

– Уэ, дауи, гу лъыптагъэнщ Iуащхьэмахуэ зи тIысыпIэ тхьэпэ-

[1] Ущхьэгъу – щхьэусыгъуэ.

лъытэхэм бзылъхугъэ къызэрытхэмытым. Дэ дыкъызэрыфщхьэщыкIым ар ящыщ зыщи, унагъуи, щхьэгъуси, быни диIэкъым. Дэ ди пIэ зыри къиувэнукъым. Дэ дыиужьрейщ.

Абы къищынэмыщIауэ, куэд мыщIэу щIыр хуабжьу хъеинущи, Кавказым и иджырей лъагапIэхэм нэхъри зыкъаIэтынущ. Iуащхьэмахуэ мафIэ кърихунущ, мывэхэр ткIуаткIуэу къижынурэ, къыр папцIэу жыжынущ. Псори упщIыIужу и пIэ изэгъэжа нэужь, бгы щыгухэм уэс къыщесынурэ, ахэр зэщIэщтхьэжынущ...

– Фэ дауэ фыхъуну?

– Дэ ди Iуэхур щхьэхуэщ. Дэ укъытщIэмыгупсыс. Дэ дэни дыщыпсэуфынущ – щIы щIагъми, хы щIагъми.

– Нартхэм сыт къапэплъэр?

– Нартхэр дунейм текIыжынукъым. Ахэр мащIэ-мащIэурэ яхэшыпсыхьыжынущ къакIэлъыкIуэну цIыху цIыкIужьейхэм. Иужьрейхэр нартхэм я бзэкIэ псэлъэнущ, абыхэм нарт щэнхэри зыхаубыдэнущ, нарт фащэри зыщатIэгъэнущ. Ари яхуэину, ящылэлу зы зэман гуэркIэ кърахьэкIынущ. ИтIанэ езыхэм яхуэфIу ядыжынущ. Ауэ къызэрыфэ фащэм къыхэнэнущ фи фэеплъыр. ЛIы цейхэмрэ бзылъхугъэ бостейхэмрэ я Iэгъуапэр нэхъ кIыхьу къыпыщу къэнэнущ, фащэр къызыщыкIам и фэеплъу. Апхуэдэ къабзэу къахуэнэнущ фи нарт хъыбарыжьхэри...

– ЩIылъэм къищынэмыщIауэ, цIыхухэр иджыри дэнэ щыпсэурэ?

– ЦIыхухэр щIы щIагъми, хы щIагъми щопсэу. Уэгу хьэршым хуэдэ къабзэу, щIы щIагъми езым и хьэрш иIэжщ. ХитIым яку зыщызыукъуэдия кавказыбгхэм я тхым и кIыхьагъым хуэдэурэ блы мэхъу щIым и кумылэм и кууагъыр. ЩIы щIагъым и къэухь ин дыдэхэм щоуфафэ хыхэр, щодаущ псыежэххэр, щызэщIофие жьапщэхэр. Ари нэгъуэщI зы дуней лIэужьыгъуэщ... Къамыхутауэ икIи зэгуэрми къамыхутэну. Абдеж сыт щыгъуи щыхуабэщ, махуэ зэфэзэщщ, сыту жыпIэмэ щIы кумылэр дыгъэм хуэдэу пщтырщ икIи нэхущ. МафIэ жьэражьэр здэмыужьых щIыуэпс хьэкущ ар. Абы и гъунэгъуу псэу цIыхухэр игъащIэми хуэныкъуакъым фIамыщIи, пхъэ гъэсыни, электрокъару хэкIыпIи...

– Зи щIэныгъэхэр иным я иныж, зи Iэзагъым гъуни нэзи имыIэ Псатхьэ. Уи цIэм хуэдэщ уи щхьэри. Псэм и щэхур пщIэуэ къыщIэкIынщ. Тхьэшхуэм цIыхур щызришэлIэжкIэ, ар еплъкъым ныбжьми, мылъкуми, щIэныгъэми. Жьыри щIэри малIэ. Абы къищынэмыщIауэ, гугъу ехьу, екъуу зи гъащIэр зыхь, гуэныхь зытемылъ Iэджи пасэу дунейм йохыж. ЦIыхуукIхэр, дыгъуэгъуакIуэхэр, Iулъхьэ къезыIыххэр тхъэжу мэпсэу, жьы дыдэ хъуху. Ар сыт къызыхэкIыр? Ар захуагъэ?

– Нартхэм я лIыкIуэ Сосрыкъуэ, къэдаIуэ. ЦIыхуцIэ зиIэр мы дунейм къызэрытехъуэрэ ирызодауэ гъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэм. Ауэ ар зыми белджылы хуэщIакъым. Зым жеIэ цIыхур дунейм къыщIытехъуэр бын къыщIэхъуэу, ар ипIыжын хуейуэ арауэ, адрейм гъащIэм и мыхьэнэр зыхилъагъуэр и лэжьыгъэмрэ иугъуей мылъкумрэщ. Ещанэм жеIэ цIыхухэм къыхуащI пщIэр нэхъапэу. Узыншагъэр псом я щхьэжу зыгъэувыну хуежьэхэри мащIэкъым. ЩыIэщ нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэхэри. Ауэ сэ къыпхуэстIэщIынщ щэхум я щэхужыр.

Дунейм псэущхьэу тетым щIэжьей къащIохъуэри, япI. Ар щIыуэпс къалэн къудейщ. Дунейм цIыху Iэджи текIыжащ, къуэбын-щэбын хъу-

жауэ, мылъкур къайлъэлъэхыжу, къызыхуэтыншэу псэууэ, узыншэрэ я къарум къикъутэу, ауэ, итIани, я гъащIэмкIэ мыарэзыуэ. Бейхэри магъ... Жыг зытеуэри мэгурым, пщIащэ зытехуэри мэгурым.

ГъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэщ гугъуехьхэм защумыдзеиныр, тыншыгъуэ къыумылъыхъуэныр, гъащIэ мыухыж иIэу тхьэм къыуита уи псэр умыгъэщхьэхыныр, ар умыуфIейуэ гъащIэм и «шэдым» пхрыпхыныр. Псэр зыгуэркIэ ещхьщ зэдэжэхэм зэIэпах баш цIыкIум. А баш цIыкIур пIэпыхумэ, укъэмыжагъэххэ хуэдэщ. ДыкъэзыгъэщIам и пащхьэм уихьэжа нэужь, щIэгуфIыкIынурэ зыкъыпхуигъэзэнущ: «Уи гум илъыр сощIэ, уи IэмыщIэм илъыр къызэт...» Псэм, пцIы хэмылъу, иIуэтэжынущ уи гуэныхьри, уи псапэри...

## 6. Жейбащхъуэ гупсысэхэр

Мыбдежым Хьэдис къызэщыуащ. Прагэ и жэщ уэздыгъэхэри къыщIэнащ, дунейри къэщIыIэтыIащ. Зиукъуэдиящ, и Iэпкълъэпкъ ундэрэбжьар зэригъэкIыу. Зиплъыхьмэ, ар тетIысхьэпIэм тест, и закъуэ дыдэу. Дэнэ щыIэ и нэIуасэр? Зиплъыхьащ, абы лъыхъуэу... ЕпщIыхьа къудеймэ-щэ...

Хущхьэщ, и нэм фIыуэ щIэIуэтыхьри, Дейвицкэ метром ихьэжащ.

Метром деж, шокъу жиIэу, щаIууащ гъуэгу тхылъхэр щIэзыплъыкI къулыкъущIэхэм. Абыхэм, Iэдэб хэлъу, сэлам къррахри, я жетонхэри къыхукъуагъэщащ. Прагэ деж куэдрэ уащэпэщIэхуэнукъым билетхэр щIэзыплъыкIхэм: метром деж – нэхъыбэрэ, трамвайхэм – нэхъ мащIэрэ, автобусхэм – зэзэмызэ дыдэ. Прагэдэсхэр, къанэ щымыIэу, псори проездной тхылъкIэ зокIуэ. Хабзэм ипкъ иткIэ, абыхэм къару щаIэщ къалэ транспорт лIэужьыгъуэ псоми, таксим къищынэмыщIа. АбыхэмкIэ мафIэгуми уитIысхьэ хъунущ, къалэм и къэухьхэм уитыху. ЗэрыщIаплъыкIыр мащIэущ, ауэ гуащIэущ: билетыншэу къаубыдам тезыру абы и уасэм хуэдиз траудри, иужькIэ абы гукъыдэж хуиIэжкъым «тхьэкIумэкIыхьу» къикIухьыным. Хьэдис и электроннэ гъуэгу тхылъыр щIаплъыкIри, кърατыжащ, тхьэгъэпсэур[1] дэщIыгъуу.

Гъуэгу тхылъыр и алътмакъ[2] цIыкIум гузавэу здыдилъхьэжым, гу лъитащ... лъэныкъуитIымкIи ламинировать щIа, Карел Новак и цIэр зытет визит карточкэм. Мыр сыт гъэщIэгъуэн?! Дэни къикIа? Къыщратар къыхуэгубзыгъыжкъым... Абы тхылъымпIэ напэ цIыкIуи дэщIыгъут, чехыбзэкIэ мыпхуэдэу тетхауэ: «Pokud budete chtit znovu ponořit do minulosti, vitejte. Adresa již víte. S pozdravem, Karel Novak...» Абы къикIрат: «БлэкIам и псы архъуанэм иджыри зэ зыщIэбгъэмбрыуэну ухуеймэ, къеблагъэ. Си хэщIапIэр уощIэххэ. Сэлам гуапэ къыуихыжу, Карел Новак...»

АтIэ, пщIыхьэпIэр нахуапIэу къыщыщIидзыжакIэ, и чех ныбжьэгъум гушыIэ хэлъу къызэрыхуитхауэ, Хьэдис хьэзырщ блэкIам иджыри «зыщIигъэмбрыуэну». Ауэ иджы нэхъ и фIэщу зигъэхьэзырынущ, икIи нэгъуэщI тхыдэ лъэхъэнэхэри и плъапIэщ. Абы къищынэмыщIауэ, жэуап зымыгъуэта упщIэ куэд къыхуэнащ...

[1] Тхьэгъэпсэу – фIыщIэ зэрыхуащI псалъэ. /Спасибо.

[2] Алътмакъ – мыбдеж: хьэпшып жыгъейхэр зыдалъхьэ цIыхухъу сумкэ цIыкIу. /Барсеткэ.





МАХУЭЛI Нарзан

## ХЭКУ

Зи къуршхэр пшэм хуеплъыхыу лъагэ!
Зи тафэр хуит! Зи къуэпсыр куу!
Сызыгъэлъэщ!.. Сызэрыпагэ!..
ХъуэпсэхукIэ си псэр зыдежьу!

Пэджэжу тхыдэ зэгъэжахэм
Щэху Iэджэм псэр щIэзыгъэджыкI!
Дыхунэмысу тфIэкIуэдахэм
ДыпыкIыпэныр зигу пымыкI!

Iэнкун узыщI-ухэзыгъащIэр,
ЗыхэсщIэу псэкIэ купщIэм нэс,
Сыхуейт згъэщIэну къыслъыс мащIэр
Уи нитI щIэслъхьэфу гуфIэ нэпс.

Уафэгум нэсми си хъуэпсапIэр,
Сыкъыкъуэнэнущ уэ уи къуагъ.
Псы я нэхъ инми и къежьапIэр
Зы мывэ гуэрым щIэлъщ и щIагъ.

Си лъахэу щIылъэм и къудамэ!
Ҭолъкъуну си псэр зыгъэджэгу!
Си IитIкIэ вагъуэхэр сщIыжамэ,
Пхуэзгъэлыдынут зы уафэгу!
*2010*

* * *

Гуэдз хьэдзэм хузэфIэкIыр хуэдэщ псысэ.
И къабзэр пцIытэм, купщIэ имыщIынт...
Игу ер илъамэ, имыгъуэту гъусэ,
И закъуэ пIийуэ щхьэмыж псом илъынт.

Ар хуейщ утыку, пшэр уафэ зэрыхуейуэ.
Насыпым фIэфIкъым лъагъуэ хэзымыш.
Щхьэмыжыр хохъуэ дыгъэм худэплъейуэ,
Гуэдзыпкъым хэлъ бзий къэскIи къегъэуш.

СолъэIур ТХЬЭШХУЭМ... Дуней псор зи фIыщIэ!
Хъуэпсэжу си псэм къыпидзэху щхьэмыж,
ГугъэфI жылапхъэр изу си IэмыщIэ,
Си лъэпкъ и губгъуэр зэ къэзгъэплъыхьыж.

Iуэху щхьэпэ тщIэну Тхьэм дыхущIигъэхьэ.
ХъуэпсапIэ губгъуэр иремыхъукIэ нэщI.
Дапщэщми къыслъысынщ си уафэ Iыхьэ,
СищI кIапэм нобэ IэплIэ сэ хуэзгъэщI.

Псэ щыIэкъым мыубзэщхъуу е мыплъакъуэу...
Уахътыр къыщыс хъуэпсапIэм сешэлIэж... —
Щхьэмыж дыщэпсу е зы хьэдзэ закъуэу,
Уи губгъуэ хуитым, хъунум, сыкъинэж.

Сызышэр зэкIэ си плIэм хьэлъэ илъырщ.
Ҭыншыгъуэр арщ техьэлъэр мы дунейм.
Зи лъэгу мылажьэр лъабжьэ зыгъэтIылъырщ...
Иужь акъыл щызекIуэркъым пщэдейм.

Лей жысIэ сфIэщIу, зэми сомэхъашэр.
ИужькIи псэкIэ губгъуэм зызогъэщI.
И пIалъэр ищIэу щIылъэм темызашэр
Изыбзэ мыхъурщ е мыхъуфырщ нэщI.

Гъуэгущхьэм щымыкIуэду зиIэр купщIэ,
ЩIыгулъым нэсмэ, игъуэтыжу къуэпс,
Щхьэмыж изыбзэу иIыгъыжу и пщIэ,
Зэгуэр дунейр слъагъуну сыщIохъуэпс.
*2020*

* * *

Дэ дылIэкIэ дунейр мыкъутэжын...
Зы ткIуэпс лъеякIэ гъункъым псыежэхыр.
Къытхэтми куэд къафIэщIу мылIэжын,
Нэхъ жыжьэ маплъэ псыдзэ дезыхьэхыр.

Дэ дылIэкIэ жэщIынукъым и къуэпс
Дунейхэр пызу гъагъэ жыг абрагъуэм.
Дэрыншэу щIэжхэм къатепсэнщ дыгъэпс,
ЩIэрыщIэу гъатхэр къихьэжынщ унагъуэм.

Дэ дылIэкIэ дунейр мыкъутэжын!
ИтIани, сфIощI бзэхыну зы псы жапIэ.
Зы дыгъэ бзий — щIэхъуэпсу къепсыжын,
Зы хъуаскIэ цIыкIу, зы гъуэгу, зы лIыгъэ щIапIэ.

Уэлбанэ кIыхьым фIэкIуэдынщ зы ткIуэпс,
Пшахъуэщ1 нэзыншэм жьым хихынщ зы налъэ...
ИтIани, телъу слъагъумэ уэсэпс,
СфIощI гъащIэр бзэ хэхакIэ къыдэпсалъэ.

Уахътыншэ хъуамэ псори, дезэшынт, —
Дыгъэпс къудейкъым гъащIэр зыгъэуэфIыр.
Дымыпсэуамэ, хэт иIуэтэжынт
КIэухыу зэхэлъ гъащIэр зэрыIэфIыр?!

Дунейри нэпцIу къызыщызмыгъэхъу.
Нэм и пщIэр кIуэдкъым, напIэр зэтеуакIэ.
Хэт ищIэрэ... ДыкъалъхужынкIи мэхъу,
Дунейм гу щыдмыхуэну щиухакIэ.
*2020*

* * *

Зэманыр дэ щэху цIыкIуу къыдодыгъуэ,
Къищтар къыхуэнэу, гъащIэ Iыхьэ тIех.

Ухъуным жьы хэмылъми гурыфӀыгъуэ,
Зи жьыщхьэр махуэм нурыр къыщхьэщех.

ЕмыкӀукъым умыхъуныр псом нэхъ лъагэ,
ЗимыӀэр жапӀэ зимыӀэжырщ къуэпс.
Утету гъуэгу уиӀэхукӀэщ мурад пагэ,
Нэхъ куу ущыхъур, уримыкъуми ткӀуэпс.

Зэманыр дэ, тхуэмыхъуу, къыдодыгъуэ.
БуфӀыцӀми нэр, пӀахам къимыгъэзэж...
КӀэщӀщ гъащӀэр, иримыкъуу зы Ӏубыгъуэ,
ЗэпыпшкӀи пщӀыуэ арщ ар нэхъ мащӀэж.

Гъэ бжыгъэхэр, уэс налъэу, зэрызохьэ.
КъесыхукӀи, гъащӀэ Ӏыхьэ тфӀыхагъэщӀ.
Гъуэгужь утетми, уэсыр къыплъэщӀохьэ,
Къыптосэ ар, ущӀэсми пэш нэщӀ.

БлэкӀар куущэщ, бгъазэм уикӀуэдэну.
КъэкӀуэнур кӀыфӀщи, тобэ къыуегъэхьыж.
Зэманыр кӀуэхукӀи, сыщӀохъуэпс теслъхьэну
КӀапитӀыр зыпызыщӀэ лъэс лъэмыж.

*2018*

* * *

Насып щӀэхъуэпсу, къысхуэмыщӀэ,
Ин гуэрым псэр щӀыхуэнэпсейр.
ГуфӀэгъуэр мыхъуми зы ӀэмыщӀэ,
Ирокъу насыпыфӀэну хуейр.

Дунейр псыхьащ зэрыхьзэрийуэ,
ИтӀани, плъагъум псэр ехьэху, —
Кърех къуэкӀыпӀэм, уиущийуэ,
КӀыфӀыгъэм лыгъэр езыдз нэху.

Псы ткӀуэпс къэсыхукӀэ псэхэлъхьэжу
Псым ихьым хъунукъым и фӀэщ.
ИтӀани, щыӀэщи гъунэжу,
Слъагъу дахэм си псэм нэху щегъэщ.

УимыIэм уищIыркъым нэщхъыфIэ...
АтIэ, из хъуари щхьэ нэщхъей?!..
Хъуфынкъым цIыхур насыпыфIэ,
КъылъыкъуэкIауэ насып лей...

*2018*

* * *

Толъкъунхэм я бзэр сщIэну сыщIохъуэпс.
Сэ сытым хуэдэу псым сепсэлъылIэнут.
Гупсысэу псэм щызгъафIэр хуэсIуэтэнут...
ЗэшгъакIуэу щIым къыщIэкIыркъым псынэпс.

Къуршыпсыр гъуэгум сыт щIыхуэнэпсейр?!
ХуэфIыпсми псыIур, сыт ар щIэныкъуакъуэр?!
Бгым къелъэми мыузу и псы лъакъуэр
Щхьэ щыт егъэзыхыгъуэу и дунейр?!

Толъкъунхэм ящIэу пIэрэ хьэрэмагъ?!
Къытоуэри псы Iуфэм, йокIуэтыжхэр...
Теуэгъуэм дежи къызэрогъуэтыжхэр...
Ерыщхэщ, дэту зыр зым и щIыбагъ.

Зы псыIум толъкъун минхэр щодыгъэпс.
Къахуихуэу щытми ахэр щызэщыхьэ,
ЛъыщIэж къалъыхъуэу гъуэгу тезымыгъэхьэ
Я щэхур къэсхутэну сыщIохъуэпс.

Псы гъунэм деж хъуэпсапIэ сэ щызощI.
Сыщытщ сыдаIуэу си псэр щыизыбзэм.
Бзэрабзэу сэ сIурылъ анэдэлъхубзэм,
ЩIэхъуэпсу псыежэхыр зэм къысфIощI.

СыдаIуэу псыр тхьэкIумэкIэ согъэхъу,
ЩыIэсэми, къэгубжьу хъийм щикIами...
Хэт ищIэрэ зы тIэкIу зэщхьэщыкIами,
ТIурылъу зы бзэ къыщIэкIынкIэ мэхъу.

Гъунэжщ дунейм узыщIыр пэгъунэгъу...
Насыпщ узэхихыныр узэпсалъэм...

Сыхуейщ сэ псыежэхым и пшыналъэм,
КъэсщIыным папщIэ хышхуэр уэршэрэгъу.
*1997-2020*

## ХЫ IУФЭМ

ТIелъыджэ щэхукIэ псэр зыхьэхур
Зи напщIэ телъу къигъэщIа!
Жэщ уафэм вагъуэу къыIэщIэхур
Хэз хъууэ, зи щIэр из ищIа!

Уи щIыфэм бзийхэр щызопсалъэ,
ЩызэфIонэжхэр, щызокIуж.
Уи пащхьэ ситщи, уи зы налъэ
Сыхъуауэ си псэр солъагъуж.

ЦIыху дапщэ дыхъухэми хэт зыщIэр
Къыпхуеблэгъэжыр гъэ къэсыху?!
КъыпхотэджыкIыр толъкъунышIэ
Дэ тщыщхэр щIылъэм ехыжыху.

Сыноплъыр, хъуаскIэр пихуу си псэм...
Ей, хы ФIыцIэжьу насып дыгъу!
Уи хущхьэ макъым хэлъ гупсысэм
УлъэIэсыныр сытуи гугъу.

Уи пащхьэ ситми узэщIауэ,
КIуа тхыдэм Iэджи сфIегъэкIуэд...
Зэм сфIощI ди деж сыкъэкIуэжауэ,
Уи лъабжьэ щIэлъщи дэ тщыщ куэд.

Къыпхэлъэдэжти псыхьэлыгъуэу,
Си лъэпкъым лъыуэ фIэкIуэдар,
Арауэ пIэрэ, сигъэщыгъуэу,
Дэ тIум зылъ тщIэту щIысфIэщIар?!

Ар сыт губжьыкIэ... теужыкIэ...
Дызэщхьщи, си гур къеуэрейщ.
КъепхуэкI толъкъунхэр шы тесыкIэ
Езыгъэсахэм сэ сарейщ.

Сарейщ гугъэшхуэр цей пэлъытэу,
Лъэпкъ фащэу я пкъым хэкIэжыху,
Я дахэр храмыгъэутэу
Псэуахэм, бийр къапэлъэщыху.

Сарейщ, я гугъэр хъуху нып щхъуантIэ,
Къыжьэдамыкъуэу шы пщIэнтIар,
Къалъысу тхыдэм и зы жьантIэ
Гъуэгужь тетахэм... ПщIэжкъэ ар?!

Абдеж хы Iуфэм къеуэлIапэу
Архъуанэм сфIэфIу сопэгэкI.
Си лъэпкъ и тхыдэм и зы напэу,
Толъкъун къэсыху зызогъэдзэкI.

Из хъуауэ пшэхэр сщхьэщыт уафэм
ЩIым къохри, нэпсу заунэщI.
ГухэщIхэу си псэр щIэзылъафэм
ТкIуэпс мащIэу хышхуэр къысфIагъэщI.



Адыгэ ныпым ириIауэ
Мес... щхъуантIэу псыщхьэм зысфIехъуэж.
Адыгэ гугъэм хуит ищIауэ
Толъкъунхэр шууэ гъуэгу тохьэж.

Толъкъун къэтэджу темыужхэм
СапимыкIуэту махуэ къэс,
Адыгэш къабзэу, гукъэкIыжхэм
БлэкIа лIэщIыгъуэм сынашэс.

ИужькIи дыгъэр къыщIэкIауэ
Шууейхэм нобэм сыкъахьыж.
Сыщытщ махуэщIэм сехъуэпсауэ,
И куэдщи гугъэр къозытыж.

Къыслъысу сэри фIэхъус гуапэр,
Къысхуэлъагъужу си толъкъун,
ДыгъэпскIэ хым щитхьэщIкIэ напэр,
Хэлъэту хъуаскIэр, сохъу нэхъ ин.

ЗэрокIри си гур абрагъуэу,
КъызэщIигъаплъэу псэм и жьэгу,
Си гущIэлъапсэр я лъэс лъагъуэу
НэгъуэщI дунейхэр щIокI си нэгу.

Ди Iуэху дэкIынуи тхьэ солъэIур,
Губжь къемыIэжу си тэмакъ...
Толъкъун щхьэхуитхэм сащIодэIур.
Зэхэсхыу гум и къеуэ макъ.

*2000-2020*

* * *

Дунейм и купсэр сщIэну сыщIохъуэпс...
Гупсысэ хэкIкъым зи псэ темыпыIэр,
УдзыпцIэм нетIэ щылыдат уэсэпс...
Иджы уэ къащIэ гъащIэр щIэгушыIэр.

Къэпщтар пIахыж. Къуатари умыуей.
УэтIпсытIыр арщ псэуну зыхущIыхьэр.
Ттемылъ гуэныхьхэр дэ тпшыныж нэхъей,
ЗдэмыкIуэм тшэну тфIэфIщ ди гъащIэ Iыхьэр.

Дунейм и дыгъэмыхъуэм гур елыпщI.
ДыгъафIэми цIыхупсэр щымызагъэ.
Къэтлъыхъуэ купщIэр сыт щIэмыхъур IупщI?!
Мыхъуауэ пIэрэ гъащIэ псор щыуагъэ?!

Мыхъуауэ пIэрэ мы дунейр кунэщI?!..
Жэуап хьисэпу, хуэдэщ дыкъигъэщI.

*2018*

* * *

Зи ныбэр ныкъуэм быни хуэмыпIыж.
ЗимыIэм гугъущ ептыну ахъшэ щIыхуэ.
Зи ныбэ изри и щхьэ хуимытыж, —
И гъащIэ Iыхьэр мылъкум къыдэмыхуэ.

Из Iейри ныкъуэ Iейри зэкъуэшитIщ,
ЯщIэту тIуми зылъ хьэдэгъуэдахэ;

Зыр гъащIэм къигъэшауэ щхьэхуимытщ,
Адрейр ныкъуэкъэгъэшу исщ и лъахэ.

Ууейуэ пщIэмэ, къуршыр плIэкIэ пхьынщ… —
Къэлътмакъыр нэщIмэщ нэхъ къыщохьэлъэкIыр.
Из сфIэщI дунейри ныкъуэу къыщIэкIынщ,
ЗыхэсщIэ хъуащи гъащIэр зэрыблэкIыр.

Жыджэру ныкъуэ… Изу лъэрымыхь…
Яку дэт насыпыр сытуи сфIэгуэныхь!

*2018*

* * *

ЗысIэтынти, уэшхыу сыкъешхынт…
Сыгъуэлъынти, сежэхынт псынэпсу…
Псыхъуэ удзу щIым сыкъыхэкIынт,
ГущIагъщIэлъхэр си пкъым телъ уэсэпсу.

ЩIым темытми гъатхэ имыух,
IэщIэсхынт дыгъэпсым и тIасхъапIэр.
Ухъуэпсэным иIэтэм кIэух,
ЩымыIэнт дунейм и къыщIэдзапIэр.

Гупсэхугъуэм уасэу псэр щIэстынт.
Пхъуантэм дэлъкIэ мылъкум къыхэмыхъуэ.
Зигу сыдыхьэм сэ сыкъигъуэтынт, —
Изыфынур псынэм къимылъыхъуэ.

Къэзгъуэтынт щIэщыгъуэ махуэ къэс… —
Ауэ ар дунейм къыслъимыгъэс!..

*2018*

* * *

ЗэбгрокI илъэсхэр гъуэгуанищэу…
ЯлъэщIыхьэу хэт кърigъэгъэзэн?!
КIуэ я хабзэщ ахэр хуэмеищэу,
КъагъуэтыхукIэ шы яхуэфэщэн.

Ей, щIалэгъуэу икъухыгъуэ дахэ,
Из щыхъуами, зи къэлътмакъыр нэщI.

Ей, жьы хъугъуэу зи гупсысэр махэ,
Хьэдзэр нэдми, купщIэ къезыгъэщI.

ЩымыIами дэр нэхъ акъыл пагэ,
Гъуэгу къытпэплъэм иIэкъым кIэух.
Куущ ахърэтыр, хэлъу куэбжэ лъагэ,
Зым къылъысуи зэ фIэкIа Iуамых.

Удыхьэнум хуейуэ арщ бэуэгъуэ.
Ауэ, пщIэрэ, сытуи ар хэплъэгъуэ...
*2018*

## ФАКЪЫРЭ

ЩIылъэм тенауэ и нитI езэшар,
Нобэ ар тесщ уэрамыщхьэм.
ПцIырэ фэрыщIкIэрэ гъащIэ пхышар
Илъщ къиузыкIыу и гущхьэм.

Жыгъей зым къретыр... къыхуедзыр адрейм...
Ахъшэм псэ лей къыпIуегъакIэ.
Хэт и фIэщ пщIын утетауэ дунейм,
Бжыхьым дэплъыпIэ хуэпщIакIэ?!

Гугъэ нэщхъыфIэхэм бампIэр докIуэд
Хуабэр щыдэлъым уи жьэгум.
ГъащIэ! ГуфIэгъуэу уигу пыкIыр къызэт,
Ауэ къыумыпхъэ си нэгум!

Мылъку къыщыдэпткIи пагагъэр тIумых! —
Псэм тепIэн тIэкIу къыхуэгъанэ.
ЩIылъэм темытми насып имыух,
ЩыIэщ къыпищэу гъуэгуанэ.

НэщIмэ къэлътмакъыр, уи гъуэгум хэмыщI.
Изми — ухедзэр гупсысэ.
ГъащIэ! Уи куэдми пщIэншэ узыщI,
Пхэлъщ нэхущ къабзэу зы кусэ.

ЩIылъэм тенауэ и нитI езэшар
Арт мыплъэкъуамэ цIыхугъэр, —

И гум къыдыхьэу лъэIуэным есар,
Къуимылъхьэжатэмэ лIыгъэр.

Ди Тхьэ! ЩIэрыпс хэт хъужыну хуэмейр?!
Арт факъырэлъыр тщIэкIамэ!
Сыт иумылъхьами къикIынукъым хъер,
Iэгур ущIауэ къэнамэ...

*1998-2020*

## ЖЫГЫМРЭ МАЦIЭМРЭ

Зы мацIэ цIыкIу къудамэм тетIысхьат.
ИутхыпщIу тхьэмпэр жыгыр къэгубжьат:
«Ар дауэ ухъу... Уэ цIыкIум сэ инышхуэр...
Уэ пхуэдэкъым сэ схуэдэм къытегушхуэр.
Си лъабжьэр кууэ щIэлъщи щIым и щIагъ,
Пшэм нэс мэкIуэф си щхьэкIэр зи дахагъ.
Къехуэхым жысIэу плIэр пэщIэзгъэкъуауэ,
Уафэшхуэр сIыгъщ лIэщIыгъуэ Iэджэ щIауэ».
Къопсалъэ мацIэр: «Макъыр тIэкIу ешэх...
Си закъуэу сыкъэкIуащ сэ тIасхъэщIэх...
Сыкъеджэмэ си къуэшхэм... мис итIанэщ...
Ди лъэпкъыр щыдэжын къэзымыгъанэщ.
Уи Iуэху, сэ зэкIэ, нобэ къезмыхуэкI.
ЩIэIыгъэ уафэр, къыумыгъанэу плъэкI.
УмыщIэмэ, бжесIэнщ сэ зыщIэсшыIэр... —
Сэ сощIэр щIэпхъуэж хьэл узэримыIэр.
Сэ сыту сщIын уи теплъэ дахэкIейр?! —
БгъэныщкIу хъун гуэр пхэлъынырщ сызыхуейр.
ХъупIэшхуэщ хъуреягъыр уфэфэжу...
Уэ зыр укъэдгъэнэнщ гуIэфIтещIэжу...»
АрщхьэкIэ мацIэ цIыкIур тIэкIу щыуащ. —
Лъэтэжрэ пэт бзум и жьэм жьэдэхуащ.
КъищIакъым жыгым ищIын хуейуэ фIыщIэ...
Насыпыр къыздикIынур къыпхуэмыщIэ!

*2018*

* * *

МылкIэ уаем зэхуишэу и напIэр
И толъкъунхэм къэкIуами я жейр,
Псым и нитIым къыщIех зэрыгуапэр,
Псэм фIэIэфIу щIолъагъуэр дунейр.

Егъэпэжыр щIымахуэм и псалъэр, —
ЗдыжиIам, щIэмыупщIэу, пеупщI.
ЕгъэкIэщI дыгъэ бзийм и щхьэц налъэр,
Узэпхыплъу ещI жыгхэр нэхъ IупщI.

Уаер ткIыбжьщ. ЗыIэщIелъхьэри псыщхьэр,
ТкIуэпс лъэтахэр хьэуам щегъэдий.
Зэгуэчыни мы уаем и гущхьэр,
Нэм илъагъур емыхмэ и джий.

ЩIылъэр хъуами Iэнэщ I, фIыкIэ гугъэу
Псыежэхым къелъыхъуэ пIэщхьагъ...
Пшэ бэвыжьхэм я куэщI щыжей дыгъэу,
Къуэпщхьэжынщ ар мыл Iувым и къуагъ.

Гъатхэ хъухукIэ абдеж щызэгъэнщи,
И лъэр жану утыку къихьэжынщ.
Гъатхэ абгъуэм и хьэл зыхилъхьэнщи,
Толъкъун ширхэр кърищу тлъагъунщ.

АпщIондэху, псы толъкъун зи гур маем
Ихъумэжу къарур ирежей!..
Сыт уи закъуэ уезауэкIэ уаем,
Уи лъэныкъуэ мыхъуауэ дунейр!

*1998-2010*

* * *

Бжьыхьэ тхьэмпэр жьыбгъэм епхъэнкIыж.
Дэнэ щыIэ зыпыта къудамэр?!
Къыпыхуащи, цIыху къыхуэмеиж...
Я гуи къэмыкIыж зэрымыхамэр!

Бжьыхьэ тхьэмпэр жьыбгъэм епхъэнкIыж...
Къигъэнари Iэрыхьащ жыхапхъэм.
Ей, си лъахэ, тIэкIу зыхуэсакъыж. —
ФIы зигу илъхэр умыгъакIуэ дапхъэм.

Бжьыхьэ жьыбгъэу, думыгъэгужьей, —
Лъэпкъ насыпым пыткъым тхьэмпэ лей!

*2018*

## ЖЭП

Нэху къекIати щIылъэм жэп техауэ,
Нэр зытеплъэр хуэдэт уэс къесам.
Дыгъэ бзийхэр зэхэлъэдэжауэ
Унэишэ хуащIырт жэп къехам.

Жэпыр апхуэдизкIэ укIытэхти,
Дыгъэм зэрыIуплъэу и лъэр щIэхут.
Ар зылъагъу акъужьым зигъэмэхти,
ТIэкIу сакъыну бзийхэм яхуиIуэхут.

Дыгъэ бзийхэм жэпыр емыдауэ, —
Зэрыбжьыхьэр игу абы къокIыж.
Уафэ псор и Iэгу ирикъузауэ
Сытхъу-сэламыр щIылъэм ирехыж.

Къилъыхъуэжу щымыIэж макъамэ,
Псэм и IэфIым хуэхъуу щхьэузыхь,
Дыгъэм зиIэжьэнут хулъэкIамэ,
Жэп насыпыр хъуным папщIэ кIыхь.

СфIэфIщ сэ псэкIэ жэпым Iэ дэслъэну...
Къемыхын а дахэм хулъэмыкI... —
Уаер къызэрысыр къыджиIэну
СфIощI щIымахуэм къыкIэщIэкIуэсыкI.

*1998-2020*

* * *

ПыхужакIэщ гъэгъахэр...
ЩIылъэр хъуами нэщхъей,

И гум IэфIу илъахэр
Хъуащ иджы нэхъ сэтей.

Иплъэт губгъуэ бэгъуахэм:
Из хъупами я жып,
Дыгъэ бзий зи лъэ жанхэм
ЩIымэракIуэ къащып.

Дыгъэр бгымкIэ зэреIэу,
Бзий къэсыху мэлъэтэж.
МэракIуэпсыр щIым теткIуэу,
Ямышхар къыздащтэж.

ДыгъэкIуасэ а щIыпIэм...
ЩымыIэху бжьыхьэ уэшх,
ИриIэхукIэ ди Iупэр
Пшэплъ IэфI цIыкIухэр дыгъэшх.

ФIыуэ тлъагъу сабий лъахэр
Жыжьэ хъуами мыIуэху...
Псэм пытыхукIэщ гъэгъахэр
ГъащIэр щыхъур нэхъ нэху.

СIыгъщ, хэссэну и пIалъэм,
СымыщIауэ IэщIыб,
Си щIалэгъуэ щIыналъэм
Къыхэсха щIы Iэбжьыб.

Згъэзэжынт сабий губгъуэм...
Къэслъыхъуэнт мэракIуэфI...
Сытехуатэм я хъугъуэм,
Къысщыхуат Тхьэм и нэфI.

КъыумыщIауэ гуфIэкIэ
Гуауэр псэм хуэмыIэт...
Тезгъэзэнут... АрщхьэкIэ
Зы Iэмал хуэзмыгъуэт!..

*1998-2020*

# Пщы Марыхъу теухуа адыгэ фильм

2021 гъэм и кIэухым иджыри зы адыгэ фильм дунейм къытехьащ. Мейкъуапэ щагъэлъэгъуащ АР-м щIыхь зиIэ и журналист, режиссёр, сценарист Даур Хъусен триха «Пщы Марыхъу» тхыдэ-художественнэ фильмыр. СыхьэтитIкIэ екIуэкI кином къыщыгъэлъэгъуащ натыхъуеипщым и лIыгъэмрэ и гъащIэ гъуэгуанэмрэ.

Хуабжьу гъэщIэгъуэну зэхэлъщ лIыхъужь нэхъыщхьэм и гъащIэр. «Сыт и гухэлъу щытами сщIэркъым, ауэ, и закъуэу, и пщылIхэр имыгъусэу, и фащэкIи зэрыпщыр закъримыгъащIэу, гъунапкъэхэр щызэпиупщIкIэ, хабзэр къыщызэпиуди щыIэу, зэрыхьэ щIыналъэм и пщым хуэмызэу, Шэрджэсейр къызэхикIухьри, Нэтхъуейм игъэзэжащ. КъуэкIыпIэм пIалъэкIэ щыпсэуа, зи хэкужь къэзыгъэзэжа, зи унагъуэр зыфIэкIуэда, ныбжьэгъуи жэрэгъуи зимыIэж щIалэр зыри хуейкъым, тыншу, гупсэхуу, зэрыхуейуэ псэун фIэкIа. Аращ ар шу закъуэу щIежьэри», – жеIэ Хъусен.





Адыгэ фильмым лIыхъужь нэхъыщхьэ хуэхъуа пщы Марыхъу теухуа куэд тхыдэм ущрихьэлIэркъым. Езы Хъусен монографие гуэрым къриджыкIат Марыхъурэ бжьэдыгъупщымрэ зэрызэпэщIэувам теухуа мащIэ тIэкIу. Ар фIэгъэщIэгъуэн хъури, фильмыр триухуащ.

ЛIэщIыгъуитIкIэ узэIэбэкIыжмэ, лIыгъэр, хахуагъэр, щIыхьыр, лIыхъужьыгъэр щытепщэу щыщыта зэманым укъыщегъэхутэ фильмым. Сыту дахэт адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэмрэ шыфэлIыфэмрэ щызэрахьа лъэхъэнэр, сыту урипагэрэ экраным щыплъагъу уи лъэпкъэгъу лIыхъужьхэм жаIэхэмрэ я хьэл-щэнхэмрэ.

Даурыр илъэсиплIкIэ елэжьащ мы проектым. Сценарий тхыным щегъэжьауэ фильмым и презентацэм нэс кино техыным елэжь гуп иIакъым, атIэ псори езым къызэригъэпэщыжащ, уеблэмэ зы актёр роли игъэзэщIащ.

– Адыгэхэм щIыхьэху яIэу щытащ, апхуэдэ IэмалкIэ тетхауэ аращ кинор, – жеIэ Хъусен. – Роль нэхъыщхьэр зыгъэзэщIа ТIэш Руслан куэдкIэ къыздэIэпыкъуащ. Фильм тесхыну сызэримурадыр къыщищIэм, аращ япэ дыдэу къыспэджэжар. Ахъшэ хэмытуи тхутехынущ жиIэу сытезыгъэгушхуари аращ.

Кином хэта псоми зыкъысщIагъэкъуащ. ИлъэсиплIкIэ тесхащ, ауэ езы сценарийр ипэжкIэ стхын щIэздзат, хэтынухэр гукIэ къэслъыхъуэрт, щIалэхэм сахэплъэрт. Хэтлъхьэн мылъкушхуэ дызэримыIэм къыхэкIыу, тынштэкъым ди Iуэхур. Уеблэмэ плIэтхуэ сыкъэувыIэжауэ къыщIэкIынщ. Лэжьыгъэр куэдым къилъахъэрт. Ауэ къезгъэжьар и кIэм нэзмыгъэсыну хуитыныгъэ сиIэтэкъым. Сценарийр тхын щыщIэздзам си адэрат япэу зэзгъэлъэгъуар, еджат, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри хилъхьат. Абы ирихьэлIэу ар дунейм ехыжащ. Си адэм уэсят къысхуищIат, сыт къэмыхъуами, а фильмыр и кIэм нэзгъэсыну. Дапщэрэ сыкъэувыIэн хуей хъуами, абы и псалъэхэр сигу къэкIыжырти, къару къысхилъхьэжырт, – жеIэ Даурым.

Фильмыр адыгэбзэкIэ зэрытрахам уигу химыгъэхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Апхуэдэуи и фIагъхэм ящыщщ адыгэбзэм и диалект зыбжанэ къызэрыщыIур. Ди анэдэлъхубзэкIэ псалъэ щIалэхэм фильмым и кIыхьагъкIэ Iущагъ куэд жаIэ, хабзэм щыщ Iыхьэхэри ягъэлъагъуэ.

«Сэ адыгэбзэм и диалектхэр хуабжьу сигу ирохь. Дэтхэнэ псэлъэкIэми езым и беягъ, дахагъ иIэжщ. НэгъуэщI диалекткIэ псалъэм узыщIэдэIукIыурэ уодаIуэ, уэ узэрыпсалъэм ебгъапщэу. А къэдгъэлъэгъуэжа лъэхъэнэм ущегупсыскIэ, апхуэдэ дыдэу псэлъэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэпсалъэу къызэдэгъуэгурыкIуауэ къысщохъу ди адэжьхэр.





Фильмыр техын щIэзмыдзэ щIыкIэ а гупсысэр сигу къэкIащ, лIыхъужьхэм езыхэр къызыхэкIа лIакъуэм и диалекткIэ згъэпсэлъэну. Журналист хуэдэуи жысIэнщи, интервью къызэIысххэр езыхэм я

бзэкIэ згъэпсэлъэну сфIэфIщ. СфIэфIым къыщыгъэнауэ, къэбэрдей-мэ – къэбэрдей диалекткIэ псэлъэн хуейуэ тызогъэчыныхь. Дахэщ ар. ИкIи ди бзэм и беягъыр къэзыгъэлъагъуэщ.

ЛIыхъужьхэр къыщыхэсхми, абы тесщIыхьащ: бжьэдыгъуу джэгун хуейр бжьэдыгъут, абазэхэр – абазэхэ щIалэт, къэбэрдейр – къэбэрдейт», – жеIэ режиссёрым.

Иджыри зым гу лъытапхъэщ. Фильмым хэта лIыхъужьхэр актёркъым, атIэ жэрдэм зиIэу Iуэхум къыхыхьа щIалэхэрщ, пщащэхэрщ. ИтIани, абы иригъэкIэкIуакъым кином и фIагъыр. Дэтхэнэми и псалъэр уи фIэщ ищIыфу, и плъэкIэр зыхыуигъащIэу джэгуащ. ДжэгуакIуэтэкъым, джэгун хуэдэу, атIэ цIыху къызэрыгуэкIти, дэтхэнэми ищIэ Iуэхур и гум, и псэм дыхьауэ зэригъэзащIэм актёрхэм къакIэригъэхуркъым. ЛIыхъужьхэр Адыгэ Республикэм къыщацIыху цIыху жыджэрхэщ, жылагъуэ лэжьакIуэхэщ, лъэпкъ Iуэхуу къаIэтым хэт щIалэгъуалэщ, бзэр, хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр хъумэным теухуауэ хузэфIэкI зыщIэщ.

Езы Хъусен зэрыжиIэмкIэ, япэрауэ, IэщIагъэлIхэр лэжьыгъэм къызэрыришэлIэн ахъшэ иIэтэкъым, етIуанэрауэ, ахэр я IэнатIэм къыпэришын хуейт. «Режиссёрым жиIэр ящIэу къыздэлэжьащ ахэр, къызэрыгуэкI дыдэу псалъэхэри жаIэрэ, дуней тетыкIэри къагъэлъагъуэу. КуэдкIэ нэхъ гугъущ актёр IэщIагъэм хуеджауэ пэрытхэм уадэлэжьэну, абыхэм езыхэм я хъэтI щыхалъхьэ щыIэщи, режиссёрыр арэзы къыщимыщI щыIэу зоныкъуэкъу. Мы щIалэхэр хэкупсэ нэсхэу, сэ жысIэр къагъэлъэгъуэну хьэзыру къызбгъурыуващ. АпхуэдизкIэ хэкупсэти, мы лъэпкъ фильмым я къалэн щагъэзэщIэн папщIэ, я зэхэщIыкIыр къэбгъэушын хуейуэ арат. Лэжьыгъэм хыхьа зэрыхъуу, а жыхуэсIэ зэхэщIыкIыр къэушри, къэдгъэлъэгъуэж лIэщIыгъуэм къыщыхутащ. Языныкъуэхэр къэсцIыхужыртэкъым, апхуэдизкIэ ролым ихьати», – жеIэ Хъусен.

Режиссёрым къехъулIащ XIX лIэщIыгъуэм Адыгэ хэкум иIа теплъэмрэ адыгэхэм я шыфэлIыфэмрэ къигъэлъэгъуэжын. «Захуэр Тхьэм къехъумэ», – аращ фильмым гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхышар. Зы пIэрэ зы хьэлрэ уиту, пщIэ къыпхуащIу, пщIам уримыукIытэжрэ уи бынхэр умыгъэукIытэу упсэуныр – аращ кином укъызыхуриджэр.

Фильмым хэтхэм ящыгъхэр «Налмэс» къэрал академическэ ансамблым и фащэхэрщ, Лъэпкъ музейм къыщIаха фэилъхьэгъуэхэрщ, ауэ лIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыгъхэр езыхэм хуадащ. ЛIыхъужьхэм я Iэщэхэр Твердохлебов Николай и уней гъэтIылъыгъэщ, абы и коллекцэм щыщщ.

Куэд мыщIэу адыгэ фильмыр Урысейм щагъэлъэгъуэнущ. Абы къыщIэупщIащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри. Хъусен и мурадщ хамэ къэралыбзэхэмкIэ субтитрхэр тету дяпэкIэ къыдигъэкIыну.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

# Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **5.** УкIытэншэ ... умыщI. **6.** ... хэсыр къанэри, хьэжыгъэм хэсыр лIащ. **10.** Нэ цIыкIу, пэ цIыкIу, джэдыгу цIыкIу зыщыгъ *(къуажэхь)*. **11.** Ерэхъурэ ... щыIэу уи неӣ къысщыхуэ. **12.** Зи псалъэ ... и бзэр Iэфlщ. **13.** ... гъэ бэвщ. **15.** ... щIакIуэ уегъэщI. **17.** ... хабзэжьым укъемыкъуж. **18.** ... зыщIэмыс унэр сабафэщ. **22.** ... и псы жапIэ егъуэтыж. **24.** Мазэм хуэдэу хъуреябзэ, бзэгуу иIэр дагъэ защIэ, щIым къыхэпщым, дыгъэм хуэплъэ *(къуажэхь)*. **25.** Шындэбзиӣ гъэгъуагъуэ, данагъуэ пщэдджыжь *(къуажэхь)*. **26.** Унащхьэ тхыцIакIуэу дзыгъуэ кIуапIэр зи гъуэгу *(къуажэхь)*. **28.** ... плъа щIыкIэ, еуэ. **29.** Езым ... зыубым лIыгъэ хэлъкъым. **30.** ... пэт зэрымытхьэщIу зэрыщIэркъым.

*Къехыу:* **1.** ЛъэгубгъуитI пэтIинэ *(къуажэхь)*. **2.** Чей цIыкIу махъсымэ лIэужьыгъуитI итщ *(къуажэхь)*. **3.** Езым фIимыгъэжар ... . **4.** Лым и ... кIуэдыркъым. **7.** ... я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ. **8.** ... хьэзыр щхьэкIэ, бысым хьэзыр? **9.** БлапцIэ къарэ, къарэ убыд *(къуажэхь)*. **14.** Бгъэр ... ягъасэ, былымыр былымкIэ къагъуэт. **16.** ... щIыхуэрэ зэIахыу хабзэжьщ. **19.** Зи щхьэр матэ, зи кIэр топ *(къуажэхь)*. **20.** Зи щхьэр къабзэ, зи гур ... . **21.** КIурэ-кIурэ бэлацэ, зи щIыб бацэ темыкI *(къуажэхь)*. **23.** ... ущIэмыкъу — пхуэфащэмэ, къыплъысынщ. **24.** Узэсэ ... . **27.** Е улIын, е ... . **28.** Лым и къуэгъурэ вым и ... .

---

**Нэгъабэрей ехан къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**



*ЕкIуэкIыу:* **2.** Баш. **5.** ЩIагъэкъым. **8.** МафIэм. **9.** Мэзым. **11.** ПщIэщ. **14.** Уэгъу. **16.** ХьэщIэ. **18.** Арму. **20.** Уадэм. **22.** Къреш. **23.** Пщэ. **25.** Адэм. **26.** Пщым. **27.** Тет. **30.** Нэфрэ. **31.** Щхъухьым. **32.** ТIакъуэр. **33.** Пэжыр.

*Къехыу:* **1.** Махуэщ. **3.** ГуахъуэкI. **4.** Лыгъэм. **6.** Лъакъуэ. **7.** Жылэ. **10.** Къуэ. **12.** ЩIэм. **13.** Щэ. **14.** УкIа. **15.** Гъусэ. **16.** Хьэ. **17.** ЩIыр. **19.** Унафэ. **20.** Унэхъущ. **21.** Мащэм. **22.** КъамитI. **24.** Щхьэ. **28.** Еуэ. **29.** Щхьэж.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Хамид Кармоков, Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 04.02.22. Выход в свет 28.02.22
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 1.918 экз. Заказ №289
Подписная цена на 2 месяца 37р. 60к.
Подписная цена на 6 месяцев 112р. 80к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета